# IУАЩХЬЭМАХУЭ

12+

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**май 3 июнь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2017

# Псалъащхьэхэр


## ЖьантIэ

*УсакIуэ Балъкъэр Фоусэт къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*

**ХьэкIуащэ Андрей.** УсакIуэм и гъуэгур.... 3
**КхъуэIуфэ Хьэчим.** Дыгъэ бзийр и пшынэ Iэпэу.... 15
**Сокъур Мусэрбий.** Гухэлъ къабзэхэр.... 16
**Балъкъэр Фоусэт.** *Усэхэр* .... 18

*ТхакIуэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*

**Елгъэр Кашиф.** Куэдым хуэIэижьт.... 29
**ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ.** *Рассказхэр* .... 35

*ТхакIуэ Журт Биберд къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*

**Мыз Ахьмэд.** ГъащIэм и пэжыр и гъуазэу.... 65
**Журт Биберд.** Гъуэжькуий. *Романым щыщ пычыгъуэхэр* .... 71

## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ. Жэмыхъуэ Радимэ.** Лъэпкъ тхыдэр адыгэ эпикэ усыгъэм къызэрыхэщыр.... 113

## Публицистикэ

**БжэныкIэ Мухьэб.** Зэманым пэджэжу.... 127

## Культурэ

**Тембот Санитэ.** «Дыгъэ шырыр» нуркIэ мэгуашэ.... 139

## ЩIэблэ

**Мэз-Нартокъуэ Анжелэ.** Нэпс къызыпыткIу насып. *Рассказ* .... 144
**Нэгъуей Радимэ.** *Усэхэр* .... 156
**ХъуэкIуэн Антисэ.** *Усэхэр* .... 158
**КIуэкIуэ Залинэ.** *Усэхэр* .... 159
**Црым Маринэ.** *Усэ* .... 161

## Сабийхэм папщIэ

**ХьэцIыкIу Хьэсэн.** *Усэхэр* .... 162

Псалъэзэблэдз.... 166

*УсакIуэ Балькъэр Фоусэт къызэральхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*





# УСАКIУЭМ И ГЪУЭГУР

Литературэм хыхьэкIэ куэд иIэщ. Языныкъуэхэм я зэфIэкIыр, Iэзагъыр пасэу, я щIалэгъуэм, къагъэнахуэ, я гъуэгу хъунур псынщIэуи къагъуэт. Адрейхэм зыгуэр зэракъуэлъыр, зэрыжаIэфынур къащыгурыIуэжыр кIасэущ. Мы яужьрейхэр гугъуехь, бэлыхь нэхъыбэ пыщIауэ тхакIуэм и гъуэгум тоувэ.

Ауэ занщIэу жыIэн хуейщ, ущыщIалэми уи ныбжь щыхэкIуэтами литературэм ухыхьэныр зэрымытыншыр, хьэзаб куэд зэрыпыщIар. Нэхъыщхьэу ар къызыхэкIри япэ лъэбакъуэр лъэпкъ литературэм хэзычэм Iэмал имыIэу абы щIэ гуэр щыжиIэфын, лъагъуэщIэ щыпхишын, гъащIэм и къэгъэлъэгъуэкIэщIэ гуэрхэр къихутэн зэрыхуейрщ. Абы къыдэкIуэуи, зэхуэдэкъым цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ литературэм зэрыхыхьэри: цIыхухъухэм нэхъ псынщIэу абы увыпIэ гуэрхэр щаубыдыфмэ, бзылъхугъэхэм дежкIэ ар нэхъ хьэлъэщ. ЛIэщIыгъуэ ныбжь зиIэ, художественнэ традицэ къулейхэр зэзыгъэпэща литературэхэм а Iуэхум зэхэгъэж щыхэмылъмэ, къызэрыгуэкI Iуэхумэ, ар куэдкIэ щынэхъ гугъущ япэ лъэбакъуэхэр зычу щIэзыдза литературэм, мус-

лъымэн диным и зэранкIэ зи цIыхубзхэр пасэм дэкъузэныгъэ хьэлъэм хэта лъэпкъхэм я дежкIэ. А псом и щIыIужкIэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым, гъащIэщIэм сыт хуэдэ щхьэхуитыныгъэ хьэлэмэтхэр цIыхубзхэм къахуимыхьами, абыхэм къалэн нэхъыбэ я пщэ къызэрыдэхуэри, нэхъ куэд зэралэжьри. А псом ахэр хунагъэсыртэкъым творческэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну, я щIэныгъэм хагъэхъуэну, псалъэр Iэщэ ящIу IэкIуэлъакIуэу ар къагъэсэбэпыну. Ауэ псэукIэщIэм къыхалъхуа, гъэсэныгъэ нэс зыгъуэта иджырей цIыхубзхэм гъунэжу къахокI а псор къызэзынэкIыф, абыхэм пэлъэщ, хэбгъэзыхьмэ, зи гугъу тщIыхэм яхэтщ щIэныгъэм, культурэм ехъулIэныгъэшхуэхэр къыщызыгъэлъэгъуэфахэри. Нэгъуэщ лъэпкъхэм я деж дынэмысу адыгэм апхуэдэ цIыхубз куэд къахэкIащ, – абыхэм языхэзми пщIэрэ щIыхьрэ хуэфащэщ.

Апхуэдэщ мы тхыгъэр зытеухуа Балъкъэр Фоусэт.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щыщ Бахъсэн районым хыхьэ Кыщпэк къуажэм къыщалъхуа Балъкъэр Фоусэт 1943 гъэм ди ТхакIуэхэм я союзым и унэм япэ лъэбакъуэ къыщIичащ. Абы щыгъуэ жраIа псалъэ дахэхэм тригъэгушхуауэ етIуанэ къэкIуэгъуэм абы къихьащ усэ хьэлэмэтхэр. ИкIи абы къыщыщIэдзауэ ди литературэм къыхыхьащ Фоусэт – жьы къабзэм хуэдэу – и усэхэм уеджа нэужь уи гум жьы дихуу, уигъэгуфIэу, уигъэгупсысэу; къыхыхьащ ар дыгъэ бзийм хуэдэу – и усэхэм уеджа нэужь уи гум нур щепсу, уи псэр игъэнэхуу, и усэ жьгъырухэм хэт образ щIэщыгъуэхэр гум дыхьэу. Ди литературэм талант ин зиIэ хъыджэбз цIыкIу къызэрыхыхьэр тхакIуэ нэхъыжьхэм къагурыIуащ, абы ину щыгуфIыкIащ.



Балъкъэр Фоусэт адыгэ лъэпкъым ди япэ цIыхубз усакIуэщ: япэу, зыми жамыIа псалъэхэр жиIауэ, япэу ямытха усэ хьэлэмэтхэр итхауэ, ахэр тхылъу дунейм къытехьауэ, япэу ар СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьауэ щытащ. Ар нобэ адыгэ лъэпкъым и набдзэщ, и гурыфIыгъуэщ. Ар ядекIу къудей мыхъуу – яфIэкIыу яхэтащ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм яIэ цIыхубз усакIуэхэм.

Балъкъэр Фоусэт адыгэ лъэпкъ усыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэхэр хуищIащ. АдыгэбзэкIи урысыбзэкIи абы и тхылъ тIощIым щIигъу дунейм къытехьащ, нэгъуэщI лъэпкъыбзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ, нэгъуэщI къэралхэм къыщыдэкIащ. Ар хамэ къэрал куэдым къыщацIыхут и щхьэкIи и усэхэмкIи. Дэнэ щIыпIэ умыкIуами: Сирием, Иорданием, Тыркум, Америкэм, Европей къэралхэм ущыхьэщIэми Фоусэт и усэхэр гукIэ къыбжаIэрт, къыпщыгуфIыкIырт, Къэбэрдей Хэкуми Фоусэти зэхуэдэу къыщIэупщIэхэрт. Сабийхэми балигъми абы и уэрэд «Си Къэбэрдейр» жаIэрт, пшынэм, нэгъуэщI музыкальнэ Iэмэпсымэхэм кърагъэкIырт.

*Къэбэрдей, Къэбэрдей,*
*Зи махуэр дыщэпс Къэбэрдей,*
*Си дуней, си дуней,*
*Си гум укъыщопс, Къэбэрдей.*

*Си гущапIэу бгыжьхэм, уи псы къелъэм*
*Я джэ макъыр къоIусыр си деж.*

*СыныхуокIуэ сэ уи анэ IэплIэм,*
*Лъагъуныгъэу пхуэсщIыр быдэу мэж.*

ЩIыхь зыпылъ къалэн, къулыкъу нэс и Хэкум, и лъэпкъым хуищIам къыпэкIуэу Балъкъэр Фоусэт къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и цIыхубэ усакIуэ цIэ лъапIэр, РСФСР-м и ТхакIуэхэм я союзым и къэрал саугъэтыр.

ПсэукIэщIэм лъэпкъхэр, цIыхухэр зэхуэдэ ищIащ, щхьэхуитыныгъэ нэс дэтхэнэ зыми иритащ, гугъуехьакIуэ цIыху мелуанхэр творчествэм, лэжьыгъэм къыхуигъэушащ. Ауэ, пэжыр жыпIэмэ, а фIыгъуэхэр псоми зэщхьу къахуэгъэсэбэпыркъым, мурад, къалэн зыхуагъэувыжахэр яхуэгъэзащIэркъым. Ар къыщынэри къэралым и дежкъым, езы цIыхухэм я дежщ, къару, ерыщагъ, тегушхуэныгъэ нэс языныкъуэхэм зэрахэмылъым къыхэкIыу.

ЗэфIэкIыу, къару мыкIуэщIыжу Балъкъэр Фоусэт къигъэлъэгъуар умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.

Фоусэт усэ тхын талантыр къыдалъхуащ. Школым щIэсу тхэн щIидзащ. Пасэу усэным гу хуищIа щхьэкIэ, куэдым ар хъыджэбз цIыкIум къыхуагъэдэхакъым, даIыгъакъым, езыми жиIэжауэ зэрыщытамкIэ, и «адэмрэ и анэмрэ» фIэкIа...

Зэманыр зэрыгугъум, хьэлъэм къыхэкIыу Фоусэт къуажэ школым и еблanэ классыр къызэриухыу егъэджакIуэу ягъэув, итIанэ къуажэ советым секретару макIуэ, ауэ абыи ар куэдрэ щамыгъэлажьэу, Налшык Министрхэм я Советым консультанту яшэ. Лажьэурэ педучилищэр къеух, пединститутми щIотIысхьэ. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, къулыкъу зэримыхьами абы и еджэныр зэпигъэуркъым, и творческэ лэжьыгъэр игъэкIэщхъакъым, езым къыдалъхуа усэн IэщIагъэм IэкIуэлъакIуэ зэрыхуэхъуным, тхэкIэм и щэху нэхъыщхьэхэр къызэрихутэным ерыщагъ ин хэлъу, псэху имыщIэу яужь итащ. Сыт хуэдиз гугъуехь пымыщIами, аращ ар, тIэкIу кIасэIуэу щытми, ди пединститутым и еплIанэ курсым хэкIыу М. Горькэм и цIэр зэрихьэу Москва щыIэ Литературнэ институтым, иужькIэ аспирантурэм щIыщIэтIысхьэр, ехъулIэныгъэ хэлъу ахэр къиухыныр къыщIехъулIар, щIыхузэфIэкIар. Щхьэщытхъу лъэпкъ хэплъагъуэркъым а лъэхъэнэ хьэлъэм абы хузэфIэкIар къыщигъэлъэгъуэжу иужькIэ итха и усэ «Сыщысакъым» жыхуиIэм къыщихьа сатырхэм:

*Схъащ сэ сытым щыгъуи*
*СымыщIэу тыншыгъуэ, –*
*Хуэзат зауэм гъащIэ*
*Гъуэгу сыщытехьари,*
*Гугъэ дахэу сиIар*
*Къызэхикъутауэ,*
*БалигъыпIэм пIащIэу*
*Сыригъэхутауэ!..*

УсакIуэ ныбжьыщIэм и тхыгъэхэр нэхъ уэру дунейм къыщытехьар зауэ нэужь лъэхъэнэрщ. Литературэм япэ лъэбакъуэ щызычу

щIэзыдза пщащэм гугъуехь куэд и нэгу щIэкIа щхьэкIэ, абы зэкIэ художественнэ Iэзагъ ин зэригъэпэщыну хунэсатэкъым, абы хуезыгъэджэни иIакъым, Iэпызыудын фIэкIа. Ауэ а зэманым къриубыдэу усакIуэ Фоусэт Iуэхуншэу зэрыщымысар, гъащIэр нэхъ кууүэ зэрызригъэщIар, и щIэныгъэм, и художественнэ Iэзагъым зэрыхигъэхъуар, икIи езым и Iуэху еплъыкIэ, къэгъэлъэгъуэкIэ, и макъ зэрызэригъэпэщыжар наIуэ къыпщызыщI усэ хьэлэмэтхэр и япэ «Нэхущ» тхылъым ихуащ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр абы зыIэрегъэхьэф, езыр фIыуэ зыщыгъуазэ, кууүэ ищIэ, зыгъэпIейтей, и гум щигъафIэ Iуэхухэм щытепсэлъыхьым деж. Дэтхэнэ зы анэми быныр, сабийр фIыуэ зэрилъагъум, гу, псэ къабзэкIэ абы зэрыбгъэдэтым анэр насыпыфIэ дыдэ зэрищIым и щыхьэту къэпхь хъунущ «Гущэ уэрэдыр». Сыт хуэдиз къабзагъэкIэ, нэхугъэкIэ, гуфIэгъуэкIэ, лъагъуныгъэкIэ гъэнщIа а усэр! Ар дунейм къызэрытехьэу ди композиторхэм макъамэ дахэ щIалъхьауэ нобэр къыздэсым жаIэ.

*Жей, сэ си мазагъуэ,*
*Вагъуэр зи нэкугъуэ,*
*Лэу, лэу ещIыр дыгъэм,*
*Жей, си дуней фIыгъуэ.*
*Лэури, лэури, лэу,*
*Жей, си дуней фIыгъуэ.*
*Си Iу щабэ цIыкIуу*
*Мыщэ лъабэ цIыкIу,*
*Си къэрабэ цIыкIуу*
*Си пыжьынэ цIыкIу.*
*Лэури, лэури, лэу,*
*Жей, пыжьынэ цIыкIу.*

*Си нэкIущхьэплъ цIыкIуу*
*ПIырыпI Iупэ цIыкIу,*
*Дадэ зыхуэусэу*
*Нанэ и псэ тIэкIу.*
*Лэури, лэури, лэу,*
*Нанэ и псэ тIэкIу.*



ЖыпIэ хъунукъым адыгэ лъэпкъ усыгъэм нобэкIэ лирикэм щIыпIэ ин щиубыду, псоми зэдэарэзыуэ зэдапхъуэтауэ, я гум, я псэм дыхьауэ, я гъащIэм къыгуэхыпIэ имыIэу хэпща хъуауэ усэ нэгъэсахэр абы хэту. Нэхъ пасэу щIидзауэ лирическэ усэхэм нэхъ гулъытэ лей хуэзыщIар ди цIыхубз усакIуэрщ. Абы зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр IупщIу хыболъагъуэ и япэ тхылъым ихуа «Бахъсэн псыхъуэ», «СощIэ», «Шу» жыхуиIэ усэхэм, нэгъуэщIхэми. Лирикэ къабзэм и къарур, и зэфIэкIыр, цIыхур абы зэриIэтыр, нэхъыфI зэрищIыр пэжагъ ин хэлъу усакIуэм къыщигъэлъэгъуащ щIалэм и гухэлъыр хъыджэбзым щыхуиIуатэ «Гъатхэ жэщхэм умыжей» жыхуиIэ усэм. А усэр уэрэд дахэу ди деж зэрыщыжаIэм нэмыщI, Венгрие къэралми щыжаIэ езым я макъамэ щIалъхьауэ. АпхуэдизкIэ а усэр ягу ирихьат венгр усакIуэхэмрэ композиторхэмри, абыхэм Фоусэт къыхуатхауэ щытащ мыпхуэдэу: «Мы

зы усэм фIэкIа уэ нэгъуэщI зыри умытхауэ щытами, уэ усакIуэ цIэ лъапIэмкIэ тхьэр къотауэ къэплъытэ хъунущ, ауэ дощIэ апхуэдэ усэфI куэд уэ узэриIэр».

*Гъатхэ жэщхэм умыжей, си нэху,*
*Гъатхэм щIылъэр щхъуантIэу зэльыIуех.*
*Сэ уэр папщIэ си гур зэIузох,*
*Дунейм теткъым абы ищхьэ Iуэху,*
*Сэ уи закъуэщ зыхуэсIуатэр щэху.*

*Гъатхэ жэщхэм умыжей, си нэху,*
*Вагъуэхэм къольэIуу лIыкIуэ пхуащI.*
*Укъэсшэну мурад ин пхузощI.*
*Дунейм теткъым абы ищхьэ Iуэху,*
*Хъыджэбз нагъуэ дахэу си Iэхулъэху.*

Балъкъэр Фоусэт и тхыгъэ куэдым лъабжьэ яхуэхъуар зауэ зэман гугъухэрщ, Хэкум ис цIыхухэр гузэвэгъуэ щыхэта лъэхъэнэрщ. И япэ тхылъхэр къыдэкIа, еджэнри зэфIэкIа нэужь, усакIуэм щIэуэ куэди къищIащ, и художественнэ Iэзагъми зиужьащ. Фоусэт адыгэ лъэпкъ литературэм къыщцыхыхьам абы ехъулIэныгъэ инхэр зыIэригъэхьауэ зэрыщытам къыхэкIкIэ тыныштэкъым иджы щIэ гуэр абы къыщызэIупхыну, уи лъагъуэщIэ щыхэпшыну. Ауэ усакIуэ цIыхубзым езым и лъагъуэ къегъуэт, и хъэтI зэрегъэпэщ, зытепсэлъыхьыну Iуэхухэр зэхегъэкI, егъэбелджылы, абы темыкIыу тхэуэ щIедзэ.

Усэныр Iэпэгъу зыщIа усакIуэм и тхыгъэхэм дэгъуэу къыщыIуэтащ цIыхухэм я гупсысэр, я гурылъыр, я гуращэхэр. Абыхэм къару ин ябгъэдэлъщ, цIыху псоми я жыIэ, я гупсысэ ар мэхъу, абыхэм я гум ар къызэришхыдыкIым къыхэкIыу.

Балъкъэр Фоусэт и усэхэм къыхэтэджыкI лIыхъужьыр цIыху нэсщ, абы псэ къабзэ иIэщ, ар гу щабэщ, анэ гуапэщ, е лэжьакIуэ ерыщщ, лIыгъэ ин зыхэлъщ, и Хэкум и бын пэжщ, фIеягъэр, пцIыр, Iуэхуншэныр зымыдэ, абыхэм ерыщу ебийуэ япэщIэт бэнакIуэ псэемыблэжщ. ФIыуэ илъагъу и лъэпкъ тхылъеджэхэри абы къызыхуриджэр, зыхуигъасэр лIыгъэрщ, пэжыгъэрщ, захуагъэрщ.

Дэтхэнэ зы цIыхуми и пщIэр къызэралъытэр ар анэ-щIыналъэм зэрыхущытырщ, абы хуищIэ-хуилэжьырщ. И кIэм нэсу ар фIыуэ къызыгурыIуэ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр Хэку лъагъуныгъэкIэ гъэнщIащ. ТхакIуэм и нэщ, и псэщ, езыр къыщалъхуа, и сабиигъуэ хьэлъэр щигъэкIуа Бахъсэн псыхъуэжри, иужькIэ, къицIыхуа, фIыуэ илъэгъуа Москваи, пасэхэм зыщагъащтэу щыта Сыбыр жыжьэри, Хэкум и цIыхухэм я зыгъэхъужыпIэ Кърымым и щIыпIэ телъыджэхэри, венгрхэм я гуапагъри, зи Хэку зимыIэжхэм я гуIэгъуэри, – абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми абы усэ куэд яхуигъэпсащ. ЦIыхумрэ адэжь щIыналъэмрэ я зэпыщIэныгъэр, а тIур зэпэIэщIэу зэрымыпсэуфынур, ар зи натIэ хъухэми насып зэрамыгъуэтыр усакIуэм «Сыт зы цIыху гъащIэр щIэмащIэр?» усэм мыпхуэдэу къыщиIуэтащ:

*ЩIыр блэкIа уэшх пIащэм*
*Къабзэу итхъэщIауэ*
*Щылъщ, удзымэ гуакIуэ*
*Куэдхэр къыкIэрехри.*
*Жыгышхуэм пылъ абгъуэм*
*Къоплъыр бжэндэхъу анэр,*
*И бгъэгу хуабэм шырхэр*
*НыщIигъэзэгъауэ.*
*Уэшх ткIуэпсхэр гъэгъахэм*
*Я удз тхъэмпэ цIыкIухэм*
*IэгукIэ хуэсакъыпэу*
*Хуэдэщ къыпхуаший, –*
*ПфIэщIынщ налкъут щыгъэу*
*Ахэм траблауэ,*
*Лыду зэщIэпщIыпщIэу*
*Къощри дыгъэ бзийр...*

Апхуэдэу гъащIэм и дахагъэр къребжэкIри, итIанэ а гъащIэр нэхъри нэхъ быдэу, нэхъ куэдрэ псэун щхьэкIэ мыр дыщIегъуж:

*ЛIыгъэр гугъэу сщIахэм*
*КъахудыщIигъуауэ*
*Макъ гуэр къодэхащIэ:*
*«Лажьэ, лажьэ, щIышхуэм*
*Ет псори уи гуащIэр,*
*Мы дунейм и фIыгъуэр*
*Пхъумэну ухуеймэ,*
*Къэгупсыс цIыху бзаджэр –*
*Iэщэ зыгъэдалъэр –*
*Зыгъэбэяун,*
*ЖепIэн псалъэр мафIэу*
*И гъуэм изысхъэн!*
*Пэджэж щIы фIэрафIэм –*
*БэвкIэ узыгъафIэм*
*Iуэхушхуэ хуэщIэф!..»*
*Хэт лъэкIыну, жыIэт,*
*Пэмыджэн мыпхуэдэм,*
*Пемыжьэн IуэхуфIкIэ*
*Мы жумарт ди щIышхуэм,*
*И гур хъуау пIейтей!...*



ЦIыхум къызыхэкIар фIыуэ ищIэн хуейщ. Балъкъэрым гу щабэ, псэ хьэлэл зэриIэр къыбжаIэ тхэн зэрыщIидзэрэ ар зы темэм зэрыхуэпэжым – абы зэпымыууэ цIыхухэр къыхуреджэ къэзылъхуахэр зэращымыгъупщэным, лъагъуныгъэ къабзэ адэ-анэм яхуэщIын зэрыхуейм. Ахэр усэ зыбжанэм щыIэтащ, щыгъэлъэпIащ, анэмрэ адэмрэ я образыр уардэу, кууэ, псэм ехуэбылIэу, гукъинэж пщыхъуу абыхэм щызэфIэгъэуващ. ГущIэм къитэджыкI псалъэ гуапэхэр усакIуэм зыхужиIэр Анэ-ЩIыналъэмрэ къэзылъхуа и анэмрэ я закъуэкъым. Уна-

гъуэм и пщІэ, и щІыхь, и къарури, щхьэгъусэм, бынхэм я зэІузэпэщри, я псэукІэ, гъэсэныгъэри усакІуэм зрипхыр пыухыкІауэ анэм и гуащІэдэкІ кІэ зимыІэжырщ. И усэхэм ящыщ зым а Іуэхум теухуауэ Балъкъэрым мыр щыжеІэ:

*Анэм хуэдэу гумащІэ щымыІэ,*
*Унэм исым лъокІыр ядекІун:*
*ЛІыр губжьауэ, Іэпыхуам зышыІэр,*
*И гушыІэм зэу дэсабырын.*
*Е и бынхэр къуейщІейм*
*Къегъуэтыфыр абыхэми ар зэрепсэлъэн,*
*ЯхуэгуфІэм, хъыбар щІигъэдэІум*
*Бынхэм щагъэтыжыр я бзэджэн.*
*Анэм хуэдэу  щымыІэ гу къабзэ,*
*Ар пхуогуфІэ,  фІы гуэр къохъулІам...*
*Ар пхуогуфІэ, хуэхъуащи и хабзэ,*
*ЩІихъумэу  игу ешыкъылІар...*

Адэр дэм хуэдэу къалъытэрэ псалъэ гуапэкІэ, щытхъукІэ усакІуэхэм ямыгъэфІа щхьэкІэ, Балъкъэр Фоусэт анэм нэхърэ адэр зыкІи нэхъ мащІэу илъагъуркъым, хэбгъэзыхьмэ, усэ нэхъыбэ абы триухуащ. АдэфІым къалэн игъэзащІэр гурыІуэгъуэщ – аращ быныр гъуэгу захуэ тезыгъэувэр, фІым хуэзыгъаплъэр, хьэл-щэн хьэлэмэтхэр хэзыпщэр. УсакІуэми зыщигъэгъупщэркъым, икІи псори къыхуреджэ, адэм зыщІипІыкІа, зыхуигъэсахэр сыт щыгъуи абыхэм зэрагъэзэщІэным, адэм и щІыхьыр зэрагъэлъэпІэным. Адэм и чэнджэщ пэжхэм кърата зэхэщІыкІым тепсэлъыхьурэ и тхыгъэхэм ящыщ зым усакІуэм мыпхуэдэу щетх:

*ПщІэжрэ уэ, си адэ, пІыгъыу си Іэр*
*УздэкІуэм сыздэпшэуэ щытаи;*
*ЖызбгъэІэжу къебжэкІ сыбгъэщІахэр,*
*Ныбжьэгъухэм я пащхьэ сибгъэтаи...*

*Уэ яжепІэрт а уи ныбжьэгъу гупым*
*Сыхъун хуейуэ сэ си анэм ещхь...*
*Ауэ си адэшхуэм и Іущагъыр,*
*Лыгъэу иІар хуейуэ сэ схэлъын,*
*Сэ мураду сщІыхэр, сядэ щакІуэм*
*И уэкІэу, шэрыуэу къизудын.*

*А жыпІахэр згъэзэщІэн сыпІащІэу*
*Сэ сыхуейт щІэхыІуэу ин сыхъун,*
*Сывэщхъыну – уэ, сядэшхуэм, сянэм –*
*Сэ зыхэсит – балигъ сыхуейт зысщІын.*

*Иджы согъэзащІэ къызжепІахэр,*
*Укъыспежьэу сыпІэтын къысфІощІ...*

Адыгэ лъэпкъ литературэм бгырыс цIыхубзым и гъащIэм теухуауэ тхыгъэ зыбжанэ иIэщ. УсакIуэхэми тхыгъэ мыIейхэр абыхэм я псэукIэм траухуащ, – пасэм бэлыхь ахэр зэрыхэтари щхьэхуитыныгъэу нобэрей гъащIэм къаритари абыхэм къагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу щыт пэтми, япэ къэбэрдей цIыхубз усакIуэ Балъкъэр Фоусэт езым и цIыхубзэгъухэм гулъытэ лей яхуещI. Абыхэм я Iуэхум ар нэхъ кууэ щыгъуазэщ, я гурылъхэр, я гуращэхэр, я зэхэщIыкI-гупсысэхэр, хьэл-щэнхэр нэхъыфIу ещIэ, абы къыхэкIыуи бгырыс цIыхубзым и гъащIэр кууэ лъэныкъуэ зэхуэмыдэ куэдкIэ усакIуэм къегъэлъагъуэ. Нэхъыбэу абы и нэIэ зытригъэтыр пасэмрэ нобэмрэ адыгэ цIыхубзым и псэукIам я зэхуэмыдэныгъэрщ, псэемыблэж лэжьыгъэ ин иригъэкIуэкIырщ, лIыгъэу абы бэнэныгъэми гуащIэдэкIми къыщигъэлъагъуэрщ, и лъагъуныгъэ, и къабзагъ, и пэжагъырщ, ди зэманми абы гугъуехь, бэлыхь къыпэувхэрщ, ишэчхэрщ.

И тхыгъэ куэдым усакIуэр щыхуошхыдэ гъащIэ блэкIам, къыщIегъэщ бэлыхь мыухыжу адыгэ цIыхубзыр зыхэтар, гуауэу и фэмрэ и псэмрэ дэкIар. А зэман бзаджэхэм бгырыс цIыхубзым гъащIэ гущIэгъуншэ игъэкIуам тепсэлъыхьурэ, нэхъапэIуэ итхауэ щыта усэм абы мыпхуэдэу щыжеIэ:

*ГъащIэ дыджым уи гум щигъэщIахэр*
*Тегъуэлъхьащ лэдэхыу уэ уи напэм,*
*КъыпIущIакъым уэ цIыхубз насыпыр,*
*ЩыщIэпхьами уи лэгъунэм лъапэ...*

*Гъэми щIыми уи щхьэр къыумыIэту,*
*Уэ цIыхухъу фэIуадзэу упсэуащ,*
*БампIэ хьэлъэм, гугъапIэншэ кIыфIым*
*Уи щхьэц фIыцIэр пасэу ягъэтхъуащ.*



Ауэ бгырыс цIыхубзым нэпс шыугъэу щIигъэкIар «бэлътоку хужькIэ сакъыу» псэукIэщIэм хуилъэщIащ, насыпым, дэрэжэгъуэм, зыужьыныгъэм я гъуэгу пэжым ар тригъэуващ. ЗэхъуэкIыныгъэ игъуэтам, гуфIэгъуэ дахащэ гъащIэщIэм къыхуихьам нобэрей цIыхубзыр добжьыфIэ, абы и зэфIэкIыр, лъэкIыныгъэр къеIэт, и зэхэщIыкIгупсысэм зрегъэужь. Иджырей бзылъхугъэхэм псэукIэщIэм къарита гуфIэгъуэр Балъкъэрым и усэхэм ящыщ зым мыпхуэдэу къыщегъэлъагъуэ:

*Сэ – нобэрей пщащэм,*
*Мэбзэрабзэ си бзэр...*
*Насып ину, фIыгъуэу*
*Ди Хэкум щытIэтым,*
*Нобэ уафэ щхъуантIэу*
*Къабзэу къытщхьэщытым,*
*ЩIылъэ къыддэгуапэу*
*БжьыфIэу дызытетым, –*
*Мис а фIыгъуэ псоми*
*Уэрэд хузоус, –*

*А уэрэд щхьэхуиту,*
*А уэрэдым и псэм*
*Къытеувэфын щыIэнкъым мы дунейм!*

УсакIуэм къыгуроIуэ, елъагъу нобэрей цIыхубзыр куэди зэрыхуэныкъуэр, и гугъапIэ щхьэхуэхэр абы гъащIэм зэрыщыхуэмыгъэувыр, языныкъуэхэр лей, хабзэншагъэхэм зэрыIууэр. Езыри апхуэдэхэм сытым щыгъуи гущIэгъу яхуищI, яхуэтхьэусыхэ мыхъуу, ахэр къыхуреджэ я щIыхь, я лъагъуныгъэр лIыгъэ яхэлъу яхъумэжыну. Абы къыдэкIуэуи усакIуэр яужь итщ цIыхубзыр зыгъэлъэпIэн, абыхэм я насыпым я къызэгъэпэщакIуэ губзыгъэу щыт цIыхухъухэм лIыгъэ зэрахьэн, лъагъуныгъэ, щабагъэ, цIыхугъэ лъагэ яхэлъын зэрыхуейр зэрагуригъэIуэным. Гугъэ дахэ пщащэхэм ящIхэр жэуапыншэу къызэрынэр, нэщхъеягъуэу абы пыщIар «НитIым я жэуап» усэм къыщеIуатэ:

*Мы дэ – нитIу*
*гуфIэу къыпIуплъахэр*
*Нэпс шыугъэм*
*куэдрэ дыхэлъахэщ,*
*Гугъуехь куэдым,*
*Гуауэм дихулауэ,*
*Ди нур лыдхэр*
*щыIащ щыхулаи.*
*Жагъуэгъу Iэджи*
*нэм къыдэфыгъуахэщ.*
*Псалъэ гуауэм*
*куэдрэ дыдэгъахэщ...*



Балъкъэр Фоусэт и лирическэ лIыхъужьыр зэманым и цIыху пэрытщ, къуажэм, къалэм, Хэкум щекIуэкIхэр дэнэ къэна, атIэ хамэ къэралхэм, зэрыщыту дуней псом къыщыхъухэм ар ягъэпIейтей, игу щабэр джэрпэджэжу поджэж, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми езыр зэрыхущытыр бзыщI, ехьэкI химылъхьэу жеIэ. УсакIуэм и тхыгъэхэм щIилъхьэ апхуэдэ гупсысэхэр гъащIэм пыщIэныгъэ быдэ хузиIэ, езым и гур пыухыкIауэ зыгъэгуфIэ, зыгъэуз, зыгъэгубжьхэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Аращ ар дэтхэнэм дежкIи гурыфIыгъуэ зыщIыр, ахэр фIым, пэжыгъэм, захуагъэм, лъагъуныгъэ нэсым щIыхуигъасэр.

Фоусэт зыубгъуауэ тотхыхь зауэ екIуэкIам къигъэна лъэужь бзаджэм, Хэкум хуиIэ гурыщIэ къабзэм, мамырыгъэр хъумэн зэрыхуейм, гуащIэдэкIым и мыхьэнэм, цIыхур абы зэригъэлъагэм, зэныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм. Нэхъыбэми ахэр езы Фоусэт илъагъу, езым гъащIэм къыхих, къиухутэхэм тегъэщIащ, зэрытепсэлъыхьри Iэдэбущ, щабэущ, гупсэхуу тхылъеджэм еуэршэрылIэ хуэдэущ.

КъэпсэлъыгъуафIэу зэрыщытыр, макъамэ шэщIа зэрыщIэлъыр аращ Балъкъэр Фоусэт и усэ куэд уэрэд щIэхъуар, лъэпкъым и цIыхухэм ахэр фIыуэ щIалъэгъуар, языныкъуэхэм ныбжьыфI яIэ пэтми, нобэр къыздэсым щIамыужэгъуар, зэпадзыжу цIыхубэм щIагъэзащIэр. УсакIуэм и усэхэм я къарум, гъэпсыкIэ нэс зэригъуэтам ар и щыхьэтщ.

Балъкъэр Фоусэт творческэ лэжьыгъэ ин иригъэкIуэкIахэм ящыщу и гугъу умыщIу къэбгъанэ хъунукъым лъэпкъ зэхуэмыдэ куэдым я усакIуэхэм я тхыгъэ нэхъыфIхэр адыгэбзэкIэ абы зэризэридзэкIари. Зи лъэпкъ культурэм хэлъхьэныгъэ телъыджэхэр хуэзыщIа апхуэдэ цIыху пэрытхэм пщIэ зэрахуищIым къыдэкIуэу, усакIуэм тхылъеджэхэм къахузэIуех нэгъуэщI литературэхэм я ехъулIэныгъэхэр, ахэр фIыуэ ярегъэлъагъу, абыкIэ лъэпкъхэр нэхъ кууу зэрызэпищIэным яужь итщ. Абы зэридзэкIащ Шевченкэ Тарас, Есенин Сергей, Петефи Шандор, Сатмари Антал, Конопницкая Марие, Лосбергэ Милдэ икIи нэгъуэщIхэми я усэ хьэлэмэт куэд. Абыхэм яхэтщ Светлов Михаил и «Гренада» цIэрыIуэри.

Иджыри къыздэсым ди критикхэм гулъытэ лъэпкъ хуамыщIа щхьэкIэ, илъэс зыбжанэкIэ Балъкъэр Фоусэт къигъэсэбэпащ поэмэ жанрыр. Зэлэжьа, къыдэмыкIахэм я гугъу умыщIми, дунейм къытехьахэм я бжыгъэр пщIым щIегъу. А поэмэхэм гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэ куэд сэтей къащI. УсакIуэм и эпикэм ущытепсэлъыхькIэ, япэ гу зылъытапхъэр поэмэхэм я нэхъыбэм адыгэ цIыхубзым и образым щIыпIэ ин дыдэ зэрыщаубыдырщ. КъыщыIэта Iуэху, щIэлъ гупсысэ, я мыхьэнэ, ягъуэта гъэпсыкIэ-ухуэкIэкIэ а поэмэхэр зэхуэдэкъым. Фоусэт абыхэм щигъэлъапIэр Хэкурщ, абы и бын псэемыблэжхэм я лIыгъэ-хахуагъэрщ, цIыху лъагъуныгъэм и лъэкIыныгъэрщ, лейуэ, мыхъумыщIагъэу гъащIэм хэлъхэр къыщIэгъэщынырщ, гъэкIуэдынырщ.

Балъкъэр Фоусэт и поэмэхэм я нэхъыбэр зытеухуар Хэку зауэшхуэрщ, революцэрщ, адэ щIыналъэм и щхьэхуитыныгъэр, псэукIэщIэр хамэ щIыпIэ къикIа зэрыпхъуакIуэхэм щахъумэн папщIэ советскэ цIыху къызэрыгуэкIхэм ерыщагъ, лIыгъэ зэрахьар гъэлъэпIэнырщ.

Апхуэдэхэм дежи усакIуэм и нэIэ нэхъ зытетыр зауэ IэнатIэм Iута ди зауэлIхэм я закъуэкъым, атIэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм пIалъэкIэ яубыда Хэкум и цIыхухэм бэнэныгъэ ирагъэкIуэкIарщ. Ди цIыхухэм фашистхэм иращIылIа бэнэныгъэр усакIуэм нэхъыбэм занщIэу къигъэлъагъуэркъым, ар нэгъуэщIхэм, абы хэтахэм къаригъэIуэтэж я гукъэкIыжу тхылъеджэхэм я пащхьэм ирелъхьэ.

Балъкъэр Фоусэт и поэмэхэм щызэфIэгъэувар цIыху хахуэщ, псэемыблэжщ, зи Хэкум лъагъуныгъэ ин хузиIэщ, абы и щхьэхуитыныгъэм, зэIузэпэщым папщIэ зи гъащIэр, зи псэр сытым дежи зытыну хьэзыр бэнакIуэ нэсщ. Хэкум и щхьэхуитщIыжакIуэ ерыщу «Партизаным къиIуэтэжахэр» поэмэм къыхощ адыгэ лIыжь къызэрыгуэкIым и образыр. Абы и ныбжьыр апхуэдизкIэ хэкIуэтати, ар зыми игъэкъуэншэнкIэ Iэмал иIакъым партизан гупым зэрахэмыхьамкIэ, и унэ къызэринамкIэ. Уеблэмэ, езы зэрыпхъуакIуэ дыдэхэми, и ныбжьым фIэлIыкIыу, абы лей ирамыпэсынуи къыщIэкIынт, ауэ а лIыжьым игу хутегъахуэркъым къыдалъхуа и къуажэгъухэр зрагъэува «хабзэщIэхэр», зэрыпхъуакIуэхэм ефэ-ешхэ зыщащIа и унэм и IэкIэ мафIэ щIедзэри ахэр хрегъасхьэ. А бгырыс лIыжьым къыгуроIуэ и щхьэр зэрыхилъхьэнур, ауэ и Хэку Iуэхур, абы и щIыхьыр езым и гъащIэм япэ ирегъэщ.

«ЗэIущIэ» поэмэм Балъкъэрым кууу, гукъинэжу щызэфIигъэуващ Гуащэнэ и образыр. ГъащIэщIэм гъуэгу нэхум тригъэува а цIыхубзым тхьэмыщкIагъэшхуэхэр къытопсыхэ, бэлыхьищэ телъу щIэныгъэ зрегъэгъуэт, псэукIэщIэм и ухуакIуэ нэс, егъэджакIуэ хьэлэмэт къощIыкI,

ауэ фIыуэ илъагъу и Хэкур зэхэгъэкIыныгъэ ткIийм щихуэм, ар къаскIэркъым – адрейхэм ящIыгъуу анэ щIыналъэм и щхьэхуитыныгъэр ихъумэну партизанхэм яхохьэ, лIыгъэ инхэр абы къыщегъэлъагъуэ. Езыр зауэм никъуэдыкъуэ щыхъу, и нысэ, и къуэрылъхур щхьэузыхь абы хуищI щхьэкIэ, Гуащэнэ ищIам хущIегъуэжыркъым, а псори тыгъэ абы зыхуищIар и Хэкурщ, бий емынэм псэууэ къела адрей цIыху псоми я насыпырщ.

Хэку зауэшхуэм Фоусэт триухуа и тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщщ «Фаридэ» поэмэр. Илъэситху енкIэ екIуэкIа а мафIэ лыгъэм и гугъуехь псори зи фэ дэкIар, Хэку иным текIуэныгъэ телъыджэ къыщихьар нэхъыбэу зи фIыщIэр щIалэгъуалэрщ, абыхэм я псэемыблэж бэнэныгъэрщ. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ адыгэ пщащэ Фаридэ, абы и образым хэпщащ а лъэхъэнэ хьэлъэхэм щIэблэщIэм къагъэлъэгъуа хьэл-щэн хьэлэмэтхэр, я Хэкум хуаIа лъагъуныгъэр, лIыгъэ, хахуагъэ ябгъэдэлъар, къабзагъэ, щэныфIагъэ яхэлъар. А псори щIалэгъуалэм хэзыпщар гъащIэщIэрщ, ахэр зи фIыгъэр щIэныгъэ, политическэ гъэсэныгъэ абыхэм иратарщ.

Зи щIалэгъуэм, дахэгъуэм, лъагъуныгъэм гъэру яIэщIэлъ Фаридэ псэзэпылъхьэпIэ зэманым и Хэкур щихуэм нэрымылъагъуу, гъэпщкIуауэ абы бгъэдэлъа и къарухэр къызэщоу, лъэпкъым и цIыхухэм къалэн ягъэзащIэм хуэдэ езыми иләжьу щIедзэ. Аращ ар Хэкур зэрыпхъуакIуэхэм щаубыда япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ партизанхэм щIахыхьэр.

Фаридэ зэхэщIыкI лъагэ зэриIэр къыбжезыIэр абы лIыгъэ зэрихьаращ – езым и закъуэ псышхуэм телъ лъэмыжыр зэрикъутэрщ. И къуажэгъухэм я псэукIэр зыхуэдэр зригъэщIэну, фашистхэм я щэхухэр къихутэну аращ ар и къуажэм къыщIагъэкIуэжар. Зыми пыухыкIауэ а пщащэм и пщэм кърилъхьакъым псым телъ лъэмыжыр и къару закъуэкIэ икъутэну, ар абы игу къыщыкIыр къуажэм къыдэна щIалэгъуалэр нэху щымэ Германием зэрашэнур и анэм къыжриIа нэужьщ. Фаридэ абы гупсысэшхуэм хедзэ, и псэр щIитми, ар фашистхэм яфIызэпиудыну игу ирелъхьэ:

*Мурад Iэджэм*
*Щолъэпхъащэ и гур...*
*УафэхъуэпскIыу*
*И псэм къолыдыкI:*

*«Ди лъэмыжыр!*
*Лъэмыжыр скъутэнщи,*
*Фи мурадхэм*
*Сэ фыпызгъэкIынщ!*

*ФIыуэ слъагъу лъэмыж,*
*Уэ уи гущIыIум*
*Лей щызэрахъэну*
*Хуит умыщI!..*

Дуней псом хэIущIыIу щыхъуа текIуэныгъэшхуэр ди къэралым къизэун щIыхузэфIэкIар сыт хуэдэ лъэпкъым къыхэмыкIами, цIыху псори, зылI и быну а бэнэныгъэм жыджэру зэрыхэтарщ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри и псэ зэремыблэжарщ.

ЩIэлъ гупсысэ, и ухуэкIэ-гъэпсыкIэкIэ гъэщIэгъуэнщ Балъкъэр Фоусэт и поэмэ «ТекIуащ борэнхэм» жыхуиIэри. Зауэм лIыгъэ щызезыхьа, дыркъуэхэр гъунэжу ятелъами, псэууэ абы къелахэрщ зэхэкъутэныгъэу мафIаем къишахэр зэфIэзыгъэувэжар, ахэрщ мамыр лэжьыгъэм и IэнатIэ псори псалъэмакъыншэу, лIыхъужьыгъэ зэрахьахэр ямыгъэхъыбарыжу, я напщIэ ар темылъу езыхьэкIар. Поэмэм и образ нэхъыщхьэ Бэч лIыхъужьыгъэ зэрихьар, и натIэ хъуахэр Алий цIыкIу сымэ яхуиIуэтэну къыщIэкIынтэкъым, пщIэ къыхуащIам, нэмыс къыкIэлъызэрахьам гу щабэ къамыщIатэмэ. УсакIуэми щIагъыбзэу и поэмэм щIилъхьэр мыращ – нэхъыжьхэм я щапхъэрщ нэхъыщIэхэм лъагъуэ яхуэхъуари.

Нобэрей гъащIэр куэдым къыхуэтщ иджыри. Абы и щытыкIэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ тхакIуэхэр дэнэ къэна, дэтхэнэ зы цIыху къызэрыгуэкIми абыхэм гу лъамытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Пэжщ, нэхъ нэ жанкIэ абы хэплъэф тхакIуэм нэхъыби къегъуэт, къехутэ. Нэхъ пасэхэм ауан, гушыIэ усэ зыбжанэ и Iэдакъэ къыщIэкIа щхьэкIэ, жыпIэ хъунукъым Балъкъэр Фоусэт и тхыгъэхэм абы щIыпIэшхуэ щиубыду. Ауэ езым илъэгъуа, къыхуаIуэтами, а мыхъумыщIэхэм ар къыщагъэгубжь, абыхэм зэрахущытыр жимыIэу щыблэмыкIыфи къохъу. Апхуэдэщ поэмэхэу «Гукъеуэмрэ» «Насып ямыхъумамрэ». Япэр зытепсэлъыхьыр зи адэм къыхифIидза сабий цIыкIум – Динэ – гугъуехь телъырщ. Нэхъыжьхэм я къуаншагъэкIэ я гъащIэ псокIэ тхьэмыщкIагъэшхуэм хэту зыхьыну сабий зеиншэхэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, кIуэ пэтыху нэхъыбэ фIэкIа нэхъ мащIэ хъуркъым – къыджеIэ усакIуэм а поэмэмкIэ, икIи ар апхуэдэ къэзыгъэхъухэм йохъурджауэ. Фоусэт и етIуанэ поэмэр зытеухуар гуащэм и залымыгъэрщ, и нысэмрэ и бынхэмрэ зыхигъэт бэлыхь мыухыжырщ. Аминэрэ Хъалидрэ фIыуэ зэролъагъу, сабий зэдагъуэта пэтрэ, гуащэм и зэранкIэ зэбгъэдокIыж, унагъуэ хъарзынэр щхьэусыгъуэ къызэрыгуэкIхэм щхьэкIэ мэлъэлъэж. Авторым и тхыгъэм гуащэр япэу игъэкъуэнша пфIэщIми, я лъагъуныгъэр зэрамыхъумэжыфамкIэ губгъэн нэхъ къэзылэжьыр зэлIзэфызырщ.

Балъкъэр Фоусэт и поэмэхэр гъэщIэгъуэнщ, абыхэм псалъэмакъ щхьэхуэ, губзыгъэ, дахэу зэпкърызых ещIэкIыпхъэщ.

Ди фIэщ мэхъу адыгэ лъэпкъым и япэ усакIуэ цIыхубз Балъкъэр Фоусэт и тхыгъэхэм ди тхылъеджэхэр дяпэкIи дихьэхыу зэреджэнур, цIэрыIуэ хъуа и уэрэдхэм зэредэIуэнур.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# ДЫГЪЭ БЗИЙР И ПШЫНЭ IЭПЭУ

Балъкъэр Фоусэт лъэпкъ усыгъэм япэ дыдэу къыхыхьэу абы и тхыдэм къыхэна адыгэ цIыхубзщ. Адыгэ литературэм цIыхубз макъамэ къыхилъхьам и мызакъуэу, абы нэхъапэм гу зылъамыта Iуэхугъуэхэм триухуа усэ щхъуэкIэплъыкIэхэр къигъэщIащ. Къыхэгъэщыпхъэщ ар Iуэху тыншу зэрыщымытар. 40 гъэхэм я кIэуххэм, 50 гъэхэм я пэщIэдзэхэм цIыхухэм я гурыгъу-гурыщIэм, уафэмрэ щIылъэмрэ я дахагъэм, гуфIэгъуэмрэ гузэвэгъуэмрэ лъэпкъ усыгъэм увыпIэ иджыри щигъуэтатэкъым. Дыгъэр зи Iэпэгъу Фоусэт литературэм къыхыхьэри, япэу лъагъуныгъэм, дахагъэм гулъытэ хуищIащ. И усэхэм ящыщ зым щитха «Дыгъэ бзийр си пшынэ Iэпэу» псалъэхэм къыбжаIэрт цIыхубз усакIуэ къызэрыунэхуар. И IэдакъэщIэкIхэр хамэ къэралыбзэ зыбжанэкIэ зэрадзэкIащ, языныкъуэхэм макъамэ щIалъхьэжауэ уэрэду ягъэзащIэ. Усэхэмрэ уэрэдхэмрэ къадэкIуэу, пьесэ куэди и Iэдакъэ къыщIэкIащ.

Дыгъэр «и Iэгум ису», абы идз нэхумкIэ и щIэджыкIакIуэхэм я гъуэгур къахуигъэнэхуу и творческэ гъуэгуанэр ирихьэкIащ. Фоусэт пшынауэ Iэзэуи щытащ. УсакIуэр къыщалъхуа Кыщпэк жылэм пэгъунэгъу Дыгулыбгъуей къуажэм сыкъыщыхъуащи, фIыуэ сощIэж Фоусэт и пшынауэ макъым цIыхухэм дэрэжэгъуэ яриту зэрыщытар. Гъыбзэ, уэрэд зыус цIыхубз пшынауэу зи цIэр тхыдэм къыхэна адыгэ бзылъхугъэу диIэр абы и закъуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и культурэм, и тхыдэм Фоусэт и лэжьыгъэфIым хуэфащэ увыпIэ щиубыдащ.

**КХЪУЭIУФЭ Хьэчим,**
*тхакIуэ, критик*

# ГУХЭЛЪ КЪАБЗЭХЭР

Ди литературэр зауэм и ужькІэ гъуэгуанэщІэ щытехьа илъэсхэрщ Балъкъэр Фоусэт усэ тхыным щыхуэушар. Абы лъандэрэ усакІуэ хьэлэмэт куэди къызэфІэуващ, щхьэж и нэпкъыжьэ иІэжу. Тхылъ мащІэ итхакъым Фоусэти, зым нэхърэ къыкІэлъыкІуэр макъ нэхъ лъэщІакІэ къэІуу. Абы хузэфІэкІащ зы Іуэхугъуэшхуэ гуэр къыхиубыдыкІыу лъагэу иІэтын: бгырыс цІыхубз зыкъэзыужьыжым и гурылъ куэд макъ щабэкІэ диІыгъыфащ.

Къэрал утыкум зи тхыгъэ хэІущІыІу щыхъуа усакІуэхэм ящыщщ Фоусэт. Абы и усэхэр журналышхуэхэм традзэ, тхылъ щхьэхуэхэр урысыбзэкІэ къыдокІ, литературэм тетхыхьын зи ІэщІагъэхэм яфІэгъэщІэгъуэну зэпкърах, кІэщІу жыпІэмэ, ди лъэхъэнэм гулъытэ зыхуащІ усакІуэ жэпхъахэм яхэтщ адыгэ цІыхубзыр.

ГурыІуэгъуэщ иджырей бгырыс цІыхубзым и гъащІэмрэ и Іуэху еплъыкІэмрэ Фоусэт и тхыгъэхэм курыкупсэ щІахуэхъуар. Усэхэм ІупщІу щотэдж зэманым къиишэ зэхъуэкІыныгъэщІэхэр кууэ зыхэзыщІэ цІыхубзым и образыр. Абы и псэукІэри и дуней тетыкІэри епхащ Хэкум, къэралым щекІуэкІ Іуэхугъуэ инхэм. Фоусэт игъафІэ гупсысэхэм я нэхъ дахэр яІэт хуэдэщ мы псалъэхэм:

*Схуохъу джэрпэджэж сэ псы уэрхэр, –*
*Сигу хэлъ уэрэдыр жаІэж...*
*Хэку хуитыр лІэщІыгъуэ куэдкІэ*
*Си макъым къыпреджэж.*

Хэкур цІыхум зэрызыхищІэр нэщэнэ щхьэхуэхэм я закъуэкъым, атІэ псэм щегъафІэ, ІэщІэмыужагъуэу къеІуатэ нэхъ дахэрэ нэхъ лъапІэрэ зэримыІэр, псэуху фІыуэ зэрилъагъунур, нэхъри иригъэфІэкІуэн мурадкІэ зэрыхуэлэжьэнур. Ауэ теплъэгъуэ щхьэхуэхэри Фоусэт егъэщІэрэщІэф цІыхубзым и гъащІэм къыдэгъуэгурыкІуэ ІэщІагъэхэм епха псэлъафэхэмкІэ. Къапщтэмэ, къуршыщхьэхэр «данэпскІэ фІэпхыкІащ», анэм цІыкІухэр и куэщІ щигъэджэгум хуэдэу, «къурш ІэплІэм цІыхухэр игуэшащ, бгыхэр, «гъэмахуэ уэсыр я цей хужьу, шу гупу зэхэтщ», «хедыкІыр, педыкІыр гъэмахуэм щІы щхьэфэр»... Фоусэт къулейуэ къегъэсэбэп бгырыс цІыхубзым фащэ хуэхъуа псэлъэкІэр, ауэ абыкІэ зэтеувыІэркъым.

«Жьэгу пащхьэ» Іэмалхэм, езым и гъащІэм лъынтхуэ хуэхъуа Іуэхугъуэхэм епха псалъэхэм къадэкІуэу, усакІуэм зрепщыт дунейм и гъунапкъэ гъэпщкІуахэр къызэриулъэпхъэщыным, а псори езыр зэса, хэкум и теплъэрэ тхыдэрэ зыхэшыпса нэщэнэхэм зэрыригъэзэгъэным. Арагъэнщ нэгъуэщІ къэралхэм щакІэлъыплъым деж усакІуэм и нэгум хэку дамыгъэр дапщэщи щІыщылыдыр. Анэ, адэ, хэку, абыхэм къадэкІуэу дунейм и гъу-

напкъэхэм зезыгъэубгъу лъэхъэнэр – а псор Фоусэт и тхыгъэхэм зы купщIэ Iэрыхуэу хохьэ.

ЕтIуанэр зэпхар цIыхур абыхэм зэрахущытырщ, нэрыбгэ закъуэм игъэлъапIэ, игъэв, и псэм дыхьэ, и гум едзакъэ, и гуапэ, и жагъуэ, и хъуэпсапIэ Iуэхугъуэхэрщ. Мыбдеж бжьыпэр щеубыд псалъэ куэду зэхэухуэна гурыщIэм – лъагъуныгъэкIэ дызэджэжым.

Фоусэт и «лъагъуныгъэ» усэхэм псэ хэзылъхьэ цIыхубзым и хьэл щхьэхуэ, и тхыдэ, и Iуэху еплъыкIэ иIэжщ. Ар зыщIэхъуэпс лъагъуныгъэр дыркъуэншэу екIуэкIыркъым, къандзэгу Iэджэ и гъуэгум щыхуозэ, дыхьэшх зэфэзэщ мыхъуу, нэпс шыугъи абы къыхохьэ, ауэ гугъэмрэ хъуэпсапIэмрэ зэи IэщIыб ищIыркъым. ЦIыхубзыр Iуоуэ лIы гущIэгъуншэм и дыджагъми, гъэпцIакIуэм и фэрыщIагъми, гурылъ къабзэр хэутэн ящIыну хьэзыр «щауэхэми». Ауэ а псоми ямытхьэлэфу хъуэпсапIэ къабзэлъабзэ егъафIэ абы – ар лIыгъэм пэжагъырэ хьэлэлагъырэ хэзылъхьэф щIалэщ зэпхар:

*Бланэ кIэрыутIыпщхэм хуэмыпхъэру,*
*ПхуэщIэщыгъуэу, уи IэфIагъкIэ гъэру,*
*Ар сыт щыгъуи щабэу къобзэрабзэу,*
*И щытыкIэр цIыхухэм ящIу хабзэ...*

Напэ къабзэрэ щэн дахэрэ иIэщ Фоусэт игъэлъапIэ цIыхубзым.

Дэтхэнэ усакIуэ нэгъэсами езым и еплъыкIэ гуэркIэ егъэнэху зи щхьэфэ теIэбэ Iуэхугъуэхэр. Фоусэт иджыри къэс цIыхухэм ямылъэгъуа теплъэрэ гупсысэрэ къигъэщIыну хэтщ, икIи цIыху хьэлэл псори зыщIэхъуэпс гурылъхэмрэ захуагъэмрэ зэхуэкъусауэ къеIуатэ. Ар дунейм икъукIэ хуэгумащIэщ, нэмрэ псэмрэ хуихьыну хьэзырщ дыгъэр, мазэр – а псори цIыху гъащIэм и гуфIэгъуэхэмрэ и гугъуехьхэмрэ джэрпэджэж хуищIыну «мэхъуапсэ».

Ди гуапэщ абы и усэ ужьгъэр дяпэкIи цIыхухэм яхуэлэжьэну.

**СОКЪУР Мусэрбий,**
*критик.*
*1987*

*Усэхэр* БАЛЪКЪЭР Фоусэт

## СЫЩОПСЭУ КАВКАЗЫМ

Сыщопсэу сэ Кавказ къуршхэм
Сылажьэу, сытхъэжу...
Къулеигъэу къуршым иIэр
Псоми яхуэзгуэшу:
Язот молибденыр лыду,
Вольфрамыр пщIыпщIыжу,
КъакIуэ, ныбжьэгъу, сиIэм хэдэ, —
ФIыгъуэхэу гъунэжым.
Мы си хэкум фIыгъуэу иIэр
Псоми ди зэхуэдэщ...
Мыбы псынэ щхъуантIэу щыIэр
IэфIщ анэ быдзышэу,
Ди къурш щыгухэр щIыфэ уэсхэщ, —
Хуэдэу бгырыс пщащэм...
Дунейм теткъым зыхуэзгъадэ
Мы си хэку дахащэр.
Мы лъагапIэм сыздытетым
ЩIы хъурейр солъагъур:
ЩIыIэм исри,
Дыщэм хэсри,
Лъэхъу зэрылъри,
ЛIыхъу зэрылIи,
Анэу гъыри,
Фызу бгэри,
Пщыхэу тхъэри,
ПщылIхэу лIэри...
Псори щызолъагъур,
Егъэлеймэ, зи IэмыщIэм
ЩызыгъэпщкIу ракетэ...
Къэслъагъунущ,
Уафэм и щIэм
Мастэ хрыретIэ...
Сыщопсэу сэ Кавказ къуршхэм
Къуэшыгъэр згъэпэжу...

Мыбы гъащIэр щыIэфIыщэщ,
Анэм и быдзышэу.

## ЗЭМАН

Зэманыр дакъикъэу мэлъалъэр,
Зэхитхъуэу, зэхипщэу цIыху псалъэр.
Зэманыр бэуэгъуэу мэлъатэр,
Ди тхыдэр, блэкIахэр къиIуатэу...

Зэманыр лъэщ дыдэу мэбакъуэр,
ЩIиуду и лъабжьэр ныкъуакъуэм.
Зэманым имыщIэ къэгъазэ,
ИмыщIэ ди махуэ, ди мазэ...

«КъэувыIэ», «Къызэжьэ» — имыщIэ.
Пхихынущ фочышэу уи гущIэр,
Зэманым епхъэнкIыр цIыху нэдхэр,
Е зыщIэу мы щIышхуэм щыкуэдхэр!..

Зэманым ещI фае цIыхуфэр, —
Ехъуэжыр зэмыщхьу я плъыфэр.
Зэманым лъэмыкI зы щымыIэ, —
Емыплъ ар уи гуфIэ, уи гуIэ.

Зэманым хуэзыщIыр зы унэ,
Езытыр фIы дыдэу Хэку быныр,
Езытыр мылIэжу зы усэ —
Къегъанэ зэманым и купсэу...

Зэманыр усакIуэм и набдзэщ —
И тхыбзэр пэжыгъэу зыгъабзэр...
Пэлъэщкъым зэманыр усакIуэм, —
Усэбзэу псэ дахэм и джакIуэм...

... Сышынэу зэманым семыплъу,
Сыпожьэ сэ фIыгъуэ сIэщIэлъу:
Си усэм ныIуещIэ и гъуэгур, —
Тетынщ ар пIалъэншэу мы щIыгум.

## КЪОIУКI СИ ГУЩIЭМ ЗЫ МАКЪ ГУЭР

КъоIукI си гущIэм зы макъ гуэр,
Зыхуейр сымыщIэу мэуз гур.
СыныщIэдэIумэ сэ а макъым,
Щеубыдык мы си тэмакъыр.
ЗыгъэпIейтейри ар зы упщIэщ —
«Дэнэ здэщыIэр? — ар мэупщIэр, —
ЦIыхугъэр, хабзэр, нэмыс лъагэр?
Нэхъ кIэщIу жыпIэм — адыгагъэр?»
Жэуап естынур къысхуэмыщIэ,
Псэлъамэ — псори цIыхуфI защIэщ.
УакIэлъыплъамэ, мылъку, былым
ЗимыIэр — хэти и хьэрэмщ.
Уеблэм, кIуэтэху «гуэныхьщ», «псэкIуэдщ»
ЖыхуаIэ псалъэхэр мэкIуэд.
А псор хэхауэ я бзэ дыдэр
Зэзымыпэсыжхэри куэд дыдэщ.
АбыкIэ къуаншэр тщIэрэ пэт
ДызоупщIыжыр: «Къуаншэр хэт?»
КъоIукI си гущIэм зы макъ гуэр —
Зыхуейр сымыщIэу мэуз гур.



## ХЭКУМ ИКIАХЭМ Я ГЪЫБЗЭ

Хамэ уафэм сыдоплъейри,
Пшэжьхэр уфIеящ.
Хамэ щIылъэм сыкъоплъыхри,
Нэпсым исеящ.

Си хэку дахэу Кавказ къуршхэм
Жэщ къэсыху сопщIыхь.
Убгынауэ адэжь хэкур,
УиIэжынкъым щIыхь.

Гъатхэ бзухэр абгъуэжь яIэм
Гъэ къэс къолъэтэж.
Згъэзэжынущи согуIэ,
СытемыпыIэж.

Уи къуршыпсым дыхуэхъуапсэу,
Iур игъущIыкIащ.
Хамэ шыду дызэрахуэу,
Чым дыщIапIыкIащ.

ЩызиIэну сэ тепщэгъуэ
ХамэщI — сыхуэмей.
Абы нэхъ уи унэ лъэгур
НэхъыфIщ бзэгукIэ збзейм.

Ухэхэсу ущытыну
ЩыIэкъым нэхъ Iей,
Ар укIэсу хамэ уанэм
Хуэдэщ пхьым дунейр.

Уо, Кавказу си хэку дыщэ!
Си псэм уэрщ и гущэр.
Зэ сыпIуплъэу, уи псым сефэу,
ПхуэсщIам IэплIэ гуащIэу,
Хьэдагъэншэу, си гуфIэгъуэу,
СыпыкIынт си гъащIэм!

## НЭХЭР

Нэ щыIэщ, уеплъынкIэ ушынэу:
Пшэ фIыцIэу жьыр щIэту борэну.
Нэ кIуэцIыр къэхъуэпскIыу, къэлыду,
Ар щыблэу псэр хихыу къоуэну...
Апхуэдэу мэхъу си нэр ди бийхэмкIэ.

Нэ щыIэщ, къеплъIамэ укIытэу,
Зым IейкIэ еплъыну хэмыту,
ЩIэх дыдэ ящIыфу и жагъуэ —
Нэпс пIащэр трикIэу нэкIу фагъуэм...
Апхуэдэу мэхъу си нэр, си жагъуэ къащIамэ.

Нэ щыIэщ, уеплъыху гу пIэпихыу:
Уи гугъи уи гъащIи дихьэхыу,
Къоубзэу, бзэрабзэу, дыгъэпсу,
Жэщ кIыфIми и нуркIэ къыпхуепсу...
Апхуэдэу мэхъу си нэр фIыуэ слъагъумкIэ.

## ДЫГЪЭ БЗИЙР СИ ПШЫНЭ ІЭПЭУ...

Дыгъэ бзийр си пшынэ Іэпэу,
Мы лІэщІыгъуэм сэ сыкъыхалъхуащ.
Гъатхэ дахэу гъащІэм иІэм
Япэ пцІащхъуэу абгъуэм силъэтащ.
Гугъэр, фІыгъуэр, насып ІэплІэр
Си щІыб илъу цІыхухэм къахуэсхьащ.
Удз гъэгъам мэ ІэфІ япылъыр,
Жыг гъэгъахэр цІыхухэм сэ естащ.
Къыздэсхьащ нэхущ дыгъэпсыр,
Бзухэм уэрэд дахэу ягъэІуар,
Уэшхыпс хуабэу щІыр щІэхъуапсэр,
Лэгъупыкъум и дахагъэу хъуар.
Къыздэсхьащ мы щІы къэкъуалъэм
Псалъэ ткІийуэ ар зэрагъэупщІыІу;
Бгырыс пщащэу щытар лъахъшэу,
СщІыщ щхьэхуити, къуршхэм схьащ я щыгу.
Лъагъуныгъэм епщІыхь мыхъумэ,
ЗыхащІэну псэкІэ хуимытам,
ЕзгъэщІащ сэ абы хэлъ ІэфІыгъэр,
Гухэлъ гуапэм хуиту зратащ...
Нэмыс дахэр псоми яхуэзгуэшу,
Дэрэжэгъуэр яхуэсщІу Іэпэгъу,
Дыгъэ бзийкІэ цІыху гъуэгухэр згъэнэхуу,
Мы лІэщІыгъуэм сэ сыкъыхыхьащ.

* * *

Зыпхузогъэгусэр уэ,
си гъащІэ.
Гугъэм и насып
къызумыта!
Пхуэзлэжьами лъэкІыр
мы си гуащІэм,
Уэ ІумпІафІэу
усхущымыта!...
Си щхьэм япэ
лэжьыгъэр изгъэщу,

ЩІыху гукъеуэм
щІихъумау сысейр,
Насып дахэ симыІэу
сигу пэщу,
Абы сыщІэхъуэпсу
сохь дунейр...
Зыпхузогъэгусэ уэ,
си гъащІэ,
Сыт насыпу хъуар уэ
щІызблэпхар?!
ПхуэсщІат псори
лъэкІыр мы си гуащІэм...
Сыт, итІани,
уи гум къыфІэнар, —
Уэ пхуэзмыщІэу
сытхэр къэзгъэна?!
Сэ уи щІыхуэ лъэпкъ
къыстемына!



* * *

Мазэ закъуэр си гугъапІэу,
Жэщым нэху къэслъыхъуэрт.
Вагъуэ нэпцІхэм селъэпауэу
Уафэм къыщыскІухьырт.
«Си гугъапІэр» къуэгъэнапІэм
ЗикІ къысхукъуэмыщт.
Ауэ гугъэм гум пхидз нэхум
КІыфІым сыпхришт...
Гъуэгу сыздэкІуэм зы дэп гуэрым
Сэ сыныІуващ, —
Ар си пащхьэм нуру лыду
Зэу къыщыцІуващ.
Дэпыр ІитІкІэ къэсІэтащи,
Си гур щогуфІыкІ.
И гуащІагъым щІэ щІэмытми,
Іэгур щІимысыкІ.
Уафи щІылъи къысхуегъаблэ,
ГъащІэр схуегъэнэху,

Зы ІэфІ гуэрым гур пегъаплъэ...
Дунейр сфІэщІкъым хьэху.

## СИ НЫБЖЬЭГЪУХЭМ

Фызмылъагъумэ — сэ сыІэпхъуалъэншэу
Гуэншэрыкъыр къысфІощІ ІэкІэ зды.
Сэ фэрыншэм — си нэр зэкІуэкІауэ
Нэгъуджэншэу тхылъ къысфІощІыр зджы.

Сэ си гугъэ жылэр фэркІэ къокІыр.
Дыгъэпсу, уэшхыпсу фыкъегъуэт.
А жылэр къэкІыну купсэ щищІкІэ,
Фэ фрищІыгулъщи — зыкъывет.

Си ныбжьэгъухэ, фэ фызиІэщ набдзэу,
Псэм и хуабэр щІэсхъумэр фэращ.
Сэри фи гум и плІанэпэ дазэр
СхуэфщІ хэщІапІи — дунейр зейр сэращ!



* * *

Сыт апхуэдэу мы дунейр щІыщцытыр? —
ФІыуэ слъагъум псалъэр къомэщІэкІ,
Сымылъагъухэм я бзэр йохьэжэкІ, —
ЗикІ сымыщІэ апхуэдэу щІыщцытыр!

Уэ къызжеІэт апхуэдэу щІыщцытыр —
Си псэу слъагъум нэмыплъ уэст зызощІ,
Сымылъагъухэм сателІэу къафІощІ —
Сыт апхуэдэу мы дунейр щІыщцытыр?!

Сыт апхуэдэу мы дунейр щІыщцытыр —
Гумрэ бзэмрэ зы гъуэгум темыту,
Гумрэ бзэмрэ зы жаІэн хуимыту,
Гум уи бзэгур блыну къыпэщыту, —
Сыт апхуэдэу мы дунейр щІыщцытыр?!

## ГУ УIЭГЪЭ

Уэр нэмыщIкIэ зыми
«Си псэ» жезмыIа,
Си псэм хуэзгъэдэнуи
ЦIыхухъу щымыIа.

Псэлъыхъуу къысхуэкIуэм
Дагъуэ гуэр яхуэсщIт,
УзыдэкIуэ хъуни
Яхэмыту сфIэщIт.

Си нэм щыфIэдахэм,
Си гум иримыхьт,
Си гум щысхуигъафIэм,
НитIым дзы къалъыхъут...

Иджы сигу пхуэIэфIым,
УищIрэ псом я лей?
Е псом я нэхъыфIу,
Уэ утет дунейм?

СщIэркъым, нэхъуеиншэу
Сигу хьэщыкъыр магъ.
Мы дунейм уэрыншэу,
Зыри щызмылъагъу...

Си щхьэм хуэзгъэфащэу
«Си псэ» ныбжесIащ.
Уэ пхуэсщIа гуращэм
Кууэ сиуIащ.

Си уIэгъэр куэдрэ
Хьэлъэу хоузыкI,
Зи Iэзэгъуэ итыр
Уэрщ, сумыгъэлIыкI.

* * *

Щхьэ къызэптрэ нэмыплъ?
СыткIэ уигу сеуа?
ФэзэхъуэкI сэ схэмылъ,
Ущызмыгъэуа...

Щхьэ къызэптрэ нэмыплъ?
БзэгукIэ уауIа?
Уэри зыгуэр пкIэрылът —
Бзэгум седэIуам.

* * *

Нобэ дыгъэр
Хэжеяу къоушыр,
Нэхущ пшэплъым
Уи сурэтыр ещIыр.

Уи макъ жыжьэм
Iэфiу сызыщIешэ,
СепIэщIэкIыу
Си гъуэгу хызогъэщIыр...

Лэгъупыкъур шыныбэпх
КъэсщIауэ,
Дыгъэ бзийри
Шхуэуэ пщIэхэслъхьауэ,

Къуалэбзухэр
Уэзджынэу фIэсщIауэ,
Сэ уи дей сынокIуэ,
ФIыуэ слъагъу.

Iэбжьыгуитiым
Лъагъуныгъэр изу
Зы ткIуэпс закъуэ
КIэрызмыгъэткIуауэ,

Си псэм хуэдэ,
Ар уи дей нызохьыр,
Уэ къыспежьи,
СынолъэIу, ныздэхь.

* * *

ПхуэсщIа гухэлъым и инагъым
СлъэмыкIыу нобэ сыхегъащIэр.
Сэ сыIущIакъым зэикI си гъащIэм
Апхуэдэу мафIэу лыгъэ гуащIэ.

ЦIыху сызыхуэзэхэм я нэгум
Уэ зыр уислъагъуэу сыкъэнащ.
Псалъэу телъыжыр мы си бзэгум
Уэ уи цIэ закъуэу къызжьэдэнарщ.

Мо ди къурш инхэм сажьэхэплъэм,
Гъуэгуу здэткIуахэр сигу къокIыж,
Уэрэд жыпIам гушыIэ хэлъхэр
Си дзапэм зэикI темыкIыж.

Уи бахъэ щабэр мы си напэм
КъыIуихьэ сфIощIыр мо хьэуам,
Щызэхэзмыхкlэ уи макъ гуапэр,
Сопсэу си нэщхъыр зэхэуау.

Уи гуащIэ лъэщым зыхилъхьэну
Си насып хъыжьэм укъелъыхъу,
Си гъащIэм псэуэ уэрщ хэтынур,
КъинэмыщI цIыхухэр ныбжь къысщохъу...

* * *

Си лъагъуныгъэм и дахагъэр
Щытамэ цIыхуу хъуам ялъагъуу,
Мы дуней псор къыдихьэхынт,
Мы дуней псор хьэщыкъ ищIынт.
Ауэ дунейм уэ зырщ къахэсхри,
Ар зым естынукъым, уэ бблэсхыу.

# ГЪАТХЭ ЖЭЩХЭМ УМЫЖЕЙ

Гъатхэ жэщхэм умыжей, си нэху,
Гъатхэм щIылъэр щхъуантIэу зэлъыIуех.
Сэ уэр папщIэ си гур зэIузох,
Дунейм теткъым абы ищхьэ Iуэху,
Сэ уи закъуэщ зыхуэсIуатэр щэху.

Гъатхэ жэщхэм умыжей, си нэху,
Вагъуэхэм къолъэIуу нащхьэ къащI.
Сэ куэд щIауэ мурад гуэр пхузощI,
Дунейм теткъым абы ищхьэ Iуэху,
Хъыджэбз нагъуэ дахэу си Iуэхулъэху.

Гъатхэ жэщхэм умыжей, си нэху,
Гъатхэ пшапэр мащIэу зэхэуам,
ЩIыху насыпыр къыхыхьам хьэуам,
Дунейм теткъым абы ищхьэ Iуэху,
Сэ абдеж уэ уи гум сумыгъэху.

Гъатхэ жэщхэм умыжей, си нэху,
Бжэр къыIухи щэхуурэ къыщIэкI,
Уи хъыджэбз насыпыр блумыгъэкI.
Дунейм теткъым абы ищхьэ Iуэху,
Сэ сыппоплъэр, си тхьэрыкъуэ пщэху.

Гъатхэ жэщхэм умыжей, си нэху,
Гъатхэм щIылъэр удзкIэ зэлъыIуех,
Ягъэ кIынкъым, нобэ сызэхэх.
Дунейм теткъым абы ищхьэ Iуэху,
Гъатхэ жэщхэм умыжей, си нэху.

*ТхакIуэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ къызэральхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*





# КУЭДЫМ ХУЭIЭИЖЬТ

Зы жыг нэхъ мыхъуми хисамэ, цIыхур пщIэншэу дунейм темытауэ жаIэ хабзэщ. Апхуэдэу щыжытIэм деж псоми къыдгуроIуэ а жыг закъуэм къидгъэкIыр: Огиньскэм и полонез цIэрыIуэм хуэдэ музыкальнэ произведенэм хьэмэрэ Грибоедовым и «Горе от ума» пьесэм и фэгъу художественнэ тхыгъэм едгъапщэу аращ а жыг закъуэр. ПщIэншэу упсэуакъым абыхэм ещхь гуэр, — ар зы закъуэуи щрырети, — уи лъэпкъ культурэм, дунейпсо культурэм къыхэбнэфамэ. «Лъагъуныгъэр гугъэ плъапIэщ» уэрэд закъуэм фIэкIа имытхами, ди лъэпкъ пащхьэм цIэрыIуэ щыхъуат ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъущи, а зы уэрэд закъуэмкIэ дигъэгуфIэу тхэн щигъэтыжакъым, усакIуэ, тхакIуэ, драматург, журналист гъуэзэджэ ШэджыхьэщIэм.

Псалъэмакъ укъуэдия гуэр къыщрагъэжьэнум деж хуабжьу къыщIагъэлъэ я гугъэжу: жэщищ-махуищкIэ, жэщибл-махуиблкIэ пхуэухынкъым ар жаIэ хабзэщ адыгэхэм. Нобэрей ди псалъэма-

къыр зытеухуа Шэджыхьэщ|Iэ Хьэмыщэ и творчествэ псом гупсэхуу и гугъу пщIын папщIэ узыхуеинур жэщищ-махуищкъым икIи жэщибл-махуиблкъым. Сыту жыпIэмэ, ШэджыхьэщIэм и къалэмыпэм куэду къыщIэкIащ усэхэри, уэрэдхэри, гушыIэ, ауан рассказхэри, повестхэри, романхэри, пьесэхэри, очеркхэри. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри щIагъыбзэкIэ, гупсысэ куукIэ гъэнщIащ, цIыху гъащIэр лъэныкъуэ куэдкIэ къыщыгъэлъэгъуэжащ.

ГуфIэгъуэри гугъуехьри щызэхэухуэна гъуэгуанэ гукъинэж къызэпичащ ШэджыхьэщIэм. Ар Урожайнэ къуажэм къыщалъхуащ 1932 гъэм. И сабиигъуэр хиубыдащ зауэ зэман хьэлъэм. Абы и нэгу щIэкIащ зауэм къихьа тхьэмыщкIагъэр, и нэкIэ илъэгъуащ дуней псор иубыдын и гугъэу къежьауэ щыта фашизмэм и зауэлIхэм лейуэ зэрахьар, ди Хэкур нэпсрэ лъыпскIэ щIагъэнауэ зэрыщытар. Зауэр Iэ щIыIэкIэ зыхэIэба гъащIэр къызэфIэзыгъэувэжахэм яхэтащ Хьэмыщи. Ар щIалэ цIыкIуу щылэжьащ колхозым. Лэжьыгъэри еджэнри зэдихьурэ, къуажэ школыр къиухауэ щытащ. Культурэм, искусствэм дахьэха щIалэм мурад ещI киномеханикыуи зигъэсэну. А IэщIагъэм хъарзынэу хозагъэри зыкъомрэ иролажьэ. ЕпщIанэ классыр къиуха нэужь, ШэджыхьэщIэр щIотIысхьэ Ростов къалэм дэт Горнэ техникумым. Ауэ ар къимыух щIыкIэ дзэм къулыкъу щищIэну макIуэ. Гугъуехьым, лэжьыгъэм щымышынэу къэхъуа адыгэ щIалэм къызыхэкIа лъэпкъым и напэр тримыхыу кърихьэлIащ и къалэныр. Абы иужькIэ офицер ШэджыхьэщIэм къыщалъхуа къуажэм къегъэзэжри, езыр зыщIэса школым егъэджакIуэу щолажьэ. 1957 гъэм Хьэмыщэ макIуэ Урожайнэ къуажэм къыщыдэкIыу щыта «Родинэм и щIыхькIэ» газетым. Ар ягъэув редакторым и къуэдзэу. Мис абдеж къыщыщIидзащ ШэджыхьэщIэм и журналист, тхакIуэ лэжьыгъэм. Пэжщ, мыбы ипэкIи Хьэмыщэ и усэхэр къытехуат «Крылья Родины» армейскэ газетым. А япэ лъэбакъуэр узыншэу, лъэбакъуэ махуэу къыщIэкIащ. АбыкIэ, шэч хэмылъу, Хьэмыщэ сэбэп къыхуэхъуащ лэжьыгъэм, гъащIэм фIыуэ щыгъуазэу, щIэныгъэ дэгъуи зригъэгъуэтауэ зэрыщытар. Журналист хъарзынэ къыхэкIыну зыхуагъэфэща щIалэр еджакIуэ ягъакIуэ Ростов дэт парт школ нэхъыщхьэм. Ар къиуха нэужь, ШэджыхьэщIэр япэщIыкIэ щолажьэ «Советская молодежь», «Ленин гъуэгу» газетхэм. Зи къалэмыпэр жан, шэрыуэ хъуа журналист IэкIуэлъакIуэр къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ягъэув Дзэлыкъуэ, Шэджэм районхэм къыщыдэкI газетхэм я редактору. Ар щытащ республиканскэ полиграф комбинатым, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым я директору. Иужьрей илъэсхэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щылэжьащ, художественнэ литературэмкIэ къудамэм и унафэщIу.

Итхынрэ и тхыгъэм тегъэщIапIэ хуищIынрэ зи нэгу щIэкIа тхакIуэт ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. Илъэс зыбжанэкIэ журналисту лэжьа, республикэм и цIыху гуащIафIэхэм ягъахъэ Iуэхугъуэ инхэр зи пщIэнтIэпс къыдэкI гуащIэрыпсэухэм я псэукIэм, я лэжьэкIэм дэгъуэу хэзыщIыкI щIалэм пасэу тхэн щIидзат. МахуэкIэ журналист къалэн игъэзащIэрт, жэщкIэ и щхьэм хуэлэжьэжырт: нэхъ тэмэму жыпIэмэ — республикэм и тхылъеджэхэм, ди литературэм хуэлажьэрт. Ауэ ШэджыхьэщIэр ящыщтэкъым ныжэбэ яуцIырхъыр пщэдей утыкум изылъхьэхэм. Художественнэ тхыгъэкIэ зэджэр зищIысыр тэмэму къыгурыIуэрти, абы езым и щхьэ дыдэм

дзыхь хуищӀыжыртэкъым. Итхар хъуауэ, нэгъэсауэ къимылъытэу игъэтӀыгъуэу щигъэлът. Абы и япэ рассказ «ХьэмлэтӀиф, къэгъэзэж!» жыхуиӀэр гушыӀэ дахэ, ауан пӀаскӀуэ зыхэлъ тхыгъэщ.

ГушыӀэкӀэ зымыщӀэр ӀэштӀымкӀэ мауэ жыхуаӀэхэм ящыщтэкъым ШэджыхьэщӀэр. Абы и щыхьэтщ мы рассказ хьэлэмэтри.

ХьэмлэтӀиф щӀалэ хъарзынэщ. Университетыр ехъулӀэныгъэкӀэ къиухри къыщалъхуа къуажэм къигъэзэжащ. Дэгъуэу еджащ, езыри щӀалэ Ӏей хуэдэкъым. ЗэрыжаӀэу, аркъафэкъым, тутынафэкъым, кӀэгъуасэмыщӀуи къимыкӀухьу, унагъуэу тӀысыжащ. Дэбгъуэн зыпымылъ щӀалэр колхозым агроном нэхъыщхьэу ягъэув. Игурэ и псэрэ етауэ и къулыкъу егъэзащӀэ, Ӏуэхум хещӀыкӀ. Зэрыхабзэщи, апхуэдэ цӀыхур ди деж гулъытэншэ щыхъуркъым. ХьэмлэтӀиф япэщӀыкӀэ районым, итӀанэ республикэм и къалащхьэм къулыкъу къыщрат. Абыи къыщынэркъым — ар Союзпсо утыку ирашэ. А псоми гъэщӀэгъуэну зыри хэлъ хуэдэкъым. ЦӀыхум хуэфащэр езым къехьыж. Аракъэ езыр дэгъуэр?! Уи ӀэщӀагъэм, уи цӀыхуфӀагъым, уи псэ хьэлэлагъым и сэбэп, и гуфӀэгъуэ гуэри плъагъуу, къэралым щалъагъуу... Ахэр псори узыщыгуфӀыкӀын Ӏуэхущ. Ауэ... ауэ а псори «сыкъэушри пщӀыхьэпӀэт», жыхуиӀэ таурыхъым хуэдэу къыщӀокӀ. ИкӀи мыщӀалэфӀ, икӀи еджэу зы ӀэщӀагъи зэзымыгъэгъуэта, хэтхэ я унэ къанжэ тес жиӀэу махуэ псор езыхьэкӀ, фадэм щхьэлажьэ ищӀауэ жэщым нэху къекӀ щӀалэжьым пщӀыхьэпӀэ ӀэфӀ илъагъуу арат. ПщӀыхьэпӀэ зэфэзэщт абы и гъащӀэр зэрыщыту. Лажьэркъым, пщӀантӀэркъым. Зи пэр шияуэ фадэм къыкӀэлъызыкӀухь щӀалэхэм ящыщщ ХьэмлэтӀифи. ПщӀыхьэпӀэу и нэгу щӀэкӀам хуэдэ псэукӀэт абы иӀэн хуеяр. Ауэ...

ГушыӀэ, ауан жанрыр дэгъуэу къэзыгъэӀурыщӀэф ШэджыхьэщӀэр щымысхьу я щхьэфэ йоӀэбэ гъащӀэр зыуцӀэпӀхэм: бзэгузехьэхэм, бзитӀ-щхьитӀхэм, дыгъуэлӀ-дыгъуэшххэм, сондэджэрхэм, щхьэщытхъухэм, Ӏужажэхэм, щхьэхынэхэм, фадафэхэм, цӀыху жьэрыплъэхэм, зыкъызыфӀэщӀыжахэм, къулыкъущӀэкъухэм. КӀэщӀу жыпӀэмэ, юмористым, сатирикым и къалэн гугъур дэгъуэу егъэзащӀэ тхакӀуэ ШэджыхьэщӀэ Хьэмыщэ. Нобэрей ди гъащӀэр куэдкӀэ нэхъ дахэ хъунт, Хьэмыщэ литературнэ утыкум «пщампӀэкӀэ кърилъафэ» цӀыху бзаджэнаджэхэр, хьэбыршыбырхэр бий тщӀауэ щытамэ, ахэр ди гъащӀэм хэгъэкӀа зэрыхъуну щӀыкӀэм псори дыхущӀэкъуамэ.

ГушыӀэмрэ ауанымрэ зи Ӏэщэ тхакӀуэ ШэджыхьэщӀэ Хьэмыщэ ауэ сытми гъумэтӀымэу, тхьэусыхэу, шхыдэрейуэ, Ӏейм фӀэкӀа нэгъуэщӀ имылъагъуу гъащӀэм хэтауэ аракъым. ФӀыр псоми дифӀщи, ар дэнэ кӀуэжын, ауэ а фӀыр нэхъыфӀыжу, нэхъыбэу щытыным зэран къыхуэхъухэм уащысхь хъунукъым. Ар псоми ди зэхуэдэ къалэнщ. ФӀыр нэхъыфӀыж зымыщӀыр, ем емыбийр дэри ди бийщ. Апхуэдэм гъуэгу етын хуейкъым, къыбжаӀэ Хьэмыщэ и рассказхэм. Абы и щапхъэхэм ящыщщ «Тренер фыхуей?» рассказ гъэщӀэгъуэнри. ЦӀыху жьэрыплъэхэм я зэранкӀэ хьэкӀэпычхэм, бзаджэнаджэхэм гъуэгу зэрагъуэтырщ мы тхыгъэр зытеухуар.

ГушыӀэр, ауаныр тегъэщӀапӀэ зыхуищӀ рассказхэр щитх лъэхъэнэм щыгъуи ШэджыхьэщӀэ Хьэмыщэ щхьэкъэӀэт имыӀэу елэжьырт «Уи пщэдджыжь фӀыуэ, Тэрч!» зыфӀища повестми. А цӀэ дыдэр иӀэу Хьэмыщэ и япэ тхылъыр дунейм къыщытехьар 1975 гъэрщ. Абы итщ, а повестым нэмыщӀ, нэгъуэщӀ рассказхэри.

ИужькIэ тхылъеджэхэм гурыхь ящыхъуа гушыIэ, ауан рассказыфI зыбжани ихуащ Хьэмыщэ и япэ тхылъым. Абыхэм ящыщщ «Импортнэ кран», «Хэтхэ я унэ къанжэ тес?», «Катрин» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Къищтэ темэкIи ар зэрызэпкърих щIыкIэкIи зэщхькъым а тхыгъэхэр, ахэр зэрызэщхьыр зыщ: псори художественнэ произведенэфIкIэ узэджэ хъунухэм ящыщщ.

«Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч!» повестыр зытеухуар къуажэдэс щIалэгъуалэрщ, абыхэм я псэукIэрщ, я дуней тетыкIэрщ, я лэжьэкIэрщ. Дуней тетыкIэ Iэджэ зэрыщыIэр, лэжьэкIэри псэукIэри куэд зэрыхъур, уи насыпым IэкIэ утеIэбэн папщIэ дамэкъуэ Iэджэ пкъутэн зэрыхуейр IэкIуэлъакIуэу, удихьэхыу, уи фIэщ хъууэ къигъэлъэгъуащ тхакIуэм.

«Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч!» повестым Iуэхугъуэ ин къыщиIэтащ тхакIуэм, ар нобэрей къэбэрдей прозэм и лирическэ повесть нэхъыфI дыдэхэм яхыубжэ хъунущ.

Япэ тхылъым и ужькIэ мыгувэу дунейм къытехьащ ШэджыхьэщIэм и етIуанэрей тхылъышхуэри. «Дыщэм ефIэкIыу» — аращ абы фIищар тхакIуэм. Мыбы итщ а цIэ дыдэр зиIэ повестымрэ гушыIэ, ауан рассказ зыбжанэрэ.

Дыщэм ефIэкIыр цIыхугъэ нэсырщ, лъагъуныгъэ къабзэрщ, — къыджеIэ тхакIуэм. ИкIи дыкъыхуреджэ а цIыхугъэр, а лъагъуныгъэ къабзэр тхъумэну. А тIур IэщIыб зыщIым и дунейр мыгъуэу, и гъащIэр гуфIэгъуэншэу къызэрырихьэкIынур фIэщхъуныгъэ хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ повестым.

ШэджыхьэщIэм и лъэбакъуэщIэу, лъэбакъуэ узыншэу къыщIэкIащ «Дыщэм ефIэкIыу» повесть хьэлэмэтыр. Абы гу лъамытэу къэнакъым тхылъеджэхэми ди критикхэми. Повестыр дунейм къытехьа нэужь, Хьэмыщэ письмо куэд къыIэрыхьэу хуежьащ — тхакIуэм къелъэIухэрт адэкIи къыпищэну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дунейм къытехьащ — «Дыщэр дыщэпс хуэныкъуэкъым» етIуанэ тхылъыр.

Япэрей повестым хэта лIыхъужьхэрщ, я бжыгъэр зыкъомкIэ нэхъыбэ хъуауэ, мы тхыгъэми дызыщрихьэлIэр. Зэманым зихъуэжащ, ауэ щыхъукIэ, лIыхъужьхэри зыкъомкIэ нэхъыжь хъуащ, я хьэл-щэнхэми, я дуней еплъыкIэми зихъуэжащ. Пэжщ, зэрыщытауэ къэнэжахэми дахуозэ. Удэзыхьэх, куэдым уахуэзыущий, гъащIэшхуэ, гъуэгуанэ къулей къызэпачащ Джэрий, Лацэ, Залымджэрий, Динэ, Маритэ сымэ, нэгъуэщIхэми. ТхакIуэ Iэзэм зэрихабзэу, ШэджыхьэщIэм икъукIэ тэмэму къигъэлъэгъуащ абыхэм я образхэр: Iейри щIихъумакъым, фIыри игъэкIуэдакъым. ЦIыху щыхъукIэ, абы фIагъи ныкъусаныгъи зэрыбгъэдэлъыр къыдегъэлъагъу авторым. Аращ тхакIуэм дигъэцIыху лIыхъужьхэр ди фIэщ щIэхъур, дызыIэпашауэ абыхэм дащIыкIэлъыплъыр.

«Дыщэр дыщэпс хуэныкъуэкъым» повестым удезыгъэхьэх Iэмалхэм ящыщу нэгъуэщI зы нэщэни бгъэдэлъщ — детектив тхыгъэхэм я хуэмэбжьымэ зыкъом хэлъщ. Мыбы дыщрохьэлIэ цIыхугъэр зыфIэкIуэда дыгъуакIуэ, бандит гупым я образхэми. Абыхэм ящыщщ Валети, Короли, Натырбии, Попи. Я Iуэху щыдагъэкIынум, я щхьэм гузэвэгъуэр къыщылъэIэсам деж абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри къоплъынукъым, ураIыхьлыуэ, фIыуэ укъалъагъуу, ублэмэ, къэзылъхуар уэрауэ щытми, зыуи къащы-

мыхъуу уаукIыфынущ. Абы и щыхьэтщ Прохладнэ къалэм щекIуэкIыу повестым къыщыгъэлъэгъуа Iыхьэр. ВалеткIэ зэджэ (цIыхугъэр зыфIэкIуэдахэм цIыхуцIи яIэжкъым — Валет, Король, Поп, н. къ.) дыгъуэлI-дыгъуэшхэм зы цIыхубз цIыкIу къигъапцIэри гъусэ ищIащ. Зузэ цIыхубз дахэт, щIалэт, ауэ мо бзаджэнаджэ къомым къагъапцIэри ягъэунэхъуащ. Зыхашащ. Езыхэм гузэвэгъуэ къащылъысым, яубыдынкIэ шынагъуэ къащылъыкъуэкIым Зузэ яукIыжыну мурад ящI. ЦIыхубзыр, насып иIэти, яIэщIокI, армыхъумэ кIэ игъуэтат абы.

ГъащIэм цIыхуфIхэми цIыху Iейхэми уащрохьэлIэ, ауэ, ди насыпщи, цIыхуфIхэр щынэхъыбэщ. Хьэмыщэ и повестми бжьыпэр щаIыгъщ цIыхуфIхэм. ГъащIэр зыуцIэпIыну зи гугъэ хьэбыршыбырхэм япэщIэтщ Темыр, Музэриф, Виктор сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэращ гъащIэр зыгъэбжьыфIэр, зыузэщIыр. Абыхэм я образхэращ тхакIуэми гулъытэ нэхъыбэ зыхуищIыр.

Хьэмыщэ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса ещанэ тхылъыр дунейм къытехьащ 1980 гъэм. Мыбы ит псори гушыIэрэ ауанрэщ. Тхылъым цIэ хуэхъуари ШэджыхьэщIэм и рассказ пасэхэм ящыщ «ХьэмлэтIиф, къэгъэзэж» жыхуиIэрщ. Абы къыкIэлъыкIуащ и романхэмрэ и тхыгъэ нэхъыфIхэмрэ зэрыт тхылъ зыбжанэ.

Литературэм, искусствэм и жанр псоми хэзагъэрт ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. Абы и псалъэхэр щIэлъу уэрэд куэд ятхащ композиторхэу, уэрэдусхэу Къардэн Хьэсэн, Къашыргъэ Билал, Тхьэбысым Умар, Бахъуэ БетIал, Щомахуэ Хьэсэнбий, Къэбэрдокъуэ Борис сымэ. Абыхэм ящыщщ «Лъагъуныгъэр гугъэ плъапIэщ», «Уэ утетщи, дахэ, мы дунейм», нэгъуэщIхэри.

Драматург ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и творчествэм щхьэхуэу утепсэлъыхь хъунут, абы псалъэмакъ щхьэхуэ зэрыхуэфащэм шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым. Сыту жыпIэмэ, зы пьесэкъым-пьеситIкъым Хьэмыщэ и къалэмыпэм къыщIэкIар. Абы итхауэ ди театрхэми Къэрэшей-Шэрджэс театрми щагъэуващ пьеситху. Театреплъхэм нэхъ гурыхь дыдэ ящыхъуахэм ящыщщ «Гъуэгу техьэ къытенэркъым», «Хэт къуаншэр?» пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэр. Ахэр нобэ ягъэуву пщэдей ящыгъупщэж спектаклхэм ящыщ щIэмыхъуам и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: драматург ШэджыхьэщIэм къищтэ темэм цIыхухэр зыгъэпIейтей, зыгъэгуфIэ, зыгъэгузавэ, зыгъэгубжь Iуэхугъуэхэр щызэпкърех. IэкIуэлъакIуэуи зэпкърех. Абы дэгъуэу къегъэсэбэпыф драматургием и Iэмал нэхъыщхьэхэр: драматизм, зэжьэхэуэныгъэ, Iуэху гуащIэ, действие жыхуэтIэхэм къапикIухьыркъым. Нобэрей гъащIэм и курыкупсэм къыхиха хуэдэщ Хьэмыщэ и пьесэм къыщиIэт дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри.

* * *

ТхакIуэхэми абыхэм я IэдакъэщIэкIхэми яхуэфащэ пщIэ нобэ ямыгъуэтыж щхьэкIэ, нэхъапэхэм щыгъуэ абыхэм щIэупщIэшхуэ яIэу щытащ. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытыр плъагъун папщIэ, жыжьэ ущIэкIуэн щыIэтэкъым: дэ щIэх-щIэхыурэ драгъэблагъэрт заводхэм, фабрикэхэм, мэкъумэшым и лэжьакIуэхэм, еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэсхэм я деж. Пэжщ, апхуэдэ литературэ



3 Заказ №201

зэIущIэхэм нэхъыбэу кIуэр усакIуэхэрат. Абы щхьэусыгъуи иIэт: тхакIуэр къызэхуэсахэм я пащхьэм къиувэу рассказхэм, повестхэм, романхэм къеджэныр емыщхь хуэдэу хъурт. УсакIуэхэм ди Iуэхур нэхъ тыншт абы и лъэныкъуэкIэ — зи чэзур къэсар къэтэджырти, и усэхэм щыщ гуэрхэм къеджэрт. КъедаIуэхэр зыщIэупщIэ щыIэмэ (апхуэдэхэри гъунэжт), жэуап иратыжырт. ЖыпIэнурамэ, узыхуэтхэхэм нэхъыфIу закъебгъэцIыхун, «цIэрыIуэ» зыпщIын папщIэ, усакIуэу ущытыныр нэхъ хэкIыпIэфIт. Ауэ апхуэдэ зэIущIэхэм деж прозаик ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ зэи щыхилъафэртэкъым: абы и гушыIэ, ауан рассказхэр, повестхэр, романхэр, пьесэхэр зэритхым, абыхэм лъабжьэ яхуищI темэхэр къыздрихым, къызэригъуэт щIыкIэм теухуауэ куэд къеупщIырт. Езы тхакIуэми и жэуапхэр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэну, къедаIуэхэр дихьэхыу къызэригъэпэщырти, усакIуэхэр дыкъыдигуэжырт.

Хьэмыщэ жьакIуэт. ЦIыхур зригъэдэIуэфырт. Псом хуэмыдэу ар къыщызэрыкIыр и гушыIэ, ауан рассказхэм къеджэу хуежьа нэужьт. Дэ дыкъызэджэ усэхэм елъытауэ, абыхэм зэман нэхъыбэ зэрахьым шэч хэлътэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, Хьэмыщэ фIырыфIкIэ къаутIыпщыртэкъым зи ныбафэр зыIыгъыу дыхьэшхыу абы къедаIуэхэм. Ар къызэджэ рассказхэр мызэ-мытIэу зэхэтха пэтми, дэри зытхуэмыубыдыжу дыдыхьэшхырт. ЖыпIэнурамэ, Хьэмыщэ ущедаIуэкIэ, уи псэм тыншыгъуэ игъуэтырт.



Журналисту илъэс куэдкIэ лэжьа, IэнатIэ Iэджэм пэрыта ШэджыхьэщIэм, зэрыжаIэу, гъащIэм дерсышхуэ къыхихат. Езыр набдзэгубдзаплъэт, тхьэкIумэ жанти, зи хьэл-щэнкIэ, зи дуней тетыкIэкIэ мыщIагъуэ, «зэрыIэзащэм» къыхэкIыу, адыгэбзэр зыхуримыкъужу, урысыбзэр «Iэпэм къыдезышэкIыу» къызыфIэщIыжхэм я псэлъэкIэ зэблэшахэр щIэнэкIалъэ ищIу, зэрымылъ хьэкъущыкъум зыкъизыгъэщыну пылъхэм закъригъэцIыхужу тхэфырт икIи псэлъэфырт гушыIэным къыхуигъэщIами ярей ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. И ныбжьэгъухэм щыдигъусэм дежи апхуэдэт: и гушыIэри и дуней тетыкIэри дахэти, абы зыдэбгъэпсэхурт. Ар къыщамыцIыхурэ фIыуэ къыщамылъагъурэ Къэбэрдеишхуэми, псом хуэмыдэу езыр къыщалъхуа Джылахъстэнейми зы жылагъуэ имыс хуэдэт. Уригъусэу уежьамэ, уэри нэхъ пщIэ лей зэрыбгъуэтымкIэ фIыщIэ хуэщIыпхъэт зи гушыIэхэмкIи, зи цIыху хэтыкIэмкIи, зи повестхэмрэ романхэмкIи, зи пьесэхэмкIи, телевиденэм щригъэкIуэкI нэтынхэмкIи Къэбэрдей псом щыцIэрыIуэ тхакIуэшхуэ, журналист Iэзэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. Дауи, а псори къалъытауэ къыщIэкIынщ абы «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр къыщыфIащым щыгъуэ. А цIэр игъэпэжу, хуэфащэу зэрихьэу дунейм тетащ ди тхакIуэгъу, ди ныбжьэгъу пэж ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

*Рассказхэр* ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Хьэмыщэ

# ФЫЗАБЭ

Пщэдджыжь къэс Шарифэ и нэр бжащхьэм хэукIа гъущI Iунэм фIэлъ налым тодие. ДакъикъипщI... Дакъикъэ пщыкIутху... Зэзэмызи и гум къокI, «къыфIэсхыу щхьэ хыфIэзмыдзэрэ», – жиIэу, ауэ и Iэр къедаIуэркъым, и лъэр хущIэкIыркъым илъэс куэд щIауэ и нэр «зыгъэлэжьа» налыр бгъэдыхьэу къыфIихыу хыфIидзэну. Зы лъэныкъуэкIэ – ар фэеплъщ. Шарифэ и дэлъху нэхъыжь Натрыб къыщалъхуам адэм фIидзауэ щытащ. Угъурлыгъэм, фIыгъэм, насыпым я нэщэнэщ, жаIэ адыгэхэм. Ижь-ижьыж лъандэрэ а хабзэр лъэпкъым къыдогъуэгурыкIуэ. Ауэ насыпым и нэщэнэу пIэрэ ар? АбыкIэ Шарифэ шэч щIищIын куэд иIэщ. Ирикъуни и адэмрэ и дэлъху нэхъыжь Натрыбрэ зауэм щыкIуэм налым Iэ далъэу ежьа пэт, тIуми къызэрамыгъэзэжар. Зыр Белоруссием, адрейр Германием щыщIалъхьащ. Налыр насыпым и нэщэнэмэ, тIум яз сыту ажалым щимыхъумарэ?

Адрей лъэныкъуэмкIи Шарифэ Iуэхум къыщыбгъэдыхьэми, зэрыщытын хуеймрэ зэрыщытымрэ я кIапэр хузэрыгъэубыдыртэкъым. Зи адэ-анэ, къыдалъхуа зауэм хэкIуэдахэм хуащI гулъытэм теухуауэ унафэ дапщэ къащтэрэ. Ауэ дэнэ щыIэ а гулъытэр? Дапщэрэ кIуа ар колхозым и унафэщIхэм, къуажэ Советым и председателым деж, фыкъыздэIэпыкъуу унэ схуевмыгъэщIыфми, унащхьэм псы къыпхымыжу зыгуэр схуревгъащIэ, жиIэурэ? «Ерэхъурэ хъунрэ щыIэу сыт къызэпщIэн?» – жиIащ адыгэм. Къагъэгугъэ, тхьэ къыхуаIуэ, ауэ абы щхьэкIэ унащхьэм псы къыпхыжыр ярылъадэу пэшым щIэт тасхэмрэ пэгунхэмрэ я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуркъым...

Шарифэ и Iу бахъэр елъагъуж. Щхьэгъубжэр щтащи, абджынэм уэс цIынэ къыкIэраупцIа фIэкIа пщIэркъым. Дыгъуэпшыхь къетIэтIэхыу щытащ, иджы унэ лъэгум ит тасымрэ тепщэчышхуэмрэ къилъэда псыр щтыри, къибэгыкIащ. Тэджауэ мафIэ щIын хуейщ, ауэ бзылъхугъэр щIыIэм егъэщхьэх. Бжащхьэм фIэлъ налым и нэр тедиящи, налыкум зэадэзэкъуэр къиплъ къыфIощI.

Хуэмурэ и лъакъуитIыр шхыIэн хуабэм къыщIехри, къызэфIотIысхьэ. Зи лъэдакъитIым хъыдан Iув зытридэжа цы лъэпэдитIыр псынщIэу зылъетIагъэ, кIэлошитIым йоувэри, еIэ-епхъуэу щыгъын тIэкIур зыщедзэ, кIэлындорым телъ пхъэм щыщ IэплIэ къыщIехьэри, мафIэ зэщIегъэст. ХьэкубжэрIухауэ зыбгъэдэс мафIэм и нэкIур къызэригъэхуэбэжу, махуэ къэс зыIыгъ гупсысэм зэщIеубыдэж...

Хэт и гугъэнт мы унэр мыпхуэдэу нэщI хъуну? Хэт и гущхьэ къэкIынт мыбы щIэлъа нэгузыужьыр, гукъыдэжыр, гушыIэр, псалъэмакъыр ужьыхыну? Сыт а псори зыхьар, мы лъапсэм псы иригъэжыхьыжу, хьэдрыхэ мащэу Iэуэлъауэншэ зыщIар? Зауэра? Хьэмэрэ абы къелахэм псэукIэ ямыщIэу е гъащIэм гукъыдэж хуамыIэжу арат? ЛIымрэ къуэмрэ я щхьэкIуэ тхылъым анэр ихьащ. Тхьэмахуэ зэхуакум – щхьэкIуэ тхылъитI, мы дунейм нэхъыфI дыдэу щыплъагъуитIыр щымыIэжу хъыбар къыуагъащIэу... Ар гум дэбгъэхуэн, псэм тебгъэ-

хуэн щхьэкIэ къаруушхуэ ухуейщ. Апхуэдэ къару анэм иIэтэкъым. Ар бампIэм ихьащ. Ауэ къэнатэкъэ и шыпхъуитIыр? Ныкъуэдыкъуэми, къэкIуэжатэкъэ и щхьэгъусэ Темыркъан?

Темыркъан... И Iэ ижьыр имыIэжу, Iэ сэмэгумкIэ щIакъуэ башыр иIыгъыу ар Шарифэ КъалэкIыхь станцым мафIэгум къикIыжауэ щилъэгъуам, и гу къуэпсым щыщ гуэр зэпычауэ къыщыхъуащ. И нэр щыункIыфIыкIри, зы псалъи къыхудэмышейуэ, зы лъэбакъуи хуэмычу щытащ, езы Темыркъан къыбгъэдыхьэу и дамащхьэм къытеIэбэху. Станцым ирикIуэну, колхозым къаIиха хьэмкIэшыгур пщIантIэм къыдыхьэжыху псалъэ хужыIатэкъым Шарифэ, и лIым и бгъэм зыкIэригъэщIауэ къэкIуэжат, нэпсыр IэдакъэкIэ щIилъэщIыкIыу. И щхьэгъусэр ныкъуэдыкъуэу къызэрыкIуэжаратэкъым Шарифэ игъейр. Хьэуэ, бзылъхугъэм абы хуиIэ лъагъуныгъэр абрагъуэт, Iэи лъакъуи имыIэжу, псэлъэф къудейуэ къэкIуэжами, а лъагъуныгъэм зэрепцIыжыфын щыIэтэкъым. Шарифэ игъейр нэгъуэщIт. Абы илъагъурт зауэм ныкъуэдыкъуэу къикIыж куэд гъащIэм хэмыхьэжыфу къызэрынэр, зауэм кIуэн и пэкIэ яIа узыншагъэмрэ иджы къалъыса бэIутIэIумрэ яхузэмыгъэзэгъыу, гъащIэр хьэзаб защIэкIэ зэраIэщIэкIыр. Дауэ хъуну Темыркъан? Пэлъэщыну абы и плIэм зауэм къыдилъхьа бэIутIэIум? Ар езыр цIыху щабэщ, гуащIэмащIэщ. ЛIыгъэкIэ, къарукIэ е Iуэху, е цIыху пэщIэувэу Шарифэ зэи илъэгъуатэкъым. Арат Шарифэ зыгъэшынэр, хэзыгъащIэр, игъейр.



«Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ», – жаIэр. Шарифэ хуабагъэуи гуапагъэуи хэлъыр зауэм ныкъуэдыкъуэу къикIыжа и щхьэгъусэм ирит щхьэкIэ, Темыркъан гукъыдэжыншэт, зи лъабжьэр паупщIа жыгыу гъурт. ЖэщкIэрэ жейртэкъым, тIэкIу хилъэфакъэ, жиIэу Шарифэ и гур зэрызагъэу, лIыр къызэфIэтIысхьэрт гужьеяуэ.

– Автоматыр! – кIийрт ар, блыным епхъуэу. – Дэнэ щыIэ автоматыр?! Мор къокIуэ!.. ИукIащ, иукIащ къэсэхыжыным! – и Iэр и нэкIум Iуилъхьэрти, гъырт зэщыджэу. – Мы си Iэр!.. – къыщIидзэжырт аргуэру. – Мы си Iэр пхэт, Никифор! Пиудащ къэсэхыжыным. Еплъыт, мы тIэкIум иIыгъыжу аращ.

ЕрагъкIэ хигъэбэяуэжырт. Еубзэу, едэхащIэу нэху щыху щхьэщыст. Апхуэдэу илъэситIым нэблагъэкIэ дэпсэуащ. Дунейм ехыжыным тхьэмахуэ иIэжу, зы жэщ гуэрым, Темыркъан пщэфIапIэм щIэт щхьэгъусэр къриджэри, и пIэ лъапэм тригъэтIысхьащ.

– Илъэс мин гъащIэр сиIами, – жиIащ абы, жьыр къыпиубыду, – сэ слъэгъуа лъы къомым сыхэкIынукъым. Си нэр зэтеслъхьами, ар си нэгум щIэтщ, къызэтесхами, мы дуней дахэм и пIэкIэ слъагъур аращ. Махуэ, е мазэ, е илъэс дэкIрэ а си нэгум щIэмыкIыр нэхъ кIащхъэ хъуну сщIатэмэ, сызэныкъуэкъужынт, сызэбэныжынт. Ауэ, неIэмал, абы кIэ иIэнукъым. НэхъыфIрат: уэри бэлыхь птезмыгъэлъу, сэри мыпхуэдиз хьэзабыр сымышэчу сылIамэ, сытыншыжынт.

Шарифэ и гур пыкIэзызыхьащ. Ар ерагъкIэ къэтэджри, стIолым бгъэдэт шэнтыр къиштащ, и лIым и пIэщхьагъым и гъунэгъуу игъэуври, абы тетIысхьэурэ Iущэщащ:

– Сыт а жыпIэр, Къан? УмыбзыщI, зи узыр схьын, пхуэсщI гулъытэр, си лъагъуныгъэр уфIэмащIэ, уфIэщIыIэ? Си псэр си IэкIэ хэс-

хыжынщ си акъылыншагъэкIэ апхуэдэ гурыщхъуэ зыхуозгъэщIамэ. Ухъужынщ, тIасэ, уи гур апхуэдизу умыухыж. ЖиIар зэхэпхакъэ дохутырым?

– Дохутырым а псор ищIэркъым, – щэтащ лIыр хьэлъэу. – Узри и пIэм иткъым. Зыгуэр къысщыщIкIи зумыфыщIыж, зумыукIыж, ар псори алыхь Iуэхущ. Мы дунейм сэ сфIэIэфIыжу, си нэр къыхуикIыу къытезнэ щыIэкъым, зы закъуэ фIэкIа: уэ сигу упыкIыркъым.

– Ара-тIэ а лIэныгъэм ущIыхуеIэр? – къыщиудащ Шарифэ. – Абы зыри щыIэкъым, жэнэти жыхьэнмэи. А мащэ кIыфIыжь закъуэращ. Абы узэрырахьэхыу, псоми уащыгъупщэжынущ, сэ зы закъуэм нэмыщI. Сэ хэт сыкъызыхуэбгъанэр? Мы унэ блынджабиплIыра?.. Уэ лъыкIэ къэбзэуащ упсэуну, мы гъащIэм гу щыпхуэну. НэгъуэщI мыхъуми, уи гугъуехьыр пIуэтэжыху. ЛIыгъэ зыхэлъхьэ, Къан, сыпкIэрыщIауэ сумыгъэунэхъу.

– Си лIыгъэр кIуэщIащ, Шарифэ, – зэтрипIащ Темыркъан и нэр. Зэуэ къызэтрихыжри, и щхьэгъусэм къеплъащ. – Мо Хьуд и къуэр си гъусащ сэ... Си IэкIэ щIэслъхьэжащ. ЦIыхуитху дыхъуу зы топым дыбгъэдэтт а дыкъыщикIуэт зэманым. Жыхьэнмэт ар щаукIа махуэр. Нэмыцэ танкыр къытхэлъадэри... М-м-м, гъащIэ, гъащIэ... Уэ узэрыслъагъум хуэдэу слъагъуу, танкыр мобы и лъакъуитIми ирикIуащ. Абы зы лъэIуэкIэ иIэти, «СумыгъалIэ мыгъуэ, Темыркъан, ди щIыпIэм сыIумыплъэжу сумыгъэкIуэд!» – жиIэу. Иджыпстуи си нэгум щIэтщ а дунейкъутэжыр. Сэ сыт схуещIэнт мо зи лъакъуитIыр танкым пихьэжыкIам? Зытезубгъуауэ седэхащIэрт, тхьэ хуэсIуэрт си плIэм илъу къэсхьыжыну, губгъуэ нэщIым къизмынэну. Абы щыгъуэ, езыр дэнэ къэна, сэ сщыгъым зы Iуданэ хэлъыжтэкъым лъы защIэ мыхъуауэ. Сызэрыщхьэщылъым хуэдэурэ, лъыр щIэжри, Хьэрэбий ужыхащ. БэуапIэ згъуэтыжыртэкъым, мы дунейр зэрыщыту гынымэмрэ лъымэмрэ якудати, кIуэцIыкIыщIэр кърiIуэнтIыкIырт, си къэжьын къакIуэу.

Шарифэ, и щхьэр и лIым и бгъэм трилъхьауэ, мэпыхьэ гущIыхьэу, Темыркъани жиIащи, кIуэцIыкIыщIэр кърiIуэнтIыкIыу. «Ди тхьэ, – кIуэцIыгъэрт ар и щхьэгъусэм тепIа шхыIэным, – сыту зэхэгъэкIыпIэ хьэлъэ сибгъэуват. СыткIэ уигу къызэбгъа, щхьэ мыпхуэдизу хьэIупс сыкъэпщIа? Къетыж мы си лIым хэлъа лIыгъэр, къарур. СIэщIумых мы дунейм гугъапIэу, гурыфIыгъуэу къыщысхуэна закъуэр...»

– Шарифэ, – къеджащ абы Темыркъан.

– Сыт, Къан? – къиIэтащ фызым и щхьэр.

– Уэ уи гъащIэм къыпщIихьа цIыхулъым и мэ?

АдэкIэ Шарифэ хуэшэчакъым. Ар, гурыму къыщылъэтри, адрей пэшым щIэлъэдащ, гъуэлъыпIэм зридзэри, и щхьэр щхьэнтэм хигъэпщкIуащ. Бзылъхугъэр иджыпсту зыми егупсыстэкъым: тхьэми, цIыхуми, дунейми, адрей пэшым щIэлъ и лIы сымаджэ дыдэми. Абы и щхьэр фIэундэрэбжьыкIат, и гур къызэфIэзэрыхьати, и тэмакъым зы шыкъыр гуэр, имыгъэбауэу, къыщIэгъуалъхьэрт. Арат ар илъэсиплIкIэ и лIым щIыпэплъар? Арат жэщ минрэ щитхукIэ щхьэнтэм щIыкIуэцIыгъар, и лIым и псэр пыту мы пщIантIэм къыдыхьэжы-

ну тхьэ елъэIуу? Мес, къэкIуэжащ, ныкъуэдыкъуэми, и лъэм зэрехьэ, и бзэр къабзэщ, къызоузIа жиIэу тхьэусыхэркъым. ИтIани...

Шарифэ зэуэ и нэгу къыщIыхьэжащ Темыркъан япэ дыдэ къыщепсэлъа махуэр. Зауэм и пэ зэмант. ЦIыхухэр жэщхэсу губгъуэм щылажьэрт, мазэм зэ къуажэм къехыжми арат. Шарифэ къехыжыгъуэр къылъысауэ къэкIуэжырт лъэсу. Къуажэм къэсыжыным фIыуэ иIэжу, абы къыщIэрыхьащ Темыркъан, шы цIахуцIэм тесу. Хъыджэбзым къызэрылъэщIыхьэу, шым къепсыхри, ар IумпIэкIэ иIыгъыу, къыбгъурыуващ. Шарифэ пIейтейуэ зиплъыхьащ: алыхьым жимыIэкIэт ар щIалэ гуэрым бгъурыту къалъагъуну.

– Щхьэ ушынэрэ апхуэдизу? – дыхьэшхащ хъыджэбзым и щытыкIэм гу лъызыта Темыркъан. – Сэ хабзэм сытет къудейщ, уэ губгъуэ нэщIым укъизнэу, дауэ къуажэм сызэрыдыхьэжынур? Уэ уцIыхубзщ...

– Шэсыж, Темыркъан, – лъэIуащ Шарифэ. – Зыгуэрым дыкъилъагъумэ, псалъэмакъыр къуажэм дэз хъунщ...

– Я Iуэхуу сыт хэлъ? – идэркъым щIалэм. – Абы къищынэмыщIауэ, сэ куэд щIауэ сигу илът уэ зыпхуэзгъэзэну.

– Сыт щхьэкIэ?

– Сынопсэлъэну.

– ГъэщIэгъуэнщ, – къеплъащ щIалэм Шарифэ. – Сэ укъызэпсэлъэну щхьэусыгъуэ уэстауэ сщIэжыркъым. Си гъащIэм уи Iуэху зесхуакъым, сыпхуэпсэлъакъым. Ущыслъагъу зэзэмызэм фIэкIа дунейм утетуи...

– Сэ зэзэмызэкъым узэрыслъагъур, Шарифэ, – къызэрызэщIэплъэр пщIэуэ, жиIащ Темыркъан. – Махуэ къэс дэнэ къэна, дакъикъэ къэс си нэгу ущIэтщ. Жэщ къудейм си пщIыхьым ухэкIыркъым.

– А жыхуэпIэм бэлыхьу сыптрилъхьащ, – щIалэм и псалъэхэр гушыIэм хуигъэкIуэну мэдыхьэшх хъыджэбзыр.

– Бэлыхьукъым, Шарифэ, насыпущ.

И лъакъуиплIри хатIам хуэдэу, шым и къэувыIэгъуэри, Шарифэ и кIиинри зы хъуащ:

– Уай! Мо блэжьыр, Темыркъан!

Хъыджэбзым зэ лъэгъуэм щIалэм и къуагъ зыкъуидзэри, и бгым зришэкIащ. Зи фэр пыкIауэ зи дзэр зэтеуэ, быдэу и бгым зыкъезышэкIа хъыджэбзым гуапэу еплъурэ, Темыркъан Iущэщащ:

– Уэ мыпхуэдэу сыпIыгъыу мыбдеж дыщыт щхьэкIэ, мо блэр гъуэгум текIынукъым.

Шарифэ и нэкIу сэхуфэ хъуам, укIытэри, лъы къыщIэлъэдэжащ. Хъыджэбзым шы IумпIэр иритри, Темыркъан блэм хуэкIуэу ежьащ.

– УмыкIуэ, тхьэм щхьэкIэ, – гужьеящ Шарифэ. – Къэбгъэгубжьынурэ къыдэбгъэуэнущ. – Темыркъан къэувыIэжри, хъыджэбзым къеплъащ.

– Ари пэжщ, – жиIащ абы. – Мыр блэ бзаджэхэм ящыщщ, къоуэнкIэ тIэу еплъынукъым. ИтIани, мыр гъуэгум тесу...

– Темыркъан! СынолъэIу...

– Хъунщ, Шарифэ, ауэ укъыздэкIуэну псалъэ къызэптмэ...

– Сыт жыпIа? – игъэупIэрэпIащ хъыджэбзым и нэр, щIалэм жиIар къыгурымыIуэщауэ.

– Уяужь сыкъыщIиувари аращ, ар бжесIэну. Пщэдей пщыхьэщхьэ лъыхъу нэзгъэкIуэнущ уи адэм и деж.

– Сэ дэлъху нэхъыжь сиIэщ, ар къыдэзнэу...

– Шыпхъу нэхъыжь къыдумынэмэ, дэлъху нэхъыжьыр Iуэхукъым.

АпщIондэху шыхьауэ щылъа блэм зыкъызэкIуэцIихыжри, гуэдз хьэсэм хэпщхьэжыну пщыуэ щIидзат, ауэ махуэ псом дыгъэ гуащIэм игъэпщтыра гъуэгу сабэр игу пымыкIыу, къигъэзэжри, мыбыхэм я Iуэхумрэ сэ си Iуэхумрэ зыкъым жиIауэ къыщIэкIынщ, здыхэлъам адкIэIуэкIэ зыщишыхьыжащ. И щхьэр зэ къыхигъэжщ, гъунэгъу дыдэу зэбгъэдыхьауэ зэпсалъэ ныбжьыщIитIым къеплъри, укIыта хуэдэ, хуэмурэ ирихьэхыжащ.

– НтIэ, еплъ иджы сэ а блэм есщIэм, – йолъ Темыркъан.

– СынолъэIуатэкъэ...

– Зэ умыпIащIэ. Уэ ауэ щыт... Мы блэр сэ соцIыху... Мыр езыр блэ дахащэщ, – хуэм дыдэурэ бгъэдохьэ Темыркъан блэм, йоIущащэ, йодэхащIэ: – У-у, дэгъуэжь, сыту удахэ-тIэ уэ. Моуэ уи щхьэ цIыкIур къэIэтыт, дэгъуэжь. КъэIэт, тIасэ, уи «с-с-с» макъри гъэувыIэ, сэ узукIыну аракъым, гъуэгум утесхыу Шарифэ блэзгъэкIыну аращ.

Блэр пIейтей хъуащ, ауэ зищтэу щIэпхъуэну дзыхь ищIыркъым. Зэрышыхьар зэм нэхъ ин мэхъу, зэми, зызэхуешэжри, зы мывэ гъуабжэ пIащэшхуэ щылъу фIэкIа пщIэнукъым. Сыт хуэдизу Темыркъан мылъэIуами, блэм и щхьэр къиIэтыркъым: и шэрэзыр псынщIэпсынщIэу къридзу, и нэр щIалэм тримыгъэкIыу щылъщ. Iэбэм лъэIэсыну екIуэлIа нэужь, блэм нэхъри пIейтейуэ щIидзащ: и щхьэр зэрихьэу, лъэныкъуэкIэ щеплъэкI щыIэу, «е сыщIэпхъуэу сежьэжын, е сеуэн» гупсысэм зэрыхэтыр къапщIэу. Темыркъан иIыгъ къамышы уплIэнщIар зэуэ блэм щыхуишийм, шабзэшэм хуэдэу мобы зыкъиупщIащ. ЩIалэр арат зыхуейуэ иджыри къэс блэм къыхуимыщIэри, уафэхъуэпскIыу пхъуэри блэм и пщэр фIиубыдыкIащ, Iэпхъуамбэшхуэр тэмакъым щыхэкъузауэ иIыгъыу. НапIэзыпIэм блэм щIалэм и Iэблэм зришэкIащ.

– Уауау! – кIияща Шарифэ. – Укъызбгъэдэмыхьэ! УкъэмыкIуэ мыбыкIэ! ХыфIэдзэ ар, Темыркъан, къоуэнущ.

– ИщIэнур ищIащ абы, – дыхьэшхащ щIалэр. – Плъагъурэ мыбы си Iэблэр зэрикъуз? Сэ моуэ сощIри, – хикъузащ Iэпхъуамбэшхуэр Темыркъан, – блэр щIопщым хуэдэу мэхъу.

БэуапIэ щимыгъуэтыжым, щIопщым хуэдэу пылэлу къэна блэр игъэкIэрахъуэри, гуэдз хьэсэм хиутIыпщхьащ.

– БукIащ, – жиIащ Шарифэ, и жагъуэ хъуауэ. – Псэ Iутт, тхьэм къигъэщIат. Гуэныхькъэ?

– Умыгузавэ, – пыгуфIыкIащ Темыркъан. – И щхьэр унэза къудейуэ аращ. Ухуеймэ, накIуэ, уэзгъэлъагъунщ.

– Хьэуэ, хьэуэ, – ищIащ и Iэр Шарифэ. ИтIанэ еупщIащ: – Умышынэу дауэ къыпхуэубыда а блэр, Темыркъан?

– Умышынэу жыпIа? – къеплъащ абы щIалэр, – УогушыIэ уэ, Шарифэ. Абы сыщыбгъэдыхьэм апхуэдизкIэ сышынэрти, си лъакъуитIыр зы пIэм схуигъэттэкъым, кIэзызырти.

– НтIэ, тхьэ убгъэдыхьат?

– Уэр щхьэкIэ сэ сымыщIэн щыIэкъым, Шарифэ.

Темыркъан пцIы иупсат. Ар блэм щышынэртэкъым. И адэ дунейм ехыжам иригъэсауэ, фIыуэ щыгъуазэт блэм и хьэл-щэнхэм: илъагъуу зэи зригъэуэнутэкъым, къыубыдыну мурад ищIами, зэпхъуэнури щепхъуэну зэманри ищIэрт. Ар къыдэлажьэхэми ящIэрти, яфIэгъэщIэгъуэну куэдрэ блэ кърагъэубыдырт...

«Щхьэ кIуэщIа и лIыгъэр? – йогупсыс Шарифэ, щхьэнтэм и напэр кIэрикъузэу. – СыткIэ сыдэIэпыкъуфыну, япэрей гъащIэм къыхэсшэжын щхьэкIэ? Слъагъуу, сыпэмылъэщу, хэкIыпIэ сымыгъуэту мэужьых. КъызгуроIуэ гузэвэгъуэу илъэгъуари, дызогъэв бэIутIэIуу телъри, ауэ дэри жэнэтым дисакъым: бииши тлъэгъуащ, ди ныби нэщIащ, нобэми жэмкIэ довэ, лъапэкIэ дотIэ. Къэрал псом я гуауэр уэ зым уи щхьэм щхьэ ирибгъэжэн хуей? Уи закъуэ зауэм щыIар, хьэмэрэ уэ зыра ныкъуэдыкъуэу къэзыгъэзэжар?.. Жэщи махуи лъы гугъу фIэкIа ищIыркъым. Апхуэдэу дауэ упсэун? Зауэ щыхъукIэ, лъыи плъагъунщ, ныкъуэдыкъуи къыхэкIынщ. УкIыгъэ, ныкъуэдыкъуэ щымыIэу текIуэныгъи щыIэкъым. Уи Хэкущ лъы щIэбгъэжар, уи цIыху и хуитыныгъэщ ущIэзэуар. Абы щхьэкIэ уи псэр хэплъхьэми – ууахътыншэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ...

– Шарифэ, – зэхех аргуэру Темыркъан и джэ макъ фызым. – Шарифэ, зо! Псы тIэкIу къысхуэхьыт.

Псы зэрыт крушкIэр зэриIыгъ Iэр кIэзызырти, IитIымкIи иIыгъыу Шарифэ щIыхьащ и лIыр зыщIэлъ пэшым. Темыркъан къызэфIэтIысхьауэ пIэкум ист, шхыIэныр и бгым кърииуфэкIауэ. Ар сакъыпэурэ къэIэбэри, Шарифэ IитIкIэ иIыгъ крушкIэр IэщIихащ, и щхьэгъусэм и нэр къытримыхыу Iубыгъуищ-плIы ищIащ, къуртIышхуэ жригъэIэу. Бзылъхугъэм и гур къызэрыгъуэтыжащ, и гукъыдэжым нэхъ зыкъиIэтыжащ. Темыркъан щыузыншэм апхуэдэут псы зэрефэр – къуртIышхуэ жригъэIэу, и жьэм хуэфIу псыр жьэдишэу.

– Уи жагъуэ умыщI тIэкIу гу махэ сыкъэхъуами, – жиIащ Темыркъан, шхыIэн щIагъым щIэпщхьэжурэ. – Схузэгъэзахуэркъым а илъэсиплI блэкIам слъэгъуар. Уи фIэщ хъумэ, сэ зэи сыщышынакъым ажалым. Биишэм зыщыхуэзгъэщхъа щыIащ, пцIы щхьэ упсын хуей. Ауэ абы сиукIынущ жысIэу аратэкъым. Мис иджыпсту сызэрыщытым хуэдэу ныкъуэдыкъуэ сыхъум жысIэрти, сыщышынэрт. Тхьэм сызэрелъэIур зыт: ныкъуэдыкъуэу сыкъэнэну щытмэ, си псэр зэуэ хихыну.

– Узахуэкъым, Къан, – теIэбащ фызыр лIым и натIэм. – Зауэ щыхъукIэ, ныкъуэдыкъуи щымыIэу хъуркъым. ХэкIуэдахэр нэхъ тхьэмыщкIэжкъэ? Мес, Бэхьид, Суф, Къазий сыми я щIылъэныкъуэр халъхьэри къэкIуэжащ. Ауэ абы щхьэкIэ ажалым еджэу тIысыжакъым, гъащIэм и курыкупсэм хыхьэжащ.

– Уэри сыбогъэкъуаншэ, – Темыркъан и напIэр къехуэхащ. – ЛIыгъэшхуэ зыхэлъ цIыху куэд щыIэщ. Сэ зи гугъу сщIыр зауэ IэнатIэм щызэрихьэ, щигъэлъагъуэ лIыгъэракъым. Уи бий къыппэщIэувар уэ япэ умыукIмэ, езым уэ узэриукIынур щыпщIэкIэ, дауикI, япэм узыпэмылъэщыну щыта Iуэхугъуэ гуэрхэр уолэжьыф, лIыгъэщ хужыпIэну. Ауэ аракъым лIыгъэ жыхуаIэр. Уэ уощIэ мыпхуэдэ адыгэ псалъэжьыр: «Зауэм и кIэр хьэдагъэщ». НтIэ, мис а зауэм щытекIуэу, къигъэзэжа нэужь а хьэдагъэр и къуажэгъухэм, хэкуэгъухэм ядигъэпсынщIэфмэ,

мис аращ лIыгъэ зыхэлъкIэ узэджэн хуейр. Аращ сэ абы сызэреплъыр, апхуэдэ лIыгъэ сэ езым схэмылъ щхьэкIэ. Сэ, Шарифэ, нэкIэ плъагъу къудейракъым мы зауэм хэслъхьар. Си тхьэмщIыгъум шэ хэлъщ, жьэжьей лъэныкъуэр... КIэщIу жыпIэмэ, си ныкъуэращ тIуми къытхуэнар. АбыкIэ псэуа дыхъун?..

Тхьэмахуэ дэкIри, Темыркъан дунейм ехыжащ. Шарифэ ундэрэщхъуауэ, жаIэм щыщ къыгурыIуэ щIагъуэ щымыIэу махуэ плIыщI сэдэкъэр зэфIэкIыху унэм щIэсри, хуэм-хуэмурэ гъащIэм и гупэр хуигъэзэжу щIидзащ: пщафIэу, жьыщIэу, щIымахуэм игъэсын пхъэ зэригъэпэщу, гъунэгъухэм я дежкIэ щекIуэкI щыIэу. «Зыр лIэмэ, адрейм зилIэжрэ?» – жиIащ пасэрейм. Къэнари псэун хуейщ. Апхуэдэ куэд уегъэшэч гъащIэм. Сызижагъуэм и ужь ар IейкIэ иухьэ. Абы и нэфI къыпщыхуауэ щытыхущ насыпыр. И щIыб къыпхуигъэзакъэ – фIым ущымыгугъ. Уи дунейр дэгъэзеигъуэу уигъэхьынущ. Еплъ Шарифэ. Сыт хуэдиз абы гъащIэм IэщIихар: и адэр, и дэлъхур, анэр, мис иджы и щхьэгъусэр. Урикъункъэ ар удыну, уи гъащIэкIэ уи Iупэ гуфIэ темылъэтыну?.. «ЦIыхур – цIыху щIыжщ», – щIыжаIэр иджы Шарифэ къыгурыIуащ. И шыпхъуитIым, махуищ фIэкIа щымыIэу, я унагъуэ ягъэзэжащ. Абы щхьэкIэ Шарифэ и жагъуэ ищIакъым, ахэри унагъуэ исщ, сабий бынунэхэщ. Ахэр хэт зэрихьэн, хэти кIэлъыплъын. Езым алыхьым бын къримыпэса щхьэкIэ, и анэ къилъхуаитIым бын тхурытху яIэщ. Абы гуапэу игу къинэжар и гъунэгъухэращ: къайхьэлъэкIыу гурыщхъуэ зыхурамыгъэщIу, махуэ плIыщIкIэ жьэрымэ къыдагъэуащ, ар кърахьэкIащ. Езым ишхынри хуагъэхьэзыращ. Бзылъхугъэм и псэм а псори нэхъ гуапэжу щIызыхищIэм зы щхьэусыгъуэ хэлът. «Апхуэдиз бэлыхьыр ятелъами, бэIутIэIур ялъэгъуами, цIыхухэм я гур щIыIэ хъуакъым, – жиIэрт абы, и гъунэгъухэм яхэлъ цIыхугъэм игъэгумащIэу. – Зауэм и кIэр хьэдагъэми, апхуэдэу цIыхухэр зэрыIыгъмэ, нэхъ шэчыгъуафIэ мэхъу».

Илъэс плIыщIым щIигъу дэкIащ абы лъандэрэ. Шарифи пенсэм кIуащ... тумэнищрэ сомихрэ кърату. Абы къуэлIыкIкъым. ИIэщ жэми, мэлищ-плIыи. И хадэри къыдоIэпыкъу. ХадэхэкI, пхъэщхьэмыщхьэ щыщIэркъым. Тхьэм и шыкуркIэ, езыри сымаджэрилэкъым, и унагъуэ Iуэху хуощIэж.

Зы махуэ гуэрым Шарифэ тыкуэнымкIэ къыблэкIыжырти, щхьэнтэтелъ яIэмэ, къэсщэхунт, жиIэри, щIыхьащ. ЗдыщIыхьам очрэшхуэ щытт, цIыхубз вакъэ хуабэ къашати. Шарифи пыуващ очрэм. ИIэжтэкъым вакъэ хуабэ, нэгъабэ шырыкъущIэм зэщIигъэпщIэжа и вакъитIыр зэщIэхужат. Хъарзынэу ахъши иIыгъщ, очрэри ин дыдэжкъым, цIыхубз фIэкIаи хэткъым.

Дакъикъэ пщыкIутху хуэдэ щытауэ, тыкуэнтетыр къэкIиящ:

– АлейкIэ фыщымыт, вакъих фIэкIа къэнэжакъым!

Шарифэ япэ итхэр ибжри, езыр еханэт. «Тэмэму къыслъысынущ», – жиIэри и гур игъэфIа къудейуэ, лIитI къыщIыхьащ, зэпсалъэурэ очрэм блэкIри, тыкуэнтетым бгъэдыхьащ.

– Сыт пщэр, Хъаджэт? – щIэупщIащ зыр.

– Вакъэ хуабэ, Венгрием кърашауэ, – къитащ жэуап бзылъхугъэм.

– Iэу, уэлэхьэ, унэм щIэсым димыгъэпсэут. 38-уэ зы къызэтыт, –

и бохъшэр кърихыну и гуфIакIэм дэIэбащ нэхъ лIышхуэр.

– Уэлэхьэ, сэри зы къэсщэхунум, – жиIащ адрейми. – Къызэтыт 39-уэ зы.

Очрэм хэтхэр зэщIэхъеящ. Пэжщ, ину зыри псэлъэфакъым, лIитIым япэщIэувэфакъым, ауэ зэрымыарэзыр наIуэу гъумэтIымэхэрт.

– Очрэм фыкъыпыувэ, – захуигъэзащ лIыхэм Шарифэ. – ЕмыкIущ ар, Елмырзэ, мы цIыхубзхэр махуэ псом зэфIэту щытащ, фэ фыкъыщIыхьауэ...

– Уэри, Шарифэ, – къеплъащ абы Елмырзэр, – дэ дыздэщыIам ущыIамэ, псэзэпылъхьэпIэм уIутамэ, очрэншэу къыуатынт. Дэ лъыкIэ къэдлэжьа си гугъэщ очрэм дыхэмытыну.

Шарифэ хуэмурэ очрэм къыхэкIри, лIитIым ябгъэдыхьащ.

– ЦIыхуищ щIэтми аращ мы тыкуэным а уэ жыхуэпIэр къимылэжьауэ, – жиIащ Шарифэ.

– Дауэ хъунт! – игъэщIэгъуащ Елмырзэ. – Фэ къэвлэжьауи? ПIэ хуабэм фыгъуэлъыжу, хуиту зывукъуэдийуэ фызэрыжеям щхьэкIи? ЖумыIэн жумыIэ, Шарифэ.

– Уи насыпым, Елмырзэ, – хикъузащ Шарифэ, – сефыгъуэркъым, сехъуапсэ мыхъу. Уэ уи насыпыр текIуэри, упсэууэ, лажьэ уимыIэу къэбгъэзэжащ, уи унагъуэ уакъыхыхьэжащ. Уи быным уи нэIэ ятету упIащ, ебгъэджащ. Псори унагъуэу бгъэтIысыжащ. Тхьэм узыншагъэр къарит. НэхъыщIэ дыдэр къыббгъэдэсщи, тхьэм и шыкуркIэ, фи унэр зэтетщ, фи маршынэр щIэщ, къакъэ-пщIыпщIу уи къуэрылъхупхъурылъхухэм уахэсщ. Сэ иджыри къэс сыщIэсщ си адэ зауэм хэкIуэдам къысхуигъэна бгъэнышхьэ унэм. Мо зилI къэзымыгъэзэжа Фузэ и унэ блыным пкъо къыщIэгъэкъуауэ илъэс дапщэ хъуауэ щыт, гуэмыхун щхьэкIэ? Мо ШэIидун зыщыгугъ жэмыжьыр къытехуэу хьэрэм щыхъуам, хэт къыдэIэпыкъуа, хэт и Iэр къыхуишия, зы сом IэщIэлъу? Мес, еплъ абыхэм ялъыгъым. Къамылэжьауэ пIэрэ ялIхэм уэ къэблэжьам хуэдэ? Хьэмэрэ я псэ ятам зы пщIэ гуэр имыIэу ара, щIатари уэ узыхуэзэуа Хэкур армырауэ пIэрэ?

– КхъыIэ, Шарифэ, щыгъэтыж, – жиIащ лIы нэхъ лъахъшэм, тутын щIэмыгъэнар иIуэтурэ. – Тхьэ соIуэ, мыр нэгъуэщIым къыхэдмыха, сэлсэветым къыщIалъхьауэ спискэ щIэлъщ, зауэм хэтахэм...

– Сыт а сэлсэветым уэ а спискэм уритхэу мо ШэIидун илI Хьэмырзэ къыщIигъэнар? Е мо Хъамсинэ илI Мэжид, хьэмэрэ мо Фузэ и Мухьэрбий? Дэтхэнэм ухуей, ахэр куэд мэхъу. Мы къуажэм дэкIахэм ящыщу щитIым щIигъум къагъэзэжакъым. Мис а уэ пIыгъ вакъэр очрэншэу къыуатын щхьэкIэ, Кушыку, абыхэм я псэр ятащ. Сэ си адэмрэ си дэлъхумрэ си щхьэгъусэри ятеслъхьащ. Догуэ, а спискэр зыщIами, унафэр къыдэзыгъэкIами дилIхэр, ди дэлъхухэр ящыгъупщами, фэ, апхуэдизылъ, апхуэдиз гузэвэгъуэ, мафIэ лыгъей ахэр зыхисхьар зылъэгъуа фэ, сыту мы фи гур хугум хуэмыкIуарэ, сытым фи Iэр фигъэшийрэ а вакъэр къеIыфхыну, мо лъапцIэ-пцIанэ къомыр щыту? ДауикI, абыхэм ялIхэр ящхьэщытыжам, очрэм хэтынтэкъым.

«Пыф-сыф» макъ къэIуащ. Очрэм хэтхэм я нэхъыбэм я нэпсыр Iэлъэщ1 кIапэкIэ щIалъэщIыкI. Языныкъуэхэм Шарифэ ягъэкъуаншэ, «къыщIигъэлъэIуащ, хэкIуэдар – хэкIуэдащ, псэууэ къэнар псэун

хуейщ, сыт я лажьэ лIитIым», жаIэри.

– Уи гур щIыIэ хуэхъуащ гъащIэм, Шарифэ, – къыхущIоплъ бзылъхугъэм Кушыку. – Дыбогъэкъуаншэ ууейхэр хэкIуадэу дэ псэууэ дыкъызэрынам щхьэкIэ. Фочым къикIа шэм хэплъыхь ищIыркъым, мор Натрыбти, мыр Кушыкути жиIэу иукIынур къилъыхъуэркъым. Фочышэм псори и зэхуэдэщ, ауэ насыпыр...

– СощIэ, Кушыку, – хьэлъэу щэтащ Шарифэ. – Сэ фэ зыкIи физгъэкъуаншэркъым. Сэ слъэкIамэ, фи фIэщ фщIы, дыщэм къыхэщIыкIауэ фи фэеплъыр мо клубым деж згъэувынтэм, фыпсэу щIыкIэ фи нэкIэ флъагъужыну, зефхьа лIыгъэмрэ фшэча хьэзабымрэ къытщIэхъуэ ныбжьыщIэхэм зэи ящымыгъупщэн щхьэкIэ. Ар фэ къэвлэжьащ лъыкIэ, псэкIэ. Ауэ зы ягъэ кIынтэкъым а фэ фызэрыт спискэм дэ ди унэцIэхэри кIэщIатхами. Зауэм къыфтридза дыркъуэм сыт хуэдиз и мыхьэлъагъми, ажалыр сыт хуэдиз махуэкIэ къыфщхьэщымытами, фэ фIуэтэжащ. Уэ, Елмырзэ, си дэлъху Натрыб ныбжьэгъуфI дыдэу уиIащ, зауэм фыкIуэху зы щIакхъуэ Iыхьэр тIу ифщIыкIыу щытащ, зы махуэ фызэрымылъагъуу дэкIамэ, илъэс къыфщыхъуу зыр зым къэфлъыхъуэрт. Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, си щхьэгъусэр дунейм ехыжа нэужь дыуэщIым зэ унидыхьащ армыхъуа, «ярэби, мы си ныбжьэгъум и шыпхъур, мыпхуэдиз ерыскъы IэфIыр щысшха унэм зи закъуэу къыщIэнар, дауэ псэууэ пIэрэ?» жыпIэу зэ унывщIыхьа, хьэмэрэ ублэкIыу укъэувыIа? Абы щыпшха ерыскъыр уэсхъуэныжу аракъым, ауэ цIыхум гу щIыIэкIэ уещын и пэкIэ, а щIыIэр къыщежьэм егупсысын хуейщ.



И нэпсыр хуэфIу и нэм къыщIэуввауэ, Шарифэ тыкуэным къыщIэкIыжащ. Елмырзи Кушыкуи къыкIэлъыджами, физищплIы къыкIэлъыщIэкIыу къелъэIуами, яхуигъэзакъым. Клубым къыщыблэкIыжым, пщIантIэм дэт Пхъэбгъум екIуалIэри, еплъащ. «Зауэм хэта ди къуажэгъухэр» жиIэу зытетха тхылъымпIэм и лъабжьэм къыщIэтт цIыху тIощIрэ тIум я сурэт. Мы къуажэ цIыкIум дэкIыу зауэм кIуа цIыху щитIрэ пщIейрэ щым щыщу тIощIрэ тIурат къэзыгъэзэжар. НтIэ, щхьэ бгъэув мыхъурэ а Пхъэбгъум и бгъум деж нэгъуэщI зы, «Зауэм хэкIуэда ди къуажэгъухэр» жиIэу тету? Нобэ дызэрыгушхуэ щхьэхуитыныгъэм, гъащIэ дахэм, берычэтым абыхэм я фIыщIэ хэлъкъэ?

А псори Шарифэ хузэгъэзахуэркъым. Зэригъэзэхуэнуи сыт и Iуэхуу хэлъ бзылъхугъэ тхьэмыщкIэм? Мес, жыг лъабжьэ гуэрым и деж фэеплъ сын закъуэ щагъэуващ, бетоным къыхэщIыкIауэ, «Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи гъащIэр зытахэм – мыкIуэдыжын щIыхь!» – жиIэу тету. Хэт сымэ, хэтхэ ей? Адрей къуажэхэм зэращIам хуэдэу, я унэцIэхэр, цIэхэр, адэцIэхэр щхьэ трамытхарэ, зи адэшхуэ, зи Iыхьлы хэкIуэда школакIуэ цIыкIур щыблэкIкIэ и щхьэр иIэтын, уэрам хъыбар мыхъуу, и адэшхуэм и псэр Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щхьэкIэ зэритар мывэм къыхэудауэ илъагъун щхьэкIэ?

«Хуейт, – йогупсыс Шарифэ, здэкIуэжым, – Iэмал имыIэу хуейт. Ауэ, мохэр Хэкум щхьэкIэ я псэм щымысхьами, псэухэр кIэпIейкIэм щосхь, зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр мыкIуэдыжу къэнэным хуэгущIыIэщи. ИлъэсипщI дэкIмэ къалъхуну щIэблэм сыткIэ ищIэну къызытехьа дуней дахэр апхуэдэу щытын щхьэкIэ хэт и псэр ита-

ми?.. – Ари хузэгъэзахуэркъым Шарифэ. – Сыти жыIи, гу щIыIэщ цIыхухъухэр. Зауэрауэ пIэрэ ахэр апхуэдэу зыщIар? Е... мылъкум хуэнэпсеиныра?...»

Шарифэ уэсым щIихъума пхъэ ентIырыр къелъыхъуэжри, Iэхэм епщэу къыхелъэф, пхъэ къутапIэм трелъафэри, куэд щIауэ мывэ зымылъэгъуа уэщыжьыр къещтэ, пхъэ щтар икъутэну.

# КЪУЭРЫЛЪХУ

– Уи Iэр къэшийт, си псэ тIэкIур къурмэн зыхуэсщIын, – лъэIуащ автобусым къыIухьа фызыжьыр.

Сэ псынщIэу сыкъехри, фызыжьым сыдэIэпыкъуащ, автобусым дихьа нэужь згъэтIысри, билет хупхызудащ.

– Упсэу, – жиIащ абы, ину бауэу. – Тыкуэным сыкъэкIуати, мис, дэIэпыкъуэгъуншэу автобусми ситIысхьэжыфыркъым. Ар фIыуэ щытам, псоми жьы дыхъуащэрэт, жаIэнт.

– Къуэрылъху, пхъурылъху уиIэкъэ, нанэ, щхьэ абыхэм ящыщ гуэр тыкуэным къыумыгъэкIуарэ? – сеупщIащ сэ, фызыжьым сыбгъурытIысхьэурэ.

ХэпщIыкIыу нанэр нэщхъей къэхъури, щхьэгъубжэмкIэ зригъэзэкIащ. Зы къэувыIэгъуэ, къэувыIэгъуитI дыкIуа нэужь, сыдэIэпыкъуауэ къызэрызэмыпсэлъэжыр емыкIу щыхъуа, хуэмурэ зыкъигъэзэжри, семыупщIыхха хуэдэ, жиIащ:

– Хуабэщ нобэ. ХуабэIуэщ. ДакъикъипщI сызэрыщытам сыжэбзащ. Къешхыну къыщIэкIынщ.

– Пшэ темылъу дауэ къешхын? – згъэщIэгъуащ фызыжьым жиIэр, сэри си натIэм къытрикIута пщIэнтIэпсыр бэлътокукIэ еслъэщIэкIыурэ. – Куэди къешхар. Дунейм зиузэщIыжа хуэдэщ.

– Нышэдибэ дыгъэр къызэрыщIэкIыу, пшэм къуилъэфэжауэ щытащ. Шэджагъуэнэужьым Iэмал имыIэу къешхынущ.

– Ар дунейм и нэщэнэхэм ящыщу ара?

– Арат жаIэр ипэкIэ. ХьэщIапIэ жыжьэ кIуэну шыгу зэщIэзыщIахэм щIатIыкIыжырт, вакIуэ дэкIыну зызэзыгъэпэщахэр а махуэм я унэ къинэжырт, Iэхъуэм былымыр жыжьэ ихуртэкъым, загъэпскIыну псым кIуа щIалэ цIыкIухэр, пшэ Iэрамэ ялъэгъуамэ, къызэрыхьыжырт.

– ГъэщIэгъуэнщ, – сеплъащ сэ къызбгъэдэс фызыжь дахэм. – Япэ дыдэу зэхэсхыу аращ. Пэжщ, сыщыцIыкIум зэхэсхырейуэ щытащ: «Пщэдджыжь пшэплъыр – тхьэмахуэ уаещ», – жаIэу.

– Махуибл и уаещ, жыIэ. Аращ тэмэмыр, – пыгуфIыкIащ нанэр.

– Тхьэмахуэри махуиблщ зэрыхъур, – сыхуэгуфIэжащ сэри.

– ИтIани, зэрыжаIэу щытам хуэдэу жыIэжын хуейщ. Ар щыжаIэр щIымахуэрат. Пщыхьэщхьэ пшэплъыр...

– Махуибл и уэфIщ, – къыIэщIэсхащ сэ фызыжьым и псалъэр.

– Упсэу, тэмэмщ... НтIэ, си псэ тIэкIур къурмэн пхухъу, сэ сыкъэсыжащ, къомыхьэлъэкIынумэ, мы си сумкэ тIэкIур нысхуэшииж.

– Сэри сынокI, нанэ, – сыкъэтэджыжащ сэри. Си икIыгъуэри абдежт, сыздэкIуэ си къуэшыр а хьэблэрат щыпсэур.

Фызыжьым сэрэ автобусым дыкъикIа нэужь, и Iэблэр субыдри, есшэжьэну секъуащ:

– НакIуэ, гъуэгум узэпрысшыжынщ. Фи унэр мора, хьэмэрэ нэхъ жыжьэ?

– Хьэуэ, – къехуэхащ нанэ дахэшхуэм и напIэр, – сэ гъуэгум сызэпрыкIынукъым. Уи гъащIэр кIыхь ухъу, сэ си унэ сыкъэсыжащ, – жиIэри, и Iэр жьы хъуахэр щапIыж унэмкIэ ищIащ. Сумкэр сIихыжыну къыщыIэбэм, си пащхьэ къитым си нэр къытезмыгъэкIыу, си щIыбагъымкIэ есхьэкIащ.

– Уэ мыбы ущыIэуи? – сеупщIащ абы, зэхэсхыр телъыджэ сщыхъуауэ.

– ЛIо, уи фIэщ хъуркъэ? НакIуэ, си пэшыр уэзгъэлъагъунщ.

– ФIэщ хъугъуейщ... Адыгэ фызыжь...

– Адыгэми къущхьэми аракъэ ар... къыщыпхуэмеижкIэ, – нанэм и нэм нэпс къудамэ къыщIэцIуукIащ. – КIуэ, тIасэ, уэри Iуэху уиIэу къыщIэкIынщ. Плъагъуркъэ дыгъэри зэрыдзакъэр. Уэлбанэ нэщэнэщ.

Фызыжьыр пщIантIэм дэсшэжащ. Унэм дынэмысыж щIыкIэ ар къэувыIэри, лъэныкъуэкIэ щыт хъуэш жыгышхуэм и лъабжьэм щIэт тетIысхьэпIэмкIэ Iэ ищIурэ, жиIащ:

– Iей дыдэу ущымыпIащIэкIэ, мо жьауэм тIэкIу дыщIэгъэс. Уи гъащIэр кIыхь ухъу, къуажэр сигу къэбгъэкIыжащ. – ДытIыса нэужь, и псалъэм пищащ: – Сэ уэ зыщIыпIэ ущыслъэгъуащ, ауэ, жьы ухъуам Iуэхушхуэкъэ, ущыслъэгъуар къысхуэгубзыгъыжыркъым. Пыжьыкъуэ ущыщ?

– Хьэуэ, Тэрчыкъуэ сыщыщщ.

– А тIур, тхьэ, фIы дыдэу зэпэжыжьэмэ, – и напщIэр хэлъэтащ нанэм. И щхьэр яхуищIурэ, блэкIхэм сэлам ярех, и псэлъэн зэпимыгъэууэ: – Къуажэращ гъащIэ здэщыIэр. ЦIыхухэри абы щынэхъ щабэщ, щынэхъ гуапэщ, псыми а хущхъуэмэжьыр къыхихыркъым, хьэуари, мыбы хуэдэу, бензинымэкIэ гъэнщIакъым.

– Къуажэм укъикIыу мыбы... Догуэ, къуэ, пхъу е щхьэгъусэ...

– А гуныкъуэгъуэм ухэмыIэбэ, зи гуэныхьыр къэсщтэн, – нэщхьей дыдэ къэхъуащ фызыжьыр. – КIыхьщ сэ си Iуэхур, зы сыхьэтым къыпхуигъэтIэсэнукъым, зы махуэкIэ пхуэухынукъым, зэрыжаIэщи, Iэлъыным хуэдэщ – щIэдзапIи, ухыпIи имыIэу... Уи бынхэм къэзыша, яша яхэт? – къызэупщIащ ар, и напIэр къиIэтри.

– Хьэуэ.

– УхуэмыпIащIэ, – щэтащ нанэр. – Хыумыгъэзыхь дэкIуэнуи къашэнуи. Бынир ууейщ, къишэху, яшэху. Абы и ужькIэ... Хьэуэ, сэ тхьэ схуэIуэнукъым бын псори зыуэ, хьэмэрэ абыхэм псоми адэ-анэр зэралъагъур зэхуэдэу. Сабийхэм сазэрыхэта илъэс тIощIрэ пщыкIутхум ар си фIэщ ящIащ. «Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэри пщIэркъым», – жиIащ пасэрейм. Си Iуэхур къызэрекIуэкIар кIэщIу бжесIэнщи, уи щхьэр згъэузынщ...

Къуажэм япэ егъэджакIуэу дыхьэжахэм сахэтащ сэ. Куэди дыхъурэт абы щыгъуэ, цIыхуитI къудейт ди къуажэшхуэм щыщу еджэну къыхэкIар, Цунэ Хьэжумар сэрэ. ВластыщIэр зигу иримыхь Iэджи къыттепсэлъыхьаи, пщыхьэщхьэм къыспэувурэ сагъэшынэну Iэджэрэ

хэтаи, къамэ къысхурахаи, кIэрахъуэ сщхьэщагъэукIаи. Сыт щыIэ дэдамыгъэлъэгъуа?! Илъэс закъуэ фIэкIа мылэжьауэ, Хьэжумар бзэхащ. Нобэми ныжэбэми мы дунейм къытехьакъым и хъыбар, е псэууэ, е лIауэ. Фызкъэмышэ щIалэшхуэр жэщым я унэ щIэкIуэдыкIащ. ГурыIуэгъуэт ар зи Iэужьри. ВластыщIэм и бийхэрат. Ауэ, умылъэгъуам, зылъэгъуаи щымыIэмэ, хэт бгъэкъуэншэнт, хэти къэбубыду щIэбдзэнт? ЩIыр зэгуэхури, я кум дэхуащ Хьэжумар. Мы гъэм илъэс хыщIрэ тхурэ мэхъу абы лъандэрэ. А псор щIыжысIэращи, тынштэкъым ди япэ лъэбакъуэхэр. Пасэу унагъуэ сихьащ. Къуажэ парт ячейкэм и секретарым Iуэху сыкъищIри, ди дежхэр игъэпсэуакъым сратыху. Пасэу унагъуэ сихьа щхьэкIэ, куэдрэ бын диIакъым. ПщIэрэ, срагъэкIыжыным сынэсауэ щытащ си гуащэмрэ си пщыпхъумрэ. И хьэдрыхэ фIы тхьэм ищI, си тхьэмадэм нэмыщIам, а унагъуэр сыбгынэнуи къыщIэкIынт, ауэ мо лIы пхъашэм унэм щIэс бзылъхугъитIым я псалъэмакъыр къызэрищIэу, тIури игъэтIысри, сэ зэхэсхыу яжриIащ: «Мы нысащIэм теухуауэ фи жьэм зы псалъэ къыжьэдэкIауэ зэхэсхмэ, фи фIэщ фщIы, мо куэбжэр зэIусхынщи фыдэсхункIэ. Абы и ужькIэ къэвгъази фыкъыдыхьэжи феплъ!» Абы жиIар – унафэт, жиIами къытригъэзэжынутэкъым. Иджы солъагъу тхьэмадэ куэд, гуащэмрэ нысэмрэ къуахсыхкIэ зэзауэми, зы псалъэ жамыIэу къыкъуэплъу къуэгъэнапIэм къуэту. «ТекIуэр си хьэщ», – жыхуаIэм хуэдэщ.



Ауэрэ, илъэсибл дэкIауэ, щIалэ цIыкIу дгъуэтащ. ИлъэситI дэкIри – аргуэру зы щIалэ. Ещанэу – хъыджэбз. Лэжьыгъэмрэ сабийхэмрэ сакIэрыщIаурэ, зэманыр зэрыкIуэр сщIакъым, зауэ мыгъуэжьыр къэхъеиху. А хъыбарыр къыщыIуа махуэр дунейкъутэжт. Къэхъуа насыпыншагъэм и инагъымрэ хьэлъагъымрэ къызыгурымыIуэхэм къафIэIуэхутэкъым: «Ари фин зауэм хуэдэщ, – жаIэрт, – зы мазэм ди Краснэ Армэм нэмыцэхэр зэхикъутэнщи, зауэри яухынщ».

Япэ дыдэ дэкIахэм ящыщащ си лIыр. СщIэрт, хуеямэ, къызэрынэфынур, сыщыгъуазэт къуажэ унафэщIхэм, IэщIагъэлIхэм а зэманым зэремыIусэм, ауэ, пщэдей хуэдэм дэкIыну, жэщым сигъэтIысу езыр лъэIуауэ зэрыкIуэр къыщызжиIэм, сэ сыт сщIэжынт? Ар къуажэм дэс коммунистхэм я унафэщIт, абыхэм япэ итын хуейт, езым яригъэлъагъу щапхъэм куэд елъытат. Унагъуэм щIэсхэм я дежкIэ сыт хуэдэу мыхьэлъэми, здэкIуэр зэрымыцIыкIу джэгур, псэзэпылъхьэпIэу зэрыщытыр сщIэ пэтми, жесIащ: «УзэрысцIыхурэ, уи гум илъымрэ уи псалъэмрэ зэтехуэу щытащ. Ар уигу щиплъхьакIэ, уэ абы утекIынукъым. Щхьэ уи гур щызгъэIеин хуей уэ мурад пщIам? Гъуэгу махуэ! Тхьэм укъихъумэ!»

Къихъумакъым. Зауэми нэсакъым. Зэрашэ мафIэгум нэмыцэ кхъухьлъатэхэр къащхьэщыхьэри... Киев нэмыс щIыкIэ хэкIуэдащ. Къуажэм япэ дыдэ ныдахьа щхьэкIуэ тхылъыр си бжэм неуIуащ. Тобэ, дауэ псэууэ сыкъела сэ абы? Сыт къару абы симыхьу сыкъезыгъэлар? «Сабийхэм яхуэсакъ», – жиIэгъат щежьэм. Куэдрэ зэрыщIэхъуэпсарауэ къыщIэкIынт, нэхъуеиншэу фIыуэ илъагъурт и быныр. «Астемыр инженеру езгъэджэнущ, – жиIэрейт и къуэ нэхъыжьым щхьэкIэ. – Алихъан жыр пыудахуэщи, ар дзэм хэзгъэхьэнущ. Хужьпагуэ хъыджэбз цIыкIущ, ар егъэджакIуэу ирыреджэ. ЦIыхубз IэщIагъэщ».

Жэщыбг фIэкIыху, и бынхэм я гугъу ищIу хэлъынут. «Ди адэ-анэхэр щIэпсэур дэращ, гугъу зыщIрагъэхьар нобэ хуэдэ зы махуэщ, балигъ дыхъуу, я гугъуехьым зы лъэныкъуэкIэ зыкъыпэщIэдгъэкъуэну, жьы хъухэмэ, тпIыжыну къытщыгугъыу. Дэри мыхэращ дыщIэпсэур», – жиIэрейт тхьэмыщкIэм. Нэху щыху жеятэкъым, Астемыр япэ классым щыкIуа пщэдджыжьым и жэщым. Къэтэджыжурэ и щыгъынхэм еплъырт, и тхылъылъэм дэплъэрт, ручкэ, къэрэндащ дэлъхэр аргуэру щIипщытыкIырт. «Мы уи анэм жиIэм уемыдаIуэу, – еущиерт ар Астемыр, школым щыкIуэну пщэдджыжьым, – еджэ. Ар егъэджакIуэ щхьэкIэ, уи анэщ, игу къыпщIэгъункIэ мэхъу. Еджэным тынш хэлъкъым, ауэ абы ущыгуфIыкIыжынущ. ДяпэкIэ, Астемыр, хэт емыджэми, гъащIэм и гупкIэм «барф» жиIэу къыпыхунущ. Фэ щыр феджауэ слъэгъуатэмэ...»

Илъэгъуакъым тхьэмыщкIэм. Абы гуращэу иIар игъэзэщIэн хуейуэ зи пщэ дэхуэр сэрати, си бгыр щIэскъузэри, езгъэджащ. Сэри щIалэ дыдэу сыкъэнат, си ныбжь фызабэ куэд зауэ нэужьым унагъуэ ихьэжат. Сэри къызэпсалъэ щыIэт, бынищыр къыздапIыну арэзы куэди зыпызгъэкIат. Зы дакъикъэ си тхьэкIумэм имыкIыу сщIыгъу, «сабийхэм яхуэсакъ», – псалъитI си лIым иужь дыдэу къызжиIахэр зыщызгъэгъупщэу, нэгъуэщIым дауэ сыдэкIуэжынт? И быным щхьэкIэ мурад дахэу абы иIар дауэ нэгъуэщIылI и пщэ дэслъхьэнт? Пэжщ, уэ къыпфIэщIынкIэ хъунщ а дэкIуэжа фызабэхэр згъэкъуаншэу. Хьэуэ, тхьэм жимыIэкIэ а тхьэмыщкIэхэм апхуэдэ сигу къахуэкIыну. КъахуэкIакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, псэзэпылъхьэпIэу бзаджэт зэманыр, шынагъуэт. ЩIэшынагъуэрат: ныкъуэдыкъуэми жьыкIэфэкIэми, цIыхухъу зи пщIантIэ дэсхэм быныр мэжэщIалIагъэм ерагъкIэ къахуегъэлу арат. АтIэ бынитI-щы зиIэ фызхэм сытыт ящIэфынур? Гъавэ IэмыщIэ къыпкIэрахамэ, къоупщIи къопсалъи щымыIэу, лъэхъуэщыр уи хьэзырт. Зи лIым лъыр игъажэу зауэм Iут цIыхубз дапщэ кIуэда абы щыгъуэ, и быныр мэжэщIалIэу имыгъэлIэну, и гуфIакIэм къыдикIута гуэдз IэбжьыбитIым щхьэкIэ? Уегупсысыжмэ, сыту леишхуэт ар, сыту напэншагъэт а зэманым зэрахьар. ЛIым и гъащIэр Хэкум щхьэкIэ итауэ, е лъыр къыпыжу зауэ лыгъейм хэту, мыдэкIэ и быным щхьэщытыну къигъэна и фызым и бостейр зэфIатхърэ гуэдз Iэбжьыбыр къыдагъэлъэлъыжу. Ирисондэджэрыну аратэкъым ар абы къыщIидыгъур, хьэмэрэ имыщIэу артэкъым дэтхэнэ зы гъавэ килограммри зауэ мафIэм хэт къэралым дежкIэ дыщэм нэхърэ зэрынэхъ лъапIэр. ИтIани, хэт и бын еплъу шхын щхьэкIэ зыгъэлIэфынур? Лъэхъуэщкъым, зы полк хъумакIуэу бгъэувами, къищтэнущ, быным и ныбэ гузэвэгъуэ зримыгъэлъагъун щхьэкIэ...

ТIэкIу япэ силъэдащ. НтIэ, нетIэ зэрыбжесIащи, къуажэм япэ дыдэ ныдахьа щхьэкIуэ тхылъыр си дежщ зрахьэлIар. Щхьэгъусэм и илъэс сэдэкъэр дымыщIауэ, плIыщIрэ тIу гъэм и сентябрь мазэм, тхьэмадэр псынщIэу пщIантIэм ныдыхьэжри, джэдэщым деж дыщыт зэнысэзэгуащэм дыщIыхьэжыну Iэ къытхуищIри, къэмыувыIэу пщэфIапIэмкIэ щIыхьащ.

– Уэлэхьэ, – кърихьэжьащ абы, дызэрыщIыхьэу, – фIым дыщыгугъыурэ дызэримыгугъауэ къыщIидзам.

– Къэхъуа мыгъуэр сыт, лIыжь? – етIысэхащ си гуащэр, и лъэгуажьэ гъуритIыр IэгукIэ иIуэту.

– Къэмыхъуар сыт, жыIэ, – щэтащ си тхьэмадэр. – Къэсащ фашистхэр. ДыдэкIын хуейщ.

– Дэнэ, на-а, дыздэкIуэнур?

– Уэ зыщIыпIи укIуэнукъым. Упарткъым, укIэмсэмолкъым. Уэ хэт къыпхуей? Уэ зыгъэхьэзыр, нысащIэ, – зыкъысхуигъэзащ абы. – Сабийхэри зэщIэкъуэ. Щыгъын хуабэ, гъуэмылэ...

– А мыгъуэ, сыжьыщхьэ мыгъуэти сэ, – магъ гуащэр, – дэнэ сабийхэри мы цIыхубз тхьэмыщкIэри здэфшэнур? Е си пIэ сибукIыхьынщ, е сабийхэм я гъусэу сынэкIуэнщ.

– Умыделэ, – къеплъащ абы тхьэмадэр. – Уи жьэр убыд. Мыр партым хэтщ, нэмыцэхэр къызэрыдыхьэу, яукIынущ... Ар сэракъым зи унафэр, къэрал унафэщ. Парт организацэр зэрыщыту дыдокI.

– Фэ фыдэкIыу дэ девгъэукIыну...

– Умыделэ, жысIакъэ! – хуилъащ абы тхьэмадэр. Зэи зэхэсхатэкъым ар и щхьэгъусэм апхуэдэу епсалъэу. – КъэдмыгъэзэжыНу дыдэкIыркъым дэ.

– Абы нэс къикIыу мыбы къэкIуар а фыздэкIуэм нэмысыфын фи гугъэ? – мэтхьэусыхэ гуащэр.

– Нэсмэ, и Iыхьэ игъуэтыжынщ... Ущымыт, нысащIэ. КIуэ, тIасэ, зызэщIэкъуэ. Пшапэр щызэхэуэм, колхозым и машинэр къыIухьэнущ.

Унафэр – унафэт, пэздзыжынIауэ сыхуиттэкъым. Сыти пэбдзыжынт зауэ зэманым? Тхьэмадэр захуэт, къуажэм сыкъыдэнамэ, япэ дыдэ нэщанэуапIэу сагъэувынут. Сабийхэр къесшэлIэжри, щыгъын, гъуэмылэ зэкIуэцIыспхащ, пшапэр зэхэуэри, гъуэгу дытехьащ. Ерокъуэ дынэсауэ, жэщыбгым шу гуэрхэм дыкъагъэувыIащ. Шу гупымрэ ди машинэм иса лIыхэмрэ сыхьэт никъуэ хъункIэ лъэныкъуэкIэ щыту зэдауэри, си тхьэмадэмрэ фэ кIагуэ зыщыгъ лIы кIыхь гуэррэ машинэм къыбгъэдыхьащ.

– Къехыт, нысащIэ, – жиIащ си тхьэмадэм.

Сэ, ахэр здэщытымкIэ сыкъыщемыхыу, адрей лъэныкъуэмкIэ селъащ, сыкъекIуэкIри, лIитIым сакъыбгъэдыхьащ.

– Сэ бжесIэнум гупсэхуу къедаIуэ, ди шыпхъу, – къригъэжьащ лIы кIыхьым. ИужькIэ къызэрысщIамкIэ, ар партизанхэм я командир Чэримт. – Дэ уи лIыгъэм шэч лъэпкъ къытетхьэркъым, дэтхэнэ зы большевикми хуэдэу, бийм узэрезэуэнур ди фIэщ мэхъу. Ауэ, уэри егупсыс, мы сабиищыр уи гъусэу... Дэ къытпэщылъыр тщIэркъым, мы сабийхэр...

– НтIэ, гъэзэж жыпIэу ара? – сыгъыным хуэдэу соплъ сэ абы.

– Гъэзэжи жысIэркъым, дахэ. Мы къуажэм дэс си цIыхугъэ гуэрым деж укъэдгъэнэну дызэгурыIуащ.

Сэ сызэпкърыхуащ. ЖысIэнури сщIэнури сщIэркъым. Си гур Iэджэм жащ, хэкIыпIэ Iэджэм лъыхъуащ.

– Уэ дауэ уеплърэ, Дыщэ? (Арат тхьэмадэм сызэреджэр, гуащэр – Данэт), – сеупщIащ тхьэмадэм, си щхьэр къысхуэмыIэту.

– Къанэ, тIасэ, – къызоплъ ар, сыфIэтхьэмыщкIэу. – Сабийхэм я дежкIи нэхъыфIщ. Ди цIыху мыбы дэсми бзаджэкъым.

Къуажэ Советым дыщIыхьэри, тхылъ схуатхащ мы къуажэм сыкъыщалъхуауэ, си адэр кулакыу щытауэ, си лIыр лъэхъуэщым ису. Нэху мыщу куэбжэ гуэрым дыIулъадэри, си хьэпшыпхэр кърахащ, сабий жеяхэр къэдгъэушыжри, ахэр гъымшыму тIыгъыу, пщIантIэм дыдыхьащ. Унэм къыщIэкIа лIыжь жьакIэхур Чэримрэ си тхьэмадэмрэ Iуашри, зыгуэрхэр къыжраIащ. ИужькIэ унэр зей лIыжьыр къызбгъэдыхьащ.

– УгъурлыгъэкIэ укъыдыхьауэ тхьэм къыщIигъэкI, си хъыджэбз цIыкIу. НакIуэ, тIасэ, – ищIащ и Iэр унэмкIэ.

– Гуащэхъан, – си цIэр япэ дыдэ жиIащ си тхьэмадэм, – зы щхьэкIэ умыгузавэ, сабийхэм яхуэсакъ...

МащIэ тлъэгъуакъым, мащIэ дгъэвакъым. Ерокъуэ дыщыдэса мазищыр ирикъунти кIуэцIыкIыщIэкIэ бгъэвыну. Мо хьэIуцыдзхэр къызэрыкIуэу, къуажэр унащхьэ чэзуюэ щIащыкIащ, «Партизан! Партизан!» – жаIэурэ. Псори дэгъуэ дыдэу тщхьэщыкIауэ, къуажэ гъунэ дыдэт дыщыпсэури, цIыхуи ныдэмыхьэу декIуэкIыурэ, зы махуэ гуэрым куэбжэм нэмыцэ машинэ къыIулъэдащ. Нэмыцищ къикIри, шумэданэшхуэ яIыгъыу къыдыхьащ, зы цIыхум емыпсалъэу унэм щIыхьэхэри, пэш псори къаплъыхьа нэужь, зы сырыху Iей гуэрым урысыбзэ ныкъуэкIэ жиIащ: «Сэ мы пэшым сыщыпсэунущ. Къызэрызэджэр Франц Клюгещ». Си гур здэмыжа щыIэкъым. Гурыщхъуэ къысхуащIу къыщIагъэтIысхьа къысфIэщIырт. «Мыр зэрыщIэсыр ямыщIэу, партизанхэм ящыщ жэщым къакIуэмэ, лъапсэрыхыр къытхуагъэкIуэнщ», жысIэрти жэщкIэ сыжейртэкъым.

ЕтIуанэ махуэм лIыжьым (Жантыгъуэнт абы зэреджэр, Япэ дунейпсо зауэм хэтат. Нэмыцэхэр къыщыдыхьэм, абы щыгъуэ кърата Георгий и жор орденыр зыхилъхьауэ, зыхихыртэкъым) сигъэтIысри къызжиIащ: «Iуэхур нэхъ шынагъуэ хъуащ, си хъыджэбз цIыкIу. Ар щIыжысIэр, си щхьэ сытешыныхьу аракъым. Сэ гъащIэфI къэзгъэщIащ, илъэс пщIейм нэсхусащ, мыбыхэм хуэдэ фриц Iэджэ слъэгъуащ. Сэ сыщIэшынэр фэращ. Мы ди унэ щIэс дзыгъуэшхуэм и нэгу нэхъ мащIэрэ зыкъыщIэвгъэхуэну фыхэт. «Быдэ и анэ гъыркъым», – жаIэ, сыволъэIу ар зыщывмыгъэгъупщэну. Зы псалъэ лейм гурыщхъуэ къиишэнкIэ хъунущ. Мыхэр цIыхукъым, си хъыджэбз цIыкIу, мыбы я гурыщхъуэмрэ я фоч кIакхъумрэ зы лъэбакъуэ яку дэлькъым. КъоупщIынукъым, къопсэлъэнукъым, еIэнурэ кIакхъур щIачынущ. Фызыхуэсакъыж».

МахуитI-щы дэкIауэ, унэм щIэс офицерыр пщэдджыжьым щыдэкIкIэ тлъагъум сщIэркъым армыхъуа, нэмыцэхэр къуажэм зэрыдэсым, ящIэм хэтщIыкI щымыIэу, пщэфIапIэм сыщIэст, адыгэ жьэгушхуэм сыпэрысу, гуарцэ мафIэкIэ щIакхъуэ згъэажьэу. Хужьпагуи си IэплIэм илът, Iурихауэ. ЩIалитIыр къыщIэлъэдэжащ, я нэр къихуу. «Мамэ, нэмыцэжьыр мыбыкIэ къокIуэ! – жиIащ Алихъан, кIэзызу. – Астемыр абы «Гитлер капут» жриIэри къигъэгубжьащ». «А бзагуэ мыхъун цIыкIу, апхуэдэ жаIэрэ? Дыкъэбгъэсэхыжаи», – сыкъыщылъэтащ сэ, сабийр си IэплIэм зэрытелъу. ЩIалэ цIыкIуитIри, шынэжауэ, си къуагъым къыкъуэлъэдащи, си кIэкъуащIэр «цIыкъ» жиIэу яубыдауэ яIыгъщ, мэгъынанэ. Офицерым и къэси, и къызэIэдэкъауи зы ищIри,



4 Заказ №201

пщэфIапIэм сыкъыщIигъэжащ, сабиищыр скIэрыщIауэ. Тпэмыжыжьэу мэкъу зэтрилъхьэу мэкъуэщым ит Жантыгъуэн дыкъилъагъури, зэрыхужьым нэхърэ нэхъ хужьыж хъуащ. Дэ Клюге гуэным дрихулIэри, блыным дригъэувэлIауэ и кIэрахъуэр щиIэтым, лIыжьыр абы гуахъуэкIэ къеуэри пIэжьажьэу къриудащ. КIэрахъуэр уэри, IэщIэхуащ, Жантыгъуэн, зэуэ лъэри, ар къипхъуэтащ. Къыщылъэтыжа офицерым кIэрахъуэр триубыдэри, куэбжэмкIэ и щхьэр ищIурэ, жиIащ: «Ком комендант! НакIуэ, зо, комендантым деж! Сэ уэ пхуэфI сыхъунщ... Уэ жэи, а орден зыхэлъ си кIэстумымрэ уи тхылъхэмрэ къысхущIэх, тIасэ. Жэ псынщIэу. «Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ» псалъэжьым дытеIэбащ»...

Сыхьэтым щIигъукIэ къэтащ Жантыгъуэн. УщIэмыупщIэ сэ къэзгузэвам, къэзгъам, щIалэ тхьэмыщкIэм сызэрытеухьам. Дуней нэхур слъагъужыртэкъым, дакъикъэ къэс илъэсу къысщыхъурт, си нитIыр куэбжэм къытекIыртэкъым. ЛIыжьым куэбжэ цIыкIур Iуихауэ къыдыхьэжу щыслъэгъуам, тобэ, си адэр къэтэджыжа къысфIэщIащ. Зыри къэмыхъуа хуэдэ, Жантыгъуэн, утыкум илъ гуахъуэр къиштэжри, мэкъуэщым ихьыжащ. Аргуэру сыхьэт хуэдэ дэкIри, обер-лейтенантым зы сэлэт гуэр и гъусэу къыдыхьэжри, зы цIыхум къыдэмыпсалъэу, псынщIэу зызэщIикъуэжри, шумэданэр сэлэтым иIыгъыу дэкIыжащ. Жантыгъуэн мэкъуэщым къикIыжри пхъэ къутапIэм тетIысхьащ, дэри, дзыхь дымыщIыщэурэ, дыщIэкIащ.

– Жьыщхьэ махуэ ухъу, дадэ, – жысIащ сэ, къысхудэмышейуэ. – Уэ нэмыщIам...

– А хьэIуцэм къилъхуа, хэт уигъэщIа абы жепIар? – къыхэгуфIыкIащ лIыжьыр и пащIэ-жьакIэ Iувым.

– Мо фи гъунэгъу Безыр, – ишиящ и Iэпэр Астемыр.

– Мыбы удэту жыпIэ щхьэкIэ, уэрамым ар щыжумыIэ, – и напщIэр зэхэуащ Жантыгъуэн. – Усабийщ жаIэу къоплъынукъым ахэр.

– Уэ мыгъуэ дауэ уакъыIэщIэкIа, дадэ? – согуIэж сэ.

– Комендантым деж схури, нэмыцэ офицеруи сэлэтуи дыкъэзылъагъуу хъуар къыщцыдыхьэшхыу, и пащхьэ изгъэуващ, кIэрахъуэр абы и пащхьэ ислъхьэжри, жесIащ: «Мыр дауэ, зиусхьэн генерал? (Ар зэрымыгенералыр сэ сщIэтэкъэ!) Хэт фэ фызэзауэр? Мыбы иукIыну хэта цIыхубзым и адэр, Сыбыр яшэху, Советскэ властым езэуащ, и лIыр япэувати, тутнакъэщым илъэс пщыкIутхукIэ ирадзауэ исщ. Иджы езыри и бынри тевукIыхьыжыну ара? Ди гугъаи фыкъыщыкIуэм зы нэплъэжыгъуэ гуэр дгъуэтыжыну. Мис, еплъ мы тхьэмыщкIэм и тхылъым. Джыназ лъэпкъщ, мы къуажэм цIыхуу дэсыр абыкIэ щыхьэту къэувынущ». НэмыцэбзэкIэ фIыуэ зэпсэлъахэщ. Си бгъэм хэлъ орденым и нэр къытримыгъэкIыу комендантыр къэтэджри, мо цIапIэм куэд къытритхъуащ. «КIуэж, комендантыр къолъэIу мы къэхъуар уи жагъуэ умыщIыну. ДяпэкIэ уи гугъу къамыщIыну укъегъэгугъэ», – жиIэри, тэрмэшым сыкъыщIигъэкIыжащ...

Комендантым апхуэдэ дыдэу жиIауэ си фIэщ иджыри хъуркъым, ауэ Жантыгъуэн абы къызэрикIыжрэ зы нэмыцэ и пщIантIэ къыдыхьакъым... А псори щIыжысIэ мыгъуэр зыщ: иджырей зэманым хуэдэу тыншу тпIакъым ди быныр. ИтIани, мис, уолъагъу... Стелъа бэлыхьыр ялъэгъуа пэт, гулъытэншэ хъуахэщ.

Гуащэхъан бэлътоку къабзэ дыдэкIэ и нэкIур илъэщIри, Iэпхъуамбит-IкIэ си кIэстум Iэгъуапэм къеIусащ.

– Си Iэр фIыкIэ нуIусэ, си щыгъыным сыт кIэрылъми, игъащIэм си пхъур къэIэбэу кIэрихакъым. Мы дунейм зыхуей теткъым и унагъуэм фIэкIа. Щыдэсми арат ар: и адэ-анэми къыдалъхуахэми яхуэгущIыIэт. И гур унэм щIэлътэкъым, и Iэр унагъуэ Iуэхум хыхьэртэкъым. Иджыри апхуэдэщ. ЗэрыбжесIащи, илъэсищ лъандэрэ мыбы сыщыIэщи, зэ фIэкIа къэкIуакъым, а зэми къихьа тIэкIур си пIэ лъапэм къыщигъэтIылъри, Олег гукъыдэмыжщ, сыкIуэжын хуейщ, жиIэри, щIэжыжащ. Сэ жысIэркъым узэрыхьа унагъуэр умылъагъу, уи унагъуэм япэ сэ сигъэщ жысIэу. Апхуэдэ сигу къэкIами, делагъэ хъунт. Ауэ мазибгъукIэ ныбэкIэ зесхьат, илъэс тIощIрэ зыкIэ мафIэм езмыгъэсу, псым езмыгъэхьу спIат, и ныбжьэгъухэм езмыгъэхъуапсэу, зыхуеину псори иIэу унагъуэ изгъэхьат. «Дауэ ущыт, си анэ?» – жиIэу мазэм зэ къакIуэу зы сыхьэт къызбгъэдэсмэ хабзэтэкъэ? Сэри илъэс мин гъащIэ сиIэкъым, лIэгъуей сыхъуа щхьэкIэ, а уахътыр зэ къэсынущ. Уи анэ къыпхуэмыарэзыуэ дунейм уехыжын нэхъ гуэныхь сыт щыIэн?

Сыти жыIэ, ди зэманым щIалэгъуалэм нэхъыжьхэм, къэзылъхуахэм пщIэ нэхъ хуащIу щытащ. Пэжщ, дэтхэнэ лъэхъэнэри къащти, сыт щыгъуэ щIалэгъуалэр щамыгъэкъуэншар? Ар хабзэщ. Ауэ иджыпсту хуэдэу ар наIуэ къыщыхъуа лъэхъэнэ щыIакъым. Я унэр зэвми, я тепIэныр мащIэми, я шхыныр зэпэубыдами, я адэ-анэр я лъэпагъ илъыжу щытащ, сэ схуэдэу хыфIамыдзэу. Уи мыгугъэ сэ сыныбаджэу е сыщыгъыныджэу сытхьэусыхэу. Алыхьым жимыIэкIэ. Сэ сызыхуей псори сиIэщ: фызыжьитI зы пэш къабзэ дыщIэлъщ, махуэм зыдгъэнщIу щэнейрэ дагъашхэ, абы нэмыщIкIэ шэ, шху пэшым нытхуахь. Шхыф закъуэ къыдатыр. Дыпсчамэ, дохутырыр къос. ИтIани, си гур мэбампIэ, гупсысэ мыфэмыцхэм сыхэкIыркъым. Зауэ зэманым и гугъу сщIынкъыми, зауэм и ужь илъэс хьэлъэхэм сыт хуэдэ бэлыхь стелъу спIа сэ а быницыр. Си ныбэ изу сымышхэу, щыгъын зэхъуэкI симыIэу езгъэджащ ахэр. Ныжэбэ кIуам жэщыбгым сыкъэушыжри, си нэм жей къемыкIуэжу, зызгъэкIэрахъуэу нэху згъэщащ. Гъэмахуэ жэщ кIэщIри, зауэ илъэсхэм хуэдэу, кIыхь къыпщохъу, гукъэкIыж фIэкIа гъащIэм нэгъуэщI гуфIэгъуэ щыхыумылъэгъуэжым деж. ЛIэным куэд имыIэжу, ди  анэ тхьэмыщкIэм жиIэгъат: «ГукъэкIыжым нэхърэ нэхъ IэфI гъащIэм щыхэмылъыжым деж, цIыхум иших дунейм телъыжкъыми, тхьэм и пащхьэ ихьэжмэ нэхъыфIщ». Жэщ псом абы сегупсысащ. Абы и закъуэкъым. Си гъащIэри щIэспщытыкIыжащ. НетIэ си тхьэмадэм и гугъу пхуэсщIыгъащ. ЦIыху Iущт ар. Дэтхэнэ и зы псалъэми акъылышхуэ хэлът. Ар псэухукIэ жьыр дэнэкIэ къыщепщэми сщIакъым: си адэт, си чэнджэщэгъут, дэIэпыкъуэгъут. ПлIыщIрэ блы-и гъэхэм, тпэмыжыжьэу щыпсэу лIы гуэрым и щхьэгъусэр дунейм ехыжати, къыскIэрыхъыжьауэ щытащ: «Дызэхэгъэхьэж, си къуэмрэ си пхъумрэ уи бынхэм я гъусэу зэдэтпIынщ», – жиIэри. ЛIым щытхъушхуэ иIэт, пщIэрэ щхьэрэ зиIэу жылэм дэсхэм ящыщ зыт, жиIэр уи фIэщ пщIы хъуну щытт. Дзыхь сщIакъым, сытегушхуакъым. Зы махуэ гуэрым си тхьэмадэр къызэджэри, къызэрехьэлъэкIри сщIэуэ, къызжиIащ: «Мы псалъэмакъым гупсэхуу къедаIуэ, нысащIэ. ЩIалэ тхьэмыщкIэр ду-

нейм зэрехыжрэ илъэсибл хъуащ. Абы лъандэрэ мы унагъуэм ущIэсщи, емыкIу къэпхьын дэнэ къэна, гурыщхъуэ пхуэтщIакъым. Алыхьым ди къуэр тIэщIихыну мурад щищIми, насыпу уэ укъытхуигъэнат. Тхьэм уиузэщI, тIасэ. Ауэ сэри сыцIыхущ, псапэри гуэныхьри къызгуроIуэ. Иджы, сэ бжесIэнуращи, псапэу уэ къытхуэпщIар дэ тщыгъупщэнкъым, IэфIу ди гум илъынущи, уи гуэныхь къыдумыгъэхьу, Жамболэт къопсалъэу жаIэри, дэкIуэж. Сабийхэри тпэжыжьэнукъыми, ди нэIэ ятетынщ. Ахэр тлъагъумэ, дэ нэгъуэщI фIыгъуэ дыхуейкъым, къытхуэнэжа гъащIэ мащIэм». Сэ сыщытщ, си щхьэр егухауэ, си нэпсыр псыхьэлыгъуэу къыщIэжу. Си бзэр иубыдащи, зы псалъэ къысхужьэдэшыркъым. «Дадэ, – жысIащ сэ ерагъмыгъуейуэ, – сыкъэвужэгъуамэ, е фхуэмыфэщэн сщIамэ, си Iыхьлыхэм я деж сыкIуэжынщи, си бынып спIыжынщ. Сэ зэ сызыдэкIуар зэрысхъуэжын мы дунейм теткъым. СыщIэвмыхунумэ, мор си унэщи, си бынып щызвгъэпIыж». Си тхьэмадэр къэтэджри къызбгъэдыхьащ, и нэм нэпсыр хуэфIу щIэту къызэплъри: «Упсэу, нысащIэ», – жиIэри, си щхьэм Iэ къыдилъащ. Иджыпстуи си щхьэфэм зыхищIэ къысфIощI абы и Iэгу щабэр, си нэгум щIэкIыркъым нэпсыр хуэфIу зыщIэта и нэ дахитIыр.

ПщIэрэ, ныжэбэ сызэгупсысар?.. Жамболэт нобэми къиишэжакъым. Дауэ хъуну пIэрэт си гъащIэр, абы сыдэкIуэжауэ щытамэ? ЗэрыжаIэмкIэ, шылэмрэ данэмрэ хагъэсщ и бынитIым. И къуэм къуажэм къыдэкIын идакъым, Тэрчкъалэ институт къыщиухауэ агроному мэлажьэ. Ипхъури дохутырщ, мыбы дэсщ, ауэ тхьэмахуэ щIагъуэ дигъэкIыркъым и адэм деж мыкIуэжу. Аракъэ насып жыхуаIэр?! Жьыщхьэ махуэ хъуа жыхуаIэр Жамболэт хуэдэкъэ?!



– Къуажэм унэ, щIапIэ ущиIащ, абы ущыпсэуну нэхъыфIуи жыбоIэ...

– Унэ дэгъуи сиIащ, жыг хадэ зэгъэпэщаи си тхьэмадэм игъэкIауэ къэнащ. Къэнакъым, сщэжащ. Си нысэр, Астемыр и щхьэгъусэр, къысщыхьэри адэкIи-мыдэкIи сигъэкIуакъым. «Махуэ къэс дэ дыкъэкIуэжыфкъым, уэри жьы ухъуащ, унэри, хадэри, джэдкъаз зелъэфэнри пхузэфIэкIыжыркъым. Щэж мы къомри, накIуэ ди деж. Унэм щIэсыф закъуэ, пхъэ къодгъэхьынукъым, псы зодгъэхьэнукъым. Щхьэ бэлыхь зытебгъэлъыж?» Си къуэми апхуэдэу щыфIэфIым, сщэжри, си унэхъугъуэр къэсати, жаIэр си фIэщ хъури, сыкъэкIуат къалэм. Ахъшэр сэ сыту сщIынт? Машинэ къэтщэхунут, щыжаIэм, естащ. Ари къащэхуащ, унэлъащIэри зэрахъуэкIащ, илъэс фIэкIа сыщымыIауэ, нысэм и нэщхъ сигъэлъагъуу щIидзащ. Нэщхъыр псалъэмакъ хъуащ, псалъэмакъыр мис мы унэмкIэ иухащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар иужькIэ къэсщIауэ аращ, сэ нэхъыбэу сыкъыщIыдашар пэшищ хъууэ унэ къыIахынути арат. Мыбы сыкърата нэужь си паспортым сеплъати, япэм яIа унэм срырагъэтхат, пэшищыр къыщратым, си нысэм тхылъым срыригъэтхэн «къыщыгъупщащ».

– Уи къуэм сыту ида ар?

– Си къуэр сыт? Иджы уи фызымкIэ уи благъэращ благъэри, къуэшри, шыпхъури, уеблэмэ анэри. Астемыр и хьэл-щэнкIэ ди адэм и дежкIэ кIуэжащ. ЩIыху щабэщ, зыми и жагъуэ хуэщIынукъым. Ди нысэ цIыкIур ягъафIэу къэхъуа гуэрщ, щыжиIам деж щыпиупщIынущ,

ар фIыми Iейми емыгупсысу. Тепщэныгъэр ифIэфIщ, пэрыуэIауэ идэнукъым. АтIэми, бынищ ягъуэтащи, псалъэмакъ къэхъеймэ, а щым я къуагъ «къуолъадэ». Ахэр кIэрыщIауэ сыти жепIэн, зэрыцIыкIурэ хэпща хъуа хьэл-щэныр иджы пхухегъэнэн? Ирепсэу езыхэр, зэгурыIуэу. Ныжэбэ сызэгупсысахэм ящыщщ ари. ЦIыхур мылъку лейм егъэудафэ, зэрегъэкIуэкI. Сыт и лажьэт абы яIа унэлъащIэм? Хьэуэ, гъунэгъум нэхъыфI щиIэкIэ, си нысэм абы нэхърэ нэхъыфIыж имыIэу хъунукъым. Ар сыткIэ нэхъ Iей гъунэгъум нэхърэ? НэхъыкIэм къилъхуа? Си пхъур къыщIэмыкIуэр сыт уи гугъэ? «Унэри щIапIэри пщэжри, – жи, – Астемыр ахъшэр ептащ, урепIыж иджы». Тхьэ къысхуаIуэри, ахъшэр псори сIахат, и ныкъуэр Хужьпагуэ иратыжыну. Ар пхъум и фIэщ схуэщIыркъым. «Фозэ сыту ахъшэ къыуимытыжрэт, – жи, – нэфым Iэрыхьа иутIыпщрэ?» Дзэм хэт си щIалэм нэхъ гу пцIанэ сиIэкъым. Илъэс къэс къэкIуэжурэ сыкъелъагъу. ТхьэмахуитI ипэкIэ кIуэжауэ аращ. Сыздишэнут, мэлъаIуэр, сыхьэт ныкъуэкIэ къыстегъэри, кIуэжащ. Ауэ сэ сыкIуэфыну мыгъуэ абы нэс? Хьэ щыщIащIэм щыIэщ, Чукоткэ. Подполковникщ. Моуэ нэхъ гъунэгъуу къулыкъу щищIэу щытамэ, тIэу семыплъу сыкIуэнут.

– Сыт хуэдизу мыбы уи Iуэху щымыфIми, уи бынхэм языхэзым деж ущыIамэ нэхъ къэпщтэнут, – сыщIэплъащ сэ абы и нэм.

– Ар пэжщ, – ирихьэхащ фызыжьым и щхьэр, – нэхъ къэсщтэнут. Сэ илъэс пщIейрэ щырэ сыхъуащ. Ноби ныжэби, уахътыр къыщысынур пщIэнукъым. Ужеямэ, укъэмыушыжынкIэ мэхъу. Сыт сэ къэспсэуам и мыхьэнэр? Седжащ, сылэжьащ, езгъэджащ. ИрикъункIэ гъащIэм сиIуэтащ. Сыт а псоми къыпэкIуар? КIэзонэ пэш блынджабиплI. АдэкIэ кIуэнуми къигъэзэжынуми имыщIэу псыкум къыщыувыIам хуэдэщ си Iуэхур. СызэпрыкIыну сежьэмэ, сихьынущ, къэзгъэзэжми... Дэнэ сыздэкIуэнур къэзгъэзэжу? Хэт сызэкIуэлIэнур? Си ныбжьэгъу гуэрым и Iуэхум хуэдэ хъуащ сысейри. Абы нэхъ хъыджэбз дахэ ди къуажэ дэстэкъым, псэлъыхъухэр хузэблэкIырт, пщыхьэщхьэ къэс лъыхъур я унэ щIэст. А псори къигъанэри, и адэми и анэми емыдаIуэу, зы щIалэ гуэрым дэкIуэсащ. И адэм хуиIуэхуащ: «Сэ сфIэмыфIу уэ абы ущыдэкIуакIэ, дэпсэу. Ауэ уи Iуэху зэIыхьэмэ, ар зэрызэIыхьэнум шэч къытесхьэркъым, си дежкIэ къыумыгъазэ, жылэм яфIэтелъыджэу, къуажэ гупэм деж щыт Iуащхьэм уи щхьэр щыфIэслъэнщ». Илъэс иримыкъу зэдэпсэуауэ, щIалэр нэгъуэщI цIыхубз дихьэхри, си ныбжьэгъур лъэщыджэшхуэу къэнащ. Здашами щыIыхьэншэу, здрашами къыдамыгъэхьэжу тхьэмыщкIэр кIуэдащ... «СыткIэ ещхь ар уэ уи гъащIэм?» – жыпIэнщ. Ещхьщ, зы мастэм къыпачам хуэдэу. Ари лъагъуныгъэращ насыпыншэ зыщIар. ЩIалэм хуиIа лъагъуныгъэм гъащIэм нэф хуищIат. Сэ-щэ? Сэри аращ. Апхуэдизу фIыуэ слъагъу си быным жиIэр си фIэщ хъури, щIапIэншэу сыкъэнащ, сылIэмэ сыкъызыщIахын унэ симыIэжу. Согужьей, тIасэ, мыбы сыщылIэмэ, жызоIэри. Мыбы сыкъыщIэзыхыжыну си къуажэгъухэм сыт жаIэн, си бынхэми сытыфэ ираплъын? Ар хъунт, дымылIэжыну щытамэ. Ауэ уахъты зимыIэ щыIэкъым.

– Ар сэ псори къызгуроIуэ, дянэ, – жысIащ сэ. – Хэплъэгъуэщ уи Iуэхур, ауэ уи гур апхуэдэу щIыхэбгъэщIыжын щыIэкъым. Уи бын-

хэри зыщIэгупсысыжынщ, я гупэ къыпхуагъэзэжынщ. КъызжеIэ, сэ сыткIэ сыбдэIэпыкъуфыну? Си Iэпэ къыпекIуэкI къэзгъэнэнкъым.

– Уэ сыткIэ укъыздэIэпыкъуфын, тIасэ, – щэтащ Гуащэхъан. – Си гу бампIэ дэпхащи, уи гъащIэр кIыхь ухъу. Сэ уэ бжезмыIауэ иджыри зы щэху сиIэщ, – нэхъ нэщхъыфIэ къэхъужащ фызыжьыр. И нэкIум лъы къыщIэлъэдащ, уэсым хуэдэу тхъуа и набдзэ дахитIыр, пцIащхъуэ дамэу, хэлъэтащ: – Астемыр и къуэ нэхъыжь Аслъэнбэч си деж нэхъ къэкIуэрейщ. НтIэ, абы жиIэращ: «Фэтэр къэсщтэнурэ, си деж усшэнущ, нанэ», – жи. Ноби къэкIуэну жиIащ. Аращ зэштегъэууэ сиIэр... НтIэ, уи щхьэри згъэузащ, ирикъункIи узгъэгуващ. КIуэж, тIасэ, сэри си шэджагъуашхэр къэсащ. ТIэкIу зыстхьэщIынщи, сыкIуэнщ шхапIэм. Узыншэ ухъу.

Сэ абы сэлам гуапэу есхыжри, сыкъыдэкIыжащ. Абы и ужькIэ сыт сымыщIами, дэнэ сыщымыIэми сигу ихуртэкъым апхуэдиз зылъэгъуа, зыгъэва фызыжь телъыджэр: абы и псэлъэкIэ щабэр, къыщикIухькIэ захуэу и Iэпкълъэпкъыр зэриIыгъыр, и гуфIэкIэ дахащэр, и гум хыхьэу зыгуэр щыжиIэкIэ, зы псалъэ къэмынэу уи фIэщ зэрищIыр. Тезгъэзэжын си гугъа щхьэжкIэ, мазэм щIигъу дэкIыху сыхущIыхьакъым.

Зы махуэ гуэрым Гуащэхъан здэщыIэ унэмкIэ сыкъыблэкIыжу, згъазэри сыдыхьащ. Фызыжьыр къыщыдэсшэжам дызыщIыхьа хъуэш жыгыжьым и лъабжьэм зэпсалъэу щIэсхэм сахыхьэри, сеупщIащ:

– Ярэби, Гуащэхъан дауэ къэзгъуэтыну?

– Уэ абы урикъуэ? – къызэплъащ лIыжь гуэр.

– Хьэуэ. Си цIыхугъэу аращ.

– НтIэ, Гуащэхъан мыбы щыIэжкъым. И къуэрылъхум ишэжащ.

– Куэд щIа?

– Тхьэмахуэм щIигъуагъэнщ...

Къуэм и щыуагъэр къуэрылъхум игъэзэкIуэжащ.

– Жыжьэкъым ар щыпсэур, – жиIащ адэкIэ къыщыс фызыжьым. – Мо тхууэ зэтет унэхэм, мыбыкIэ къыщыщIэдзи ещанэм Iухьи, Шылэ Аслъэнбэч и фэтэрыр жыпIэмэ, дэтхэнэми уигъэлъагъунщ...

Бжэр Гуащэхъан къыIуихащ. Абы и IитIыр зэтригъэауэри, зы псалъэ хужымыIэу къызэплъу къэуващ.

– Сыт уи узыншагъэ, нанэ? – есхащ абы сэлам.

– УкъэкIуащ, – Iущэщащ ар, сыщIигъэхьэну лъэныкъуэкIэ IукIуэтурэ. – Хэт и фIэщ хъунт?.. КъакIуэ, тIасэ, къыщIыхьэ.

Сыхьэтым щIигъукIэ дызэпсэлъащ. Гуащэхъан и фэр хэпщIыкIыу нэхъыфI хъуат, нэхъ щIалафэ къытеуат.

– Аращ, Абдулчэрим, – жиIащ фызыжьым, Iэнэм шей къытригъэувэурэ, – мырат сэ си щэхур. Аслъэнбэч жиIэрт абы сызэрыщимыгъэIэнур. Нобэ сылIэми, «солIэ» жысIэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, си къуэрылъху къысщхьэщыту сылIэнущи, си хьэдэ зыхуей хуэзыгъэзэн сиIэщи. Жьы хъуам и дежкIэ абы нэхърэ нэхъ насып сыт щыIэн? Уи адэ-анэр щIалэху, зыгуэр яхуэзфIэкIыху, къыбдэIэпыкъуху уабгъэдэсрэ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, бгъэпщылIрэ, лъэрымыхь хъуа нэужь къэралым жьэхэбдзэжмэ, абы нэхъ икIагъэ сыт щыIэ?! Гъунэгъущ а сыздэщыIар, мо щхьэгъубжэм сыIухьэмэ, солъагъу, ауэ сыплъэфыркъым абыкIэ, абы къыщIэзна къомыр сигу къокIыжри. Ди бынхэм

ящыщ къакIуэу тлъагъуну пIэрэ, жаIэу уэрамымкIэ къаплъэу щысхэм сегупсысмэ, си гур поткIукI. Гузэвэгъуэщ ар, Абдулчэрим. Десакъым адыгэр абы, апхуэдэ икIагъэм. Щхьэ ар емыкIуу къамылъытэрэ иджы щыIэ щIалэгъуалэм?

Гугъут нанэм жэуап ептыжыну.

# ИУЖЬРЕЙ УЭРЭД

Румэ гужьеяуэ къызэфIэтIысхьэри, и бгъэр иубыдащ. И гур къыкIуэцIриудыным хуэдэу къеуэрт. Лэгъунэ кIыфIым езымрэ и лIымрэ фIэкIа нэгъуэщI щIэмылъ пэт, зытридза шхыIэныр IитIкIэ иубыдри, зыгуэрым къилъагъу хуэдэ, и бгъэм кIэрикъузащ.

– Щхьэ умыжейрэ? – нэбэнэушэу къеупщIащ къыбгъурылъ и лIыр.

– Сыжеифыркъым, – щтэIэщтаблэу зеплъыхь Румэ. – Уэ жей.

Алим и щIыбагъыр къигъазэри, жей IэфIым хыхьэжащ. НысащIэр хуэмурэ гъуэлъыпIэм къеувэхри, и халатыр щитIэгъащ, макъ иримыгъэщIу къыщIэкIри, пырхъуэм тет шэнтым тетIысхьащ. Гъэмахуэ жэщыр вагъуэхэмкIэ къызэрыщэщырт, мазэ никъуэ щхъуантIэри, дунейр къызэригъэнэху щIагъуэ щымыIэу, нэщхъейуэ уафэ джабэм еIулIа къыпфIэщIырт. Румэ и щхьэр блыным иригъэщIащ, япэ дыдэ илъагъу хуэдэ, вагъуэхэр къызэхиплъыхьу щIидзащ. «Дэтхэнэрауэ пIэрэ си вагъуэр? – йогупсыс ар. – Мо нэхъ цIу дыдэрауэ пIэрэ? Хьэмэрэ мо ерагъкIэ плъагъу цIыкIура? Сэ вагъуэ цIу сиIэн хуейкъым. ЦIыхум и насыпым ещхьщ и вагъуэри. Мо ижарауэ пIэрэ сысейр?.. Арауэ къыщIэкIынущ. Ромэ ейр дэтхэнэра-тIэ?.. Ах, Ромэ, Ромэ, сыту куэдкIэ сызыщыбгъэгугъат уэ, сыту куэдым сыщыбгъэплъат. Псори лъэлъэжащ, щэщэжащ».

Румэ фIыуэ ещIэ: Ромэ жейуэ хэлъынтэкъым, Румэ мыбдеж щысу. КъыщIэкIынти, IэплIэкIэ щIихьэжынт. Езыри мыбдеж къыщIыщIэкIыни щыIэтэкъым, а пIэм къыхинар Ромэу щытамэ. Иджыпсту апхуэдиз зи кIыхьагъыу къыщхьэщылъ жэщыр дакъикъэу фIэкIа къыщымыхъуу нэху игъэщынт. А тIур зы хъуауэ щытамэ, шэч хэмылъу, псоми къахэлыдыкI мо вагъуэр езырат зеинур. Вагъуэм и закъуэт абы еинур!..

Зэуэ макъамэ дахащэ Румэ и гум къыпылъэдащ. Ар абы зэи зэхихатэкъым, радиокIи, и ныбжьэгъухэм жаIэуи. Вагъуэбэ уафэр къигъанэри, Румэ и нэр зэтрипIащ. Дакъикъэ къэс макъамэр нэхъ наIуэ хъурт, нысащIэм къыфIыжьэдэлъэтыным хуэдэу къеныкъуэкъурт. ТIэкIу дэкIри, Румэ псалъэ гуэрхэр макъамэм хузэхилъхьэу щIидзащ:

*Мы си IэлъэщI цIыкIур, Ромэ,*
*Жьэгъум ныщIызошыр, Ромэ, уей.*
*Ромэ сыныхуашэ жысIэурэ*
*Алим сыхуашащи,*
*Даурэ сыпсэуну, Ромэ, уей...*

... ГукъэкIыжыр уафэхъуэпскIым хуэдэщ. Ар дэни нос. Сабиигъуэ гуэныхьыншэм къыщыщIопхъуэри, напIэдзыгъуэм къос нобэрей махуэм. Мис иджыпстуи гукъэкIыж дахэм Румэ итхьэкъуащи, маеу и псэм зыхещIэ. Ар гуапэу и гущхьэм къытолъэщIыхь, и Iэпкълъэпкъ псом и тепщэ мэхъу. Сыт щыгъуэт Ромэ абы япэ дыдэу къыщепсэлъар?.. Хэт ищIэжын а махуэр е мазэр. Ромэ къемыпсалъэу и гъащIэм зы махуи хэтауэ ищIэжыркъым Румэ. ЛъапцIэу, щхьэпцIэу Тэрч Iуфэ щыжэу щыщытахэми Ромэт хъыджэбз цIыкIум плъапIэу иIэр. Езы Роми Румэ кIэрыкIыртэкъым. Апхуэдизкlэ а тIур зэсат, зэкIэрымыкIыу зэгъусэти, зы махуэ гуэрым Ромэ и анэм дыхьэшхыурэ жиIэгъат: «Фэ тIур фызэкIэрыкIыжыфыну къыщIэкIынкъым, ауэ Румэ ин хъумэ къыпхуэтшэнщ». Ромэ дэпым хуэдэу плъыжь хъури, зригъэзэкIащ. «Апхуэдизу фIыуэ щыплъагъукIэ, жыпIэркъэ», – дыхьэшхат я гъунэгъу фызыр. Лъагъуныгъэ ящIэрэт абы щыгъуэ а тIум? Апхуэдэ щыIэуи я гущхьэ къэкIыртэкъым. Зэгъусэм яфIэфIт, зэсат, я гум илъыр зэтехуэрт.

ГукъэкIыжыр абы зэрынэсу, бзылъхугъэр нэщхъейуэ пыгуфIыкIащ, хьэлъэу хэщэтыкIащ.

Румэ фIыуэ илъагъуртэкъым пIырыпI. Псы къыгуэжым узэпрыкIа нэужь щыт чыцэ мэзым Ромэ махуэ къэс кIуэрти, и пыIэм изу, и гуфIакIэм дэзу пIырыпI къызэприхырти, псы Iуфэм деж щаукъэбзу, щашхыу щыст. «Дыдж Iей хэтщ, Ромэ, си Iур зэрегъалъэ», – зигъафIэу тхьэусыхэрт Румэ, пэж дыдэу и нэпситIыр IэдакъэкIэ щIилъэщIыкIыу. «Мыхъу умышх, – зыщимыгъэнщIу еплъырт хъыджэбз цIыкIум Роми. – Пшхынур плъыжьыпс хъуахэращ. Уэрэ сэрэ дызэгурыIуатэкъэ зым фIыуэ илъагъур адрейми илъагъуну, зым ищIэр адрейми ищIэну? Уэ къызжепIэмэ, мо мывэр сшхынущ сэ». Румэ гужьеяуэ и ныбжьэгъум йоплъ. «Тхьэм жимыIэкIэ, мывэм уигъалIэмэ, сэ дауэ сыхъужыну?» Абы и ужькIэ Румэ хэплъыхь имыщIу ишхырт хъуари мыхъуари.

Ей, зэман, зэман! Сыту уIэубыдыпIэншэ уэ...

*Мы си бэльтоку цIыкIур, Ромэ,*
*Уи зэбгъузэнатIэщ, Ромэ, уей.*
*ЗэпыльитI зэнатIэр,*
*Ар сэ си хъуэпсапIэти,*
*Сэ си натIэ хъуакъым, Ромэ, уей...*

... ПIырыпI дыдж ишха хуэдэ, и нэкIур зэригъалъэу, Румэ къызэфIэтIысхьащ. Къэтэджыжу пэшым щIыхьэжыну къеIат бзылъхугъэ цIыкIур, арщхьэкIэ гугъущ, гукъэкIыжым зэ уIэрыхьамэ. УиутIыпщынукъым, уIэщIэкIынукъым. АтIэми, Румэ иIэщ игу къигъэкIыжын. ФIыи Iеи. «Куэд умыгъащIэу куэд улъагъу» жыхуаIэм хуэдэу, Румэ имылъэгъуар укIуэдыж. Жэщ мащIэ игъэкIуа, и напIэ зэтримылъхьэу, махуэ мащIэ жэщ ищIа, зытеувэ щIыр имылъагъуу. МащIэрэ и пщэм еIэжа, лъынтхуэр хикъузэу и псэр хихыжыну, мащIэрэ гъащIэм и хъыринэ гуапэм илъа, гуфIэгъуэ къэукъубиям щIиупскIэу. Уо-о, ар куэд мэхъу, псори зи гуащIэ дэхуэ гукъэкIыжми хузэщIэубыдэнукъым абы и куэдагъыр... КуэдыIуэщи. Ауэ дэтхэнэра нэхъыбэр? Дэтхэнэра

гум имыкIыжу Румэ къыхуэнар? ФIым иришэхрэ, хьэмэрэ Iейр абрэмывэу и плIэм дэлъ, и гущхьэм телъ?.. Румэ зыри щыгъупщэркъым. Iейри фIыри зэхэдзауэ абы и гущхьэм телъщ. Румэ куэдым текIуащ: шынагъуэми, дзыхагъэми, гу щабагъэми – псоми. Ауэ...

Ебгъуанэ классым кIуэуэ, Румэ гу лъитащ и еджэгъу Алим абы и дежкIэ зэпымыууэ къызэрыплъэм. Зэ еплъэкIри – къаплъэрт, и нитIыр къытедияуэ. ЕтIуанэуи ещанэуи еплъэкIри – арат. Ещанэ, еплIанэ сыхьэтра, Румэ аргуэру плъауэ щIалэр къаплъэу щысу щилъагъум, и бзэгур къыхуридзри дыхьэшхащ. Арауэ къыщIэкIынщ Алими щIытегушхуар. Румэ еджапIэм къыдэкIыжа нэужь, къыпэплъэу щыт Ромэ щыхуэкIуэм, Алим къигъэувыIащ. «ПщIэрэ, – жиIащ щIалэм, – сэ уэ сигу урохь. ПщыхьэщхьэкIэрэ къыздэдгъэкIухь». Румэ зэпкърыхуащ. Ар дауэ, сыт апхуэдэфэ къыщIриплъар? Хэт зылъэгъуар абы пщыхьэщхьэкIэ щIалэ и гъусэу къикIухьу уэрамым дэту е джэгу хыхьэу зыгуэрым къыдэфауэ? Апхуэдэу хъыджэбз цIыкIум жепIэн щхьэкIэ тегушхуэныгъэшхуэрэ щхьэусыгъуэрэ уиIэн хуейщ. Румэ апхуэдэ щхьэусыгъуэ зыми иритакъым. СыткIи иритын, ар игъащIэм нэгъуэщI щIалэ цIыкIу и гъусатэкъым икIи епсэлъатэкъым, Ромэ нэмыщI.

Румэ нэхъыбэу щIызэгуэпар Алим а псори къызэрыжриIар аратэкъым. Хьэуэ, хъыджэбз цIыкIум ищIэрт а гъунапкъэм, зи ныбжьыр илъэс пщыкIух-пщыкIубл хъуа щIалэмрэ хъыджэбзымрэ яку илъ щызэжраIэ гъунапкъэм, гува-щIэхами зэ зэрекIуэлIэнур, нобэ мыхъуми пщэдей щIалэ гуэрым и гум къыхуилъ псори къызэрыхуиIуэтэнур. Ауэ а гъунапкъэм и деж Румэ щилъагъур Ромэ и закъуэт, а зырат псалъэм и гуапэри гум и хуабэри зыхуигъафIэр, зыхуигъэхьэзырыр, и гуи и щхьи къэкIыртэкъым абдеж нэгъуэщI зыгуэр щытыну. Сыт-тIэ нобэ а щIыпIэм Алим къыщIыщыхутар? Щхьэ апхуэдэу щыт гъащIэр, уэ узыхуей, узыхуэплъэ, узыхущIэкъу гурыщIэр щхьэ къикъутэжрэ, лъэ быдэкIэ мыув щIыкIэ? Езырауэ пIэрэ ар зи лажьэр, хьэмэрэ Ромэ? Мес, иджыпстуи къоплъэри щытщ, къыбгъэдыхьэу мы игъащIэкIэ зыхуэмей щIалэм бгъэдишыжыркъым. Алим мэпсалъэри-мэпсалъэ, и ныбжьэгъу гуэрхэм ятопсэлъыхь, а щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэхуаIэ лъагъуныгъэр щапхъэу къехь. Румэ и щхьэм зыри хуиубыдэркъым, зы тхьэкIумэмкIэ йохьэри адреймкIэ йокIыж. И пащхьэ къитыр Ромэу къызыщигъэхъуну сыт хуэдизкIэ зэмыныкъуэкъужми, зыри къикIыркъым: Алим и пащIэ цIырхъыр и нэгум щоджэгури, Ромэ и нэкIу къабзэ дахэр абы и пIэ пхуигъэувэн! Зы мащIэщ иIэжар Румэ къыщиуду зэкIуэцIычу дыхьэшхыным. Зы махуэ губгъуэм щыкIуам хъыджэбз цIыкIухэм къаубыда пкIауэм и пащIитIыр зэрыхигъэлъэтамрэ иджыпсту Алим и пащIэ цIырхъыр зэрыдэлъеймрэ зэрызэщхьыркъабзэр и нэгу къыщIигъэхьэжри, ерагъкIэ зиIыгъащ, лъы къижыным хуэдэу и Iупэм едзэкъэжауэ.

Щымыхъужыххэм, Румэ «сэ апхуэдэхэм сыхэткъым», – жиIэри Алим къигъанэри къыIукIыжащ. «НтIэ, мобдеж къыппэплъэу щытым фэрэ фызэкIэрыIуауэ къыводжэдыхьри», – къыкIэлъидзащ Алими. Сыт мыгъуэр хищIыкIрэ абы а тIур «щIызэкIэрыIуам?..» «Сыт абы апхуэдизрэ къыбжиIар?» – къоупщI Ромэ, и нэщхъыр зэхэлъу. «ПщыхьэщхьэкIэрэ къыздэдгъэкIухь», – жи, щигъэпщкIуркъым зы

псалъэ Руми. Абы Ромэ жримыIэн щыIэтэкъым. ЗэраукIынур арауэ щытми, щибзыщIынутэкъым. ЗэрыщIыкIу лъандэрэ пэжыгъэр яку дэлът а тIум. Иджыпсту Ромэ къэгужьеящ. «Сэ-щэ?» – къыжьэдэхуащ абы, жиIам щыщтэжу. «Сэ уэращ сиIэр, Ромэ, – Iущэщащ Руми, и щхьэр къыдримыхьейуэ. – Сэ уэ зыращ сиIэри сиIэнури. Уэрыншэу зы махуэ сыпсэуфынукъым, Ромэ...»

... Румэ и щхьэр кIэрахъуэри, и IитIымкIи быдэу иубыдыжащ.

*Мы си Iэлъын цIыкIур, Ромэ,*
*Iэпэм ныIэрокI, си Ромэ, уей.*
*Си гум усхуимыкIыу,*
*Си псэм зиукIыжурэ,*
*Си нэчыхьыр ятх, си Ромэ, уей...*

... ЩIалэгъуэ, щIалэгъуэ... ГъащIэм и дыщэ плъыжь зэман. Ромэ ар фIыуэ къелъагъу, зыщIэхъуэпса насыпыр нэрылъагъу хъуащ. Насып, насып! Сыту ухуэета уэ мы Румэ, сыту уи нэфI щыхуа! ЕпщIанэ классыр къауха нэужь Тэрч Iуфэ кIуэри тхьэ зэхуаIуащ я насыпыр, я пIэщхьагъыр зы ящIыну. ДауикI, нобэкъым икIи ныжэбэкъым. Зэманыр къэсмэ, я ныбжьыр ирикъумэ. АпщIондэху зэгъусэнущ, зэрылъагъунущ, яку зыри къыдагъэхьэнукъым. «Нобэ жыпIэми сыхьэзырщ, – жиIащ Румэ, псым къыщыдэкIыжым. – Уэ уи псалъэр сэ си дежкIэ унафэщ, унафэуи щытынщ си гъащIэкIэ». «Сэри нэгъуэщIым а «нобэ» псалъэр жесIэнкъым, уэ укъэзгъанэу». «Ди цIэхэри зэщхьщ, дэ тIур дыкъызэрызэхуигъэщIар абыкIи пщIэнущ: – Ромэ, Румэ», – зыкъыкIэрекъузэ Румэ щIалэм. «Уи Алим дэнэ пхьыну?» – мащIэу погуфIыкI Ромэ, Румэ ар игу зэрыримыхьынур ищIэу. «Псэунщ, хъыджэбз цIыкIу куэдщ». «Тхьэ иIуауэ жаIэ, уэр фIэкIа цIыхубз и лэгъунэм щIимыгъэхьэну». «ХущIохьэ ар», – ину мэдыхьэшх насыпым итхьэлэ хъыджэбзыр.

Румэ жэмышу фермэм кIуащ. ЛIыгъэ зэрихьэнуи, гъащIэм иджыпсту къигъэув нэщэнэуи игу къэкIыртэкъым. Жэмыш IэщIагъэр зэрысабийрэ фIыуэ илъагъурт, итIанэ... «Университетым щхьэ умыкIуарэ?» – жаIэу и адэ-анэр къыщеупщIам, нехьэкI-къехьэкI хэмылъу яжриIащ: «Экзаменхэр схуэтынукъым, сыт абы сыкIуэу емыкIу зыкъыщIезгъэщIынур? Феплъ си тхылъым, зы «плIы» иткъым, «щы» защIэщ курыт еджапIэр къызэрызухар. Фэри щхьэ фызгъэукIытэн хуей, сэри си напэр щхьэ тесхыжын хуей. Си гуащIэм дэхуэнур злэжьынщи нэхъыфIщ». Жэм къэшыныр дэгъуэу Румэ и гуащIэм дэхуащ. Роми, и лъагъуныгъэм и Iуэху фермэм щызэтеува иужь, шофёру еджэну мазихкIэ Налшык кIуащ. Институт щIэтIысхьэфынут, и ныбжьэгъухэм нэхърэ нэхъ Iейуэ еджатэкъым, нэхъ гурыхуэхэм, щIэныгъэр зэхъулIэхэм ящыщу еджапIэм щалъытэу щытат, ауэ а псори щIищIар Румэт, абы пэжыжьэ хъуну, пэIэщIэу псэуну хуейтэкъым, «Шофёру къэзухмэ, шэ зэрызэрашэ машинэм сыдэтIысхьэнщи, фермэм сыщылэжьэнщ, Румэ и гъусэу», – арат Ромэ и гум илъыр. Гурылъ дахэт, гурылъ гъуэзэджэт, езыр зэреплъымкIэ.

Руми жэнэтым и курыкупсэм ист. Махуэхэр щыгъэтауэ, сыхьэтхэр ибжырт, махуэ и зы письмо къыIэрымыхьамэ, тридзэу Налшык кIуэныр и напIэдэхьеигъуэт. Апхуэдэу щIэщIауэ мылажьэу щытами кIуэну къыщIэкIынт, ауэ хэт укъиутIыпщынт, махуэ къэс жэмхэр тIэу къэшын хуеймэ? ЦIыхур ярикъуркъыми, фермэм и унафэщI дыдэм езым къеш, жэм гупышхуэ къищтауэ. Роми зэрылъэкIкIэ письмо къетх. МахуитI нэхъыбэ димыгъэкIыу къызэкIэлъеутIыпщ, лъагъуныгъэ, гуапагъэ, хуабагъэ защIэкIэ гъэнщIауэ. Сыту къаруушхуэ иIэ лъагъуныгъэм! Румэ щIылъэм еIусэркъым, лъагъуныгъэм и дамэ лъэщхэм уэгум яIэтащи. ЩIылъэ зэщIэгъагъэм и дахагъыр япэу илъагъу хуэдэ, вагъуэхэм я гъусэу къоплъыхь, и псэм хохьэ, и гум дохьэ. «Хэт и гугъэнт мы щIыр апхуэдизу дахэу, апхуэдиз епэр щызэщIэпщIыпщIэу, – кIэрекъузэ Румэ и бгъэм нобэ къыхуэкIуа письмор. – Сыту дахащэу гъагъэрэ сэтэнейр! Сэтэней дыдэщ: уардэу зэфIэту, нэщхъыфIэу зыкъызэIуихауэ, нэмысышхуэ зэрыхэлъым и нэщэнэу, и щхьэр мащIэу игъэщхъауэ, ауэ пагэу, лъагэу, адрей гъэгъахэм яхэмыгъуащэу, епэгэкI къыпфIэщIу. Сэтэней! Си насыпри уэ пхуэдэу цIыхум я хъуэпсапIэ хъуну пIэрэ, хьэмэрэ удзщIэжу щIым къытемыщу къэнэну пIэрэ? ЦIыхум и насыпыр езым и IэмыщIэм илъыжщ, жаIэ. Сэри си насыпыр мисыр, Ромэ и письморащ, еджапIэр къиухыху. ИтIанэ зы дыхъунщи...»

Румэ и нэр еуфIыщI. И нэгу къыщIегъэхьэ зы хъуа нэужь а тIур дахэу зэрызэдэпсэунур. Зэрымылъагъум зэхуэзэшу, щызэгъусэм псы яку дэмыжу...

*Мы си Iэлъын цIыкIур, Ромэ,*
*Iэпэм Iэробагэ, Ромэ, уей.*
*Мы си нэпIащхъитIыр*
*УэркIэ тебэгащи,*
*Хэт уи гугъу хуэсщIын, си Ромэ, уей...*

«Уэлэхьэ, и дэкIуэгъуэ зэрыблэмыкIри дощIэм, ауэ и шэгъуи нэмысауэ щыткъым», – зэхех абы адрей пэшым щызэпсалъэхэм я макъ. Румэ псынщIэу къыщолъэтри, бжэм и щхьэр кIэрелъхьэ, и тхьэкIумэр узу зэпсалъэхэм жаIэм йодаIуэ. Псалъэр Алим и адэ къуэш Хьэжбэчырщ. Сыт ар къыщIэкIуар? КъыщыкIуари сыт щыгъуэ? Хьэри бэнакъым, бжэIух макъи зэхихакъым... СыткIи зэхихынт, ар Ромэ и письмом итхьэкъуат, гъэр ищIат, зэхихыни илъагъуни мы дунейм теттэкъым. Хъыджэбзыр письмом еплъ щхьэкIэ, къеджэртэкъым, псалъэ къэс езы Ромэ и макъ дахэмкIэ къыжриIэу зэхихырт. Сытым хуэдэу гум фIэфIт ар, сытым хуэдэу псэм къедэхащIэрэт! Ромэ фIэкIа апхуэдэ макъ псэлъэкIэрэ зиIэ мы дунейм зы цIыху теттэкъым икIи тетынутэкъым.

«СщIэмэ, тхьэр согъэпцI, Хьэжбэчыр, бжесIэнур, – къоIу адэм и макъ щабэр. – Дэ иджыри къэс ди гущхьэ къэкIакъым ди пхъум и пIэщхьагъ хъуэжын Iуэху. Сабийщ, зиунагъуэрэ... ИтIанэ, сэ абы и унафэ сщIыну си пщэ къыдэхуэркъым, шынэхъыжь сиIэщ. Абы къищынэмыщIауэ, лъэпкъым ди нэхъыжьыр...» «Уэлэхьэ, тэмэмкIэ

жыпIэр, – къэтэджыжащ Хьэжбэчыр. – Дэ дызыхуеяр уэ уи гум илъыр къэтщIэну арати, тэмэму къыджепIащ. Узыншэу».

Румэ хуэмурэ унэ лъэгум ещэтэхащ. Зэхихар и фIэщ хъуркъым, а псори пщIыхьэпIэ къыфIощI. Зэуэ и щхьэр къыдрехьейри къыщолъэт, адрей пэшым щIыхьэу и адэ-анэм псалъэмакъ ярищIылIэну. Бжэкъум йопхъуэ, ауэ къызэщIоувыIыкIыж. Сыт яжриIэнур? Апхуэдэ IуэхукIэ и адэ-анэм епсэлъэн дэнэ къэна, игъащIэм щIалэ епсалъэу гурыщхъуэ къыхуэзымыщIа къэзылъхуахэм сыт напэр иIэу епсэлъэну? Ара, жаIэнкъэ, узэрыдгъэсар, уи нэмысыр здынэсыр?.. Сыт-тIэ хэкIыпIэу иIэр? И адэ къуэшым, лъэпкъым я нэхъыжьым гурыIуэрэ пIалъэ зэратмэ, хэт а Iуэхур зэтезыгъэувыIэжыфынур? Хэт апхуэдэ къару зиIэр?.. Ромэ! Ромэ и закъуэщ абы гугъапIэу иIэри, а Iуэхум пэлъэщынури. ТIысынщи письмо хуитхынщ. Иджыпсту, икIэщIыпIэкIэ, зы дакъикъэ зимыIэжьэу. КърекIуэжи унафэ ирырещI. КъэкIуэжрэ, иджыпсту нышIэкIи ди деж накIуэ, жиIэмэ, дэкIынщи кIуэнщ. ЩхьэпцIэу, лъапцIэу. Щыгъыни мылъкуи хуейкъым, Ромэ и гъусэ хъу закъуэмэ.

«Си плъапIэ закъуэу Ромэ! – етх абы, тхылъымпIэм нэпс пIащэхэр телъалъэу. – Нэпсым сетхьэлэ, гуIэгъуэм си псэр егъэхыщIэ, бэуапIэ къызитыркъым. «Сыт къэхъуар?» – жыпIэнщ уэ. Сыт къэмыхъуу къэнэжар, си Ромэ? Си гум идэркъым, си Iэм схуитхыркъым а къэхъуар, апхуэдизкIэ удын сызыпэмыплъащи. КъэкIуэж, си Ромэ. КъэкIуэжи, ди лъагъуныгъэм унафэ хуэщI. Уэ зыбгъэгувэмэ, нэгъуэщIхэм ар я IэмыщIэ иралъхьэнкIэ шынагъуэщ. КъепIэщIэкI, си гугъапIэ закъуэ, кхъуафэр толъкъун губжьахэм ирахьэжьэу щыкъуейуэ бгыжьэм щамыкъутэ щIыкIэ. Щыхъумэ ди насыпыр си закъуэ сызыпэмылъэщыну а къару ерум. Уи Румэ».

Псым ихьыр шхийм йопхъуэ, жаIэр. Румэ зыхь псым шхии телъу илъагъуртэкъым. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт и адэр а IуэхумкIэ къызэремыпсэлъэнур. Апхуэдэ хьэл адыгэлIым иIэкъым, ар и къуэ ирехъу, ар ипхъу ирехъуи, я пIэщхьагъ хъуэжын и Iуэху хилъхьэркъым. Лъэпкъым зы цIыхухъу исуу, абыхэм пхухыхьэнукъым адыгэлIыр. Хыхьэми, пхуэмыгъэзэкIуэжын напэтех хъунущ. Ар фIыуэ ящIэ икIи а хабзэр яIыгъыщ адыгэхэм. Румэ щIызэгуэпыр и анэрат. Щхьэ къемыпсалъэрэ, къемычэнджэщрэ? И жьэм псы жьэдэт хуэдэщ. Хъунщ, япэ зэманхэм пхъум и фIэфIымкIэ еупщIу щытакъым, ауэ иджы, ди зэманым, езы анэр укIытэми, и щхьэ тримылъхьэми, зыгуэр къигъакIуэу кърыгъэупщI хъунукъэ: «Румэ, мыпхуэдэу мы лъэпкъыр къыплъохъу, Алим ухуашэнуи, щIалэм фэрэ сыт фяку илъ, фызэрыцIыхурэ, фызэпсэлъа?» – жиIэу. СыткIэ ящIэрэ а тIум яку дунейр къутэжыху мыгъущыжын зэбиинығъэ дэлъми? Къэхъуркъэ апхуэдэ? Дапщэ ухуей.

УкIытэм текIуэри, езы Румэ анэм епсэлъэну мурад ищIащ. И адэр щыдэмыс зэманым хуигъазэри, анэм еупщIащ: «Дянэ, сыт мы Мэрзанхэ ди деж къэкIуэрей щIэхъуар?» Анэм и IитIыр и кIэпхын щIагъым щIигъапщкIуэри, и пхъум къемыплъу, жиIащ: «Плъагъуркъэ, тIасэ, къыплъохъу». «Ар дауэ, дянэ, – и нэпсым къызэпижыхьащ Румэ, – сэ сымыщIэу, сыхуеймы сыхуэмеймы фыкъызэмыупщIауэ... Сэ сиIэми фщIэркъыми щIалэ, псалъэ естауэ, тхьэ зэхуэтIуауэ». Анэм

и теплъэр зэкIуэкIащ, и натIэм пщIэнтIэпс къытрикIутащ. Абы и нитIыр, мыIэрысэ зырыз хуэдэ, къытетIысхьащ, и лъакъуэхэр щIэщIэри, шэнт щытым тетIысхьащ. «Ди тхьэ, – Iущэщащ ар, – сыт мыбы жиIэр зищIысыр? Сэ уэ убегъымбару къызолъытэ, уи гъащIэм щIалэ уи гупэр хуэбгъазэу уемыпсэлъауэщ зэрыжысIэр. КъызэрыщIэкIымкIэ...» Румэ и Iупэр IурешхыкIыж, нэпс пIащитI Iэпоху. «Зыуи къыщIэкIкъым, дянэ, – ирехьэх абы и щхьэр. – Сэ уи пащхьэ сыщыкъабзэщ, сыкъыщыплъхуа махуэм хуэдэу». Анэм и гур нэхъ тIысыжащ. «Ауэ, дянэ, – къыпищащ Румэ, – сэ Алим сыдэкIуэнукъым. Фэ Iуэхум фызэреплъынумкIэ фыхуитыжщ, ауэ сэ Ромэ псалъэ естащ. Тхьэ зэхуэтIуащ. Сэ тхьэр згъэпцIынукъым». Анэм и напщIэр хэлъэтащ. «Сыт мыгъуэ мыбы Ромэ жыхуиIэр, – къеплъащ пхъум анэр, и нэщхъ зэхиукIэри. – Лъэпкъкъым, къупщхьэкъым, зэ щитIэгъар илъэситхукIэ щыгъщ. ЛIо, факъырэу упсэуну нэхъ къапщтэу ара?» Румэ и щхьэр зэрыщыту пщтыр къэхъуащ. Анэм апхуэдэу щыжиIэкIэ, пхъум и унафэр ябзщ, ядри ягъэтIылъыжащ. Хъыджэбзым и акъыл жаным ар къимыубыду къэнакъым. «КъызгурыIуащ псори, – хьэлъэу щэтащ Румэ. – Ауэ мы зыр зэвгъащIэ: Алим сыдэкIуэнукъым. Сыфакъырэми нэхъыфIщ, слъагъу мыхъу сыдэпсэу нэхърэ. ЛIыгъэкIэ сефтыну жыфIэнщи, абы кърикIуэм фыхущIегъуэжынщ»...

*Мы си лэрыпс цIыкIур, Ромэ,*
*Ар къызэрощэщ, си Ромэ, уей.*
*Нэпсыр къещэщэхыу,*
*Си гур ищэщыхъурэ,*
*Алим къыщIашэж, си Ромэ, уей...*



... Румэ хуэмурэ къэтэджыжри пырхъуэ пкъом зыкIэригъэщIащ. КъыкIэрыхуа зырыз фIэкIа къэмынэу, адакъэхэм Iуэн щагъэтыжащ. Нэху щыным къэнэжа щыIэкъым. ТэрчкIэ къыдиху салъкъын къабзэр щIыIэкIэ дзакъэу щIидзащ. Ар Румэ и щIыфэм зыхищIэ щхьэкIэ, унэм щIыхьэжын пIащIэркъым. И гур хьэжэпхъажэщ. Щхьэ зригъэубыда мы гукъэкIыж къомым? СыткIэ хуей, блэкIар щхьэ къиулъэпхъэщыжрэ?.. Румэ зыри блэкIауэ къилъытэркъым. КъиулъэпхъэщыжынуиI абы зыри щыгъупщакъым. Ромэ хуиIэ лъагъуныгъэр абы и гум илъщ, и псэм хэлъ зэпытщ. Зы дакъикъэ псэуфынтэкъым нэгъуэщIу щытамэ. Ромэ, Ромэ... Щхьэ укъэгуват а пщыхьэщхьэм, щхьэи къыщIэкIат езы Руми? Мис, иджы и щхьэр фIеудыж, узыр зыхимыщIэу, пырхъуэ пкъом иреудэкI. КъыщIэмыкIыуи хъурэт, зэгурыIуат Ромэрэ абырэ. Жэщыр сыхьэтипщIым къыщIэкIыу, куэбжэм къыдэкIыну. Абдеж машинэр щытын хуейт. Румэ къыщIэкIащ щызэраухылIа пIалъэм. Куэбжэм къызэрыдэкIыу, машинэр къилъагъури, жэрыгъэкIэ бгъэдэлъэдащ. Бжэ къызэIуадзам зридзэри... Алимхэ я деж къыщыхутащ. Сыт напэншагъэ абы кърашIар? УтхьэусыхэкIи хэт и фIэщ ухъун, уэ укIуэу машинэм ущитIысхьакIэ? ЛъэщыгъэкIэ уахьакъым, залымыгъэ щыIакъым. Хэту пIэрэ Ромэрэ абырэ я щэхур нахуэ зыщIар, иIуатэу, Алим и благъэхэр къэзыгъэкIуар? Езы Ромэу пIэрэ? Хьэуэ, Ромэ апхуэдэ напэншагъэ ищIэнкъым, и лъагъуныгъэм епцIыжынкъым. НэгъуэщIым Румэ зы псалъэ жриIакъым, ар дзыхь зыхуищIыфын мы дунейм цIыху тет-

тэкъым. Сыт-тIэ иджы ищIэнур? ЛъэщыгъэкIэ къафIыдокIыж, унэм яфIокIуэж. Ар хэкIыпIэ? Апхуэдэу ищIми, сыт цIыхум къыхужаIэнур? «Яхьа» псалъэр къыпкIэрыпщIа нэужь, ар гъэкъэбзэжыгъуафIэкъым. Уэ нэхърэ нэхъ къабзэ цIыху щымыIэми, ублэкIыу укъалъэгъуамэ, Iэпэ къыпхуашийурэ жаIэнущ: «Феплъыт, мыстхэ я нысэу щытар блокIыр». Хэт и гум уихьэн, хэти и фIэщ пщIын.

Укъэзылъхуа дыдэм и фIэщ ухъунукъым. Аращ ижь-ижьыж лъандэрэ къызэрекIуэкIыр. Румэ игу къэкIыжащ я гъунэгъу Iэминат и гъащIэр зэхэфыщIа зэрыхъуауэ щытар. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, я благъэм къыздикIыжым, япхъуатэри яхьащ. Iэминат бзылъхугъэ ерыщт, жиIам пхутекIынутэкъым: жэщыбг фIэкIыху зэныкъуэкъухэри, зыкIи ягурымыIуэу, къафIыщIэкIыжри къэкIуэжащ. ЕтIуанэ махуэм хъыбарыр къуажэм хэз хъуащ. Зы хьэблэм дэкIмэ, нэхъри щIэгъэтхъауэ адрейм нэсырт. Iэминат и Iуэхур апхуэдизкIэ пцIым зэщIищтати, зэрахьам фIэкIа пэжу зы псалъэ хэлъыжтэкъым. Зэман дэкIри, жылэм нэхъ дахэ дыдэу дэс Iэминат къыщIэупщIэ имыIэж хъуащ, ишэну къепсалъэу щыта, а псори щIищIа щIалэми зигъэублэрэкIыжащ, «зыгуэрым я нысэу щыта сыхуейкъым», жиIэри.

МахуищкIэ Румэ и джий ерыскъы ехакъым. Псы Iубыгъуэ ирифакъым. Тхьэ иIуат, нэгъуэщI лъэмыкIми, шхын щхьэкIэ зигъэлIэжыну. И жьэр зэтратхъыу къыжьэдалъхьэн? АбыкIэ пэувми жэуап къритынщ. ХьэгъуэлIыгъуэр псынщIэу зэфIэкIамэ арат, цIыхум шхыныншэу зы тхьэмахуэ закъуэ фIэкIа хуэмыхьу жаIэ...



Нэчыхьытх жэщым, зэрыхабзэти, Румэ и адэ къуэшым и къуэмрэ и анэ дэлъхум и къуэмрэ къагъэкIуащ кърагъэупщIыну: уфIэфIу удэкIуа, нэчыхь тхылъ фиIэ, ефэндым уи нэчыхьыр щитхкIэ хэт уэчылу бгъэувынур? Румэ и Iупэ щхъуантIэхэр зэрыхъейр ерагъкIэ плъагъу къудейуэ Iущэщащ: «Уоу, ди тхьэ! Уэ уолъагъу псори, уэ псоми ущыгъуазэщ. СыдэкIуакъым сэ мыбы сфIэфIу. Уэчыли сиIэкъым икIи зы цIыху згъэувынукъым. Хэт и уэчыл, хэт и щыхьэт? Си адэмрэ си анэмрэ пхъу яхуеижу щытамэ, иджыри къэс зыгуэр къагъэкIуэнт, къызагъэупщIынт. Ди анэм ищIэжтэкъэ жесIар, щхьэ и фIэщ мыхъуарэ? ЛъагъуныгъитI щыIэкъым, си дэлъхуфIхэ, фыкIуэжи яжефIэж сэ си лъагъуныгъэр тIу зэризмыщIыкIыфынур. Хэт хуей апхуэдэ фэрыщIагъым, сыт си фейдэ мы унагъуэр къэзгъапцIэкIи, си щхьэр къэзгъэпцIэжкIи? ЦIыхур зэщ зэрыпсэур, абы ещхьыркъабзэу, зэщ и гурыщIэ нэсыр зэриIуатэри, зыщ зыхуиIуатэри. Сэ Ромэ еста псалъэм, хуэсщIа лъагъуныгъэм сепцIыжыфынукъым. ЦIыхум зэ лIэгъуэ къыщIэлъщи, сылIэм нэхъыфIщ, си сабиигъуэ лъапцIэм къыщыщIэдзауэ сыщIэпсэуа закъуэм сэрэ зы пIэщхьагъ дыщымыхъуакIэ»...

... Румэ и щIыфэр щIыIэм игъэтхытхри, и щхьэр пкъом къыкIэрихащ:

*Ах, си Ромэ, Ромэ.*
*Ах, си Ромэ цIыкIу мыгъуэ жи, уей.*
*Куэбжэм нэскIэ къакIуи,*
*Сэри сынэкIуэнщи,*
*КъакIуи сыдэшыж, си Ромэ, уей...*

... Нэху мэщ. Куэбжэр уолъагъу, ауэ ар зыми къыIуихыркъым. Махуэми жэщми зэрызехьахэр зэбгрыкIыжащ загъэпсэхуну. Дарихъан,

Алимхэ я гъунэгъу фызыр, макъ иригъэщIу пэгун къищтауэ IуэмкIэ макIуэ, зэчыр гуэр къигурымурэ. Уафэ лъащIэр нэщI хъуащ. Нэхъ ину къаблэу вагъуитI къинати, ахэри езэша, я жеин къэкIуа хуэдэ, упIэрапIэхэрт. Румэ а тIум йоплъ, и нэр тедияуэ. «Ромэ сэрэ хуэдэщ, – йогупсыс ар. – Зэпэжыжьэщ... ЗэпэжыжьэIуэщ. Зэи зэпэгъунэгъу хъунукъым, я гъащIэр апхуэдэу яхьынущ... Ар гъащIэ-тIэ? Хьэуэ, ар гъащIэкъым, жыхьэнмэщ. Упсэуху узыщIэбэгыу, узыхуекъуу, ауэ узэпэIэщIэу. Сыт и мыхьэнэ апхуэдэу къэбгъащIэми? Уи псэм уэху жимыIэу, уи гур хъуапсэ зэпыту, узыщIэхъуэпсыр нэгъуэщIыпIэ щыIэу, нэгъуэщI пIэ хэлъу... Сыхуейкъым, си псэм хуэхьынукъым апхуэдэ псэукIэ...»

Румэ пэшым щIыхьэжащ. Алим жейрт. НысащIэр щауэм щхьэщыхьэри набдзэгубдзаплъэу еплъащ. Алим пщIыхьэпIэ дахэ илъагъуу къыщIэкIынут: мащIэу пыгуфIыкIырт, сабий жеягъащIэм хуэдэу. «Мыбыи насыпыфIэу зелъытэж, – йоплъ абы Румэ. – Сэ си гъащIэм ириджэгури, и гур псэхужащ. И бгъэр къригъэкIыу нобэ цIыхухэм яхыхьэнущ, сэ сызэрыхуейм хуэдэу сщIынущ жысIатэкъэ, жиIэу. Плъагъуну къыщIэкIынкъым ар уэ...»

Унэм зыгуэрхэм щыIэуэлъауэу щIадзащ. Румэ щтауэ къыщIэжри, пщэфIапIэм щIэлъэдащ. Дапхъэм тет серчэр къипхъуатэри...

* * *

Румэ дунейм ехыжа нэужь, мазитI дэкIауэ, и адэр кхъэм кIуат, я къуажэгъу гуэр щIалъхьэрти. Зэрыхабзэти, кхъэм зэрыдыхьэу нэхъыбэр зэбгрыкIащ, я благъэ, Iыхьлы, цIыхугъэ мыбы щIэлъхэм я сынхэм Iэ далъэну, тIэкIу хуэнэщхъеину. Румэ и адэми и пхъум и сынымкIэ иунэтIащ. НысащIэр Мэрзанхэ я лъэпкъыр щыщIалъхьэ хабзэм дежт здагъэтIылъари, нэхъ жыжьэ укIуэцIрыкIын хуейт. ЛIыр нэмыс щIыкIэ, зэщIэувыIыкIри, и лъакъуэр зэблимыхыфу къэнащ. Румэ и кхъащхьэм сынитI тетт. «Тобэ Iэстофрилэхь, – Iущэщащ лIыр, – мыр дауэ, мыр сыт хьэлэмэт. Пэж дыдэу, сынитI тетщ мыбы и кхъащхьэм. Мыр сыт телъыджэ! Ди тхьэ, си нэм зыгуэр илажьэу къыщIэгъэкI».

Румэ и адэм и нэм зыри илажьэтэкъым. Кхъащхьэм, пэж дыдэу, сынитI тетт. Нэхъ гъунэгъуу щыбгъэдыхьэм, абы къилъэгъуащ щIэуэ хатIа мывэ сын щIыIэм зи нэкIур егъэкъуауэ кIэрыс Ромэ. Абы уIуплъэну шынагъуэт: щIалэм хэлъыж щымыIэу жэщIат, и жьакIэр мыупст.

– Мыр сыт, Ромэ, – къэуIэбжьащ лIыр, – мыбдеж щхьэ ущыс? Хэт мы сын етIуанэри зыгъэувар?

– А-а, – ерагъкIэ къызэтрихащ щIалэм и нэр, – укъэкIуащ. Зи бын зи IэкIэ зыукIыжар иукIа и быным и сыным Iэ дилъэну къэкIуащ.

– Апхуэдэу жумыIэ, Ромэ...

– НтIэ, дапхуэдэу жысIэм нэхъ къэпщтэну? – къызэфIэуващ Ромэ, ерагъмыгъуейкIэ. – Шынагъуэр а сэ жысIэракъым. Псалъэу щыIэм нэхърэ нэхъ шынагъуэр зэлIзэфызым фщIар къызэрывгурымыIуэжырщ. Хьэлэл хъуну пIэрэ фэ фи пхъум и псэм уасэ хуэфщIар? Ахъшэ, мылъку... Сыту фщIыжыну иджы а псори? Дауэ а фэ фызэрыщытымрэ адэ-анэр зэрыщытын хуеймрэ зэрызэвгъэкIуфынур? Сыту гущIэгъуншагъэ, нэхъей жумыIэнумэ. – Ромэ, дэпым хуэдэу плъыжь

хъуа и нитIыр иубыдыжри, зэщыджащ. – Сытым хуэдэу фIыщэу илъагъурэт гъащIэр Румэ. Абы къэкIуэну насыпыр игъэщIэращIэу щыжиIэкIэ, дамэ къытекIэрт, и къарур абрагъуэ хъурт. Ар зэи Iейм хуэплъэртэкъым, пщIэнтэкъым мыдрей цIыхухэм ещхьу: ищIэ хуэдэт пщэдей къэхъунур. Ажалыр шынагъуэкъым. Шынагъуэр – ар къызэрыпхуэкIуэ щIыкIэрщ. Уи щIалэгъуэу, уи дахэгъуэу, уи псэугъуэу уи мыажал къыпхуагъакIуэмэщ... Ари хэт къыпхуэзыгъэкIуар?.. М-м-м, сыт хуэдиз мурад дахэ здыщIихьа абы мы щIы фIыцIэжьым, сыт хуэдиз псалъэ гуапэ жимыIауэ и гущIэм щIэлъу здрихьэха. Ар пхужыIэнукъым, къэзыпщытэфыни щыIэкъым. Иджы сыноупщIынут: хэт абыкIэ къуаншэр? Дунейм ехыжар фэ къывэупщIыфынукъым, ауэ фхуэгъэгъущыжыну пIэрэ фи пхъум щIигъэкIа гуIэгъуэ нэпсхэр? Фэ ффIэкIуэдар, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, фызэхыхьэу вгъэкIуэдар, иджыри къывгурыIуэжыркъым, мыбы и гъусэу сэри мыбдеж сызэрыщIэфлъхьар фи гущхьэ къэкIыркъым. Щхьэ апхуэдэу фи гур щIыIэ, хьэкIэкхъуэкIэ пэткIэ и шырым тегужьеикIащ, сыту зы хуабагъэ гуэр фи быным щхьэкIэ хэмылъарэт а фи псэм?... ИтIани уэ укъокIуэ мыбы и сыным Iэ дэплъэну. Хуейкъым ар уи Iэ фIейхэм, укъыбгъэдэмыхьэ! Мы кхъэм цIыхуу дэтым сыкъеджэнщи, уи напэр тесхынщ, псори зэхэту.

Румэ и адэр куэдрэ Iэнкунащ, итIанэ, и щхьэр къыфIэхуауэ къигъазэри, хуэмурэ къежьэжащ. Иужь дыдэу и нэм къыфIэнар джафэу упса мывэ фIыцIэм дыщэпскIэ тетха псалъэхэрт: «Сэ уэ зыращ сиIэри, сиIэнури, Румэ. Уэрыншэу зы махуэ сыпсэуфынукъым».

Ромэ хуэмурэ зэфIэщIэхэжри, Румэ и фэеплъу мы дунейм къытена мывэ сын закъуэм и напэр кIэрилъхьэжащ. Зэуэ, щIалэр къэщтауэ, и щхьэр мывэм къыкIэрипхъуэтыжащ. Лъэныкъуэ псомкIи зиплъыхьри, къакIуэIауэ щимылъагъум, сакъыпэурэ и тхьэкIумэр мывэ упсам гъунэгъу хуищIыжащ. Ромэ наIуэу зэхихырт Румэ и уэрэд цIыкIур. Абы и макъ жьгъырур псэм къедэхащIэу къэIурт, ауэ Ромэ къыхуэщIэртэкъым къыздиIукI лъэныкъуэр.

ЩIалэм къыфIэщIырт макъамэм дуней псор зэщIиштауэ, абы фIэкIа зы макъи щымыIэжу.

Ромэ, блэ къеуа хуэдэ, и Iэпкълъэпкъыр хэлъэтри, аргуэру зиплъыхьащ. Иджы абы гурыIуэгъуэ дыдэу зэхихырт Румэ и уэрэдым хэт псалъэхэр:

*Дунейм дыщытетым, Ромэ,*
*Дэ дызэпэIэщIэт, Ромэ, уей.*
*Хьэдрыхэ мащэм зы дыщыхъужынутэм,*
*СолIэ жызмыIэнт, си Ромэ, уей.*

Ромэ кхъащхьэм зытриубгъуэри, и къару мащIэ къыхуэнэжам къызэрихькIэ кIиящ:

– Румэ-э-а-а-а! Ру-у-у...

Зэуэ дунейр кIыфI къэхъуащ, уридэкIуеиным хуэдэу уэшхым къыщIидзащ, пшэ фIыцIэжьхэм уафэхъуэпскIыр дыжьын Iуданэу къыхэлыдыкIри, уафэ лъабжьэр къигъачэу щыблэр уащ...

*ТхакIуэ Журт Биберд къызэральхурэ илъэс 80 ирокъу*





# ГЪАЩIЭМ И ПЭЖЫР И ГЪУАЗЭУ

Ди къэбэрдей литературэм 60-70 гъэхэм къыхыхьауэ щытащ зэчий зыбгъэдэлъ тхакIуэ, усакIуэ гуп. Абыхэм ящыщ зыт Журт Биберди. Абы иIакъым сабиигъуэ IэфI. Пасэ дыдэу, и ныбжьыр илъэс зыщыплI фIэкIа мыхъуу, и адэр зауэм хэкIуэдащ. И анэри абы зэрыкIэлъыпсэужа щыIэкъым – щIалэ цIыкIур илъэс 13-м хыхьа къудейуэ ехыжащ дунейм. И шынэхъыщIэр Нартан дэс я благъэхэм зрашэлIэжащ, езым зыщIыпIи яхуэкIуэн идакъым – къинащ и адэ лъапсэжьым.

Биберд пасэу гу хуищIат еджэным. ПэщIэдзэ классым щIэсу, зэгуэрым, и анэм ар тыкуэным игъэкIуат шыгъухьэ. ЗдыщIыхьам ЩоджэнцIыкIу Алий и усэхэр иту тхылъ щIэлъу щилъагъум, ехъуапсэри, къыищэхуащ. Абы итхэм я нэхъыбэр гукIэ зригъэщIащ. Адыгэ тхылъ къыпэщIэхуамэ, нэхъуеиншэу ар сыт щыгъуи щIиджыкIырт.

Ауэ еджакIуэ гурыхуэ цIыкIур апхуэдэу тхылъым зэрыдихьэхыр зыфIэмыфIи яхэтт и егъэджакIуэхэм. А лъэхъэнэм и гум дыркъуэ къытрадзауэ зэрыщытам, къыфIыдихужурэ, тепсэлъыхьыжырт Биберд. Урокым щIэсу, Шортэн Аскэрбий и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ зым дихьэхауэ еджэу здэщысым, егъэджакIуэр къэгубжьауэ къыбгъэдыхьэщ, тхылъыр къыIэщIипхъуэтри зэфIитхъат. Ар и гум апхуэдизкIэ щIыхьати, щигъэтыжым – къыщIидзэжурэ, тхьэмахуэ псокIэ гъауэ щытащ...

Етхуанэ классым щIэсу Биберд адыгэ газетым иригъэхьат хъыбар кIэщI цIыкIу. Ар традзауэ щилъэгъуам абы зы гуфIэгъуэ зэрихьэрти, псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизт. Апхуэдэу иригъэжьэри школыр къиухыху яхуэтхащ газетым. А зэманырщ тхакIуэ хъуну ныбжьыщIэр литературэм щыдихьэхар. Абы я школ библиотекэм адыгэ тхылъу щIэлъу хъуар щIиджыкIат. ЕджапIэм щыщIэсым ар щыджэгурт теплъэгъуэ цIыкIухэм. Абыхэм ящыщ зыбжани езым зэхилъхьат.

Курыт еджапIэр къызэриухыу ар я къуажэм щызэхэт колхозым щылэжьащ илъэскIэ. ИтIанэ щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь и мурадым и Iэр техуащ – зыщIэхъуэпс журналист IэщIагъэм ирилэжьэну Къэбэрдей-Балъкъэр радиом уващ. А IэнатIэм зэрыIута зэманым къриубыдэу Журтым лэжьыгъэшхуэ игъэхъеящ ди республикэм и тхакIуэхэм, усакIуэхэм, драматургхэм я IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэм радиом едаIуэхэр щыгъуазэ щIыным теухуауэ. Абыхэм нэмыщI, лъэпкъ культурэм зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIа цIыху щэджащэхэм ятритхыхьащ очеркхэр. А лъэхъэнэм Биберд игъэхьэзырауэ щыта нэтын купщIафIэхэм ящыщ куэд ноби щахъумэ радиом и «дыщэ фондым».

Журналисту щылэжьа лъэхъэнэрщ Биберд тхэн Iуэхум нэхъ кууу зыщритари. Абы щыгъуэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъеджэри критикэри гуапэу зыIущIа рассказ зыбжанэ: «Мэрэмэжьей», «Уэшх нэужьым», «Адэ лъапсэжь», нэгъуэщIхэри. Ахэр зытеухуар зауэ дыджым и Iэужьырщ. Зи цIэ къитIуа рассказхэр апхуэдизкIэ Iэзэу зэгъэпэща хъуащи, гум, псэм дохьэ, зэ уеджамэ зэман кIыхькIэ пщыгъупщэжыркъым.

Ди тхакIуэхэм мащIэ дыдэ фIэкIа яхэткъым зауэм темытхыхьа. Ауэ а Iуэхугъуэр гущIэм нэсу, псэм еIусэу, малъхъэдисым хуэдэу узыщIишэу къэзыгъэлъэгъуэфар зырызщ. Мис а мащIэм яхэтщ Биберди. Ар тхакIуэм къыщIехъулIар, дауи, и сабиигъуэр а зэман дыджым зэрыхиубыдарщ, абы и мафIэ лыгъэм и сабиипсэр зэрилыпщIарщ. «Мэрэмэжьей» рассказыр зытепсэлъыхьыр зи закъуэу къэна адыгэ фызыжьщ – абы и къуэхэр хэкIуэдащ а мафIаем. Плъагъум хуэдэу уи нэгум къыщIоувэ нанэри, куэд щIауэ цIыхуIэ зэмыIуса и унэ лъэбышэ цIыкIури, удзыжьым зэщIищта и хадэри. Пэжщ, хьэблэдэсхэр зэрахузэфIэкIкIэ дэIэпыкъуэгъу къыхуохъу фызыжьым. Ауэ псоми я щхьэр я лажьэщ, хэт апхуэдизрэ пхузэрихьэн хадэр? Куэд щIат анэм и псэр фIэмыIэфIыж, дунейм ехыжыну и нэ къикI зэрыхъурэ, ауэ фызыжьыр ажалым щыблэIуш хуэхъу къару нэрымылъагъу гуэрым

иIыгът. А къарур нэхъри зыгъэбатэр и щIалэхэм языхэз къэкIуэжыну фIэщхъуныгъэ къезыт гугъэ тIэкIурт. «Мэрэмэжьейм» ещхьу гукъинэжу, уи псэм дыхьэрэ гущIэ лъапсэр къызэригъэдзэкIыу тха хъуащ «Адэ лъапсэжь», «Уэшх нэужьым» рассказхэри.

ЩIэджыкIакIуэр гуапэу зыIущIа рассказхэм къакIэлъыкIуащ тхыгъэ нэхъ пIащэхэм ящыщ «Си сабиигъуэм и бжьэпэ» повестыр. Си щхьэкIэ 70 гъэхэм дунейм къытехьа тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэм ар ящыщу къызолъытэ. Си закъуэкъым апхуэдэу егупсысыр – университетым къыщызедеджэхэм я нэхъыбэм ар хуабжьу гунэс ящыхъуауэ щытащ. Махуэ псом губгъуэм уилэжьыхьарэ уи Iур игъущIыкIауэ, псынэпс щIыIэ уефэмэ сыт хуэдэ гухэхъуэгъуэ, гупсэхугъуэ бгъуэтынур? Апхуэдэу къысщыхъуат «Си сабиигъуэм и бжьэпэ» повестыр. Айтматовым и «Джамиля»-м и ужькIэ а повестым хуэдэу си гур хьэщыкъ зыщIа тхыгъэ срихьэлIатэкъым а лъэхъэнэм.

Зи гугъу тщIы тхыгъэм и лIыхъужь нэхъыщхьэр Шэрэджыкъуэ Хьэмидщ. Абы и бзэкIэщ авторым псори къызэрыджиIэри, зэрыдигъэлъагъури. Повестым ущеджэкIэ шэч уощI, ярэби, мыр зытепсэлъыхьыр езы тхакIуэм и гъащIэ гъуэгуанэр армырауэ пIэрэ жыпIэу. Апхуэдэу щытми, дэтхэнэ зы тхакIуэми усакIуэми и къекIуэкIыкIар гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ зыщIыр ар художественнэ IэмалхэмкIэ къызэриIуэтэж щIыкIэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, «Си сабиигъуэм и бжьэпэр» хуабжьу къулейщ. Тхылъыр къызэгуэпхрэ еджэн щIэбдзамэ, и кIэм нумыгъэсауэ пхузэгъэтIылъэкIыркъым, и бзэкIи, и сюжет шэщIыкIэмкIи, персонажкIи апхуэдизкIэ удихьэхыу зэгъэпэща хъуащи. Повестым и щIэдзапIэм наIуэ мэхъу ар зи Iэдакъэ къыщIэкIам щалъхуа и жылэжьыр егъэлеяуэ фIыуэ зэрилъагъур. Тхыгъэм укъыщеджэкIэ уигу къокI: зи къуажэжьым, абы дэс цIыхухэм теухуауэ апхуэдэу дахэу зытхыфынур, апхуэдиз гуапагъэрэ IэфIыгъэ мыкIуэщIыжрэ хэлъу абыхэм ятепсэлъыхьыфынур гу къабзэрэ псэ хьэлэлрэ зиIэ цIыхурщ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъырщ. Апхуэдэ цIыхут икIи тхакIуэт Биберд.

Повестыр зытепсэлъыхьыр зауэ лъэхъэнэ дыджырщ. ЦIыхухъуу жылэм дэсыр фронтым щыIэщ, закъуэтIакъуэххэ фIэкIа къэмынэу. Лэжьыгъэ псори лIыжь-фызыжьхэм, цIыхубзхэм, зи Iэпкълъэпкъыр зэрымыубыда ныбжьыщIэхэм я пщэ къыдэхуащ. Тхыгъэм и кIыхьагъкIэ кIуэцIрокI Хьэмид и образыр – ар щIалэ цIыкIуу дегъэцIыхури, зэман гугъум, хьэлъэм икIи дыджым хуэм-хуэмурэ ипсыхьурэ лIы нэс зэрыхъуар Iэзагъышхуэ хэлъу ди пащхьэ кърелъхьэ. Повестым узыщрихьэлIэ цIыхухэм я теплъэ, я гупсысэкIэ, я псэлъэкIэ, я дуней тетыкIэ яIэжщ. Хьэмид и образым емыфIэкIмэ, зыкIи ефэгъуэкIыркъым Елбахъсит дадэ ейр. Хуабжьу удихьэхыу, уи фIэщ хъууэ Биберд ди нэгум къыщIегъэувэ лIыжьым и дуней тетыкIэр. Елбахъсит гъащIэ гъуэгуанэшхуэ къызэзынэкIа цIыхущ. ГъащIэм и гъуэжькуийм сыт хуэдизрэ игъэкIэрэхъуа дадэр, зэрыхьзэрий мащIэм хэхуа, – пащтыхьым и зэманри, революцэри, колхоз жаIэу цIыхур баштекъузэкIэ щызэхуахусари, нэмыцэр къыщыкIуари. Ауэ сыт хуэдэ лъэпощхьэпо Iумыуами, адыгэлIу, цIыху хуэдэ цIыхуу, псэ къабзэу, нэгъуэщIхэм сэбэп зэрахуэ-

хъуным хущIэкъуу и гъащIэр кърихьэкIащ. «Хьэблэ псом гурыфIыгъуэу яIэр дадэрэ сэрэщ, – жи повестым хэт лIыхъужьым, Хьэмид, – хьэуэ, сыщыуэрт, ди шыд Псэбыдэ хуэдэу ялъагъурэ абы пащIынрэ жылэ псом зы псэущхьи дэткъым». ГушыIэ тIэкIу щIэлъу къыпфIэщIми, абы и псалъэм пцIы лъэпкъ хэлъкъым. Пхъэгъэсын е мэкъу Iэмбатэ къашэнуми, хьэблэм яIэр а зы шыдырщ.

Пэжыр жыпIэмэ, повестым и напэкIуэцI нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ Елбахъсит къыщыгъэлъэгъуахэр. Псом хуэмыдэу гукъинэжщ ар дунейм ехыжын ипэ уэсят папщIэу Хьэмид къыжриIэжхэр, и чэнджэщхэр. КъигъэщIэнур къигъэщIат дадэм, игу къеуэртэкъым щIылъэр къызэрибгынэр. И псэр зыгъэхыщIэр зыт – и къуэхэр и кхъаблэм зэрыщIэмытынурт. Ахэр ихьат зауэжьым...

КъищынэмыщIауэ, тхакIуэм и ехъулIэныгъэу убж хъунущ гурымыкъыжьу, цIыху дыджыжьу зи дунейр зыхь мэзхъумэ СултIан, жылэм я ауан Хьэцу цIыкIу (ауан ящIми, цIыху псэ къабзэщ), шэщIэхум хъыбарыщIэ щызыIуэтэн зи щIасэ КIутIэ, Хьэмид фIыуэ илъагъу Розарий, къуажэр зыщх колхоз тхьэмадэ ХьэцIыкIу сымэ я образхэр.

«Си сабиигъуэм и бжьэпэм» къыкIэлъыкIуащ Журтым «Гъатхэ пасэ» зыфIища повестыр. Инкъым а тхыгъэр. Апхуэдиз хъууэ рассказ урохьэлIэ. Повестыр мыпхуэдэу къыщIедзэ: «Гъатхэм и дахэгъуэт, лъагъуныгъэм и уэрыгъуэт. Сэ си гъунэгъу хъыджэбзым сегуэкIуэжат». Тхылъеджэм дежкIэ гурыIуэгъуэщ адэкIэ къэхъуну Iуэхугъуэхэр гъэщIэгъуэну зэрыщытынур. ИкIи, пэж дыдэу, тхыгъэм плъэмыкIыу узыIэпешэ «мыр зиужь итыр къехъулIэну, модрейм и Iуэхур дауэ иухыну пIэрэ?» жыпIэу. И кIэм унэджысысыхукIи тхылъыр зэзгъэтIылъэкIарэт жыпIэркъым.

КIэщIу дыкъытеувыIэнщ повестыр зытеухуам. Зы хьэблэм дэс, зы классым щызэдеджэ Баширрэ Радимхъанрэ я псэр зы чысэм илъщ. АрщхьэкIэ хъыджэбзым и адэ Мэтджэрий хуейкъым щIалэ зеиншэ IэщхьэпцIанэр малъхъэ ищIыну. Ауэ псыдзэ къиуам упэлъэщын, къуршыщхьэм къыщежьа уэсукхъуэр къыпхуэгъэувыIэн, дауэ ящIми, фIыуэ зэрылъэгъуаитIыр зэрошэ. Мэтджэрий къогубжь, хъийм икIауэ сабэр дрепхъей, куэдрэ иримыгъэсуи и пхъур кърешыж...

И щхьэгъусэр трахыжа нэужь, Башир Мэзкуу макIуэри еджапIэ нэхъыщхьэ щIотIысхьэ. Ар щежьэм и гъунэгъу лIыжь Мудар мыпхуэдэ чэнджэщ кърет: «ЕджапIэ сокIуэ жыпIэу чыхум ухэмыхьэж, хыумыгъэкIуэдэж уи адэ лъапсэжьыр, ущалъхуа жылэжьыр зэи умыбгынэ...» Ауэ Урысейм къикIыжу Башир я къуажэм къыщыдыхьэжыфар илъэсибгъу дэкIа нэужьщ. Пэжыр жыпIэмэ, мыбдежым тIэкIу уигу йобгъэ лIыхъужьым. Дауэ хузэфIэкIа гукъуэпскIэ зыпыщIа и хэкужьым, и жылэжьым апхуэдиз зэманкIэ къэмыкIуэжыну? И псэм хухэмыхыу игъэлъапIэ, фIыуэ илъагъу Радимхъани, и гъунэгъухэми, и къуажэгъухэми япэIэщIэу дауэ псэуфа?

Бланэ щалъху мэкIуэж, жи. КъэкIуэжащ Башир и урыс щхьэгъусэр щIыгъуу. ФIыуэ илъагъу Радимхъан-щэ? ТхакIуэм псори ибз-иду игъэтIылъыжыркъым. АдэкIэ Iуэхур зыхуэкIуэнур езы тхылъеджэм

«нретхысыж» жыхуиIэу къегъанэ. Ар художественнэ литературэм и хабзэхэм ящыщ зыщ.

ПсалъэжькIэ, псалъэ шэрыуэкIэ къулейщ «Гъатхэ пасэр», тыншу укъоджэ. Ар зыхуитхар щIалэгъуалэраци, тхакIуэм и мурадыр къехъулIауэ жыпIэ хъунущ.

Журтым и ещанэ повестыр, «Адэжь лъапсэ» зыфIищар, зытеухуар зауэ лъэхъэнэм ди цIыхухэм ятелъа хьэзабырщ. Зэман кIыхь къызэрызэщIиубыдэм, лIыхъужь нэхъыщхьэу куэд зэрыхэтым тхыгъэр романым и бжаблэм ирегъэувэ. Ауэ, ухуеймэ, повесть, хьэуэ жыпIэрэ роман фIэщ, псом ящхьэр ар авторым къызэрыббгъэдилъхьэрщ. Си щхьэкIэ «Адэжь лъапсэр» Биберд и IэдакъэщIэкI тхыгъэ пIащэхэм я курыхыу собж. Гукъинэжщ тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуа цIыхубз гупыр. ЯлIхэр зауэм щыIэщ, езыхэр жэщ-махуэ жамыIэу губгъуэм итщ. Iэзагъышхуэ хэлъу тхакIуэм зэпкърех Фаризэт, НэфIыцIэ, Сэма, Зэбинэт, Сырыхъу, Нажмудин, Мурид, пощтзехьэ Тазрэт сымэ я образхэр. Ауэ а псоми йофIэкIыж Мэржэнэт ейр. ИгъащIэ лъандэрэ пцIыху фIэкIа умыщIэну, а бзылъхугъэр уи нэгу къыщIоувэ.

... Зауэр еухри илъэс зыбжани докIыж. И персонажхэм ятетхыхьу Биберд мыпхуэдэу жеIэ: «Сыту жьыфэ къытеуа НэфIыцIэ! Сэмаи и щхьэцыр уэсу къетхъухащ. Сытым игъэдэхэн-тIэ ахэр? Сыт ялъэгъуа абыхэм гъащIэм и IэфIу? НэфIыцIэрэ Сэмарэ ноби я цIэр фызабэщ. ТIури хунэсакъым быни ягъуэтыну, тIуми тэмэму ящIэркъым щхьэгъусэр зищIысри...»

Апхуэдэ сатырхэм укъеджа нэужь, уи нэгу къыщIэмыхьэнкIэ Iэмал иIэкъым зи щхьэгъусэхэм гу щахуэну хунэмысу зауэм зыIэщIиха, ди жылагъуэхэм ноби узыщрихьэлIэ фызабэ тхьэмыщкIэ жьы дыдэ хъуахэр.

Повестым и напэкIуэцI нэхъ гукъинэжхэм ящыщщ тхылъым и кIэухыр: «... Дунейм и дахэгъуэщ. Дей гуэрэнымкIэ здыкIуэцIрыкIым Нажмудин маплъэри къелъагъу мэз адакъэ телъыджэ. Хуэм-хуэмурэ а щIыпIэм мэз адакъэхэр, мэз джэдхэр щызэхуос. Мо псэущхьэ дахащэхэм дихьэхауэ щIалэр еплъу здэщысым фоч уэ макъ къоIу, ... къоIури ... щакIуэм и фоч угъурсызым егъэн псэ дахэ».

Нэхъ иужьу Биберд и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхыгъэ пIащитI – «Гъуэжькуий», «Унагъуэ» романхэр. «Гъуэжькуиймыр» къызэщIеубыдэ лъэхъэнэшхуэ – революцэм и пэм къыщыщIэдзауэ зэгуэр къэралышхуэу щыта СССР-р къутэжыху. Ауэ романыр нэхъыбэу зытепсэлъыхьыр революцэм ипэмрэ граждан зауэмрэ я илъэсхэрщ. Тхыгъэм узыщрихьэлIэ персонажхэм я нэхъыбэр фIыуэ къехъулIащ Журтым. Абыхэм яIурылъщ адыгэбзэ къабзэ, бзэ шэрыуэ. Гунэс пщохъу, уи пащхьэ къитым хуэдэу уи нэгу къыщIоувэ лэгъупэжь Елбэздыкъуэ лIыжьыр, Мыхьмуд ефэндыр, цIэ лейуэ ПIытIыкъ зыфIаща щIалэ цIыкIур, къуажэ советым и тхьэмадэ Мурид щхьэхуещэр, лIы еру Вындокъуэ ФIыцIэ, пщы Къасым, адыгэ пщащэ нэсым хэлъын хуей щэн псори зыдэплъагъу НэфIыцIэ сымэ. Псом хуэмыдэжу телъыджэ хъуащ Елбэздыкъуэ и образыр. ЛIыгъэри, пэжыгъэри, цIыхугъэри,

гущIэгъури – адыгэм яхэлъ хьэлыфI псори абы и деж щызэхуэхьэсащ. Сыт хуэдэ лъэпощхьэпо Iумыуами, Iуэху мыщхьэпэ хэмыхуами, Елбэздыкъуэ япэ иригъэщыр напэрщ, цIыхугъэрщ, адыгагъэрщ, захуагъэрщ. Аращ абы жылэ псом пщIэ къыщIыхуащIри, я чэнджэщ щIрахьэлIэри.

Апхуэдэу Биберд и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Щхьэм имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ», «УкъулыкъущIэнумэ, къеблагъэ» пьесэхэр, «Ажэкъуэ» повестыр, дунейм ехыжыным куэд имыIэжу итха, «Шыдыгъу» зыфIища рассказыр. Радиом и «дыщэ фондым» хэлъщ Журтым и псалъэхэр щIэлъу яуса уэрэд зыбжанэ.

Литературэм и жанр, и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм ар хуэижьу зэрыщытам и щыхьэтщ нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIа тхакIуэ щэджащэхэм я IэдакъэщIэкIхэр дэгъуэу зэрызэридзэкIар. Къапщтэмэ, Толстой Алексей, Шолохов Михаил, Айтматов Чингиз, Карим Мустай сымэ я тхыгъэхэр ди бзэм дахэу къригъэтIэсащ.

ФIы куэд уигу къэбгъэкIыжыфынущ Биберд и дуней тетыкIам, и цIыху хэтыкIам, хьэл-щэн хэлъам теухуауэ. Ар ящыщтэкъым къулыкъу лъагэ зыIыгъхэм зи щхьэр яхуэзыгъэщхъхэм, и унафэщI дыдэрауи щрырет, игу иримыхьын гуэр дилъэгъуамэ е дищIэмэ, и щхьэ течауэ жриIэфынут.

Гу къабзэ, псэ хьэлэл зиIэ цIыхуу Биберд дунейм зэрытетар фIыуэ ящIэж ар зыцIыхуу щыта псоми. Зыгуэрым фIы къехъулIамэ, и щхьэм къылъыса хуэдэ, щыгуфIыкIырт. Псом хуэмыдэу, Iыхьэлейуэ, абы и гуапэ хъурт литературэм гу хуэзыщIа щIалэгъуалэм зыгуэр къайхъулIэмэ. ЗахуигъазэртI ехъуэхъурт, рецензэ итхырти адыгэ газетым, журналым къытрыригъадзэрт.

Къэбэрдей литературэр уи нэгу къыщIэгъэхьэгъуейщ Журтым и роман, повесть, рассказ гъуэзэджэхэр хэмыту. Шэч хэлъкъым абы и тхыгъэ купщIафIэхэр ди лъэпкъ прозэм хэлъхьэныгъэ нэс зэрыхуэхъуам.

**МЫЗ Ахьмэд,**
*тхакIуэ*

ЖУРТ Биберд

# ГЪУЭЖЬКУИЙ

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

Ауащ-Джэрджий адыгэ къуажэжьым дэс лIакъуэлIэш Елджырокъуэ Елмырзэ фыз къишэу унагъуэу тIысыжа нэужь, илъэсиблкIэ бын игъуэтакъым. Илъэсибл дэкIауэ щIалэ цIыкIу къыщыхуалъхум, пасэм адыгэхэм зэращIу щытам хуэдэу, къану иту иригъэпIыну мурад ищIащ. А хъыбарыр псынщIэ дыдэу жылэм зэлъащIысащ, уеблэмэ нэгъуэщI къуажэхэми нэсащ. ЗэлъащIысащ, Ауащ-Джэрджий жылэжьым и мызакъуэу, Къэбэрдей псом нэхъ лIыгъэ зиIэхэм ящыщ зыуэ Елджырокъуэ Елмырзэ къалъытэрти. Хъыбар зэрыIуу щIидзащ цIыхухэм пыIэгъуэ къезымыт гупсысэшхуэм: «Хэту пIэрэ, ярэби, Елмырзэ и щIалэр дзыхь зыхуищIынур?»

ЛIакъуэлIэш щхьэкIэ, Елджырокъуэм пщы куэдым нэхърэ нэхъ фIэлIыкI иIэт. Арауэ къыщIэкIынут и жагъуэгъури щIэмынэхъ мащIэр. Дауи ирехъуи, Елмырзэ и щIалэр зриту зригъэпIыну зыхуагъэфащэхэм я бжыгъэр махуэ къэс нэхъыбэ хъу зэпытт. Нэхъ кIэлъыкIуэ-кIэлъыжэу щытхэмрэ нэхъ и ныбжьэгъухэмрэ, зэрымыщIэу, ягурэ я щхьэрэ зэтелът, сабийр езым фIамыхыну. А хъыбарыр щызэхихым, псом хуэмыдэжу абы щыгугъар Ауащ-Джэрджий пэмыжыжьэу щыс Вагъэдзыкъуэ жылэшхуэм щыпсэу щакIуэ цIэрыIуэ Вындокъуэ ФIыцIэт. Абы, мы дунеишхуэм зы псалъэ къытримыгъэхьэу, атэлыкъ зэрыхъунум зыхуигъэхьэзыру щIидзащ. Атэлыкъыгъэр къыхуагъэфэщэну щхьэусыгъуи иIэт: цIэрыIуэт, лIыгъи хэлът, къищынэмыщIауэ, Елджырокъуэ Елмырзэ нэхъ кIэлъыкIуэ-кIэлъыжэхэм ящыщу абы нэхъыфIу илъагъухэм езыми захибжэрт. А псори хэбдзын хэмылъу пэжт. Ауэ Вындокъуэ ФIыцIэ къимылъытэжар зыт: езым имыщIэжу псоми къыдагъуэ хьэлырт – зэрыпцIыIуэпцIышэрт. Ар Елджырокъуэм зыми хуимыдэн икIи хуимыгъэгъун хьэлт. Ар зэрысабийрэ ягъэсат цIыхум пщIэ хуищIу, зэи нэгъуэщI имыгъэикIэу, езыр ягъэикIэуи имыдэу. Елмырзэ дежкIэ къулей, къулейсыз щыIэтэкъым, цIыхур цIыхут. Апхуэдэу, зэрысабийрэ илIыкIырт пцIы зыупсымрэ бзэгу зезыхьэмрэ. Ахэрт ар зыгъэ-Елджырокъуэ Елмырзэри. Ар, шэч лъэпкъ хэмылъу, хуейт и къуэ закъуэри апхуэдэу къэхъуну.

Вындокъуэ ФIыцIэ зыкъомрэ ибзыщIа щэхур, къыфIэмыIуэхукъыфIэмыIуэхуу, ефэ гуп хэсу зыкIэщIиутIыпщыкIащ. Апхуэдэу щIищIами щхьэусыгъуитI иIэт: япэр икIи нэхъыщхьэр Елмырзэ и къуэм ар атэлыкъ зэрыхуищIым и хъыбар Елмырзэ къызэрыримыгъащIэрт, етIуанэр, ари япэм нэхърэ зэрынэхъ цIыкIу щыIэтэкъым, и псалъэр цIыхум къазэрыщыхъур игъэунэхужынырт, абыкIи и къуажэгъухэм я гум къыхуилъыр зригъэщIэнырт. Вындокъуэм «къыжьэдэхуар» Вагъэдзыкъуэ жылэшхуэм зэуэ дэз хъуащ. Дэз хъуам къыщымынэу, арат къуажэм хъыбару дэлъыжыр. ЦIыхухэм я щхьэр якъутэжырт, хэти хьэкъыу и фIэщ хъурт Елджырокъуэ Елмырзэ и къуэр Вындокъуэм фIихыу нэгъуэщIым зэрыримытынур, ауэ

ар языныкъуэхэми ядэртэкъым. «Елджырокъуэ Елмырзэ, делэ мыхъужамэ, и сабий закъуэр Вындокъуэ ФӀыцӀэ дауэ дзыхь къыхуищӀын?» Апхуэдэу зи гугъэхэмрэ япэрейхэмрэ зэпубжмэ, къэщӀэгъуейт бжыпэр зыубыдынур. Япэхэми етӀуанэхэми лӀитӀри мыхуэмыхуу яцӀыхурт. Ауэ аратэкъым гъэщӀэгъуэну абы хэлъыр, атӀэ, лъэныкъуитӀми сыт жамыӀами, гупсэхуу ФӀыцӀэ зэрыӀэрыхьэжырт. АпщӀондэхукӀи ар хъийм икӀырт, къалъхуа щӀалэ цӀыкӀури къезыгъэлъхуа и адэри щӀыкъатиблкӀэ кӀуэцӀригъэхуну хьэзырт.

Дауи, а псалъэмакъыр Аущ-Джэрджий нэмысыжу къэнакъым. Вындокъуэ ФӀыцӀэ и псалъэхэр щызэхихыжым, мащӀэу и пащӀэкӀэ щӀэгуфӀыкӀри, Елджырокъуэм мурад ищӀащ икӀэщӀыпӀэкӀэ и къуэр атэлыкъым ириту псалъэмакъ къекӀуэкӀхэр игъэбэяуну. Апхуэдэуи ищӀащ. Елмырзэ и щӀалэ цӀыкӀум атэлыкъыу къыхуигъуэтари щакӀуэт, ФӀыцӀэ нэхъри зыкӀи нэхъ лъэрымыхьтэкъым, къыфӀэбгъэкӀмэ куэдкӀэ ефӀэкӀырт, тӀэкӀу нэхъ хуэмыщӀауэ зэрыпсэур къыумылъытэмэ. Ар щызэхихым, ФӀыцӀэ игу фӀы щыщӀэнт, щыщӀакъым, уеблэмэ мурад быдэ ищӀащ: «Алыхьым жиӀэмэ, Елджырокъуэ Елмырзэ, сэ а уи къуэм ущызгъэгуфӀыкӀынкъым!».

Елджырокъуэ Елмырзэ и щӀалэм атэлыкъ хуищӀа Къэрэщей Къурмэн и Ӏэдэбагърэ и акъылыфӀагъкӀэ къэзымыцӀыхурэ пщӀэ къыхуэзымыщӀрэ Шэрэдж аузым зы жылагъуи щыбгъуэтынтэкъым. Елмырзэ игу къеуэр зы закъуэт: Къэрэщей Къурмэн бын зэримыӀэрт. Уегупсысыпэмэ, ари Ӏуэху джэгутэкъым, щӀалэр тӀэкӀу игъэфӀэӀуэнкӀи утегузэвыхь хъунут. Елмырзэ и къуэр къану къызэрыхуигъэфэщар щызэхихым, Къурмэн хуабжьу щыгуфӀыкӀащ, икӀи къэгузэващ, «къызэрысщыгугъым хуэдэу, игурэ и псэрэ дыхьэу схуэмыгъасэмэщэ?» – жыхуиӀэу. Ар зэхэзыхахэм зэрагугъам хуэдэу, Къурмэн и къаным зытримыфыщӀэжу икъусыкъужкӀэ Ӏэдэбу, ауэ екӀуу иригъэблэгъащ. Ар зи нэгу щӀэкӀахэми быдэу я фӀэщ хъуащ Елджырокъуэ Елмырзэ и щӀалэм хуэфащэ атэлыкъ къызэрыхуигъуэтар. А хъыбарри Вындокъуэ ФӀыцӀэ деж нэмысу къэнакъым, нэсри, нэхъри къигъэгубжьащ.

Къигъэгубжьу къэнэжакъым, и пщӀэри и щӀыхьри хэутэн Къэбэрдей псом я деж щищӀауэ къилъытэри, илъ ищӀэжыну быдэуи игу ирилъхьащ. Елмырзэ и щӀалэ закъуэм щимыгъэгуфӀыкӀыну мурад зэрищӀари имыбзыщӀу зыкӀэщӀиутӀыпщыкӀащ. Зы жьэм жьэдыхьэр жьищэм жьэдохьэ жыхуаӀэрати, а псалъэмакъри Елджырокъуэм лъэӀэсыжащ. ЛъэӀэсыжри, гуауэу и гум ешыкъылӀащ, арщхьэкӀэ ӀейкӀи фӀыкӀи зы цӀыхум зыкъригъэщӀакъым: «Къэгубжьамэ, жиӀащ, теужынщ», жыхуиӀэу. Зэман дэкӀри, а псалъэмакъыр цӀыхуми ящыгъупщэжащ, езы Вындокъуэ ФӀыцӀэ фӀэкӀа къэмынэу. ЯӀэщӀэхужащ, илъэс зыкъом дэкӀа нэужь щӀэрыпсу къэхъеижыну, Къэбэрдей псом зэлъащӀысауэ гуауэшхуэ къикӀыну.

ЦӀыху гъащӀэр сытым щыщ, зэманыр шэ икӀауэ псынщӀэу макӀуэ. И зэманыр къэсри, Къэрэщей Къурмэн и къаныр зейм хуишэжыну зигъэхьэзыру щӀидзащ. А хъыбарри зэлъащӀысащ цӀыхухэм, абы теухуауэ псалъэмакъ Ӏэджи къежьащ. Къаныр щашэжынум зыхуагъэхьэзырырт Шэрэдж Ӏуфэ Ӏус жылагъуэ псоми. АрщхьэкӀэ лъэпкъитӀым зэраухылӀа пӀалъэр къэмысу, Къурмэн и щхьэгъусэр, щӀалэ цӀыкӀур

зыпIа фызыжьыр, дунейм ехыжащ. Абы къыхэкIыу гуфIэгъуэри зы илъэскIэ ямыгъэIэпхъуэу хъуакъым. Илъэсыр псынщIэ дыдэу блэлъэтри, гуфIэгъуэри кърахьэжьэжащ. АрщхьэкIэ къаныр къыщашэжыну махуэм и жэщым етIуанэ гузэвэгъуэр къатехъуащ: нэхущхэм деж джэуэ Елмырзэ къыщIэзышам лIы лажьэншэр къиукIри зигъэбзэхыжащ. Аргуэру унагъуитIым я гуфIэгъуэм гуIэгъуэкIэ зызэридзэкIащ.

Елджырокъуэ Елмырзэ и дыуэщIым Къурмэн и къанри къыздишащ. Хьэдагъэ махуищыр зэфIэкIауэ Къурмэн щежьэжым, и къаныр пIалъэкIэ къигъэнащ, щIалэм и анэм и лъэIукIэ. Къурмэн и къаныр, Елджырокъуэ Мысрокъуэ, къигъэгугъащ мыгувэу къылъыгъуэзэну. ЩIалэмрэ и анэмрэ я закъуэу къыщынэм, зы пщыхьэщхьэ гуэрым анэм и щIалэр игъэтIысри жриIащ и адэр къэзыукIауэ зыхуигъэфащэр икIи Вындокъуэ ФIыцIэ и хъыбархэр хуиIуэтащ. ЖриIащ зэгуэр, Мысрокъуэ къалъхуауэ къану ятын хуей щыхъуам, езым и цIэ къызэрырамыIуам къыхэкIыу, и адэм къыхуигъэхьауэ щыта псалъэмакъри, и адэ Елмырзэ щэхуу абы тегузэвыхьу и гъащIэр зэрырихьэкIари.

И анэм къыжриIахэм и ужькIэ Мысрокъуэ шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъым и адэр къэзыукIар Вындокъуэ ФIыцIэу зэрыщытым, икIи щIалэм быдэу игу ирилъхьащ и адэм илъ ищIэжыну. ЖэщитI хуэдиз и анэм бгъэдэсауэ, Мысрокъуэ и шы-уанэ зэтрилъхьэри дэкIащ, Iэгъуэблагъэр тIэкIу къызэхикIухьыну и анэм жриIэри. Ауэ а махуэми етIуанэ махуэми къигъэзэжакъым щIалэм. Анэр гузэвэгъуэм хэту, шокъу жиIэу Къурмэн и къаным щIэупщIэну къэкIуауэ кърихьэлIащ. Iуэхур къызэрекIуэкIар Мысрокъуэ и анэм щиIуэтэжым, мо лIы губзыгъэм зэуэ къыгурыIуащ и къаныр здэкIуар икIи, IитIкIэ и щхьэр фIиубыдыкIыжри, зы псалъи хужымыIэу зыбжанэрэ щысащ.

Къурмэн хьэкъыу пхыкIащ Мысрокъуэ игу ирилъхьар имыгъэзэщIауэ къэзыгъэувыIэн къару мы дуней псом зэрытемытыр. ИщIэжырт и къаныр зэригъэса щIыкIэр. ЛIыжьыр гузэвэгъуэм хэту здэщысым, и къаныр пщIантIэм къыдыхьэжу къилъэгъуащ. Дуней гуфIэгъуэр иIэу ар унэм къыщIэжри, щIалэм ешхыдэнуми едэхэщIэнуми имыщIэу, пщIантIэкум ижыхьащ. Атэлыкъыр щилъагъум, Мысрокъуэ зы лъэныкъуэкIи и гуапэ хъуащ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи къэгузэващ. И гуапэ щIэхъуар илъагъуну, ечэнджэщыну зэрыхуейрт. КъыщIэгузэвами щхьэусыгъуэ иIэт: апхуэдэу, мыупщIэрэ мычэнджащэу, Iуэху хыхьэу къызэрыхуимыдэнур фIы дыдэу ищIэрт.

– Дэнэ ущыIа, си щIалэ? Апхуэдэу уи анэр бгъэгузавэ хъун, хуэмыху, – жиIэу атэлыкъым къыщригъажьэм, нэщхъейуэ щIалэм и щхьэр ирихьэхащ.

ЩIалэр сэкъатыншэу къызэрекIуэлIэжам щыгуфIыкIа лIыжьыр абы ешхыдэфакъым, ауэ щабэу, Iуэху зэрихуэм фIыуэ зэрыщыгъуазэр къригъащIэу щIэупщIащ:

– Утехьа-тIэ Вындокъуэ ФIыцIэ и лъэужь?

– Згъуэтакъым хьэм къилъхуар. Я жыли дэскъым, мэзри щIэсщыкIати, абыи къыщысхуэгъуэтакъым... – нэщхъейуэ жиIащ Мысрокъуэм.

– Нэхъ сызытешыныхьа дыдэр къэхъуащ, си псэм ищIат уэ унэм узэрыщIэмызэгъэнур. Аращ уэста пIалъэр къэмысу сыкъыщIэкIуари. Моуэ зы тхьэмахуэ пIалъэу къызэт, си щIалэ, абы и ужькIэ зыгуэр

къэдгупсысынщ. Апхуэдэу занщIэу уежажьэ хъунукъым уилъ пщIэжыну. ЩIалагъэ-делагъэ халъхьэркъым а Iуэхум, – жиIэу Къэрэщей Къурмэн къыщыпсалъэм, щIалэм зэхэпх къудейуэ жэуап итащ:

– ПщIыр унафэщ...

Ауэ атэлыкъым а псалъэхэм хилъэгъуащ, тегушхуэу, щIалэм и гъэсакIуэм къыжримыIэфар, тхьэмахуэ пIалъэр егъэлеяуэ зэрыфIэкIыхьыр. И пащIэкIэ щIэгуфIыкIа мыхъумэ, атэлыкъым абы зыри пидзыжакъым. Жэщым и къаным бгъэдэсри, Къурмэн пщэдджыжьым жьыуэ ежьэжащ, езыр къылъыгъуэзэхукIэ щIалэр пщIантIэм дэмыкIыну унафэ быдэ къыхуищIри. Ауэ къигъэгугъащ зы тхьэмахуэ нэхъыбэ зыкъимыгъэгувэну. АрщхьэкIэ тхьэмахуи дигъэкIакъым абы, махуэ ещанэм къигъэзэжащ, зы лIы мыцIыху щIыгъуу. ЛIыр и теплъэкIэ абрэджу фэ ириплъащ Мысрокъуэ. Шыхэм уанэр трихыу унэм щIыхьа нэужь, лIы мыцIыхум и цIэр щызэхихым, Мысрокъуэ къищIащ атэлыкъым и гъусэр хэтми. Ар, пэж дыдэу, абрэджт, Къэбэрдей псом щыцIэрыIуэ Хьэжмурат абрэджырт. ТIэкIу зэIурыууэ зыкъомрэ уэршэра нэужь, Хьэжмурат хэгупсысыхьауэ жиIащ:

– Псом япэрауэ, Къурмэн, дэ морат, мырат жытIэу хуэдмыгъэфащэу, тэмэму къэтщIэн хуейщ Елмырзэ къэзыукIар Вындокъуэр арарэ армырарэ. Ди цIыху къаукIащ жытIэу дежажьэу цIыху лажьэншэ дукI хъунукъым. Хьэуэ, сэ Вындокъуэм сыкъыщхьэщыжу хьэмэрэ ар зэрылъыфIейр сымыщIэу аракъым. Гуэныхь къэдмыхьмэ нэхъыфIщ. ЗэхэгъэкIын хуейщ Iуэхур.

– Елмырзэ къэзыукIар зэры-Вындокъуэ ФIыцIэм шэч къытумыхьэ, Хьэжмурат. НэгъуэщI зыгуэри сIэщIэгъупщыкIащ бжезмыIэу е, нэхъ тэмэму жысIэнщи, и щIалэр, си къаныр, щысу бжесIэмэ, нэхъ къэсщтащ. Елмырзэ щIэтлъхьэу махуитI хуэдиз дэкIа нэужь, ефэ гуп яхэсу ФIыцIэ псалъэмакъ зыкIэщIиутIыпщыкIащ, Елмырзэ езым зэриукIар къикIыу, уеблэмэ аргуэру нэгъуэщI щIыпIи щыжиIащ ар дыдэр. Ахэр сэ къызжезыIэжахэм укъагъэпцIэнукъым.

– Абы щыгъуэм нэхущым гъуэгу дытехьэнщ, – быдэу жиIащ Хьэжмурат.

Къурмэн ней-нейуэ и къаным еплъащ, зыгуэр зэрыжиIэнур, ауэ зэрытемыгушхуэр IупщIу, иужькIэ Хьэжмурат хуеплъэкIыжащ. Абрэджым щыуагъэншэу къищIат Къурмэн и гум илъыр. Арагъэнщ и псалъэм щIыпищари:

– Уэрэ сэрэщ ежьэнур, щIалэр къытпэплъэу пщIантIэм дэсынщ.

Мысрокъуэ, блэ зэуауэ, къыщылъэтащ.

– Ди адэ!..

– Хьэуэ, си щIалэ, уэ иджыри усабийщ.

– Ар мыхъунщ! Ауэрэ сабий щыIэж, илъэс тIощI сыщынэблэгъакIэ? Пэжыр жысIэмэ, сэ сызэрыпщыгугъар нэгъуэщIщ, уэ унемыжьэу хьэщIэм сэрэ дыкIуэну. Дэ тIум тхузэфIэмыкIыну абы зыри хэлъкъым!

Къурмэнрэ Хьэжмуратрэ зэплъыжащ.

Зыкъомрэ зэныкъуэкъуа нэужь, нэхущым деж щыри гъуэгу теувэну зэгурыIуэхэри гъуэлъыжащ. Апхуэдэуи ахэр зэгурыIуащ здэкIуэр зэкIэ, Iуэхур зэфIэкIыу къемыкIуэлIэжауэ, Мысрокъуэ и анэм ирамыгъэщIэну.

Жэщ псом жейм езэгъакъым Къурмэн, ар хуабжьу хущIегъуэжат и къаныр здрашэжьэну арэзы зэрыхъуам. И нэбдзыпэ зэтрилъхьакъым Мысрокъуи. Ари тегузэвыхьырт атэлыкъыр зэрежьэнум. Хьэжмурат и закъуэщ а жэщым IэфIу жеяр. Абы куэдрэ къыхуихуэртэкъым унэ кIуэцI щIэлъу, пIэ тынш хэлъу жеину. Апхуэдэ зэзэмызэхэм деж сыт щыгъуи IэфI дыдэу, лIам хуэдэу, жейрт.

Пщэдджыжьым, е нэхъ тэмэму жыпIэмэ нэхущым, Хьэжмуратрэ Къурмэнрэ къыщытэджам, ялъагъур я фIэщ мыхъущэу, зэплъыжащ. Лы гъурыр гъэжьарэ дагъэр къыпыткIуу Iэнэм телът, шыхэми, зэрышэсынум хуэдэу, уанэхэр телъхьэжат. Ар абрэджым игу ирихьащ икIи, афэрым, хъарзынэу бгъэсащ уи къаныр, жыхуиIэу, Къурмэн къеплъащ. Къурмэн, ар и гуапэ хъуами, къаным зыкъригъэщIакъым.

Нэхущым дэшэсыкIа шууищыр пшапэр щызэхэуэм къурш лъапэм нэсащ. Хьэжмурат фIыуэ щыгъуазэт иджы хуэдэ бжьыхьэхэм деж ФIыцIэ нэхъ щыщакIуэ хабзэ щIыпIэхэм. ЩIымахуэм мэзыр и хэщIапIэ щхьэкIэ, ар иджы хуэдэхэм нэхъ щыбгъуэтынур шыкъулътыр е къурш бжэн здэщыIэхэрт. Махуэ псом шыбгым исахэр хуабжьу ешати, яшхышхуи щымыIэу, я щIакIуэхэр яубгъури уанэр я пIэщхьагъыу гъуэлъащ, Мысрокъуэ къэрэгъулу къагъанэри.

– СыхьэтитI хуэдэ дэкIмэ, сыкъэгъэуш, щIалэфI, жэщ псом уи закъуэ укъэрэгъулыфынкъым, – жиIащ Хьэжмурат щыгъуэлъыжым.

– Ягъэ кIынкъым, – жиIэу Мысрокъуэ къыщригъажьэм, абы и псалъэр абрэджым зэпиудащ:

– Сыкъэгъэуш жысIащи, сыкъэгъэуш.

Мысрокъуэ нэхъыжьым нэгъуэщI пидзакъым.

Атэлыкъым щIыгъуу зэри-тIэури къуршым кIуат щIалэр, ауэ мы щIыпIэхэм къэсауэ къыхуэгубзыгъыжыртэкъым. Нэхъапэхэм къыщыкIуахэми ахэр нэху къыщекIат Iэщыхьуэ пщыIэ гуэрым. Абыхэм щыгъуи илъэгъуат Къущхьэхьу щIыналъэр зэрыпшагъуалъэр, ауэ ныжэбэ хуэдэ дыдэу пшагъуэр етауэ зэи кърихьэлIатэкъым. А псом и щIыIужкIэ, тIэкIуи къепсэпсауэрт. Мыжыжьэ дыдэу щыхъуакIуэ шыхэм я пырхъ макъыр мыхъумэ, ихъуреягъкIэ Iэуэлъауэншэт.

СыхьэтитI нэхърэ нэхъыбэIуи дэкIагъэнт Къурмэнрэ Хьэжмуратрэ зэрыгъуэлърэ, ауэ Мысрокъуэ ахэр къигъэушын Iуэху лъэпкъ зэрихуэртэкъым. «Нэхъыжьщ, ирежей, зы жэщ схуемыхьэкIыну щхьэ фэ къызиплъагъэххэ абрэджым», – жиIэу тIэкIуи и жагъуэ хъуат къигъэушыну зэрытригъэчыныхьар. АрщхьэкIэ езы Хьэжмурат къэушащ. Шыхэм я Iэуэлъауэр щызэхихым, игу зэгъауэ, щIалэм жриIащ:

– Гъуэлъ, гъуэлъи зыгъэпсэху, пщэдджыжь жьыуэ дыкъэтэджынущ.

Хьэжмурат пимыдзыжIауэ гъуэлъащ Мысрокъуэ, и щхьэр пIэщхьагъым зэрынэсыххэуи IэфI дыдэу Iурихащ. Къурмэн, жей IэфIым хэту фэ тетми, жейм езэгъыртэкъым, пщIыхьэпIэ мыфэмыц гуэрхэр илъагъурти.

Нэхущхэм деж пшагъуэр трихужри, дунейм къабзэлъабзэ дыдэу зызэкIэщIихужащ. Абрэджым и гуапащэ хъуакъым дунейм зызэриукъэбзыжар. Абы фIыуэ ицIыхурт Вындокъуэр, нэхъыфIыжуи ищIэрт ар дыгъужьым хуэдэу зэрыбзаджэр. Тегузэвыхьырт езым нэхъапэ гу къалъитэнкIэ зэрыхъунум. Нэхулъэр фIыуэ къызэкIэщIитхъауэ, абы и гъусэхэр къигъэтэджащ. Ауэ а махуэми етIуанэ махуэми абы-

хэм къаIэщIэлъэгъуакъым зылъыхъуэр. Ещанэ махуэм, шэджагъуэ нэужьыфIхэм деж, Къурмэн жыжьэу къилъэгъуащ мэз лъапэм деж щыт пщыIэр. Нэхъ гъунэгъуу щекIуалIэм, абыхэм къафIэщIащ ар пщыIэ бгынэжауэ. АрщхьэкIэ техьа нэужь гу лъатащ пщыIэ бжэIупэм Iулъ яжьэр зэрыхуабэм, лъэужьыщIэ гуэрхэри къаIэщIэлъэгъуащ.

– Мыр абы и хэщIапIэщ, нэгъуэщI мыбдеж нэху къыщекIын хуейкъым, – жиIащ Къурмэн, Хьэжмурат еплъри.

– И хэщIапIэр сыту тщIын, дэ дызыхуейр езырт, – мащIэу къыпыгуфIыкIащ абрэджыр.

– Иджы псынщIэу лъэныкъуэ зегъэзын хуейщ, Хьэжмурат. Насып диIэмэ, дэ япэу къэтлъагъунщ, армыхъумэ...

Абрэджым фIы дыдэу къыгурыIуат лIыжьым жиIэну зыхуейр, ар дыдэрт нышэдибэ езыри зытегузэвыхьар.

– Ди насып тхьэм тригъакIуэ, Къурмэн...

ЛIищым псынщIэу лъэныкъуэ зрагъэзащ. Мэзым нэхъ кууэ хашэри шыхэри ялъэхъащ. Ахэр, пщыIэр къахъумэу, жыжьэу къэтIысащ, мывэ абрагъуэ гуэрым къыкъуэсу.

– Дэнэ щыIэми жэщым къекIуэлIэжынкъэ?

– Дэнэ кIуэн къемыкIуэлIэжу!

Ауэ абыхэм дэнэ щащIэнт нышэдибэ лъандэрэ ФIыцIэ езыхэм къазэрыкIэлъыплъыр! Шууищыр къызэрыIэщIэлъагъуэххэу, мо лIы бзаджэм щыуагъэншэу къищIащ ахэр зэрымыщакIуэр, щэкIуэн Iуэхуи зэрызэрамыхуэр. Ауэ япэщIыкIэ и гугъащ ахэр Iэщыхъуэ губгъуэм исхэм ящыщу, арщхьэкIэ нэхъ гъунэгъу закъыхуищIа нэужь, зэрымыIэщыхъуэхэри къищIащ. «Дзы зиIэ и нэIэ тетщ» жыхуаIэм хуэдэу, гурыщхъуэ къахуищIащ, езым и лъыхъуакIуэу. Асыхьэтуи щIыIэпс мащIэ и тхыцIэмирижащ, зы дакъикъэкIэ зэщIэтIысыкIри хуабжьу хэгупсысыхьащ. Уеблэмэ, тутын жьэдилъхьар хущIэмыгъанэу, и Iэхэр кIэзызащ. Ауэ куэдрэ щытакъым ар апхуэдэу. «Мыр сыт мы къысщыщIар? – егупсысащ ФIыцIэ. – ЛIэм зыгъэлIэнур ешх, жыхуаIэращи, зэрыхъуIамэ хъунщ». Къарууэ иIэр зэхуихьэсри къызэфIэувэжащ икIи, гу залъримыгъатэу, джэдум хуэдэу, пщыIэм кIэлъыплъхэм щэхуу къепщылIащ, къепщылIэри, къицIыхуащ нэхъыжьитIыр: Хьэжмуратрэ Къурмэнрэ. Щыуагъэншэу къищIащ ещанэр Къурмэн и къан, Елмырзэ и щIалэр ару зэрыщытыр. Аргуэру етIысэхащ ФIыцIэ, етIысэхри куэдрэ щысащ, и щхьэми нэхъыбэж щызэригъэзэхуащ. «IэмалкIэ сатемыкIуэмэ, сэ мы щIыпIэм псэууэ икI сиIэкъым», – егупсысащ ар. ЛIыукIыр къэзыгъэшынар абрэджырт. Абы Хьэжмурат и хъыбар куэд зэхихат, зэхихам и мызакъуэу, зэгуэрми ирихьэлIэгъащ. Ауэ абы лъандэрэ псы мащIэ ежэхатэкъым.



КъакIэлъыплъIауэ гурыщхъуэ лъэпкъ зымыщIхэр хуабжьу бэлэрыгъащ. Хьэжмурат псы ефэну псылъэр къищтэну къыщытэджым, ФIыцIэр къеуащ, и щхьэм къытехуэу. «ЕI, бетэмал, сыту Iейуэ и насып къыттеукIуэт!» – жиIэри Хьэжмурат и щхьэр IитIкIэ фIиубыдыкIащ. Абрэджыр щыджалэм, Къурмэн абы бгъэдэлъэдащ, къэхъуа псом зэуэ емыгупсысу. ЗыIэзыбжьэу къэхъуа Iуэхум игъэщта лIым напIэдэхьеигъуэкIэ щыгъупщэжащ сакъын зэрыхуейр. Ар ирикъуащ Вындокъуэ ФIыцIэ етIуанэ уэгъуэр ищIыну. Шэр Къурмэн и пщэм техуат.

– ПсынщIэу зыгъэпщкIу, си щIалэ, – лъэIуащ атэлыкъыр икIи, нэгъуэщI жиIэну хунэмысу, занщIэу и псэр хэкIащ.

Мысрокъуэ зэщыджэу гъыуэ щылът, щIым нэкIукIэ зыхиIубауэ. Сыт хуэдизу лIыгъэ хэлъу ар и атэлыкъым имыгъэсами, иджыпсту и нэгу щIэкIар щIалэм дежкIэ хьэлъэт икIи къигъэдзыхат. Абы ищIэжыркъым куэдрэ щылъами мащIэрэ щылъами. Зы зэман зэ хъарпшэру къилъэгъуащ фочыр гъэпкIауэ иIыгъыу мэз джэдум хуэдэу абы къыхуэпщ лIыр. Ар Виндокъуэ ФIыцIэт. Мысрокъуэ хуэм дыдэурэ къызэфIэтIысхьэри и фочыр абы иригъэпщащ. ЩIалэм и уэгъуэмрэ ФIыцIэ и къызэфIэтIысхьэгъуэмрэ зэхуэзэри, шэр зрагъэпщам темыхуэу абы иIыгъ фочым хуэзэри тIууэ зэпиудащ. ФIыцIэм зэуэ зридзыхри удз кIырым хэгъуэлъхьащ, Мысрокъуи къыщылъэтри абы хуиунэтIащ. ЩIыр зэгуэхуу я кум дэхуам хуэдэу бзэхат ФIыцIэ. ЩIалэм ихъуреягъыр къызэхижыхьырт, хьэ щтам хуэдэу зиплъыхьу. Мысрокъуэ игъэбэлэрыгъри, ФIыцIэ и къыщылъэти и къауи зы ищIащ. АрщхьэкIэ абы и къамэр Мысрокъуэ къызэрылъэIэсагъэшхуэ щыIэкъым. Езыри уащ, арщхьэкIэ, ФIыцIэм зыщIидзри, шэр зытригъэхуакъым. ЩIалэми, и фочыр хыфIидзэри, и къамэр кърипхъуэтащ, и япэ уэгъуэри ФIыцIэм зыхищIэу техуащ. Апхуэдэу ахэр зэзэуащ куэдрэ, тIуми лъыр къапыжу уIэгъэ зэрыщIыжауэ. Ауэ Мысрокъуэ и иужьрей уэгъуэм Виндокъуэм и ажалыр хэлъу къыщIэкIащ.

ФIыцIэ и псэр хэкIа нэужь, езы Мысрокъуи къызэфIэмэхащ. Абы зыкъыщищIэжам, и шыр къыбгъэдэтт, щыщу, и фIалъэ лъакъуэмкIэ щIыр кърииуду. Къарууэ иIэж тIэкIур зэхуихьэсри, щIалэр шы цIахуцIэм ерагъкIэ шэсащ... Арат, Елджырокъуэ Елмырзэ и щIалэ закъуэ Къэрэщейм къану ириту ипIарт, Елбэздыкъуэ и пщыIэм шым къихьа уIэгъэ щIалэр.

Елбэздыкъуэ и пщыIэм Мысрокъуэ къаIэрыхьэри зы тхьэмахуэ нэхърэ нэхъыбэ дэкIауэ, Iэщыхъуэхэм зэхахащ зи былым кIуэдауэ къэзылъыхъуэж Iэбгъахъуэ щIалэхэм Къэнжал лъапэ деж хьэдищ къыщагъуэту зэрыщIалъхьам и хъыбар. ЗэрыжаIэмкIэ, хьэдэхэр хуабжьу зэкIуэкIат икIи къыпхуэцIыхужынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Арати, ахэр къыщагъуэтам деж щыщIалъхьащ. А хъыбарымрэ Елбэздыкъуэ и пщыIэм телъ уIэгъэ щIалэмрэ Iуэху гуэр зэхуаIэу зыми и пщIыхьэпIи къыхэхуакъым.

* * *

Мурадин чыфыр иригъэфа шу мыцIыхур зы пщыхьэщхьэ гуэрым, мэлыхъуэхэр шхэуэ зэхэсу, уэтэрым къытехьащ. Сыт щыгъуи хьэщIэ зи мыжагъуэ мэлыхъуэхэм щыгуфIыкIыпэу шур ирагъэблагъэри Iэнэм ягъэтIысащ. Шхэн яухыу я узыншагъэ, мэлыхъуэхэм я Iуэху зытет щIэупщIа нэужь, лIы мыцIыхум жиIащ:

– Дэнэ щыIэ си ныбжьэгъур? Слъагъуркъыми...

Мэлыхъуэхэр зэплъыжащ, зи гугъу ищIыр къахуэмыщIэу. ЯпэщIыкIэ мэлыхъуэхэм я гугъащ ар зыщIэупщIэр Муриду. АрщхьэкIэ пщыIэм къыщIэкIа щIалэ цIыкIур щилъагъум, и псалъэм пищащ:

– А-а, мисри, мыдэ щыIи! ИкъукIэ щIалэ ахъырзэманщ мыр, Елбэздыкъуэ, зы пщэдджыжь «псы» жысIэри сыкъытехьати, чыфыр бэлыхь сригъафэри сытригъэкIыжащ, – щытхъуащ лIыр Мурадин.

– Чыфыр къудейкIэ утригъэкIыжамэ, ара щIалэфI жыхуаIэр? Моуэ-щэ екIурэ-ещхьу уигъэхьэщIамэ, аратэкъэ хабзэр? – гушыIащ лэгъупэжьри.

– Тхьэ соIуэ, сигъэхьэщIэнутэмэ, хуэздакъым армыхъумэ! – дыхьэшхащ хьэщIэр.

– Афэрым! Армэ хъунщ, пщыIэм къытехьа IэнэщIу тедгъэкIыж ди хабзэкъым, – къыпыгуфIыкIащ Елбэздыкъуэ. – Ижь-ижьыж лъандэрэ къокIуэкI апхуэдэу, Iэхъуэшыхъуэ пщыIэ техьа ямыгъашхэу трагъэкIыжыркъым. ИкъукIэ хабзэфIщ ар, шынэхъыщIэ, хабзэ дахэщ. ГъуэгурыкIуэр сытым дежи гъуэгурыкIуэщ.

– Ар пэжщ, – арэзы хъуащ хьэщIэр.

ЛIыр жэщым яхэсащ мэлыхъуэхэм. Ар пщыIэм къыщытехьам, Елбэздыкъуи, адрейхэми я гугъащ щIалэ уIэгъэм и лъыхъуакIуэу. АрщхьэкIэ хьэщIэм апхуэдэ Iуэху лъэпкъ зэрихуэртэкъым. Абы хъыбар куэд яжриIащ а жэщым пщыIэм тесхэм. Ауэ ар лэгъупэжьым игу ирихьыщэртэкъым. Апхуэдэ хъыбархэр зезыхьэри зыфIэфIри и малъхъэгъуу щыта Муридти, ирахухыжат. Нэхъапэм Муриди къихьрейт хьэщIэм ныщхьэбэ зи гугъу ищI хъыбархэм хуэдэхэр. Мурид апхуэдэ хъыбархэр иIуэтэрей щыхъум, Елбэздыкъуэ хуилъри щригъэгъэтыжащ. ИужькIи апхуэдэ Iуэху зэрихуэжакъым мэлыхъуэм.

ХьэщIэм жиIэхэр уи фIэщ пщIымэ, мыгувэу Урысейм пащтыхьыр щытрахунут, пщыжь-уэркъыжьхэри щыIэжынутэкъым. Елбэздыкъуэ и щхьэм къыхуигъэтIасэртэкъым, пщы щымыIэжмэ, цIыху цIыкIур зэрыпсэуну щIыкIэр. Арагъэнщ хьэщIэм щIеупщIари:

– АтIэ, шынэхъыщIэ, пщыхэр дэнэ здэфхьынур?

– Пщыхэр, Елбэздыкъуэ, къанэ щымыIэу щIым итхужынущ, – дыхьэшхащ хьэщIэр.

– Ахэр щIым пхуихужын? Къаруушхуэ ябгъэдэлъщ абыхэм, къаруушхуэ, – и пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ Елдар.

– Фийуэ итхужынщ, ауэ итхужу къэдгъэнэну къудей! Къару зиIэр цIыхубэрщ, цIыхубэм зыри текIуэнукъым, къуэш, цIыхубэрщ къаруи зэфIэкIи зиIэр. Мис итIанэ щIыри псыри къэрэхьэлъкъым ей хъунущ. ЩыIэжынукъым пщылIи лIыщIи. Мис, псалъэм папщIэ, фэ фыкъэсщтэнщ. Сыт фэ псори зы лIым фыхуэлIыщIэн щIыхуейр? СыткIэ нэхъыфI а зы лIыр жылэ псом нэхърэ? Хьэмэрэ, Алыхьталэм дэ псори дызэхуэдэн хуейуэ дыкъигъэщIакъэ?! Сэ сощIэ: фи къуажэпщыр икъукIэ цIыху зэтету, цIыхур фIыуэ илъагъуу жаIэ. Ауэ апхуэдэхэр зырызыххэщ! Адрейхэм цIыхум я лыр яшхынущ. Сыт хуэдэ лей абыхэм зэрахьэр! Аращ псори зытращIыхьыр, псори щIащIэжыр.

– Пэжщ, шынэхъыщIэ, пщы еру куэд щыIэм пцIы хэлъкъым. Ауэ, джэдылIэм здихьа бабыщу, адрейхэри абы здихь хъурэ? Ахэр гуэныхькъэ? Уэ тэмэму жыпIащ ди къуажэпщым папщIэ: цIыху хъарзынэщ, нэхъыфI уигъэлъыхъуэну пщыфIщ. Сыт-тIэ абы и лажьэр? Сыт адрейхэм я зэран абы екIын щIыхуейр?

– ПщыфI-пщы Iейми, абы и мылъкур къэзылэжьар фэракъэ, Елбэздыкъуэ?

Жэщыр фIыуэ хэкIуэтэхукIэ зэхэсащ ахэр уэршэру. Гъуэлъыжыну пIэр хуащIа нэужь, къызыфIимыгъэIуэху-къызыфIимыгъэIуэхуу, хьэщIэр щIэупщIащ:

– Мурид плъыр хъунщ ныщхьэбэ, слъагъуркъыми?

Елбэздыкъуэ и щхьэмкIэ къыщыхэлъадэри и лъэпхъуамбэшхуэмкIэ зыгуэр щыхэжыжащ, гур игъэдийрэ лъыр къигъэкъуалъэу. Абы и гум щIыIэ-щIыIэу нышэдибэ лъандэрэ илът ар. И псэм ищIэрт дапщэщми хьэщIэр Мурид зэрыщIэупщIэнур. А кърригъэкIуэкIа хъыбархэмкIэ ар абы щIэмыупщIапIэр иIэтэкъым. «Армыхъумэ дэнэ хьэщIэм щищIэр дэ ди къуажэпщыр фIырэ Iейрэ? Хьэмэрэ къуажэдэсым фIыуэ зэралъагъур?» – егупсысащ Елбэздыкъуэ. Iуэхур зытет дыдэр жриIэрэ хьэщIэм игу иримыхьыну къыщIэкIмэ, жримыIэрэ... «Хьэуэ, жесIэнщ пэжыр, си жьыщхьэ пцIы дауэ супсын?» – Iэджэ щызэблэжащ лэгъупэжьым и щхьэм, икIи ину щатэри жэуап итащ:

– Мурид езгъэхыжащ, шынэхъыщIэ, дызэдэлэжьэжыфынукъым. ЦIыху гущIэгъуншэщ, гъуамэр! ГущIэгъу зыхэмылъ цIыхур, хэту щытми, насыпыншэщ, адрейхэми насыпыншагъэ къахуехь. Ар хъунукъым, гугъущ апхуэдэу упсэуну, цIыхум уахэтыну...

– Iэу, уэлэхьэ, ар мыхъуа, сэ щIалэ хъарзынэ сфIэщIати, – и гуапэ хъуакъым лэгъупэжьым жиIар хьэщIэм. – Апхуэдэу щхьэ уигу зригъэбгъа?

Елбэздыкъуэ кърригъажьэри хьэщIэм жриIэжащ и хьитIым я хъыбарыр. И псалъэр щиухым жиIащ:

– НэхъапэкIи хуабжьу сигу зригъэбгъат, мэз дыкIуауэ. Къуажэм дыщыIэт абы щыгъуэ. Ар бжэгъукIэ вым зэреуам хуэдэу хьеуан уеуэн щхьэкIэ хьэкIэкхъуэкIэ дыдэу ущытын хуейщ, гу лъэпкъ пкIуэцIымылъу. Тхьэ сыгъаIуэ, куэдрэ сигу зригъэбгъакIэ, куэдри сешхыдакIэ, ауэ хьитIыр схуэшэчыжакъым. ИкъукIэ хьэфIт, цIыхум нэхърэ нэхъ Iущу тхьэ пхуэсIуэнт, – иухащ лIыжьым и псалъэр. Иухри, и хьэхэр игу къызэреуэр IупщIу, и гущIэм зыкъигъазэрэ жыпIэу щэтащ.

– Си гугъэнтэкъым игъащIэкIэ, – и жагъуэ зэрыхъуар нэрылъагъуу, жиIащ хьэщIэм. – Аращ нэдым и щхьэр умытIатэмэ, хьэ илърэ ху илърэ къыпхуэщIэнукъым щIыжиIар пасэрейм.

Абы нэгъуэщI зыгуэрхэри жиIэну хуеящ, арщхьэкIэ е лIыжьым кърримыгъащIэмэ нэхъ къищта, е хуэмейуэ къилъытэжа, сытми, абы къыфIимыгъэкIыу, хьэщIэр гъуэлъыжащ. Жэщым ар куэдрэ егупсысащ дыгъуэпшыхь лэгъупэжьым къыжриIахэм. Елбэздыкъуи мыжейуэ куэдрэ хэлъащ, Мурид щхьэкIэ жиIахэм хущIегъуэжауэ, ахэр лейуэ, жимыIэпхъэу къилъытэжу. «Дэнэ щицIыхурэ? Сыт хуэдэ Iуэху абыхэм яку зэхуилъынкIэ хъунур?» – мащIэт лIыжьыр зэгупсысин? Абы и мызакъуэу, ар тIэурэ-щэрэ къэтэджурэ щIалэ уIэгъэр зыщIэлъ пщыIэм кIуащ, абы и Iуэху зытет зригъэщIэну.

Пщэдджыжьым хьэщIэр къыщыушам, пщыIэ лей цIыкIум щIэлъыр и закъуэт, и гъусэу гъуэлъыжа лэгъупэжьри щIалэ цIыкIури къэтэджакIэт. ЗитхьэщIыну къыщIэкIа щхьэкIэ, зыри игъуэтакъым, щимыгъуэтым, уIэгъэр зыщIэлъ пщыIэм щIыхьащ, мэлыхъуэхэм ящыщ гуэр къилъыхъуэу. Абдеж абы имыщIэххэу къыщилъэгъуащ уIэгъэр икIи хуабжьу набдзэгубдзаплъэу къызэпиплъыхьащ, къицIыхун мурад иIэу. АрщхьэкIэ къыхуэцIыхуакъым, уеблэмэ зэгуэр ирихьэлIауэ къыхуэгубзыгъыжакъым.

ХьэщIэр пщыIэм къыщыщIэкIыжымрэ лэгъупэжьым и къытехьэжыгъуэмрэ зрихьэлIащ. ЛIыжьым и гуапащэ хъуакъым хьэщIэр а пщыIэм зэрыщIыхьар, ауэ Iуэхур зытетри ибзыщIакъым.

– Алыхьталэм гъэунэхуакIуэу къытхуихьауэ пIэрэ жыдоIэ, уIэгъэ хьэлъэу шым къихьащ, – жиIащ Елбэздыкъуэ, хьэщIэр абы теухуауэ зыкIи къемыупщIа пэтми. – Дунейм сыт зэхэпха, хьэщIэ, уэ мы щIыпIэхэр къызэхэпкIухьрейщ.

– Зыри зэхэсхакъым, Елбэздыкъуэ. А слъэгъуар хьэлъэщ, гущIэгъу тхьэм къыхуищI, – жэуап къитащ абы, щIалэ уIэгъэм игу зэрыщIэгъур и псалъэм къыхэщу.

Пщэдджыжьышхэ нэужьым хьэщIэр ежьэжащ.

– Уи шыгъупIастэр убагъуэ, Елбэздыкъуэ, – жиIащ абы, лIыжьым фIыщIэ къыхуищIу. – Сэ Къардэнхэ сащыщщ. Тхьэм жиIэмэ, иджыри дызэхуэзэнщ.

– Узыншэ ыдэ ухъу, шынэхъыщIэ. МыбыкIэ гъуэгу пхуэхъуауэ ди пщыIэм ублэкIмэ, си жагъуэ хъунщ. Сытым дежи укъытехьэ хъунущ ди деж.

– ИIэ-тIэ, ПIытIыкъ, хьет жегъэIэ, уэ пхуэдэ щIалэхэрщ дэ гугъапIэу диIэри, сыт длэжьми щIэдлэжьри, – хьэщIэм и шым уанэ хутезылъхьэжа Мурадин и щхьэфэм Iэ къыдилъащ абы.

– Мы дунейм сыт къыщыхъуми зыгуэр къыщыхъуну къыщIэкIынщ, Азалыхьым гущIэгъу къытхуищI, – жиIащ лэгъупэжьым, пщыIэм текIыж шум кIэлъыплъурэ.

– Сыт къэбгъэхъунур, Дыкъуэ? Мы мэл гуартэр къытхуигуэшыжыну жиIащ, – гушыIащ щIалэ цIыкIур, къыпыгуфIыкIри. – Ярэби, сэри зыгуэр къызитыну пIэрэ?



– Ей, ПIытIыкъ, уэри уэ! – дыхьэшхащ лэгъупэжьыр. – Мэл гуартэр зейм фIыкIэ иушхыж. Уэрэ сэрэ хьэлэл тхуэхъунур ди пщIэнтIэпс къабзэкIэ къэдлэжьыжарщ. ЦIыхум имымылъку зэи мылъку хуэхъуакъым.

– Уэрей, Дыкъуэ, абы щыгъуэм сэ си Iуэхум уэ мы гуартэр уи мыхьэлэлыпсым, уи анэ узригъэфа быдзышэу!

ЩIалэ цIыкIум и псалъэхэр зэхэзыха мэлыхъуэхэр ину дыхьэшхащ.

ХьэщIэр текIыжри, куэд дыдэ дэмыкIыу, уэтэрым къытехьащ къуажэпщыр, и блыгущIэтхэр щIыгъуу. Пщыр щалъэгъум, хъушэр тезыгъэкIыну егъэзыпIэмкIэ зыунэтIа мэлыхъуэхэми къагъэзэжащ. Ар къызэрыкIуар псоми я гуапэ хъуат. Зы гъи дэкIыртэкъым ар зэрэ-тIэурэ хъупIэм къэмыкIуэу, и Iэщыхъуэхэм я Iуэху зытет зримыгъащIэу, и Iэщым яхэмыплъэу. Ауэ нэхъапэхэм, къэсыным махуэ зы-тIу иIэу, «сынокIуэ» жиIэрэ хъыбар къаригъащIэу щытащ. Иджы хъыбаришэбари щымыIэу къызэрыкIуар ягъэщIэгъуащ, тIэкIуи иримыгузавэу къэнакъым. Псом хуэмыдэу абы хигъэплъар лэгъупэжьырщ. АтIэми, пщым гукъыдэж лъэпкъ зэримыIэр и теплъэми къиIуатэрт.

Куэд дыдэ щIатэкъым Къасым пщыгъуэр къызэрылъысрэ: илъэс ещанэр екIуэкIыу арат. Къасым и адэ Къаныкъуэ дунейм щехыжам, жылэ псор дыщIыхьэным хуэдэу хуэгузэващ. Я пщышхуэр фIы дыдэу зэралъагъум и закъуэтэкъым къуажэдэсхэм абы и лIэныгъэр апхуэдизу гущIыхьэ щIащыхъуар, атIэ пщыгъуэр къызыIэщIэнэнур, тIэкIу яфIэщIалэм къыщымынэу, икIи яфIэпсынщIэт. Уеблэмэ, ар зыфIэакъылыншэхэри мащIэтэкъым. АрщхьэкIэ, жылэм Алыхьым насыпыр къаритауэ къыщIэкIри, Къасым пщыгъуэр къыщыIэщIэнэм, зэрамыгугъауэ къыщIэкIащ. Ар куэдкIэ и адэм ещхь хъужащ. Зэуэ

зихъуэжащ и хьэл-щэнми, и дуней тетыкIэми. Пэжу, и теплъэкIэ ар и адэм нэхърэ и адэшхуэм куэдкIэ нэхъ ещхьт. Жылэм дэс нэхъыжьхэм, Къасым и адэшхуэр фIыуэ зыцIыхухэм, зэрыжаIэмкIэ, пщы щIалэр и анэшхуэми мащIэу ещхьт, и набдзэмрэ и нитIымрэт анэшхуэм нэхъ ирагъэщхьыр.

Псом япэу пщы щIалэм хузэфIэкIат и къуажэгъухэм фIыуэ закъригъэлъагъун, ягуми я псэми дыхьат. Къулей-къулейсыз имыIэу, нэхъыжьхэм сыт щыгъуи пщIэшхуэ яхуищIырт. НэгъуэщI сытыт-тIэ жылэр зыхуейр я пщы щIалэм къахуищIэну?!

Уэтэртесхэм я узыншагъэ, псэукIэ зригъэщIа нэужь, Къасым щIэупщIащ:

– Уа, Елбэздыкъуэ, а уи шым щIыгъу хакIуэ ахъырзэманыр дэнэ къикIа? Ди жылэ апхуэдэ дэту сщIэркъым.

ПщыIэм тесхэм пщым и набдзэгубдзаплъагъэр ямыгъэщIагъуэу къэнакъым.

– Iэу, ар дэнэ къыщыплъэгъуа, Къасым? – къыпыгуфIыкIащ лэгъупэжьыр, икIи пщыр пщыIэм щIишэри щIалэ уIэгъэр иригъэлъэгъуащ, Iуэхур къызэрекIуэкIари жриIэжащ. Къасым щIалэ уIэгъэр къызэпиплъыхьри, и щхьэр игъэкIэрэхъуащ:

– Ди тхьэшхуэм гъэунэхуакIуэу къыфхуихьами пщIэркъым, Елбэздыкъуэ. Iэмал зэрывгъуэткIэ фыхуэсакъ. Алыхьым иужэгъужауэ къыщIэкIынтэкъыми, щIалэр уи деж къиихьащ.

Абы аргуэру щIалэр къызэпиплъыхьри жиIащ:

– ЩIалэ дыдэщ тхьэмыщкIэр.

«Ди тхьэшхуэм гъэунэхуакIуэу къыфхуихьами пщIэркъым» зэрыжиIар лэгъупэжьым гуапэ лей щыхъуат, сыту жыпIэмэ, мы зэман зэхэзэрыхьам япэ къэсыр, къыздикIари зейри умыщIэу, зэбубыдылIэныр шынагъуэншэтэкъым. Ауэ уIэгъэр уIэгъэщи, абы и Iуэхур щхьэхуэщ. АрщхьэкIэ абы къылъыкъуэкIынур хэт зыщIэр?

– Сыт-тIэ, Елбэздыкъуэ, адэкIэ щIалэм хууимурадыр? – щIэупщIащ пщыр, пщыIэм къыщIэкIыжа нэужь.

– СщIэркъым, Къасым, нобэ махуэ еплIанэр йокIуэкIри, зыкъищIэжакъым. ЗыкъищIэжрэ зыщыщ, сэ сщIэ мыгъуэрэ, и къуажэ, и жылэ къытхуэщIамэ, зейм ялъэдгъэIэсыжынт. Иджы сыт? Уи жыIауэ, гъэунэхуакIуэу ди тхьэшхуэм къыдитащи, деплъынщ адэкIэ зэрыхъум. НэхъыфIыр Алыхьым къытхуищIэ!

– Тхьэм жиIэ!

– Тхьэм жиIэ! – даIыгъащ мэлыхъуэхэм пщым и псалъэр.

– ЗыгуэркIэ укъытхуэмеймэ, Къасым, мэлыр тедгъэкIынт, – зыхуигъэзащ абы Елдар.

– ТевгъэкI, тевгъэкI! Сэ ныжэбэ сыфхэсыну сыкъэкIуащ, – жиIэри Къасым мафIэм пэрытIысхьащ.

Пщыр щыст, нэщхъейуэ хэплъэу, зэм хъупIэм трагъэкI и гуартэмкIэ, зэми уIэгъэ щIалэр зыщIэлъ пщыIэмкIэ плъэуэ. Пщыр пщыIэм къызэрытехьэххэу, Елбэздыкъуэ гу лъитат абы гукъыдэжышхуэ зэримыIэм. Пщым и бейгуэлхэм гъуэлъауэ загъэпсэхурти, езы щыр: Къасым, Елбэздыкъуэ, Мурадин сымэ щыст, мафIэм хъурейуэ къетIысэкIауэ. Щыри мамырт. Елбэздыкъуэ тегушхуэри пщым еупщIащ:

– СлIо, Къасым, зыдэбгъуэIарэ? Щхьэ унэщхъей?



6 Заказ №201

– Гъуэгум тІэкІу сригъэзэшауэ аращ, нэгъуэщІ ягъэ щыІэкъым, – жэуап къитащ абы, ерагъкІэ къыпыгуфІыкІри.

Елбэздыкъуэ ар хигъэзыхьакъым, жэуап тэмэм къызэрыримытар хьэкъыу ищІэ пэтми. Хуейуэ къилъытэмэ, езым къыжриІэнщ. Е, хэт ищІэрэ, пщым къигъэщІам хуэдэу щы къигъэщІами, щыуэнкІи мэхъу. Лэгъупэжьыр аргуэру пщым и нэгум иплъащ, иплъэри, игукІэ жиІащ: «Хьэуэ, сыт хуэдэ нэщхъеягъуэ иІэми, мыбы зыгуэр игу къоуэ».

Абы егупсысу здэщысым, пщыр щІэупщІащ:

– Уи хьитІыр слъагъуркъыми, Елбэздыкъуэ?

Лэгъупэжьыр зэуэ къэнэщхъеящ. Абы жэуап имыту зыкъомрэ щысати, пщыр аргуэру щІэупщІащ:

– СлІо, къэхъуаІауэ ара?

– Сыт щхьэкІэ, а несхухыжам зыри къыбжиІакъэ, Къасым?

– Хэт непхухыжар? Зыри слъэгъуакъым...

– Мурид. Къыпхуэзэу псори къыбжиІэжыну жесІати...

– Дапщэщ ар?

– Зы тхьэмахуэ и пэкІэ.

Пщыр ней-нейуэ лэгъупэжьым еплъащ. Абы фІыуэ ищІэрт, зы бэлыхьлажьэ имыщІамэ, Елбэздыкъуэ цІыхум зэи лей зэрыримыхынур. Лэгъупэжьыр зыкъомрэ хэплъэу щыса нэужь, къригъажьэри Іуэхур зытетыр Къасым хуиІуэтэжащ. Пщыри щысащ зыри жимыІэу, лІыжьым къыжриІэжахэр и щхьэм щызэригъэзахуэу.



– Мы дунейм теткъым гууз-лыуз зимыІэ нэхъ си жагъуэ. Тэмэм дыдэу пщІащ зэрепхухыжар. Ауэ и адэжьым ещхь хъужмэ, лей къыуихынщ, ухуэмыбэлэрыгъ. Ар къызыхэкІа лъэпкъым цІыхугъэ щІагъуэ ябгъэдэлъкъым игъащІэми. Фыгъуэ-ижэр яхэлъщ, пцІыІуэпцІышэщ, зэи яфІ зэхэсхакъым, я Іей мыхъумэ, – жиІэри, и псалъэр зэриухам и щыхьэту, лэгъупэжьым еплъащ. – Сэ бжезмыІэми, уэри пцІыхуу къыщІэкІынщ ахэр.

Лэгъупэжьыр мащІэу и пащІэкІэ щІэгуфІыкІащ:

– Сыт сэ а гъуамэм къызищІэфынур?

Махуэм тІэкІуи зыкъиІэтауэ, пщым и гъусэхэри къэушащ. ЗатхьэщІа, шха нэужь, Къасым унафэ ищІащ.

– КІуэ, ПІытІыкъ, Дыкъуэ и шыр къэшэжи уанэ телъхьэ. Елбэздыкъуэ сэрэ шым дыкІуэнущ, – жреІэ Мурадин. И бейгуэлхэми захуегъазэ: – Фэ Іэбгъэмрэ адрей мэл пщыІэхэмрэ зэлъэвгъэІэс.

Іыхьэ лейм икІауэ Мурадин и гуапэ хъуат Дыкъуэ къызэреджэ цІэр пщыми зэрыжиІар. «Дэни щищІэрэ? – егупсысырт щІалэ цІыкІур, пщыр щысу тІэурэ-щэрэ лэгъупэжььм и цІэр зэрыжиІари щыгъупщэжауэ. – Пэж дыдэу, ди къуажэм хуэдэу пщыфІ зиІэ щыІэу къыщІэкІынкъым».

Шхуэр къищтауэ шыр къишэжыну щыщІэкІым, абы и сабий акъылымкІэ и щхьэм щызэригъэзахуэрт я къуажэпщым теухуауэ уэтэрым щагъэхъыбара псалъэмакъхэр. Псом хуэмыдэу щІалэ цІыкІум игу къинэжар: «Дэ пщыкІэ Алыхьыр къытхуэупсат», – жиІэу Елбэздыкъуэ мобы зэрыщытхъуарт. Абы къикІыр нэсу къыгурымыІуэми, Мурадин зэхищІыкІырт пщыфІи пщы Іеи зэрыщыІэр.

Пщым и гъусэхэр ІэбгъэмкІэ иутІыпщри, Елбэздыкъуэрэ езымрэ хакІуапщІэмкІэ яунэтІащ. Елбэздыкъуэ пщым ижьырабгъур ирита щхьэкІэ, ар Къасым идакъым:

– Апхуэдэу хъункъым, си нэхъыжь, мы щІалэжь цІыкІур пщы-

гъуэр иубыдыну бампIэрти, къысхужаIэнщ дыкъэзылъагъум, – жиIэри ижьырабгъур лэгъупэжьым иритыжащ.

– ЕмыкIу къытхуащIынщ, – жиIэу Елбэздыкъуэ къригъэжьа щхьэкIэ, Къасым абы и псалъэр IэщIихащ:

– Абы и емыкIур сэ къызощтэ!

Апхуэдэу щыхъум, Елбэздыкъуэ пщы щIалэм пэрыуакъым.

Гъэмахуэр и кIэм зэрынэблэгъам и нэщэнэ куэд щыплъагъурт хъупIэм. Дыгъэр къепс щхьэкIэ, узэригъэхуабэшхуэ щымыIэжу, пщэддджыжьыр щIыIэт, жэщкIэрэ къех жэпыр кIуэ пэтми нэхъ Iув хъурт, щIэх дыдэуи текIыжыртэкъым. Псом ящхьэр, хъуныр нагъэблэгъати, махуэ псом хъуэкIуа Iэщым я ныбэ из щымыхъур нэхъыбэт, гъэкIэ хуэмыдэу, мы гъэм нэхъ пасэу кIащхъэ хъуат ар. А псом я щIыIужым, ныжэбэ къуршым уэс телъу нэху къекIат. Ауэ нобэ уэфI зэрыхъунум и нэщэнэхэри мащIэтэкъым: Iуащхьэмахуэ и щыгур къабзэт, нэр теплъызэрэ узримыгъэплъу. Iэщыхъуэ пщыIэхэм щащIа мафIэхэм я Iугъуэр, фочыкум къикIа нэхъей, захуабзэу дэкIуейрт.

– Тхьэм и шыкуркIэ, уэфI хъунущ нобэ, – къэпсэлъащ лIыжьыр, къуршри хъупIэри гупсэхуу къызэхиплъыхьа нэужь. – Иджы хуэдэ гъэмахуэкIэм дунейр къызэIищIэмэ, щIэх дыдэ зиукъэбзыжыркъым.

– Бжьыхьэ уэфI хъурэ гугъу фемыхьу Iэщыр нефхухыжамэ арат, – пищащ пщыми лIыжьым и псалъэм.

Пщыр къыщыпсалъэм, лэгъупэжьыр тегушхуэри щIэупщIащ:

– Уа, Къасым, псалъэмакъ гуэр къебгъэжьати, щIалэ цIыкIур къыщытехьэжым щыбгъэтыжащ. Сытыт жыпIэну узыхуеяр?

Пщыр хьэлъэу щэтащ. Ихъуреягъыр къызэхиплъыхьри, нэщхъейуэ жиIащ:

– Пэжщ, къезгъэжьат, Елбэздыкъуэ. Ар сщыгъупщэжакъым, гъуэгум щыбжесIэмэ нэхъ тэмэму къэслъытэжауэ аращ. ЩIагъуэкъым дунейр, хуабжьу къэутхъуащ. Урысейр бжэныцрэ хьэцыпэу зэрызохьэ. ПсалъэмакЪ къекIуэкIхэр пэжмэ, пащтыхьыр трахуауэ аращ. Заводрэ фабрикэрэ зиIэ псоми къытрах, мыгувэу а псори мыбыи къэсынущ. Дыгъуасэжэщ Жансэхъу пщыжьым деж дыщызэхуэсати, унафэ тщIащ икIэщIыпIэкIэ Тыркум дыкIуэну. Аращ Iуэхур зэрыщытыр, Елбэздыкъуэ.

Къасым и псалъэр зэпигъэури, жиIар лIыжьым къызэрыщыхъуар зригъэщIэну, нэбгъузкIэ абы хуеплъэкIащ. Елбэздыкъуэ и нэгур хуабжьу зэхэуат. Фагъуи хъуат. Пщым жиIахэр гущIыхьэ щIыIэ зэрыщыхъуар и теплъэ псоми къыбжаIэрт.

«КъызэрыщIэкIымкIэ, хъупIэм щекIуэкI псалъэмакъхэр уэрам псалъэкъым», – егупсысащ лIыжьыр. Ныжэбэ и хьэщIами пцIы иупсакъым. Ауэ, Къасым зэрыжиIэм хуэдэу, Iуэхур гузэвгъуэу икIи апхуэдэу IэкIэщIлъэкIэщIу ар къэхъуну лэгъупэжьым и пщIыхьэпIи къыхэхуатэкъым.

Пщымрэ и лэгъупэжьымрэ щыму кIуэрт, щхьэж и гупсысэхэм зэщIаубыдауэ. Пэжу, пщым и Iуэху зытет псори и лIыщIэм, нэхъ дзыхь зыхуищIу жылэм дэсхэм ящыщ зым, жриIатэкъым, ауэ и дзакIэ тригъэIэба къудейт. А жриIар къызэрыщыхъур къиищIэмэ, нэхъыбэжми щыгъуазэ ищIынут, куэдкIи ечэнджэщынут. АрщхьэкIэ лэгъупэжьым зыри жиIэркъым, хоплъэ, хьэдэ изыхауэ нэщхъейуэ.

– ХъыбарыфI къысхуэпхьакъым, си щIалэ, си жьыщхьэ апхуэдэ гуIэгъуэ зэхэзмыхыу сылIэжамэ, дыщэм хуэдэти! Ара мыгъуэу пIэрэт апхуэдиз гъащIэ Азалыхьталэм къыщIызитар?

Аргуэру тIури мамыращ. Зэуэ лIыжьым гъащIэр къытеункIыфIат. Абы илъагъуужыртэкъым къуршым и дахагъэри хъупIэм и беягъри. И гупсысэхэм яхьат зы щIыпIэ жыжьэ гуэрым, хъарпшэру фIэкIа и нэгу къыхущIэмыгъэхьэ, къыщIигъэхьэнуи зыхуэмей хамэ щIыпIэ мыцIыхум. И акъылым къыхуигъэтIасэртэкъым ар зыхуэдэри. Ауэ фIыуэ ищIэрт абы Iуащхьэмахуэ зэрыщымыIэри, хъущIэу Балъкъ зэрыщемыжэхри, ищIэрт пщэдджыжькIэрэ къызэрытэджу мы къурш уардэхэм зэрыщыIумыплъэнури. ИщIэртэкъым абы зыри, ар зэрыхамэщIым фIэкIа. Ауэ быдэу гукIэ зыхищIэрт хамэщIыр зэи псэм зэремыхуэбылIэнур.

– АтIэ, сыт щыгъуэ фыщежьэр? – къыжьэдэхуащ Елбэздыкъуэ зэуэ, жиIэми зэрегупсысыщхуэ щымыIэу.

– Хьэзыр дыщыхъу, ауэ зыдгъэгуващи хъуну къыщIэкIынукъым, – жиIащ Къасым, лIыжьым зэхих къудейуэ. – ДеужьэрэкIын хуейщ.

– Ярэби, си щIалэ, уи адэжь щIыналъэр къэбгъанэу уемыжьамэ, мынэхъыфIу пIэрэт? Уи адэжь, уи адэжьым и адэжхэм я кхъащхьэ хыфIэбдзэу дауэ ущалъхуа щIыналъэ зэрубгынэнур?

Пщым и уIэгъэ дыдэм жьэхэуат лэгъупэжьыр. Иджыпсту абы жиIари, жимыIэфу къэнари езы Къасыми зыхищIэрт, лIыжьым нэхърэ мынэхъ Iейуэ. Зи Хэку зыбгынэ дэтхэнэми, абы гудзакъэ тIэкIунитIэ иIэмэ, ахэр и псэм темыгъуэлъхьэнкIэ Iэмал закъуэ зимыIэт, бэуэгъуэрэ псэхугъуэрэ къримыту. Ауэ къекIуэкI псор лэгъупэжьым тэмэму зэрызыхимыщIар нэрылъагъут.

– Ей, Елбэздыкъуэ, Елбэздыкъуэ, Iуэхур а уэ узэригугъэм хуэдэкъым. Мыбы къэхъуну зэрызехьэм кърикIуэну псор зыщIэ щыIэкъым, езы Алыхьталэм фIэкIа.

Лэгъупэжьым зыри жимыIэу и щхьэр игъэсысащ, псалъэкIэ хужымыIэ икIи хужымыIэну псори абы къригъэкIыу. Пщыр нэхъри хэгупсысыхьащ. ГукIэ зыхищIэрт лэгъупэжьым зыгуэрхэр къыжриIэну зэрыхуейр, ауэ щхьэтеч зэрыхуэмыщIыр. Апхуэдэу щыхъум, езы пщым жиIащ:

– Уэ, Елбэздыкъуэ, зыгуэр пхужыIэркъым. Зыри къыумыгъанэу, уигу илъ псор къызжыIэ, иужькIэ сыIэбэмэ, сылъэIэсыжынкъым. Гуауэми къызжыIэ, пэж нэхъыфI щыIэкъым. Аращ сэ нобэ уи деж сыкъыщIэкIуар.

– Узахуэщ, си щIалэ, узахуэщ. Тэмэму сыкъыбгурыIуащ, берычэт бесын! Iуэхур апхуэдэу щыхъуми, Жансэхъу гъусэ пхуэмыхъуамэ арат, – жиIащ лIыжьым шыр къыжьэдикъуэри, пщым и нэгум иплъэурэ.

Къасыми шыр къыжьэдикъуащ.

– Ар сыт щхьэкIэ, Елбэздыкъуэ, ар си адэм и ныбжьэгъуащ, си гугъэмкIэ...

Абы и псалъэр хунэмыгъэсу и тэмакъым зыгуэр къытегъуэлъхьащ, имыгъэбауэу, икIи и нитIыр лIыжьым триубыдащ.

– Хьэуэ, и ныбжьэгъуакъым. И ныбжьэгъун щызогъэтри, игъащIэм зы махуэ закъуи дзыхь хуищIакъым. Сэ уи адэри уи адэшхуэри фIыуэ сцIыхуу щытащ. ЦIыху губзыгъэт ахэр, акъылышхуэ зиIэ цIыхут. Ахэр зэи хуеякъым лейуэ бий гуэрхэр яIэну. Сэ абыхэм я щэху куэд

сыщыгъуэзащ, дзыхь къысхуащIу щытащ. Минрэ пщыми, Жансэхъу цIыхуфIкъым, и адэри и адэм и адэжри хьэрэм ягу имылъу зы махуэ закъуи дунейм тетакъым. Абыхэм зэи фIыуэ ялъэгъуакъым мылъкукIэ къатекIуэхэр. Мис а нетIэ зи гугъу тщIахэм ящыщщ ахэри, ауэ мыхэр пщыщ, модрейхэр лIыщIэщ. ЦIыхур фIырэ Iейрэ зэлъытар пщы хьэмэрэ мыпщ жиIэу аракъым, атIэ и лъырщ, и лъыр. Лъы къабзэ щIэмытмэ, ар хуеймэ ирепщ, хуеймэ ирелIыщIэ, абы зэи уи дзыхь ебгъэз хъунукъым. АтIэ, уи адэр губзыгъэти, иIыгъащ Жансэхъу, икIи и мыфIыщэу, бии зыхуимыщIу. ЦIыху бзаджэнаджэм апхуэдэу фIэкIа удекIуэкIыфынукъым. Пэжщ, Жансэхъу зилъытэжырт уи адэм и ныбжьэгъуу дзыхь иригъэзуи. Ауэ жыжьэуи апхуэдэтэкъым. ИтIани, куэдрэ хэтащ уи адэм гъэпцIагъэ гуэрхэр къыкIэлъызэрихьэну, ауэ мыдрейм апхуэдэ Iэмал абы зэи иритакъым. Уи адэм къыфIэлIыкIырти, и Iуфэлъафэр къижыхьырт, хэтт дзыхь зыхуригъэщIыну. АрщхьэкIэ уи адэр абы къигъэпцIэфынухэм ящыщтэкъым.

ЦIыху дыджщ Жансэхъу, и адэри дыджу щытащ. Лей куэд иращ абыхэм цIыхум, куэди я нэгу щIагъэкIащ. Нобэ цIыхубэр пщым хуэмыарэзыуэ зыкъаIэтмэ, абыхэм зыкъезыгъэIэтари зыкъыщIаIэтари Жансэхъурэ абы и адэмрэ хуэдэхэращ. Хъунущ ахэр Хэкум икIыжми, щIимыкIыжыни щыIэкъым. Ауэ уэ уи адэ и жылэжь укъыдэнэжми, тхьэм и ней къыпщыхуэ къыбжезыIэфын зы цIыху закъуи къыдэкIынукъым. Уэ сигу илъымкIэ укъызэупщIати, сигу илъыр ныбжесIащ, зыгуэркIэ уигу сеуамэ, емыкIу къысхуэпщIынкъым.

Лэгъупэжьым и псалъэхэм Къасым хуабжьу хагъэплъащ. Ухэплъэххэнумэ, ухэзыгъэплъэни жриIат абы лIыжьым. Абы гукIи псэкIи зыхищIэрт Хэкум къинэ зэрымыхъунур. Минрэ и адэри, и адэшхуэри, езы дыдэри сыт хуэдизу мыцIыхуфIами, жылэжьым дауэ къамылъэгъуами, аратэкъым нэхъыщхьэр. Нэхъыщхьэр къэкIуэнурт, гублащхьэм дэтIысхьэнухэрт, абыхэм ящIынутэкъым пщы зэхэгъэж, упщмэ, упщти – зэфIэкIат. Ауэ Елбэздыкъуэ дежкIэ ар жэщ кIыфIт, и акъылми зэи къимыубыдынт. Ар лIыжьым къыгуригъэIуэн хьисэп иIэу, Къасым къригъэжьащ:

– Пэжщ, Елбэздыкъуэ, жыпIэр. Си ади, си адэшхуи зи жагъуэ ящIа ди жылэм зы цIыху дэскъым. Сэрщи, сщIыпэнуми, зыгуэрым игу сеуэнуми, сыздынэса щыIэкъым. Ауэ тIэкIу ипэкIэ дыгъаплъэт. Мы къызэщIэхъеяр пщыфI-пщы Iей жаIэу щIэупщIэнукъым, псори зы выбжьэщ абыхэм дежкIэ. Абы пцIы хэлъкъым.

– Ди Тхьэшхуэм гущIэгъу къытхуищI, си щIалэ, – хьэлъэу щэтащ лIыжьыр.

– Мыдрейуэ, Жансэхъу щхьэкIэ къызжепIахэм папщIэ берычэт бесын. Си адэмрэ абырэ яку илъа псор сэ дэнэ щысщIэн, ауэ къыкIэлъыкIуэу, къилъагъуу зэрыщытар сщыгъупщакъым. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, ди адэ тхьэмыщкIэм и фэ изоплъри, жагъуэуи слъагъуркъым, – хуэм дыдэу жиIащ Къасым.

– Узахуэщ, сэ бжесIэркъым Жансэхъу гъэбий е нэгъуэщI жысIэу. Ухуэмыбэлэрыгъ, уи дзыхь иумыгъэзыщэ. Сакъыу бгъэдэт, сэ бжесIэм уи дзэ Iуиудынкъьм.

Пщы щIалэм Елбэздыкъуэ жиIахэр и гуапащэ мыхъуами, и жагъуи ищIатэкъым. А дакъикъэхэм абы и пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым лIыжьым къыжриIахэм мыгувэу IэкIэ зэрытеIэбэнур, Жансэхъу

щIыгъуу Хэкур зэрибгынам Iэбэмэ зэрылъэмыIэсыжынур. Ауэ, апхуэдэу и гур зэIухауэ къыщепсалъэм, Къасым тегушхуэри къригъэжьащ:

– Сэ, Елбэздыкъуэ, си мурадщ, жылэм щыщу си гъусэу нэкIуэну гукъыдэж зыщI псори здэсшэну. Уэ дауэ уеплърэ абы?

– Плъагъурэ, си щIалэ, узыдэмыхьа къуэладжэ лы дэзщ, жиIащ пасэрейм. Уи Хэкур убгынэу хамэ Хэку укIуэныр Iуэху джэгукъым. Сэ си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, мы дуней фIыгъуэр къызатынуми, си жылэжь схуэбгынэнукъым. Уи гъусэу дынэкIуэнщ жаIэрэ – хъарзынэщ, здэшэ. Здэшэ нэкIуэнухэр, ауэ зыри хыумыгъэзыхь. Хыумыгъэзыхь, иужькIэ уи нэщIыбагъкIэ нэлат къыуахыжынщ. Уэ сыткIэ ухуей абы?! Гурэ псэкIэ накIуэмэ, ар нэгъуэщIщи, абы и Iуэхур щхьэхуэщ.

Къасым хьэкъыу пхыкIащ лIыжьыр и гъусэу зэремыжьэнур, хуабжьуи къехьэлъэкIащ. Ауэ егупсысыжыпэри игукIэ жиIащ: «Абы и пIэм ситамэ, сэри апхуэдэу сщIыну къыщIэкIынт». ИриубыдылIэу си гъусэу нежьэ зэрыжримыIами щыгуфIыкIыжащ. «Сыт хуэдэ зэман къэмыхъуами, Елбэздыкъуи, Елбэздыкъуэ хуэдэхэми зыми и гугъу ящIын хуейкъым. Сыт щхьэкIэ ящIын? Я гъащIэ псор Iэщыхъуэрэ мэкъумэшыщIэу, лажьэрэ шхэжу къахьащ. Псалъэмакъ къекIуэкIхэр пэжмэ, апхуэдэхэрщ мы къежьа псори щIызэхащIыхьыр, ахэрщ зи пхъэ къикIын хуейри». Iэджэ щызэригъэзахуэрт пщым и щхьэм. Iэджи щызэблэкIырт абы и гупсысэхэм.

Махуэр дыгъэпс дахэт. Иджыпсту Iуащхьэмахуэ апхуэдизкIэ IупщIу плъагъурти, уеплъ пэтми зыщыбгъэнщIыртэкъым. Абы и дахагъэ псомкIи зыкъызэIуихати, гуми псэми ехуэбылIэрт, ехуэбылIэрт, къаруущIэ къыпхилъхьэрэ гукъыдэжышхуи къыуиту. Дунейм теттэкъым зэрыпщIэн, иужь дыдэу абы Iуплъэж и къуэм сэлам гуапэ кърихыжу фIэкIа. Хуэдэт къыжриIэ: «КъысIуплъэж, си щIалэ, къысIуплъэж иужьу. Ди Тхьэшхуэрщ зыщIэр: дызэрылъагъужыни иужькIэ, дызэрымылъагъужыни!»

Дыгъэр фIыуэ къыдэкIуэтеяти, дунейри хуабэ къэхъужат. Сыт щыгъуи хуэдэу, бжьыхьэкIэ дыгъэр гум и щIасэт, жумарту иужьрей хуабэр цIыхуми псэущхьэми яритырт, яритырт къэкIыгъэхэми. Абы лъэр игъэжанырт, гур хигъахъуэрт. Хъушэ-хъушэурэ хъупIэшхуэм къиужьгъа Iэщым дуней дахагъэр нэхъри яIэтырт. ЗэкIурт хъупIэмрэ Iэщымрэ, зыр адрейм къызэрыхуигъэщIар, гуэхыпIэ ямыIэу ахэр зэрызэпхар зыхэпщIэрт. ЗыхащIэрт ар пщы щIалэми зи гъащIэ псор губгъуэм щызыхьа лэгъупэжьми. Ауэ а щIыналъэ дахащэм а тIум иджыпсту хуаIэ щытыкIэр зыкIи зэтехуэртэкъым: зым и хьэдэр щалъхуа щIыналъэм щыщIалъхьэжын щхьэкIэ и псэр итыну хьэзырт, адрейм, а щIыналъэр зыкIи нэхъыкIэу имылъагъу пэтми, и псэр ирихьэжьэрт, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ирырагъэхьэжьэрт, ирырагъэхьэжьэрт зыкIи хуэмейуэ. Ауэ абы и псэр ихъумэжын хуейт. Ар ихуат щалъхуа щIыналъэм нэхърэ псэр щынэхъ IэфI дакъикъэ. Апхуэдэ дакъикъэ цIыхум къыщыхуихуэр зэ закъуэщ. Мис иджы ар гъащIэмрэ ажалымрэ хэдэри, къыхихат гъащIэр, зэ фIэкIа цIыхум къримыт гъащIэр. Ауэ абы хьэкъыпIэкIэ и фIэщ хъурт гува-щIэхами а и адэжь щIыналъэм къигъэзэжыну, иджыпсту къэхъея зэрызехьэри куэдыщэ дэмыкIыу зэтесабырэжыну. Арагъэнт, гъащIэмрэ ажалымрэ хэдэу, гъащIэр къыщIыхихари.

Лэгъупэжьыр щхьэлажьэ хъуауэ егупсысырт къэкIуэну гъащIэм, къуажэр пщыншэу къызэхэнэмэ псэуа зэрыхъунум. Ауэ ар и нэгу

къызэрыщІигъэхьэмрэ зэрегупсысымрэ лъыр ягъэдийрт, псэр ягъэхыщІэрт. Апхуэдэу щыт пэтми, лІыжьым и нэгу къыщІигъэхьэхэр дыщэ зэрылэт, ежьэхэр ипэжыпІэкІэ зыхуэзэнум елъытауэ.

ШууитІыр шыбзыхъуэ пщыІэм щытехьам, шэджагъуэхуегъэзэкІ хъуат. ПщыІэр нэщІт. Пщым ней-нейуэ ихъуреягъыр къызэхиплъыхьащ, шыхъуэхэм ящыщ зыгуэр къилъыхъуэу. Абы гу лъызыта мэлыхъуэ лІыжьыр мащІэу и пащІэкІэ щІэгуфІыкІащ:

– Шыбзыхъуэ хабзэм текІакъым ди щІалэхэри, тэмэму ягъэзащІэ.

– СлІо, Елбэздыкъуэ, шыбзыхъуэхэм хабзэ хэха яІэу ара? – щІэупщІащ Къасым, и лэгъупэжьым жиІар къыгурымыІуэщауэ.

– АтІэ, зиунагъуэрэ, зэхыумыхауэ ара зэи? Губгъуэм ис адрей Іэщыхъуэ пщыІэхэм хуэдэу, абыхэм я лэгъупыІэмпІэ зэфІэдзауэ щыткъым. Хэт и мэлыхъуэ е Іэщыхъуэ пщыІэ нэхъ ІэфІу пщафІэми, мохэр абыхэм я хьэщІэу аращ. Апхуэдэу къогъуэгурыкІуэ игъащІэ лъандэрэ.

Пщым, ар фІэмыкъабылрэ игъэщІагъуэрэ мыгурыІуэгъуэу, и щхьэр мащІэу игъэкІэрэхъуащ.

– ТІэ, хакІуапщІэр дауэ яхъумэрэ а зи гугъу пщІыхэм? – нэщхъейуэ къыпыгуфІыкІащ Къасым.

– Абы и лъэныкъуэкІэ ущІэгузэвэн лъэпкъ щыІэкъым, тхьэ соІуэ, зы шы соку хамыгъэхуну. АбыкІэ хуабжьу сакъщ. КъыщинэмыщІауэ, зы шыхъуэ пэрымытми, махуэми жэщми плъыр емызэшыжщ уи хакІуапщІэм хэт хакІуэр. Пэжу, хакІуэ псори сакъщ, ауэ уи хакІуэр егъэлеящ. Къущхьэхъу Іэщыхъуэу итым афІэкІа гъэщІэгъуэныпІэ яІэкъым, апхуэдизкІэ сакъщи.

– Дауэ? – лІыжьым жиІар аргуэру къыгурыІуэпакъым пщы щІалэм.

– Зи дауэращ, си щІалэ, хьэфІыр мэлыхъуэм зэридэІэпыкъуэгъуфІым ещхьыркъабзэу, хакІуэфІри шыхъуэм и щІэгъэкъуэнышхуэщ. ХакІуэфІым гуартэм хэт шы псори ецІыху. И шыбзи хигъэкІынукъым, нэгъуэщІи къыхигъэхьэнукъым. Ауэ аракъым нэхъыщхьэр, абы ецІыху зыгъэхъу шыхъуэхэри. ЕцІыхури, нэгъуэщІ цІыхуи бгъэдигъэхьэнукъым, бгъэдигъэхьэн дэнэ къэна, гъунэгъуу блигъэкІынукъым. Уи хакІуэр егъэлеяуэ емылыджщ. Ар ящІэри, мы куейм къедза Іэщыхъуэхэми жыжьэу къыпакІухь. Хуабжьу и напщІэ телът хакІуэр уи адэ тхьэмыщкІэм. Къэбэрдейм пщы щІагъуэ къинауэ къыщІэкІынтэкъым а хакІуэм щхьэкІэ уи адэм къемылъэІуа. Ауэ, хэт сыт жимыІами, зыми ирищакъым икІи ирихъуэжакъым. Апхуэдэ хакІуэ бгъэкІуэд хъурэт!

– Хьым! – игъэкІэрэхъуащ Къасым и щхьэр. – Сэ зэхэсхат ди хакІуэм и хъыбарыфІ куэд, ауэ и Іуэху зытет псом апхуэдэ дыдэу сыщыгъуазэтэкъым. Арагъэнущ зы жэщ Жансэхъуи хакІуэм хуабжьу къыщІыщІэупщІар...

Ар щызэхихым, Елбэздыкъуэ и гур къыхэдзэкъыкІащ. Лэгъупэжьыр фІыуэ щыгъуазэт Жансэхъу хакІуэм и хъыбар ахъырзэману зэрищІэм. Мызэ-мытІэуи Къасым и адэм къриІуэкІат хакІуэр ирищэну е ирихъуэжыну. АрщхьэкІэ мыдрейм ІейкІи фІыкІи жэуап щримытым, езыми хакІуэм и Іуэхур игъэбэяужат. «Иджы щІалэм гъэпцІагъэкІэ хакІуэр ІэщІигъэкІыну мурад ищІащ», – егупсысащ лІыжьыр. АрщхьэкІэ, жиІэнІауэ хунэмысу, Къасым щІэупщІащ:

– Сыт и ныбжьын хакІуэм, Елбэздыкъуэ?

Лэгъупэжьым и щхьэм Iэджэ щызэблэжырт иджыпсту. Нышэдибэ лъандэрэ и пщы щIалэм къыжриIа гуауэм иджы хакIуэм и Iуэхури къыхыхьэжат.

– И фIыгъуэ дыдэщ, си щIалэ! Ауэ, сыт и мыныбжьами, сыт хуэдэ Iуэху ухэмыхуами, хакIуэр зэи зыIэщIумыгъэкI. Зехуэ, уи адэжь и фэеплъу, уи адэ Хэкужьым и тыгъэу. Абы нэхъ лъапIэ уэ хамэщIым щыбгъуэтынкъым.

Къасым зыгуэрхэр жиIэну кърихгъэжьа къудейуэ, пщыIэм шыбзыхъуэ щIалитI къытелъэдэжри, псалъэмакъыр зэпыуащ. Шым я зыкъегъэлъэтэхи я сэлам ехи зыуэ, ахэр хьэщIэхэм я пащхьэм къихутащ.

– Жыжьэу фыкъэтлъэгъуати, – жиIэу щIалитIым я зым къыщригъажьэм, Елбэздыкъуэ абы и псалъэр къыIэщIихащ:

– Афэрым, афэрым! ЩIалэфI хьэл дыдэщ. ТIэ, хьэщIэ дыдэ фиIэщ, лIы ищIэн тхьэм фигъащIэ, – лэгъупэжьым щыжиIэм, шыбзыхъуитIри дэпу къызэщIэнащ. Абы гу щылъитэм, Елбэздыкъуэ къыпыгуфIыкIри, и псалъэхэм щIигъуащ:

– Дэнэ щыIэ фи нэхъыжьхэр?

– Моуэ хакIуапщIэмкIэ кIуат иджыпсту... Къедджэжынщ...

– Хьэуэ, къэвмышэж. Сэри сыкIуэнущ шым сахэплъэну. Дауэ уеплърэ, Елбэздыкъуэ?

– Ар тэмэмщ, Къасым, ауэ нышэдибэ пшха щыIэкъым, моуэ тIэкIу дызэIурыуамэ, мынэхъыфIу пIэрэт?

– Къэдгъэзэжмэ, дызэIурыункъэ...



– Дэгъуэщ. КIуэ, шынэхъыщIэ, мо си уанэ къуапэм фIэдза къэлътмакъыр къыфIэхи, дэ къэдгъэзэжыхукIэ зыгуэрхэр гъэхьэзыр, – унафэ хуищIащ лэгъупэжьым щIалитIым я зым.

Зы щIалэр пщэфIэну къагъанэри, адрейхэм хакIуапщIэмкIэ яунэтIащ. Жыжьэ дыди кIуэнутэкъым ахэр. Ауэ, нэсыным зыкъомыфI иIэжу, хакIуэм гу къалъитауэ зиукIыжырт. Абы шыбз гуартэр хъурейуэ къижыхьурэ, шыхэр зэхуихусырт. ЩIыр фIалъэкIэ къриудырт. ЩIакIуэр иубгъуу тIэкIу зигъэпсэхуну зызыгъэукIурия шыбзыхъуэ нэхъыжьыр мащIэу Iурихати, хакIуэм и Iэуэлъауэм къигъэушыжащ. Шухэр нэхъ гъунэгъу хуэхъухукIэ, хакIуэри нэхъри хъийм икIырт: и къару къызэрихькIэ щыщцырт, зритIэрти, кIэбз лъакъуитIымкIэ увырт.

Шыбзыхъуэ нэхъыжь Мусэ, къызэрыкIуэIар къищIэри, къэтэджащ. ХьэщIэхэр щилъагъум, къапежьащ.

Сэлам зэраха нэужь, хакIуэ зызыукIыжым пщыр хуабжьу зэреплъым гу лъитэри, Мусэ къыпыгуфIыкIащ:

– ФыкъызэрыIухьар имыдэу аращ, Къасым! Тщымыщ лъэпкъ мы куейм къригъэхьэркъым.

Пщыр умэзэхауэ хакIуэм кIэлъыплъырт. Зыкъомрэ ихъу-илъа нэужь, хакIуэр нэхъ зэтесабырэжащ. Къасым и адэ Къаныкъуэ и хакIуапщIэм теухуа хъыбар ехьэжьахэр зыIуатэхэм я пашэр Жансэхъут. ИпэжыпIэкIэ, Къаныкъуэ и хакIуапщIэр зыкIи къыкIэрыхуртэкъым Куэцэхэ я хакIуапщIэу Къэбэрдей псом щагъэвууам. Къаныкъуэ фIы дыдэу ищIэрт Куэцэм шыкIэ къытекIуэ фIыуэ зэримылъагъури, зэи и хабзэтэкъым езым и хакIуапщIэм щытхъуу. Нэхъ къищтэрт, псалъэмакъыншэу и Iуэху зэрихуэжу псэумэ. Ауэ Куэцэ пщыжьым и хьэлыр Къаныкъуэ нэхърэ мынэхъ Iейуэ зыщIэ Жансэхъу Iэмал игъуэтауэ зэи блигъэкIыртэкъым Къаныкъуэ и хакIуэми

хакIуапщIэми темыпсэлъыхьу. АбыкIэ къихьыну зыхуейри зыт: Куэцэ пщыжьыр къигъэгубжьу Къанлыкъуэрэ абырэ бий зэхуищIынырт.

А псоми фIыуэ щыгъуазэт Елбэздыкъуэ, арщхьэкIэ зи щхьэр зи лажьэ пщы щIалэр иджыпсту абыхэм зыкIи хуэмейуэ къилъытащ. АтIэми, Жансэхъу и гъусэу гъуэгу щытеувэкIэ, а къомыр сыту ищIын. Жансэхъу папщIэ жриIари ирикъунщ, зыгуэр къыгурыIуэххэнумэ. Апхуэдэут лэгъупэжьыр Iуэхум зэрегупсысыр. Ауэ абы ищIакъым иджыпсту Къасым жримыIа псоми куэдыщэ дэмыкIыу зэрыху-щIегъуэжынур, хущIегъуэжым къыщымынэу, псэухукIэ и щхьэр зыфIиудыжу гъащIэр зэрихьынур...

Куэдрэ еплъащ пщыр хакIуэм, зыщимыгъэнщIу. Абы и дахагъым нэри псэри ихьэхурт, уи напщIэм телъми, урипагэми хъуну, псэущ-хьэ телъыджэт. Пщым и нэр хакIуэм къытричри, дунейр зыхуримы-къуу джэгу шыщIэхэм ятриубыдащ. Абыхэми защимыгъэнщIу зы-къомрэ еплъа нэужь, пщым игу къэкIыжащ губгъуэм зыплъыхьакIуэ къызэрымыкIуар, дэзыхьэха гъащIэм къыхэкIыжри, къыпэплъэ пша-гъуэ кIыфIым химылъагъукI гъащIэм къыхэхутэжащ.

– Махуэ дапщэкIэ пхуэгъэсэн, Мусэ, мы хакIуэр? – зэуэ еупщIащ ар шыбзыхъуэ нэхъыжьым.

Апхуэдэ упщIэм пэмыплъам и нэхэр зэуэ къихуащ, и жьэпкъри къыщIэхури, жэуапу иритынур зыхуэдэр къыхуэмыщIэу, къыкъ хъуауэ, зыкъомрэ щытащ. Абы гу лъимыта нэпцI зищIри, пщым и псалъэм пи-щащ:

– Зы махуипщI, махуэ пщыкIутхукIэ гум щIэтщIэну шы дапщэ вгъэсэфын?

Мусэ етIуанэу пщыр къызэреупщIар зэхихакъым. Елбэздыкъуэ зыри жимыIэу щытт, пщым и псалъэхэр щIалэхэм къазэрыщыхъум наб-дзэгубдзаплъэу кIэлъыплъу.

– Мыр зи псэущхьэ дахагъ дауэ уанэ теплъхьэн? – игъэщIагъуэми пщым еупщIми къыпхуэмыщIэу, жиIащ шыхъуэхэм ящыщ зым. – ХакIуэм зэ уанэ теплъхьамэ, ар хакIуэжкъым – уанэш хъуауэ аращ.

– Уанэш хъуауэ аращ, жоIэ-тIэ? – хуэм дыдэу и щхьэ хужиIэжащ Къасым икIи нэхъри къызэхэуащ.

Мусэ и дамэхэр дригъэуеящ, адрей шыбзыхъуэхэри зэплъыжащ.

– Мыбы шыгуитIщ яIэр, Къасым, шыгуитIкIэ уэ узыхуеинум хуэ-диз щIэх дыдэу пхуэгъэсэнукъым, – къыхыхьащ псалъэмакъым Ел-бэздыкъуэ. – Абы нэхърэ нэхъыфIыр шыбз гуп ехухыжауэ, къуажэм щыгъэсамэ аращ. ХакIуэ дыдэри къуажэм нэхъ тэмэму гъэса щыхъунт, мы къуакIэбгыкIэм нэхърэ.

ЛIыжьым къеплъри, арэзыуэ пщым и щхьэр ищIащ.

– Дэгъуэщ, Елбэздыкъуэ, дэгъуэщ.

Абдежым унафэ щащIащ, хакIуэри яхэту, зы шыбз тIощIырыпщI пщэдей нэху здэщым къуажэм яхужыну. Псалъэмакъыр и кIэм нэсауэ къилъытэри, пщыр къежьэжыну шым шэсыжащ. Шыбзыхъуэ нэхъы-жьым и щхьэр икъутэжырт: апхуэдиз шыгуш пщым зэрищIынур сыт? Аращ зэгупсысари пщыIэм къытехьэжыхукIэ.

ПщыIэм къытрана шыбзыхъуэ щIалэм Елбэздыкъуэ и къэлътма-къым илъа ерыскъыр игъэхуэбэжауэ хьэзырти, Iэнэм къытралъхьэри шхэну тIысахэщ. Абы и ужькIэ, замыIэжьащэу, пщымрэ лэгъупэжьым-

рэ уэтэрым къэкIуэжыну къежьэжащ. ЛIыжьыр нэщхъейт икIи псэлъэгъуейт. Абы и щхьэм куэд щызэригъэзахуэрт.

– Пщэдей фIэмыкIыу, Елбэздыкъуэ, уэри зы мэл щэ ныкъуэ хуэдиз букIрэ бгъэгъуамэ арат, – жиIэу пщым къыщригъажьэм, лэгъупэжьым ари хуигъэщIэгъуакъым:

– ДукIынкIэ дукIынщ, Къасым. Ауэ, плъагъуркъэ, гъэр нэсащ, тэмэму мыгъумэ-щэ? Зыхуей хуэмызауэ здепшажьэмэ, Iисраф пфIэхъунщ. Мэлхэри епхухыжрэ къуажэм щыбукIмэ нэхъыфIщ. Апхуэдиз Iэщым и кIуэцIфэцIри Iисраф мыхъуу цIыхум яшхынщ, мыбдеж сыт абы щепщIэфынур? Мэлхэри мыпшэр дыдэурэ къыхэдзамэ нэхъыфIщ, пшэрри дагъэу мэткIужри хэпшхыкIыни бгъуэтыжыркъым. КъищынэмыщIауэ, мэл къудейкIи узэфIэкIынукъым. Iэщышхуи укIын хуейщ. А псори зэуIу щIарэ пщэдей нэхъ фIэмыкIыу ехухыжамэ, зэманым нэхъ укъикIынут.

Къасым и щхьэр ищIащ арэзыуэ.

– МыдэкIэ, Iэбгъэахъуэхэм я деж кхъуей плъыжь щыслъэгъуащ зымахуэ. Ари нрашэхыжыну яжесIэнщ. Гъуэгум и бгъуагъри и кIыхьагъри зэхуэдэщ, жиIащ пасэрейм, гъуэмылэкIэ умыбэлэрыгъ. Унэса нэужьи, а уздэкIуэм уэ зыри къыщожьэркъым, – зэрыхузэфIэкIкIэ иущийрт пщы щIалэр мэлыхъуэ лIыжьым. – КъищынэмыщIауэ, си щIалэ, хьэкъуурт сыт хуэдизкIи нэхъыбэу здешажьэ, илъэсищэкIэ щылъами, Iей хъунукъым. НэгъуэщI уимыIэжми, хьэкъуртыр фоупскIэ зэхэпщIэмэ, абы укъуэлIыкIынукъым. Къэуатышхуэ щIэлъщ, зэгъщ.

ШууитIыр уэтэрым къыщытехьэжам, ахъшэм хъуным иIэж щыIэтэкъым.

– Дауэ щыт уIэгъэ щIалэр? – щIэупщIащ пщыр, шым къепсыхыу шы IумпIэр Елдар зэрыритыххэу.

– Шыкурыр Алыхьым дежщ, нэхъыфI хуэдэщ нобэ, – жэуап къитащ Елдар.

– Сыту фIыт, ярэби, сыту фIыт, – гуфIащ Елбэздыкъуи.

Мэлыхъуэхэр пщэфIат, Елбэздыкъуэ сымэ къэсыжыным пэплъэу зэхэсти, Iэнэр къагъэуващ. Абы ирихьэлIэу псори пщыIэм къытехьэжащ. Шхэн яуха нэужь, Къасым мэлыхъуэхэм яжриIащ и Iуэху зытетри хъыбар къаримыгъащIэу Къущхьэхъу къэкIуэн хуей щIэхъуари. Уэршэру, куэдрэ зэхэсащ ахэр а пщыхьэщхьэм.

Пщэдджыжьым къыщежьэжым, Къасым лэгъупэжьыр лъэныкъуэкIэ Iуишри къыжриIащ:

– Иджы, Дыкъуэ, дунейр зэрыхъунур зыми ищIэркъым, ди щхьэщыгу ит Алыхьым фIэкIа. Хэт ищIэрэ, мыгувэу къэдгъэзэжынкIи хъунщ, къэдмыгъэзэжыххэнкIи хъунщ. ЗыгуэркIэ къэдмыгъэзэжрэ, дунейр къызэIыхьэпэмэ, си Iэщри си мылъкури жылэм яхуэгуэш, ятегуашэ зэрахуэхъукIэ, цIыху бжыгъэу унагъуэ къэс исым тещIыхьауэ. Дэ ди щхьэм...

– Iэу, си щIалэ, сыт мы жыпIэхэр? – Iэпиудащ пщым и псалъэр лIыжьым.

АрщхьэкIэ пщыми и лэгъупэжьым жиIэну къригъэжьар и кIэм нригъэгъэсакъым:

– Аращ, Дыкъуэ. Сэ зэрыбжесIам хуэдэу щIы! Къуажэ старшынэр щыщымыIэжкIэ, Мыхьмуд-ефэндыжьымрэ уэрэ фIэкIа ар зи пщэ

ислъхьэн сэ сиIэкъым. ТхьэмыщкIэжь мыгъуэм и пIэкIэ зыгуэр хэтхыжынщ жысIэурэ, сыхунэсакъым, и хьэдрыхэ тхьэм фIы ищI. Сыхуэарэзыщ, лIы хуэдэу тетащ дунейм. Мы къакIуэу жыхуаIэхэр старшыни хуейуэ къыщIэкIынукъым, я щхьэ зэрыхьщ, я унафэ езым ящIыжынщ.

Зы дакъикъэкIэ хэгупсысыхьри, пщым и псалъэм пищэжащ:

– ИIэ-тIэ, Дыкъуэ, узыншэу! Къэдмыгъэзэжыххэ хъуми, си ужьыр махуэ тхьэм фхуищI!

Пщым лIыжьыр быдэу зрикъузылIащ. МащIэу и нэпсым къызэпижыхьарэ къыщиудын къудейуэ, адрей Iэщыхьуэхэми сэлам ярихыжри, ахэр игъащIэ псокIэ зэримылъагъужынур зыхищIэу, шым шэсыжащ.

* * *

КъызыхэкIри сытри къыхуэмыщIэу, Елбэздыкъуэ и псэм гузэвэгъуэр телът, псэхупIэ къримыту. Езым къызэрилъытэмкIэ, пщым къуажэм иригъэхужыну жыхуиIэ шыри Iэщри тэмэму зэфIигъэкIат. Къасым икъукIэ къызэрыхуэарэзым и хъыбари къуажэм къикIри къыIэрыхьат. АрщхьэкIэ, сыт имыщIами, дауэ зимыщIами, и псэм телъ бэлыхьыр зикI лъэныкъуэ хуегъэзыртэкъым. Зэми ар къызыхэкIыр пщыр Хэкум зэрикIыжым хуихьырт, зэми я ежьэжыгъуэр къызэрыблэгъам тригъащIэрт. Е, хэт ищIэрэ, и хьэщIэ щIалэ уIэгъэм и Iуэхури хэтт абы и псэр зымыгъэзагъэм? Тхьэшхуэм и шыкуркIэ, зэрыщытам елъытауэ, уIэгъэри хъужа хуэдэт, къикIат зэрыта щытыкIэ хьэлъэм. Иджы тIэкIуи шхэрт, адэ жыжьэу и нэщIащэхэм итIысхьэжа и нэ дахитIри, псэ къахыхьэжауэ, губзыгъэ дыдэу къоплъырт. АрщхьэкIэ езыр псалъэртэкъым, къарууншэ дыдэт.

ЩIалэр зыщыщымрэ зеймрэ щимыщIэкIэ, нэгъуэщI зыри къыхуэнэжыртэкъым, я гъусэу къуажэм здишэн фIэкIа. Армыхъумэ, губгъуэжьым къринаэу ежьэжын?! Здишэнщ къуажэм, адэкIэ Алыхьым къыхуищI и унафэщ. Апхуэдэ мурад зэрищIар и мэлыхъуэгъухэм щажриIэм, къыхуагъэдэхащ. Абы щыгуфIыкIащ лэгъупэжьыр, армыхъумэ, ахэр къыдэмыIэпыкъуамэ, и закъуэ къарукIэ ар зэрихьэфрэт? Гупсысэ Iэджэм зэщIаубыдат Елбэздыкъуэ.

Гъэмахуэ уэшхыр зыIэзыбжьэу къызэрыкъуэум ещхьу, мы гъэм щIыIэри зы жэщым къехат къуршым: жэп Iув къытрилъхьауэ нэху къекIар шэджагъуэхуегъэзэкI нэблэгъэхукIэ телъащ, апщIондэхукIэ хъушэри трагъэкI мыхъуу яIыгъащ. Ар хъыбарегъащIэт – я ежьэжыгъуэ зэрыхъуам и хъыбарегъащIэт.

– Алыхьыр къыддэIэпыкъумэ, пщэдей-пщэдеймыщкIэ зитчыжынщ, зыдгъэхьэзырыжын хуейщ, – жиIащ Елбэздыкъуэ, мэлыхъуэхэр шхауэ къыщытэджыжым. – Ари зы гъэмахуэти, Тхьэшхуэм и фIыщIэкIэ хъарзынэу къетхьэлIащ.

– Дэгъуэщ, Дыкъуэ, куэдрэ зыдгъэхьэзырыжын, ауэ... – жиIэну кърагъэжьар нимыгъэсу пичыжащ Елдар.

– Сыт-тIэ абы «ауэ» щIыхэлъыжыр? ЖыIэ а къебгъэжьар.

Елбэздыкъуэ апхуэдэу щыжиIэм, мэлыхъуэр тегушхуэри и псалъэр и кIэм нигъэсащ:

– УIэгъэ щIалэр-щэ? Ар дауэ зэрыхъунур?

– Ар пэжщ, Дыкъуэ, дауэ абы и Iуэхур зэрытщIынур? – диIыгъащ Елдар и псалъэр Мысости.

– Сыт щхьэкIэ, абы и IуэхумкIэ дызэпсэлъати...

– Дызэрызэпсэлъар аракъым, Дыкъуэ, дэ зи гугъу тщIыр. Дэ, икIэ къинамэ, тхьэмахуэ-тхьэмахуитIкIэ гъуэгу дытетынущ. Ар-щэ? Апхуэдиз гугъуехьыр хуэшэчыну абы?

– Ар тэмэмщ, – хэгупсысыхьащ лэгъупэжьыр. – Абы щхьэ семыгупсысарэ? ЛIыжь сыхъуащ сэ, лIыжь! Жьыри сабийри зэхуэдэщ.

– Ар дэ къыджепIами, Дыкъуэ, а уи унэ щIэсым зэхыумыгъэх, ухущIегъуэжынкIи хъунщ, – жиIэу Мурадин псалъэмакъым къызэрыхыхьэу, зытепсэлъыхьри ящыгъупщэжауэ, мэлыхъуэхэр зэщIэдыхьэшхащ.

– Iэу, ПIытIыкъ, ар сыт щхьэкIэ? – игъэщIагъуэу еплъащ езы лэгъупэжьри щIалэ цIыкIум.

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ, – хэт-тIэ сабий хъужа лIыжь хуейр? Уи жыIауэ, Дыкъуэ, Дыщэнэ нэхъ щIалэ къилъыхъуэнкIи мэхъу.

– Ей, уэри уэ! Тхьэ соIуэ, дэ укъытхэтурэ, уэри лIыжь ухъуакIэ! – ину къэдыхьэшхащ езы мэлыхъуэжьри. – Ар зэхихамэ, Iэджэуи и гуапэ мыхъунрэти а унэм щIэсым.

– Узыхэтым ещхь уохъу-тIэ, Дыкъуэ, сыт сыбгъэщIэнур?! – мэдыхьэшх езы щIалэ цIыкIури.

– Сыт-тIэ, дунейм тщIэнур? – иригъэжьэжащ лэгъупэжьым Мурадин и зэранкIэ зэпигъэуа псалъэмакъыр. – Мэкъу фIыуэ итлъхьэнти щIалэр шыгукIэ едгъэшэжынт, ауэ хэт делъэIуну? Дэ дымащIэщ, арыншами мэлыр тхуегъэхыжын къудейщ.

– Ярэби, Дыкъуэ, шыбзыхъуэхэм е Iэщыхъуэхэм ящыщ зы щIалэ делъэIумэ, дауэ хъуну? – жиIащ Елдар зыкъомрэ хэплъа нэужь. – НэгъуэщI хэкIыпIэ къысхуэгъуэтыркъым.

– Уэлэхьэ хьэзим, ар хъунутэмэ, Мурадини дыщIыдгъужынти, ехыжынт зэрымыгъэзэшурэ.

– Мурадин дыщIыдгъункIэ – дыщIыдгъунт, армыхъумэ адэ здэкIуэжми хэт зэрихьэн? Фызыжьымрэ хъыджэбзымрэ пэлъэщынкъым, – арэзы хъуащ лэгъупэжьыр.

– Пэлъэщыпэми, игъащIэм ямылъэгъуа щIалэ хамэшхуэр дауэ цIыхубзитI я пщэ иплъхьэн? Е тасщ, е къубгъанщ, – къэпсэлъащ Мысости.

Мэлыр трагъэкIа нэужь, Елбэздыкъуэ шыбзыхъуэхэм я деж кIуащ, уIэгъэм гъусэ хуищIын зы щIалэ къилъыхъуэну. Апхуэдэу лэгъупэжьым и мурадт адрей пщыIэхэми техьэу Къущхьэхъу зэрехыжыным зыхуагъэхьэзырыну яжриIэну. Ар хуейт, зэкIэрыху-зэкIэрыщ мыхъуу, псори зэгъусэу къызэрыдэкIуеям хуэдэу зэгъусэуи ехыжыну, абы щыгъуэм Iэщри нэхъ хъумаи хъунут, нэхъ зыхуеи хуэзэнут.

Пщыхьэщхьэм лэгъупэжьыр къыщекIуэлIэжам, Iэбгъахъуэ нэхъыжь Кушыку пщыIэм тесу кърихьэлIэжащ. Елбэздыкъуэ ар гуапэ лей щыхъуащ. Кушыкут пщым хурахухыж Iэщыр къуажэм нэзыгъэсыжахэм лэгъупэжьым нэхъыжь яхуищIар. Абы сэлам ирихри, Елбэздыкъуэ уIэгъэм деж щIыхьащ. ЩIалэр зэрынэхъыфIт. Игу зэгъауэ къыщIэкIыжри, лIыжьым Кушыку зыхуигъэзащ:

– Уэ щхьэ зыкъэбгъэгува апхуэдэу, Кушыку? Сыт щыхъыбар къуажэмкIэ?

– Хъыбар щIагъуэ щыIэкъым, – хьэлъэу щэтащ Iэбгъахъуэр. – ЖыхуаIа пIалъэр къэмысу ежьэн хуей хъуащ пщыр. Дыгъуасэ мыхъуу вэсэмахуэ гъуэгу теуващ.

– Тхьэм гъуэгу махуэ теувауэ къыщIигъэкI, – жиIащ Елдар.

– Тхьэм жиIэ.

Iэбгъахъуэм жиIар щызэхихым, Елбэздыкъуэ и гум мастэ къыхэуауэ къыщыхъуащ. Мы махуэ зы-тIум и псэр гузэвэгъуэм щIыхэтри абы занщIэу хуихьащ. ЛIыжьыр етIысэхри, зы псалъи жимыIэу, зыкъомыфIрэ щысащ. Зы зэман зэ къэпсалъэри, хуэм дыдэу щIэупщIащ:

– Нэхъ пасэу щхьэ ежьахэу пIэрэ, Кушыку? Зыри жиIакъэ Къасым?

– СщIэркъым, Дыкъуэ, нэхъ пасэу ежьэн хуей щIэхъуар, ауэ хуабжьу къыпхуэарэзыуэ гъуэгу техьащ.

– Мыдэ къэтIыси къызжеIэ, Кушыку, дауэрэ ежьа? ЦIыху куэд кIуа и гъусэу? Псори къызжыIэ, дзыгъуэ гъуанэ дихьа къыумыгъанэу.

– Сыт бжесIэн, ежьащ, аращ... жыIэ лей хэлъ абы?

Iэбгъахъуэм и псэлъэкIэмкIэ псоми къагурыIуащ ар пщыр зэрежьам тепсэлъыхьыну зэрыхуэмейр е зэрыфIэмыфIыр, къэхъуар игу къызэреуэр.

Хьэлъэу щатэри, Кушыку и псалъэм пищащ:

– Сэлам гуапэ дыдэ къыуихыжащ щежьэ сыхьэтым, уэращ иужь дыдэу зи цIэ жиIэжари... Сэ сщIэркъым фэ зэжефIахэр, ауэ а фызэрызэгурыIуар езым зэрыжиIам хуэдэу зэфIэбгъэкIыну аргуэру зэ къолъэIужащ. ИкъукIэ гуапэу ирагъэжьащ жылэм... Иджыри нэщхъейщ ини цIыкIуи къуажэм дэсыр.

– Хэт сымэ, Кушыку, и гъусэу ежьахэр? Зеиншэ дыдэм хуэдэу и закъуэу яутIыпща?

– Хьэуэ, Дыкъуэ, и закъуэ дыдэуи ирагъэжьакъым, зы унагъуэ тIощIрэ пщIырэ хуэдиз и гъусэщ. Уеблэмэ, Алъхъэси кIуащ и гъусэу...

– Хэт Алъхъэсыр? – Елбэздыкъуэ щхьэхынэ-щхьэхынэу хуеплъэкIащ къыбгъэдэсым.

– Алъхъэс умыцIыхужу ара, зиунагъуэрэ? А дяпщэкIэ щыс щIалэ зеиншэр?

– ТIыгур жыпIэркъэ-тIэ, зиунагъуэрэ, дэнэ къикIа Алъхъэс?

– Алъхъэсщ абы и цIэр, Дыкъуэ, тхьэмыщкIагъэм ТIыгур ищIауэ аращ.

– ЗэрысщIэжрэ ТIыгурущ зэрысцIыхур, – игъэщIэгъуащ Елбэздыкъуэ. – Ар щIалащэщ, мо щIалэ цIыкIум нэхърэ зэрынэхъ ин щыIэкъым.

– Факъырэным химыгъэхъуауэ аращ, Елбэздыкъуэ, армыхъумэ илъэс тIощIым щIигъуащ ар. Гум кIэрищIэри, и хьэ къарэжьри здишащ Къасым.

Лэгъупэжьыр хьэлъэу щэтащ. Иджы тIури щыму щысщ, тIури хоплъэ, тхьэм ещIэ ахэр зэгупсысыр.

– ТIэ, сахыхьэжынщ сэри пщыIэм, Дыкъуэ, фIы дыдэуи сыкъэтащ, – жиIэу пщыхьэщхьэшхэ нэужьым Кушыку зыкъиIэтыжа щхьэкIэ, Елбэздыкъуэ идакъым:

– Сыт узезыхуэр? Жэщ хъуащ, дапщэщ уэ пщыIэм ущынэсыжынур? Ныжэбэ укъытхэсынщи, пщэдджыжь укIуэжынщ...

– Ари хъунущ, – арэзы хъуащ Кушыку. – Дыгъэр къэплъыху сынэсыжынщ.

– Уэлэхьэ, Кушыку, дяпэкIэ а дыгъэри къызэрыплъыжынышхуэ щымыIэж, – къыпыгуфIыкIащ Елдар. – ЗэфIэкIащ абы и Iуэхур, мес, Iуащхьэмахуэ уэс къытрилъхьар плъагъуркъэ?

– Сэ нобэ пщыIэхэр къызэхэскIухьащ, Кушыку, – жиIащ Елбэздыкъуэ, жэщым плъырынухэр текIа нэужь. – Дежьэжын хуейщ, дяпэкIэ Iэщым лы зытралъхьэжыни щыIэжкъым, нэсащ гъэр. Уэ ущымыIэхукIэ, щIыIэр зэуэ къеуащ.

– Пэжщ, ехыжыгъуэфI хъуащ, Дыкъуэ. Алыхьым и шыкуркIэ, бэIутIэIуншэу къетхьэкIащ гъэри. АдэкIэ ди щхьэм илъ тхьэм ещIэ.

– Алыхьым иIэщ къытхуищIэн, и гущIэгъум тхьэм дыхимын!

– Iэмин!

– НэгъуэщI сыт щыхъыбар жылэжьым, Кушыку?

– Хъерщ мыр, жыпIэу утепсэлъыхьыну хъыбари дэлъу зэхэсхакъым.

– Ди анэр плъэгъуагъэххи, Кушыку? – темыгушхуащэурэ щIэупщIащ Мурадин.

Езэшащ щIалэ цIыкIур. «Сыт мыгъуэри и губгъуэ ист абы, IэмалыншагъэкIэ къыдэсшащ армыхъумэ!» – егупсысащ лэгъупэжьыр.

– Слъэгъуакъым, Мурадин, – зигъэзахуэ щIыкIэу жэуап итащ Кушыку. – Зыгуэр къызжепIамэ, сыдыхьэнти, тIу, фи деж. Сыщехыжым щхьэ зыри жумыIарэ-тIэ?

– Сигу къэкIыжакъым, – хуэм дыдэу жиIащ щIалэ цIыкIум.

– ИIэ, фыгъуэлъ, пщэдджыжь жьыуэ дыкъэтэджын хуейщ, – унафэ ищIащ лэгъупэжьым, жэщыр хэкIуэтауэ фэ щриплъым.



– Бохъу апщий! – жиIэу пщэдджыжь нэмэзым пщыIэм къытехьа шум мэлыхъуэхэм я псалъэмакъыр зэпиудащ.

– Уэ упсэу апщий, еблагъэ, Мусэ! – къызэщIэтэджащ мэлыхъуэхэр.

– Мыр дауэ, ди хьэхэм укъамыщIэу... – жиIэу Мысост къыщригъажьэм, Мусэ ину дыхьэшхащ:

– Уа, Мысост, сэ сызэрышыбзыхъуэр пщыгъупщэжа сфIощI. Дэ, шыбзыхъуэхэм, хьэ къыдэбэныркъым, хьэ зэбэнхэр щхьэхуэщ, цIыху Iейхэрщ.

– Шыбзыхъуэхэм фи пщыIэм хьэ зэрыщывмыIыгъыр ящIэу щытамэ, фагъэлъагъунт къызэрывэбэн! – жиIащ Елдар, езыр адэ и щIалэгъуэм мащIэу зэрышыбзыхъуари щыгъупщэжауэ.

– Дыгъуасэ ди лъэныкъуэмкIэ ущыIауэ зэхэсхыжащ, Елбэздыкъуэ. СлIо, щхьэ унытемыхьарэ ди пщыIэм? – жиIэу Мусэ къыщригъажьэм, лэгъупэжьым и щхьэр хьэлъэу игъэкIэрахъуэри ней-нейуэ щIалэм еплъащ:

– Мис аращ, Мусэ, удым и удыгъэр япэ кърегъэщ жыхуаIэр! Догуэ, зэгуэр фытес фи хабзэ фэ а пщыIэм?

– Iэу, ди нэхъыжь, дытемысу дэнэ дыкIуэнт?! Пэжщ, зэзэмызи дыщытехьэулеикI къэхъууи къыщIэкIынщ, ауэ нэхъыбэм дытесщ, – жиIащ Мусэ, Мысост нащхьэ хуищIри.

– Фытесщ фэ хьэлIамэ, фытесмэ, мы гъэмахуэм дапщэрэ сынэкIуамэ, зэ нэхъ мыхъуми, сыту фызмыгъуэтарэ? – тIэкIу шхыдэну къригъэжьащ Елбэздыкъуэ. АрщхьэкIэ абы и псалъэр шыбзыхъуэм IэщIихащ:

– АтIэ, дыгъуасэ апхуэдиз щытхъупсыр щхьэ къыдэбгъэжэха, Дыкъуэ?

– Iэу, ари къыфIурадзэжа?

– КъыджаIэжащ, а зыжепIахэм я гуапэ хъуауэ! Тхьэ щаIуэжащ уэ пхуэдэу лIыжь захуэрэ лIыжь екIурэ мы Къущхьэхъу псом зылI закъуи имысу.

– Къэгъанэ, Мусэ, уэ псалъэкIэ зыри къыптекIуэнукъым. НэгъуэщI къывжаIэжакъэ а фи гъунэгъухэм?

– Сыт къыщIыджамыIэжар? ЯжепIа псори, зы псалъи дамыгъэхуу, къыджаIэжауэ тхьэ пхуэсIуэнщ!

– КъывжаIэжамэ – аращ, зывгъэхьэзыр, дежьэжынщ, Алыхьым жиIэмэ.

– Дэ, Дыкъуэ, сыт щыгъуи дыхьэзырщ, уэ игъащIэм плъэгъуа шыхъуэ мыхьэзыр?

– Ари пэжщ. ФIы дыдэу укъэкIуащ, Мусэ. Мыбы нэгъуэщI зы Iуэхуи къыкъуэкIащ, Iуэхушхуэ. ХъупIэм щыIэхэм сахэплъащи, ар уэ нэхъ пхузэфIэкIыну къэтлъытащ  псоми.

– Сыту пIэрэ, Дыкъуэ, апхуэдэу къэхъуар?

– Мыр, Мусэ, си щхьэ Iуэхущ, си щхьэ IуэхукIэ сынолъэIуну аращ.

– Уи щхьэ IуэхукIи? – игъэщIэгъуащ Мусэ, лIыжьым апхуэдэу и щхьэ Iуэхуу Къущхьэхъу щыIэнкIэ хъунур къыхуэмыщIэу.

– Ди уIэгъэ щIалэр нэхъ пасэу ешэхыжын хуейщ, армыхъумэ, дэ тщIыгъумэ, гъуэгум гугъу Iей щехьынущ. Арат сыщIыпхуейр. ЩIалэр епшэхыжыфамэ, Iыхьэ лей икIауэ гуапэ сщыхъунт. Мис мы щIалэ цIыкIури гъусэ пхуэтщIынщи, фехыжынщ фымыпIащIэурэ.

– Ара уи щхьэ Iуэхуу жыхуэпIэр-тIэ, Дыкъуэ? – щIэупщIащ шыбзыхъуэр. – Си гугъэмкIэ, ар псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу, си щIалэ, адыгэлI и псалъэщ жыпIэр, пэжщ, псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ, ауэ...

– Сыт-тIэ Дыкъуэ, абы «ауэ» щIыхэлъыжыр?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ, хэт и уIэгъэ щIалэ къеслъэфэкIыу губгъуэм ситынур, жызыIэни щыIэнущ.

– Iэу, щхьэ жаIэу, Елбэздыкъуэ, апхуэдэ хабзэ щыIэ, зиунагъуэрэ? – идакъым Елдар и лэгъупэжьым жиIар.

– Псори гурыIуэгъуэщ, Дыкъуэ, ауэ дэнэ къуажэ, хэтхэ я деж щIалэр здэсшэжынур?

Елбэздыкъуэ хьэлъэу щэтащ.

– Ар тщIэуэ щытамэ, нэгъуэщI щыIэт, Мусэ. Зыри хэтщIыкIыркъым, зи къуажи зыщыщи.

– ТIэ, дэнэ здэсшэнур?

– Си унэ пшэнущ, дэнэ пшэн!

Мусэ лэгъупэжьым ней-нейуэ еплъащ, абы жиIар тIэкIуи игъэщIагъуэу, и фIэщи мыхъущэу.

Абы и плъэкIэр къызыгурыIуа лэгъупэжьым и псалъэм пищащ:

– Мурадин ныщIезгъэхыжыр аращ – абы и гъусэну, армыхъумэ мыбыи хуабжьу дыщыхуэныкъуэнущ а щIалэ цIыкIум.

– Дэгъуэщ, Дыкъуэ, къытхуэпщI ди унафэщ. Дапщэщ дыщежьэнур?

– Пщэдей нэху щыщым фежьэфамэ хъунт.

– Дежьэфынщ. Сыт дыщIемыжьэфынур?

– Дэгъуэщ. Абы щыгъуэм, нобэ шыгур дгъэхьэзырынщ, мэкъу щабэ фIыуэ илъу. Узэрынэсыжу, Хьэмырзэ къыхуэши щIалэм и уIэгъэм егъэплъ, егъапхэ. Абы фIыуэ хещIыкI уIэгъэм икIи Iэпэ щабэщ. Си удз хущхъуэхэм щыщи здэпшэнщи, Хьэмырзэ ептыжынщ, абы ещIэ дауэ ирихьэлIэн хуейми.

– АтIэ, тхьэм жиIэмэ, пщэдджыжь нэху здэщым дежьэжынщ. Сэ пщыIэм сыкIуэжынщи, Iуэхур зытетыр яжесIэнщ, – къэтэджыжащ Мусэ.

– Хъунщ, Iуэхур зыIутыр яжеIи къэгъэзэж, мыбы нэху укъыщекIмэ нэхъ тэмэмщ, армыхъумэ абы нэс укъикIыу пщэдджыжь укъэсыфын апхуэдэу жьыуэ, укъэсыпэми, нэхъ гугъу хъунущ.

Мусэ, зэрыжиIам хуэдэу, дыгъэр къуэмыхьэу къигъэзэжащ. МыдэкIэ гури хьэзыр ящIат, нэху къекIмэ щIащIэу зэрежьэнум хуэдэу. Пщыхьэщхьэшхэр зэфIэкIыу плъырыр текIа нэужь, мыдрейхэр уэршэру куэдрэ зэхэсащ. Мэлыхъуэхэм гъэмахуэ псом апхуэдэ къащыхуихуэр зэзэмызэххэт. Нэхъыбэу ар къыщыхъур хьэщIэ къащыхуэкIуахэм дежт. Апхуэдэ жэщхэр Мурадин зыпищI щымыIэу фIыуэ илъагъуырт. Арагъэнт жэщ щыIэну хьэщIэ къытехьамэ щIыщыгуфIыкIри. «Пщэдджыжь нэхутхьэху къызэрищIу уежьэнущ, ПIытIыкъ, гъуэлъи зыгъэпсэху», – жиIэу лэгъупэжьым зэрэ-тIэурэ къыжриIа щхьэкIэ, щIалэ цIыкIур яхуэгъуэлъыжыртэкъым, щыст, яIуатэ хъыбарыр зэриухынум и нэр къыхуикIыу едаIуэу.



Пщэдджыжьым Елбэздыкъуэрэ Мусэрэ шыгур зэщIащIэну къыщытэджам, я нэм илъагъур я фIэщ мыхъуу еплъырт: шитIыр щIэщIауэ, шыгур хьэзырт, щIалэ цIыкIум шыкIэхэр зэридзэу бгъэдэтт. Мусэ, лIыжьым нащхьэ хуищIри, къызыфIимыгъэIуэху-къызыфIимыгъэIуэху хуэдэу жиIащ:

– Мы гъусэ къысхуэпщIар лIы хъун хуэдэщ, Дыкъуэ!

– ПIытIыкъи?! Ей, Мусэ, ар уэ пцIыхуркъым иджыри, – къыпыгуфIыкIащ Елбэздыкъуэ. – ЛIы хъуакъэ ар, зикI ухуеймэ, пщэдей къегъашэ! Сабийщ жытIэри дытегушхуакъым, армыхъумэ и закъуи ишэжыфынут абы уIэгъэр.

– Iэу! А жыхуэпIэм, пэж дыдэу, къегъэшэн хуейщ.

Абыхэм жаIэр зэхимых зищIауэ, и Iуэху и ужь итт Мурадин. Мусэ и гуапэ хъуат илъэгъуари, тIэкIу гушыIэ хэлъами, щIалэ цIыкIум теухуауэ лIыжьым жиIахэри. ЗыкъримыгъэщIа щхьэкIэ, Мурадин гъусэ къыхуищIыну лIыжьым и псалъэмакъым къыщыхигъэщам: «УIэгъэм и щIыIужкIэ, сабий зелъэфэнри сыту сщIыну?» – жиIэу егупсысат шыбзыхъуэр. Иджы зэрыщымыгугъауэ Iуэхур къызэрыщIэкIам щыгуфIыкIырт. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт Къущхьэхъу къипшыжу къуажэм нэскIэ уIэгъэ пшэжыну зэрымытыншри, узыпэмыплъа Iэджэ гъуэгум къыщыхъункIэ зэрыхъунури. Мурадин гъусэ хъуну фэ ириплъауэ, гъуэгу теуващ ахэр. Лэгъупэжьри абыхэм якIэлъыплъащ, имылъагъуж хъухукIэ. Щимылъагъужым, игу зэгъауэ етIысэхри, тутын щIигъэнащ.

Пщым хэкур зэрибгынар адрей Iэщыхъуэ пщыIэхэм ящибзыщIащ Елбэздыкъуэ. Iэбгъахъуэми елъэIуащ зэкIэ зы псалъи дунейм къытримыгъэхьэну. «Тхьэ дыгъэIэ, шынэхъыщIэ, ар дэ дыбзыщIкIи бзыщIа мыхъуну, апхуэдэ бзыщIи щымыIэ, ауэ дынэсыжу ди пIэ дитIысхьэжыхукIэ, зыри жыдмыIэмэ нэхъыфIщ. ПщIэнукъым къэхъу-

нур, дэ зыми игу дгъэнысщкIуакъым», – жиIащ лIыжьым. Iэщыхъуэхэми зы псалъи дунейм къытрагъэхьакъым. Къущхьэхъу щыIа Мыщхъыдж Iэщыхъуэхэм я пщыр Тыркум зэрыкIуэжар щызэхахар я унэ къекIуэлIэжахэ нэужьщ. Iуэхур зыIутыр къыщащIэм, шыбзыхъуэхэм ящыщ зы щIалэ и Iэпэ едзэкъэжауэ жаIэ. «Бетэмал ихьэжын, а пщыжьыр Хэкум зэримысыжыр Къущхьэхъу сыщыIэу зэрызэхэзмыха, сытхьэгъэпцIщ Нартсанэ дэсхуэу шы зыбгъупщI къэрэшейхэм езмыщауэ сыкъежьэжтэмэ», – жиIащ жи. Къуажэдэсхэми абы и псалъэхэр зэхуэмыдэу къагурыIуащ. Хэти къыщыхъурт ар гушыIауэ, хэти и фIэщ хъуауэ щIалэжьыр щIигъэлъэлъырт, ещанэхэми, а зэрыжиIам хуэдэу ищIами, и хьэлэлыпсу тхьэ щаIуэжырт. Мусэ ар жызыIа и шыбзыхъуэр шыбгъэ кърилъхьэри, цIыхухэр зэхэту абы кIэщIэмыпIаскIуэу хуэшэчакъым.

– Уэлэхьи хьэзим, си ныбжьэгъужь, шыбз зыбгъупщIым къыщIэпхамкIэ а сэ сщIэм и хъыджэбз тхьэIухудыр уэ къыуитыну къыщIэмыкIынт.

– Iэу, апхуэдэ зыгуэрхэри щыIэ? – игъэщIэгъуащ щытхэм ящыщ зым.

– ЩыIэ, жи! Ауэ щыIэу къэнэжрэ! Абы нэхъ дахэрэ нэхъ зэкIужрэ уигъэлъыхъуэнщ. ТхьэIухуд жыхуаIэхэр зыми щыщкъым, абы елъытауэ.

– Хъунщ, хъунщ, щыгъэтыж тхьэм щхьэкIэ, мы жылэм цIейнэпейкIэ сахыумыхьэу, – жеIэ щIалэм, укIытэ нэпцIышхуэ зищIа щхьэкIэ, Мусэ къригъэжьа псалъэмакъыр фIэфIыжьрэ хуабжьуи ирипагэу. – Ауэ, пэжыр жыпIэмэ, а хъыджэбзыр къызитыну сщIамэ, сытхьэрыIуэщ, зэрышыбз гуартэу сымыщэтэмэ! Ауэ сэ къыслъагъэсын мыгъуэ ар. Уей-уей жезыгъэIэу Къэбэрдейм исыр ежащи, я куэбжэ къудеймкIэ дыблагъэкIыркъым.

– Абы и пхъур къыплъымысми, а Нартсанэ къыщыплъыса Iупэ плъыжьым урикъунщ! – мэпIаскIуэ аргуэру Мусэр.

– Уэлэхьир Алыхьым и цIэщ, мыбыхэм я Iуэхур дэ дыщыгугъэм щыщымыIэу! ТIэкIу-тIэкIуурэ мыбыхэм зыгуэрхэр къалъыкъуэкIынущ, – ину мэдыхьэшх щIалэхэм ящыщ зы.

– Тэмэм! Езыр-езыру къызэрыIуэтэжынущ, – жи адрейми.

АрщхьэкIэ, щIалэхэр сыт хуэдэу къемылъэIуами, Мусэ адэкIэ къыфIигъэкIакъым.

Хабзэ хъуауэ, Къущхьэхъу къикIыж Iэщыхъуэхэм мыщхъыдждэсхэм ефэ-ешхэшхуэ иращIэкIырт, джэгукIэ кърагъэблэгъэжырт. Апхуэдэ зэIущIэр сыт щыгъуи къызэIузыхри езыгъэкIуэкIри я къуажэпщырт. Мы гъэм апхуэдэ гуфIэгъуи зэхэтакъым, щхьэж езым зы мэл иукIыжа е зэгъунэгъухэр зэгухьэрэ тхьэлъэIу тIэкIу ящIа мыхъумэ. Езы къекIуэлIэжа Iэщыхъуэхэми, абыхэм я мызакъуэу, къуажэдэсхэми гукъыдэжышхуэ яIэтэкъым. Жылэ псор зэгупсысыр зыт: «Дауэ адэкIэ дызэрыпсэунур? Сыт къытпэплъэр?» – жаIэу арат.

«Зэ ди уэтэр, ди пщыIэ дгъуэтыжмэ, адэкIэ Алыхьым жыхуиIар хъунщ, дыжылэщ, зы унафэ диIэнщ», – жиIэри Елбэздыкъуэ и псалъэкIэ псори я пIэ итIысхьэжат. Ауэ жылэм дэстэкъым унафэ гуэр зыщIыни, гъащIэм теухуауэ псалъэ жызыIэфыни. Хьэуэ, Мыщхъыдж жылэжьым цIыхухъу дэмысыжу аратэкъым, хьэмэрэ жылэм я пащхьэ къиувэу псэлъэфыни абыхэм яхэмыту къэнатэкъым, ауэ адэкIэ



7 Заказ №201

къэкIуэнур псом я дежкIи пшагъуэ Iувт, зыри хыумылъагъукIрэ гъуэгум утригъэщхьэрыукIыу. «Пщыр Хэкум икIыжащ, сыт унафэу иIэнур и мылъкум?» – а упщIэм иукIырт къуажэдэсхэр. Елбэздыкъуи Къасым къыхуищIа унафэр зэкIэ дунейм къытригъэхьэртэкъым. Лэгъупэжьыр пэплъэрт нобэ-ныжэбэ пщым къигъэзэжыну е и хъыбар гуэр къэIуну. Абы и щхьэм зикI къыхуигъэтIасэртэкъым жылэр пщыншэу псэуа зэрыхъунур.

* * *

Лэгъупэжьым Мусэрэ Мурадинрэ я пщэ къыдилъхьа къалэн мытыншыр тэмэму ягъэзэщIащ: щIалэ уIэгъэр къуажэм бэIутIэIуншэу къагъэсыжри, увыIэпIи иратащ. УIэгъэр занщIэу унагъуэм иришэлIэфакъым Мусэ. Хэт ищIэрэ къэхъуну псор? Фызыжьрэ хъыджэбз ишэгъуэрэ фIэкIа нэгъуэщI зыдэмыс пщIантIэм дауэ нэкIуэпакIуэу хамэ щIалэшхуэр гум илъу дишэнт? Щтэхэрэ зыгуэр къащыщIмэ, сыт ищIэжынур? Нэмысыжыпэхэ щIыкIэ къэувыIэри, Мусэ щIалэ цIыкIум жриIащ:

– Уэ, ПIытIыкъ, мыбдеж къыщыспэплъэ, сэ иджыпсту сыкъэсыжынщ.

Мурадин зэуэ къыгурыIуакъым шыбзыхъуэм ищIэну зи ужь итыр. Мусэ лэгъупэжьым и пщIантIэм дыхьэу щилъагъум, абы игукIэ жиIащ: «Губзыгъэщ, зэуэ яжьэхишэу имыгъэщтэну ращ». Iуэхур зыIутыр щагуригъаIуэм, Дыщэни абы псалъэмакъ къыхигъэкIакъым, и щхьэгъусэм ищIыр и унафэти, къыхуэнэжыр ар игъэзэщIэн къудейрт. Шыгур пщIантIэм дахуэу Мусэрэ Мурадинрэ зэпаIыгъыу щIалэр къыщрахым, фызыжьыр къэуIэбжьащ. «УIэгъэ» жаIа щхьэкIэ, абы къыщыхъуат ар лъэрытету, и щхьэ зэрихьэжыфу. Фызыжьыр Iэнкун зэрыхъуар щилъагъум, абы и гур фIы хуищIын мурад иIэу, шыхъуэм жриIащ:

– Езыр къэсыжыхукIэ, мыбы кIэлъыплъыну Мурадин къыздызигъэшэжауэ ращ, ди анэ. Умыгузавэ, щIалэ щхьэкIэ, Мурадин зэфIэкI зиIэщ, хуабжьу...

– А-а, Мусэ, мы щIалэ цIыкIур доцIыхуж, мыр дыдейкъэ?

АдэкIэ жиIэнур имыщIэжу, Мусэ зэIынащ. Псори щымт. УIэгъэр зыщIахьа пэшым къыщIэкIыжри Мурадин Дыщэнэ сымэ къабгъэдыхьэжащ.

– Сыт, щхьэ унэщхъей? Къуэ сиIэкъым жыпIэри игъащIэм уигу къеуэрти, мис, Алыхьым къыуитащ. Уэ къуэ, НэфIыцIэ дэлъху къывитащ, итIани щхьэ ухэплъэрэ апхуэдизу?

– А-а, ПIытIыкъ, ПIытIыкъ, уэри уэ! – къыщыгуфIыкIащ фызыжьыр. – Алыхьым пэж ищI, си щIалэ цIыкIу, а уи жьэм къыжьэдэкIахэр!

Ахэр зэпсэлъэхукIэ, Мусэ Елбэздыкъуэ и хъыджэбз гъэфIэныр къызэпиплъыхьащ. Тобэ, сыту псынщIащэу кIуэрэ мы гъащIэр! Дыгъуасэ хуэдэщ, езыр шыгухуу, хъыджэбз цIыкIур хъыдан жэрумэу къыщашар. Елбэздыкъуэрэ Дыщэнэрэ илъэс куэдкIэ пэплъащ бын ягъуэтыным. АрщхьэкIэ я гугъэр щыхахыжым, мурад ящIащ Дыщэнэ и шыпхъу гъунэгъу къуажэм дэсым и бынхэм ящыщ къыIахыу япIыну. Абы ирихьэлIэу Дыщэнэ и шыпхъу уэндэгъум зэуэ зы щIалэ цIыкIурэ хъыджэбз цIыкIурэ щигъуэтым, хъыджэбз цIыкIур къратащ. Дыщэнэ и

шыпхъу нэхъыщIэ Гуэщланэ быныфIэт, сабий зыщыплIи иIэти, зыкIи игу къемыуэу хъыджэбз цIыкIур къахуигъэфэщащ. Мыдрейхэми хэдэ ящIакъым, къыIахащ гуфIэжу. Пэжу, Гуэщланэ и щхьэгъусэм идакъым, жаIэ, щIалэ цIыкIу къаритыну, и бын нэгъуэщI лъэпкъ хъууэ игу техуакъым. АтIэ, абы щыгъуэ хъыджэбз цIыкIур къашэну щыкIуэм, Мусэт гущхьэIыгъыу щытар. А махуэр фIыуэ ищIэжырт Мусэ. Уает, Iупсыр бдзамэ, щIым нэмысу. Сабийр къахьу зы тхьэмахуэ хуэди дэкIауэ, Елбэздыкъуэ тхьэлъэIушхуэ ищIат. А гуфIэгъуэм хэтат Мусэ.

Нэхъ иужьыIуэкIи шыбзыхъуэм тIэурэ-щэрэ илъэгъуащ хъыджэбз цIыкIур. Ауэ иужьу щилъэгъуар къыхуэщIэжыртэкъым. ИщIэжыр зыт – куэдыщэ дыдэ зэрыдэмыкIарат. Иджы еплъ! Набдзэ зытелъым я нэхъ дахэщ: и нитIыр вындрыжьычщ, и щхьэцышхуэр дыщафэщ, и набдзэ къурашэхэр къуршыбгъэ дамэу шэщIащ, езыр Iэгум ижыну псыгъуэ кIыхьщ. Тобэ, зэуэ хъыджэбз хъури ежьэжащ. «Уэри къуажэ щIалэр зэрыбгъэукIынущ, ауэ Алыхьым насыпыфIэ дыдэ уищI, тхьэIухуд шыр!» – жиIащ Мусэ игукIэ, икIи фызыжьым зыхуигъазэри и гупсысэм пищащ:

– Мыгувэу хьэгъуэлIыгъуэ щыIэну къыщIэкIынущ, Дыщэнэ, ауэ абы сыхэбнмэ, сигу къеуэнщ, а щIымахуэ уейм гугъу сызэребгъэхьар псыхэкIуадэ хъуауэ аращ итIанэ!

Фызыжь губзыгъэм занщIэу къыгурыIуащ Мусэ зи гугъу ищIыр икIи къэскIащ:

– Алыхьым иджыпсту дыдэ къимыгъэхъукIэ, Мусэ, а зи гугъу пщIыр, – жиIащ абы, хъыджэбзыр щыту псалъэмакъым кIыхьыщэ зригъэщIыну хуэмейуэ. – Ауэ ар къэхъу иужькIэ, уэ абы хэн уиIэкъым.

– Уэрей, Дыщэнэ, ухуей-ухуэмейми, ар гувэжыну къыщIэмыкIынутIэ! – дежьууащ щIалэ цIыкIур шыбзыхъуэм.

– Азалыхь, арыншами удадэ къуапэт, лIыжьым уздишэри, нэхъ Iеиж уищIакIэ, – и щхьэр игъэкIэрахъуэурэ Мурадин хуилъащ фызыжьыр. Зыкъигъазэри, и пхъум жриIащ: – КIуэ, си Нэху, мыбыхэм шхупс щIыIэ къахуэхь, Мурадин и щхьэр дыгъэм къигъэкъуэлъащ.

Хъыджэбзыр унэм щIыхьэжа нэужь, Мурадин Мусэ зыхуигъэзащ:

– Ухэуащ, Мусэ, уэри. Мыбдеж щытым хузэфIэкIамэ, ар игъащIэкIэ лIы иритынутэкъым.

– Хъунщ, щыгъэтыж, уауцIэпIа мыгъуэщ, мо лIыжь къандыргъейхэм уахэхуэри. Дэ «Мурадин щIалэфI хъуауэ къэкIуэжынущ», жыдоIэри дыноплъэ. Сыт мыгъуэ иджы а уи анэ тхьэмыщкIэм ищIэжынур?

– Мы нанэ, Мусэ, и нэфI къысщыхуэмэ, сы-ПIытIыкъщ, и ней къызэрысщыхуэу – Мурадин сохъуж! Гъэмахуэ псом сыкъыщимылъагъум сфIэщIащ тIэкIу нэхъ гумащIэ къысхуэхъуауэ сыкъэкIуэжыну, арщхьэкIэ дэнэт!

Пхъэ фалъэшхуэм изу шхупс къихьри НэфIыцIэ къыIухьэжащ. Мусэ абы ефэри насыпышхуэ игъуэтыну хъыджэбзым ехъуэхъуащ, къэнар и гъусэм хуишийри иригъэфащ.

– Тобэ, мы дунеишхуэм тету пIэрэ, Дыщэнэ, уэ пхуэдэу шху IэфI зыгъапцIи, шхупс нэхъ IэфIыж зэхэзыщIи! – жиIэри, Мурадин фалъэр НэфIыцIэ иритыжащ.

– АтIэ, сежьэжынщ, Дыщэнэ. Сэ нобэ Къущхьэхъу сыдэкIыжыну аращ Дыкъуэ унафэу къысхуищIар, – жиIэу Мусэ къыщригъажьэм, Дыщэнэ щIэупщIащ:

– Сыт щыгъуэ, Мусэ, Iэщыхъуэхэр къыщехыжынур? Гъэри нэсащ, загъэхъейркъэ зикI?

– Нобэ-пщэдей къежьэжынухэщ, Дыщэнэ, умыгузавэ, къэнэжа щыIэкъым. ИIэ, узыншэу.

Мусэ я дежкIэ дыхьэжри, зы сыхьэт нэхъ зимыIэжьэу, Къущхьэхъу дэкIыжыну гъуэгу техьэжащ. Шыгур къуажэм къигъэнэжри, бгъурыщIэу къыздишэжа и къарапцIэм къытехутэжати, абы гъуэгури къехьэлъэкIыщэнутэкъым. Мис иджыт шыбзыхъуэм щызыхищIар шыгум уисыну зэрыхьэлъэри икъукIэ узэрыригъэшри. Шыгум елъытауэ, уанэгум уисмэ, къуршыбгъэ щIыкIэу уэгум уитым ещхьыркъабзэт абы дежкIэ. Къуажэм дэкIыжу зы теуэгъуэфI кIуауэ, Мусэ шу зэгъэпэщаитI къылъэщIыхьащ.

– ГъуэгуфI уижьэ апщий, – сэлам кърихащ нэхъыжьу фэ зытет лIым.

– Дызэдижьэ апщий! – къыIихащ абы и фIэхъусыр шыбзыхъуэм.

ШууитIыр набдзэгубдзаплъэу къызэпиплъыхьри, сэлам къезыхам ижьырабгъур иритыжащ Мусэ. «Хабзэр щищIэкIэ, мыр гъусэ тхуэхъунущ!» – егупсысащ ижьырабгъур зритыжар. Мусэ гъусэ къызэрыхуэхъуам зэрыщыгуфIыкIыр абы и фэм къигъэлъагъуэрт. Гъуэгур кIыхьт, уи закъуэмэ, зэшыгъуэти, нэхъ кIыхьыжуи къыпщыхъурт. Шухэр уэршэрурэ здэкIуэм, Къармэхьэбли къызэранэкIри бгым кIэрыхьащ. ЩIэх-щIэхыурэ ахэр хуэзэрт хъупIэм къехыж мэл гуартэхэм, зэзэмызи Iэбгъэ пщыIэхэм ирихьэлIэрт. Шухэр зэрыцIыхуауэ хъыбар зэхуаIуатэрт. Куэд мыщIэу ахэр ярихьэлIащ жэщ щысыну къэувыIа мэлыхъуэхэм.



Зы шум жиIащ:

– Сэ сыкъэсыжащ, фынеблагъэрэ тIэкIу федзакъэмэ, гуапэ лей сщыхъунт.

АрщхьэкIэ Мусэрэ мыдрей лIымрэ ядакъым.

– Дыгъэр иджыри лъагэщ, ди гъуэгу хэдгъэщIмэ нэхъыфIщ, – жиIащ Мусэ. АбыкIэ адрейри арэзы щыхъум, модрейми тригъэчыныхьыщакъым. Ежьэжу зы теуэгъуэ хуэдиз якIуауэ, Мусэ жиIащ:

– Фызэгъусэ сфIэщIати?

– Хьэуэ, гъуэгум дыщызэхуэзауэ арат. ЩIалэ ахъырзэмант, сигъэзэшакъым, гъусэ укъытхуэхъухукIэ, – жиIащ, – и жагъуэ ищIагъэнкIи хъунщ дызэрыхуемыблэгъар.

– Тригъэчыныхьыщакъым, – мащIэу и пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ шыбзыхъуэр.

– Ари пэжщ! – арэзы хъуащ лIыр, дуней и пIалъэрэ хабзэ зэрищIэмрэ мащIэу и псалъэхэм къыхэщу.

ШууитIым намыгъэса хъыбарым пащэжащ. Мусэ игу ирихьу едаIуэрт гъусэ къыхуэхъуам иIуатэм. Ар езыми зэгуэр зэхихауэ щытат, ауэ тэмэм дыдэу ищIэжыртэкъым. ЛIым и хъыбарыр щиухымрэ кIыфI щыхъумрэ зэтехуащ. Мыжыжьэ дыдэу къыщыувыIа мэлыхъуэ пщыIэр щилъагъум, лIым жиIащ:

– Ярэби, мыбыхэм ныжэбэ дагъэхьэщIэну пIэрэ?

Мусэ плъэри, Елбэздыкъуэ и гупыр къицIыхужащ.

– Iэмал закъуэ имыIэу дагъэхьэщIэнущ, – къыпыгуфIыкIащ Мусэ.

Шур ней-нейуэ къыщеплъым, и псалъэм пищэжащ:

– Мыр Мыщхъыдж пщыIэщ, си жылэжь мэлыхъуэхэщ. Сэри къызожьэхэр...

Елбэздыкъуэ зэуэ гу лъитащ гъуэгум къыдэзыдзыхыу къахуэзыунэтIа шууитIым. Нэхъ гъунэгъу къыщыхъум, Мусэ зэуэ къицIыхужри къэгуфIащ. «ЛIыгъэжьыр иIэу къызэфIигъэкIащ Iуэхур», – жиIэри, къапежьащ шууитIым. КъыщыгуфIыкIыпэу хьэщIэм сэлам кърихри, иригъэблэгъащ.

– АтIэ, шынэхъыщIэ, «цIыхуфI и Iэнэ хьэзырщ» жиIащ пасэрейм, накIуэ нэтIыс, моуэ дышхэну зыдгъэхьэзыра къудейт, – жиIэри Елбэздыкъуэ и Iэр Мысост зыбгъэдэт IэнэмкIэ ищIащ.

МащIэу къыпыгуфIыкIри, хьэщIэм жиIащ:

– Пасэрейм нэгъуэщIи жиIащ, тхьэмадэ.

– Сэ сщIэр бжесIащ, – дыхьэшхащ лэгъупэжьыр.

– Адрейр щIыжаIар а уи гъусэхэм хуэдэхэрщ, къуэш, – къэпсэлъащ Мысост, хьэщIэм сэлам ирихыурэ.

– Сэра мыгъуэщ уэри пхуэмыгъалIэр, Мысост. СлIо, сэра пфIэщIрэ а ди унэкъуэщ хъыджэбзыр къозымытауэ щытар.

– Тхьэ сыгъыIэ, фи унэкъуэщ хъыджэбзми зы лажьэ имыIэт икIи гуфIэжу къызатынутэмэ, ауэ уэ благъэ укъызэрысхуэхъунум сегупсысыжри, къэзгъэнэжащ армыхъумэ.

– ТIэ, иджы апхуэдэу жумыIэмэ сыт жыпIэн? Къыуатауэ щытамэ, ауэ сытми къэпшэнут, жэрыгъэ защIэкIэт къызэрыпшэнур!

А тIум я зэдэгушыIэкIэмкIэ хьэщIэм гу лъитащ ахэр жагъуэу зэрызэрымылъагъум, къуэшыгъэ-ныбжьэгъугъэ яку зэрилъым. Игу ирихьат я гушыIэкIэ дахэри.

– Си пщэ къиплъхьар зэфIэзгъэкIащ, ди нэхъыжь, хъарзынэуи дынэсыжащ къуажэм. Фи дежи узыншэщ, къыпхуэзэшауэ, ущынэсыжынур дакъикъэ зырызу ябжри зэхэсщ, – жиIэри Мусэ Елбэздыкъуэ зыхуигъэзащ, псори шхэуэ Iэнэм къыпэрыкIыжахэ нэужь. – Гъусэ къысхуэпщIари щIалэ ахъырзэману къыщIэкIащ, и адэ тхьэмыщкIэм къимыгъэщIар тхьэшхуэм къыхупищэ!

– Iэмин! Тхьэм уиузэщI, Мусэ, – жаIащ зыжьэу Елдаррэ Мысострэ.

– Пэжыр жысIэнщи, си пщIыхьэпIи къыхэхуэнтэкъым апхуэдиз лIыгъэ сабийм къыкъуэкIыну.

– Ар хъарзынэкъэ-тIэ, Мусэ? УIэгъэр сыт хуэдэ? – жиIащ лэгъупэжьым, щIалэ цIыкIум зэрыщытхъуар и гуапи хъуарэ мащIэу ирипагэу, уIэгъэм и Iуэхури тэмэму къищIэмэ фIэфIу.

– Нэжэгужэ дыдэу сыкъыбгъэдэкIыжащ, гъуэгуанэр къехьэлъэкIауи фэ еплъакъым.

– Сыту фIыт, ярэби, сыту фIыт, гъуэгуанэр къемыхьэлъэкIамэ, абы щыгъуэм тэмэмщ Iуэхур, – Елдар щыжиIэм, Мысости диIыгъащ:

– Аращ. Гум дридзей-кърыдзыхыр емызэгъмэ жысIэри сыгузэват.

ХьэщIэм кърыгъэкIуакъым мэлыхъуэхэм я псалъэмакъым хэIэбэну, ауэ зи гугъу ящI уIэгъэр зищIысыр къищIэмэ и жагъуэтэкъым. ИтIани зыри жиIакъым.

– ТIэ, Мусэ, ди хьэщIэм фэрэ гъуэгу фыщызэдытетакIэ, фызэрыцIыхуауэ къыщIэкIынщ. Хэтхэ ящыщ хъуну щIалэр? – щIэупщIащ Мысост, псалъэмакъыр яухауэ щыхуигъэфащэм.

– ЩIалэр Къэрэщейхэ ящыщщ, Астемырщ и цIэр, – жэуап итащ Мусэ.

– Iэу. Уэлэхьи хьэзим, лъэпкъыжьым Къэрэщейхэ, ауэ мащIэ мыгъуэщ, – жиIэри Елбэздыкъуэ хьэщIэм еплъащ. – ТIэ, щIалэфI, Къурмэн сыт и узыншагъэ, сыт и псэукIэ? Куэд щIауэ дызэрылъэгъуакъым, и къанри лIы хъуауэ къыщIэкIынщ, – щIэупщIащ лэгъупэжьыр.

Астемыр, зыкъомрэ лэгъупэжьым къеплъа нэужь, хуэм дыдэу къригъэжьащ:

– ТIэ, тхьэмадэ, Къурмэн къан зэриIэр щыпщIэкIэ, фэ мыхуэмыхуу фызэрыцIыхуу къыщIэкIынущ.

– Ехьэжьа дыдэуи дызэрыцIыхуу жыпIэ хъунукъым, ауэ шыгъупIастэ зэдэтшхащ мызэ-мытIэу. Иужь дыдэу дыцызэхуэзам къан иIэу, ар щIалэшхуи хъуауэ къызжиIауэ щытащ.

– Къурмэн си адэ къуэшщ, уэри ущыгъуазэу къыщIэкIынщ, езым бын иIэтэкъыми, и гум IэфIагъыуи хуабагъыуи илъыр и къаным иритащ. Ауэ насыпыншэу къыщIэкIащ щIалэр...

– Iэу, ар сыту, щIалэфI? – щтэIэщтаблэу щIэупщIащ лэгъупэжьыр.

Астемыр къыбгъэдэсхэм яхуиIуэтащ Къурмэн и къаным и къекIуэкIыкIар, и адэр зэраукIар, иджы КъурмэнрэщIалэмрэ абрэдж хахуэ гуэр ящIыгъуу къаным и адэм илъ ящIэжыну зэрежьар.

– Тхьэмахуэ и пэкIэ и анэ тхьэмыщкIэри дунейм ехыжащ, – жиIащ Астемыр. – ЛъыщIэж ежьахэри къекIуэлIэжыркъым, къуажэм нэса хъыбархэр уи фIэщ пщIымэ, ахэри мыпсэужу жаIэ. Иджы абыхэм я лъыхъуакIуэ сыкъежьауэ аращ. Си адэ къуэшым зыгуэр къыщымыщIамэ, апхуэдизрэ къэтынкIэ дуней зы Iэмал иIэкъым, апхуэдэ хьэл хэлъакъым.



– Сыт щIа, шынэхъыщIэ, Къурмэн къызэрежьэрэ? – щIэупщIащ Елбэздыкъуэ, щIалэм зэреплъым хуэдэурэ.

– Зы мазэ ирокъу пщэдей.

ХьэщIэм и хъыбарыр ягу щIыхьауэ, псори щымт. Елбэздыкъуэ и гум щIыIэ-щIыIэу зыгуэрхэр къэкIащ. КъэкIащ, пщIэнтIэпсыр и щIыфэ псом кърherкIуауэ, и щхьэр игъэуназэу. Мэлыхъуэжьыр щыму и гъусэхэм еплъащ. Еплъащ, хьэщIэм жиIахэр къазэрыщыхъуар къыщIэн и мураду. Ахэри зэгупсысыр а езым игу къэкIа дыдэр арауэ хуигъэфэщащ лэгъупэжьым.

– Иджы Къущхьэхъу щыIэ джылахъстэней пщыIэ гуэрым хьэдищ къагъуэту щIалъхьауэ хъыбар къэIуати, а пщыIэр къэслъыхъуэну сыкъежьауэ аращ, – пищащ Астемыр и хъыбарым.

– Апхуэдэ мурад ущиIэм, хэбгъэкIэсэн хуеякъым, Iэщыхъуэхэр йохыж, – жиIащ Елбэздыкъуэ, хьэлъэу щатэри.

– МыбыкIэ сыкъэкIуэн мурад лъэпкъ сиIакъым, ауэ хъыбарыр зэрызэхэтхрэ махуитI хъуауэ аращ.

– Апхуэдэ хъыбар Къущхьэхъу щекIуэкIмэ, дэ сыту зыгуэр зэхэдмыхарэ? МыхъыбарыпцIу пIэрэ ар, ярэби? – щIэупщIэми и щхьэ хужиIэми мыгурыIуэгъуащэу, къэпсэлъащ Елдар.

– Къущхьэхъу инщ, дэтхэнэ хъыбарыр зэхэпхын? – жиIащ Мысости.

– Инми, мыбы икIыу Шэрэдж Iуфэ нэсар дэри зэхэтхын хуеящ, – идакъым Елдар. – Пэжу, джылахъстэней пщыIэхэр дэ фIыуэ тпэIэщIэщ, ауэ сыт хуэдизкIэ тпэмыIэщIами, ар ауэ къызэрыкIуэ хъыбартэкъым, зэхэдмыхын хуэдэу.

Жэщым и нэбдзыпэ къехакъым Елбэздыкъуэ – и хьэщIэ уIэгъэр а зи гугъу ящIхэм ящыщынкIэ зэрыхъунум егупсысырт. Абыхэм ящыщ-

мэ, шэч хэмылъу, ар Къэрэщей Къурмэн и къанырщ. Аращ и ныбжькIэ нэхъ зытехуэр. Ауэ, хъыбар къекIуэкIымкIэ, джылахъстэнейхэм хьэдищ щIалъхьащ. Къурмэн и гъусар тIущ. Ар пэжмэ, уIэгъэр абы ящыщкъым. Е, хэт ищIэрэ... НэгъуэщIым егупсысыну хуейтэкъым лIыжьыр, арщхьэкIэ зым и ужьым адрейр иту Iэджэ къэкIырт и гум. Елбэздыкъуэ и мэлыхъуэгъухэми къагурыIуэртэкъым абы уIэгъэм и хъыбар хьэщIэм щIыжримыIар. Сыт ар къызыхихар? Хуейуэ къилъытамэ, лэгъупэжьым зыгуэр жиIэнт, щыжимыIакIэ – хуеякъым. Я лэгъупэжьым зыри зэрыжимыIам зыкъомкIи арэзы техъуащ мэлыхъуэхэри Муси.

Пщэдджыжьым, хьэщIэр шхауэ щежьэжым, Елбэздыкъуэ абы жриIащ:

– АтIэ, Астемыр, хъыбар дахэ тхьэм зэхыуигъэх, гъуэгу махуэ! Дэ пщэдей-пщэдеймыщкIэ къуажэм дынэсыжынущ. Алыхьым жиIэмэ. Махуэ дапщэ укъэмытами, сыт хуэдэ хъыбар зэхыумыхами, укъыщехыжкIэ си деж уныдэмыхьэу къыумыгъанэ. Мы Къущхьэхъу щекIуэкIа хъыбарыр зэхэдмыхами, абы зыгуэрхэр хэтщIыкIыу си гум щIыжиIэр сщIэркъым. Иджыри зэ сынолъэIу: си деж уныдэмыхьэу ублэмыкIыж.

– Дэгъуэщ, Елбэздыкъуэ, Iэмал имыIэу сыныдыхьэнщ!

– Елбэздыкъуэ и унэр, жыпIэрэ ущIэупщIэмэ, Мыщхъыдж жылэжьым дэскъым сыкъэзымыцIыху, япэ узыхуэзэм уигъэлъагъунщ си унэр, – жиIэурэ лIыжьым хьэщIэм сэлам ирихыжри иригъэжьэжащ. ХьэщIэм щIыгъуу Муси шэсыжащ шыбз гуартэм пэрытхэм яхыхьэжыну.

ХьэщIэр ежьэжу зыкъом дэкIа нэужь, Елдар щIэупщIащ:

– Уа, Елбэздыкъуэ, а хьэщIэм ди уIэгъэ щIалэм и гугъу хуэпщIын сфIэщIати. Щхьэ зыри жумыIарэ?

– ХуэсщIынкъэ уIэгъэм и гугъуи. Зэхэпхакъэ жесIар? КъищIэнухэр псори къищIауэ дызэпсалъэмэ нэхъыфIкъэ? Хэт ищIэрэ, ди уIэгъэр а хъыбарым зи гугъу щащIхэм ящыщынкIи мэхъу. Ар Къэрэщей Къурмэн и къаныр армырамэ, абыхэм къеуахэм ящыщщ, е я мыгъусэххауэ  къыщIэкIмэ-щэ? Ди уIэгъэм иджыри къыздэсым зы псалъи къыжьэдэкIакъым, мыадыгэххэми тщIэркъым. А ныжэбэ ди хьэщIам Iуэху иIэу къыщежьакIэ, здэкIуэнум нэсрэ игу загъэмэ, нэхъ тэмэмщ.

Сыт жимыIами, лэгъупэжьым нэхъ къищтэрт къекIуэкIа псори езы щIалэм и жьэкIэ къыжриIэжмэ, пэплъэрт ар нэхъыфI хъуным. ЗэкIэ уIэгъэм и Iуэхур хэIущIыIу мыхъумэ фIэфIт. Армыхъуамэ, пщIэнукъым къэхъуну псор. Ауэ лэгъупэжьым гъэщIэгъуэн къыщымыхъуу къэнакъым къуажэм къыщыдыхьэжа япэ махуэм къуажэ молэм зыкъыхуигъазэу къыжриIар: «УIэгъэ хьэщIэ уиIэу жаIэри, Елбэздыкъуэ? Дауэ ар зэрыщытыр? Зэманыр бзаджэщ, абыхэм запумыщIамэ нэхъыфI сфIэщIырт». «Мы дунеижьым зыри щыпхуэгъэпщкIунукъым», – егупсысащ Елбэздыкъуэ, икIи уIэгъэ щIалэм и Iуэху къызэрекIуэкIа псори, бзыщI лъэпкъ хэмылъу, молэм жриIэжащ, и псалъэр щиухми дыщIигъужащ:

– УIэгъэр мыбы къэмыс щIыкIэ, молэ, хэт а хъыбарыр къэзыгъэсар?

– Ей, лэгъупэжь, лэгъупэжь, дяпэкIэ апхуэмыдэ Iэджи къыщыхъунущ, апхуэдэ куэди щызэхэпхынущ мы дуней зэIащIэм!

И щхьэр хьэлъэу игъэкIэрэхъуа мыхъумэ, Елбэздыкъуэ молэм зыри пидзыжакъым. Абы къыбгъэдэкIыжыну зыщигъэхьэзырым, молэм жиIащ:

– Сыт хуэдэ унафэ, Елбэздыкъуэ, Къасым къыпхуищIар?

– Ар сытым теухуауэ, молэ?

– Зытеухуар уэ нэхъ пщIэжынщ! Уэращ унафэ зыхуищIар – сэракъым.

– АтIэ, сэ къыщысхуищIакIэ, сэ згъэзэщIэнщ, молэ. Уэ абы щхьэ уригузавэрэ? – игъэщIэгъуащ Елбэздыкъуэ молэм кърегъэжьа псалъэмакъыр. – КъищынэмыщIауэ, Къасым сэ унафэ къысхуищIауэ уэ дэнэ щыпщIэр?

– СеупщIати, къызжиIащ, псори уэ пщIэуэ! ТIэ, жылэр губгъуэ нэщIым дыкъринэу щежьэжкIэ, дауэт сызэремыупщIынур? Къанэхэри псэун хуейтэкъэ!

«Пщым зыри къыжриIакъым, еупщIауэ аращ, – егупсысащ Елбэздыкъуэ. – Хуейуэ къилъытамэ, къыжриIэнт, къыщыжримыIакIэ, сыт и Iуэхуу хэлъыр? ЖызигъэIэну зыхуейри сыт? Шэч лъэпкъ хэмылъу, мы зэрыхьзэрийм зыгуэр къыхиудыну аращ».

Лэгъупэжьым и щытыкIэр игу щримыхьым, молэм нэхъ ифI зыкърешэж:

– Хьэуэ, Елбэздыкъуэ, сэ пщы унафэм хэслъхьэнIауэ аракъым, ари къыслъысыркъым, ауэ жылэм щхьэкIэ сыгузавэу аращ. Пщым и Iэщыр зыхуэмей хуэзэмэ...

– Умыгузавэ – хуэзэнкъым. Жылэм къалэжьа мылъкущи, жылэм хуэдгуэшыжынщ! – Iэпиудащ абы и псалъэр Елбэздыкъуэ.

– Ара пщым и унафэр?

– Аращ, молэ, ар дыдэрщ.

– Догуэ, мэжджытым щхьэкIэ зыри къыбжиIакъэ пщым?

– Сыт мэжджытым щхьэкIэ къызжиIэнур?

– Мэжджытым щхьэхуэу зыгуэр хухихын хуейщ, зиунагъуэрэ, апхуэдэу хъурэ, мэжджытыр къигъанэу...

– СлIо, мэжджытымрэ жылэмрэ зэгуэкIауэ ара, молэ? – щIэупщIащ лэгъупэжьыр, Жыхьфар зыхуейр къищIарэ мащIэу къэгубжьауэ.

Молэр къэлыбащ. Абы хьэкъыу пхыкIащ лэгъупэжьым езыр зыхуей къызэрыжримыIэнур. Абы зыIуригъэхыжащ, и пэм жьы кърымыхужу. Лэгъупэжьым ищIэрт молэр зэрымыцIыхуфIыр, егъэлеяуэ зэрынэпсейр. А псом и щIыIужым, абы фыгъуэн тIэкIури, бзэгу зехьэнри и мыхьэмышхтэкъым. «Сэ нэхърэ нэхъыфIу псэу мы дунейм щхьэ тетыххэ?» – жиIэу зишхыхьыжу и гъащIэ псор ихьырт. Ар фIыуэ ищIэрт къуажэ пристафыжьми, псэухукIэ и щхьэ къригъэIэтакъым. Ауэ абы зыкIи ещхьтэкъым къуажэ ефэндыжьыр, Мыхьмуд. Мыхьмуд-ефэндыжьыр жылэм фIыуэ ялъагъурт, и псалъи тIу ящIыртэкъым. Езыми къуажэм и цIыху дэнэ къэна, къуажэм и хьэ щхьэкIэ зыкъыуигъэукIынут. Арагъэнт а тIур зэи щIызэмызэгъри. А тIум я зэхущытыкIэм теухуауэ жылэм хъыбар Iэджэ щекIуэкIырт.

Пщыхьэщхьэ нэмэзыр яухауэ цIыхухэр мэжджытым къыщыдэкIыжым, Елбэздыкъуэ я унэ мыкIуэжу, Мыхьмуд-ефэндыжьым дежкIэ иунэтIащ. Ар гукъыдэмыжу хэлъти, мэжджытым кIуэфатэкъым. Лэгъупэжьыр хущIегъуэжат молэр псэлъэгъу зэрищIыххам. «Сыт дунейм абы а псор щIыжесIар? Ефэндыр къэмыкIуамэ, ар псэлъэгъу

сымыщIыну Iэмал имыIэу сыхэзыгъэзыхьар хэтыт? – егупсысырт Елбэздыкъуэ, гъуэгум здэкIуэм. – ГъащIэ псо къэзгъэщIащи, Iущ сыхъуакъым. Иджы, зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу, жесIауэ хъуар жылэм дэз ищIынущ».

Нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ яхузэхэмыгъэкIыу, зэныбжьэгъут Мыхьмуд-ефэндыжьымрэ Елбэздыкъуэрэ. ГуфIэгъуэ гуэр щызэрихьэлIарэ Iэнэ тIысын хуей хъуамэ, сыт щыгъуи иригушыIэрт нэхъыжь тIысыпIэр зыубыдынум. Апхуэдэхэм дежи Елбэздыкъуэ Мыхьмуд-ефэндыжьыр жьантIэм игъэтIысырт, гушыIэурэ: «Iэу, умыгъэтIысу хъурэ, умыгъэтIысмэ, тхьэ дыгъэIэ, дыщIимылъхьэжын». МащIэу къыдэгушыIэжурэ, ефэндыжьри тIысырт жьантIэм, фIэфIыпсу. Абы куэд щIауэ есэжахэти, ар я щхьэусыгъуэу къагъэхъейрти, ныбжьым теухуауэ псалъэмакъышхуэ ирагъэкIуэкIырт цIыхухэм, къыщалъхуар дахэ-дахэу зэрамыщIэм иригушыIэу. Сабийр дунейм къыщытехьэр псом япэу зытхын хуейр дин лэжьакIуэхэр ару къалъытэрт.

Лэгъупэжьыр щыщIыхьэм, пIэм хэлъыр къызэфIэтIысхьащ. Ар щилъагъум, Елбэздыкъуэ къэпсэлъащ:

– Ухэлъыркъэ, Мыхьмуд, ухэлъыркъэ, сэ сыхьэщIэ къиинкъым.

– Iэу, Елбэздыкъуэ, фIэхъусыж, гъэкIэ, зэзэмызэ нэхъ мыхъуми, укъехыжырт, мы гъэм дызыщIэбгъэбэгаи.

– Аращ-тIэ, Мыхьмуд, дыщыщIалэм гъуэгури зыхэтщIэртэкъым, иджы хъужыркъым. СыхьэтитI зэкIэлъхьэужьу шыбгым сисамэ, адэкIэ схуэхьыжыркъым. СлIо, уи фIэщ дыдэ хьэмэрэ фызыжьым тIэкIу зыхуэбгъафIэу ара? – дэгушыIащ абы лэгъупэжьыр.

– Уэлэхьи хьэзим, Елбэздыкъуэ, зыдгъэфIами мынэхъ бзаджэт, ауэ уэрэ сэрэ ди ныбжьым абыхэм дыхигъэтыжыну къыщIэкIынукъым дяпэкIэ. Уэ дауэ ущыт, Елбэздыкъуэ, дауэрэ къефхьэлIа хъупIэр?

– Хъарзынэщ, ефэнды, тхьэр арэзы къыпхухъу. Шыкурыр Алыхьым дежщ, тэмэму дыкъекIуэлIэжащ, ди цIыхукIи, ди IэщкIи.

– Сыту фIыт, ярэби, сыту фIыт! ТIэ, дауэрэ къыпщыхъурэ укъызыхыхьэжахэр? – щIагъыбзэ гуэрхэр щIэлъу щIэупщIащ ефэндыжьыр. Лэгъупэжьми къыгурыIуащ ар.

– Дауэрэ къысщыхъун? ЩIапIэ нэщI дыкъихьэжауэ къысщохъу, Мыхьмуд, щIапIэ нэщI!

– Аращ, тэмэму жыпIащ, тэмэм дыдэу: щIапIэ нэщI дыдэ хъуащ.

– Уа, Мыхьмуд, ебгъэжьэфа ди пщыр хьэмэрэ ар щыдэкIми ухэлъа?

– Iэу! Сыхэлъ хъурэт, лэгъупэжь, езгъэжьащ, уэлэхьи, Алыхьым жиIэм, ауэ хуабжьу сигу ныкъуэу езгъэжьащ.

– Ар сыт щхьэкIэ, Мыхьмуд? – мащIэу къэщтауэ, щIэупщIащ Елбэздыкъуэ.

– Зи щхьэкIэращ, дахэ-дахэу дызэпсэлъа мыхъуу дэкIащ. ЩыдэкIыну зытриухуам тхьэмахуитI енкIэ ипэ иту емыжьэу хъуакъым, арати, дэри зэIэпытха щыIэкъым. Ауэ псомкIи уэ унафэ къыпхуищIауэ аращ жиIар.

Елбэздыкъуэ хьэлъэу щэтащ. ЛIыжьитIыр мамыру зыкъомрэ щысащ.

Зытепсэлъыхьынрэ жаIэнрэ ямыгъуэту аратэкъым абыхэм, атIэ я куэдыщэти, къыщыщIадзэнур къахуэщIэртэкъым. ЛIыжьитIми икъукIэ фIыуэ ялъагъурт я пщыр, езыми къилъагъужырт. ЛIыжьитIми я щхьэм къахуигъэтIасэртэкъым адэкIэ гъащIэр зэрыхъунур, зи

гугъу ящI гъащIэщIэр зыхуэдэр. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, тIури абы щыщтэрт, щIыщыщтэр тэмэмуи ямыщIэу. Iэджэ зэхэгъэкIыпIи ихуат ахэр я гъащIэ кIыхьым кърииубыдэу, Iэджэ зэрыхьзэриими къыхэкIыфат, ауэ иджы хуэдэу Iэмалыншэрэ къаруушэу закъыщыхъужатэкъым.

– НэхъыфIыр Азалыхьу тэхьэлам къытхуищIэ, Алыхьым къытхуищI ди унафэщ, – зы зэман зэ жиIащ Елбэздыкъуэ, щатэри.

– Аращ, – арэзы хъуащ Мыхьмуд-ефэндыжьри. – Дэ нэгъуэщI Iэмал диIэкъым.

Жэщыбг хъухукIэ щысащ лIыжьитIыр уэршэру, куэдми я щхьэфэ иIэбащ. Лъагъуэ куэдкIэ бгъэдыхьащ ахэр пщым и мылъкур псалъэмакъ къыхэмыкIыу жылэм тэмэму хуэгуэша зэрыхъунум. ИкъукIэ къалэн хьэлъэт ар а тIум я дежкIэ, уеблэмэ хьэлъэм и хьэлъэжт. Езы лIыжьитIым къызэралъытэмкIэ, апхуэдэ къалэн пщэрылъ хуэпщIу ухуэупсэ хъунтэкъым уи бий дыдэми. ГукIи псэкIи зыхащIэрт ар езыхэми. Ефэндыжьымрэ лэгъупэжьымрэ уэршэрурэ джэд зэ къатеIуащ.

– ТIэ, лэгъупэжь, пщэдей жэмыхьэтым нэхъыжьу дэсыр зэхуэтшэсынщи, пщым и унафэр яжетIэнщ, езыхэми жаIэм дедэIуэнщ, – унафэ ищIащ Мыхьмуд-ефэндыжьым.

– Дэгъуэщ, дэгъуэщ, – арэзы хъуащ абыкIэ Елбэздыкъуи. – НэгъуэщI хэкIыпIэ диIэкъым.

Елбэздыкъуэ и щхьэм бжьэ еуам хуэдэу дэкIуеижырт. Зэми ар егупсысырт пщэдей зэхуашэсыну жылэм жаIэнум, зэми – арат и щхьэм имыкIыу зыукIыр, – гъащIэ къэкIуэнум. «Iейми фIыми, нэхъыжьхэм гъащIэ гуэр тлъэгъуащ, зы цIыху гъащIи къэдгъэщIащ, ди сабийхэрщэ? Сыт абыхэм къапэплъэр? ГъащIэм и зэхэзэрыхьыгъуэмрэ ди лIэгъуэмрэ зэрихьэлIащ, ди сабийхэм я Iуэхур убзыхуаи хъуакъым, дэ драмыIэжмэ, къэкIуэнур зыхуэдэр зыми имыщIэмэ, дауэ ахэр зэрыхъунур? Джэдкъуртыр зыщхьэщымытыж джэджьей быну, губгъуэжьым къиднэну ара?»

Ауэрэ лIыжьым и хъыджэбз закъуэр и щхьэм къихьащ. ЛIыжьфызыжьыр псэу щIыкIэ зы щхьэегъэзыпIэ имыгъуэтмэ, и закъуэ дыдэу къэнауэ аракъэ? Пэжу, хъыджэбзым ещIэ Елбэздыкъуэрэ Дыщэнэрэ къызэрамылъхуар, ещIэ и адэ-анэр хэтми. Хъыджэбзым ар щибзыщIыныр къемызэгъыу къилъытэри, тIэкIу къызэрыдэкIуэтейуэ, игъэтIысри псори жриIащ Елбэздыкъуэ. «Сыт щыгъуэ къищIэми, къищIэнут, хэт къыжриIэми, зыгуэрым къыжриIэнут. Апхуэдэу щыщыткIэ, дэ жетIэжмэ нэхъыфIщ», – жиIэу лэгъупэжьым къыщигъэувым, Дыщэни пэувакъым. Пэрыуэн дэнэ къэна, лIыжьым жиIэр тэмэму къилъытащ. НэфIыцIэ и дэлъхухэми и шыпхъухэми ящIэ ар езыхэм зэрайр. ФIы дыдэуи къалъагъу. Ауэ сыт хуэдизу фIыуэ къамылъагъуми, зы унагъуэ къихъухьахэмрэ абырэ зэхуэдэкъым. Зэгъусэу япIахэм я гур нэхъ зэхуэIэфIщ, нэхъ зэсащ. А зэдэлъхузэшыпхъухэм ящыщ дэтхэнэ зыми и гущIэм адэ жыжьэу зыщIыпIэ деж щыгъэпщкIуауэ илъщ НэфIыцIэ нэгъуэщI унагъуэ къызэрыщыхъуар, зэрыщапIар. КъищынэмыщIауэ, апхуэдэ сабийр ещхь мэхъу къыщыхъуа унагъуэмрэ зыпIахэмрэ, абыхэм я хьэл-щэн гуэр Iэмал имыIэу къещтэ.

Елбэздыкъуэ къызэрилъытэмкIэ, и адэ-анэм къыIэщIэпхыу сабий къэпхьынри упIынри къезэгъыркъым, гуэныхьщ. Аращ абы нэхъыщхьэу хъыджэбзыр зэрипIам къыхихар. Нэхъапэхэм ар ищIэу е

апхуэдэ зыгуэр яIуатэу зэхихауэ щытамэ, дунейм теттэкъым сабий къызэрихьыни зэрипIыни. НэгъуэщI зыми хуабжьу иригъэгупсысащ Елбэздыкъуэ хъыджэбзыр зэрипIам. Иригъэгупсысащ, хуабжьу хигъаплъэу. Ар – цIыхур нэхъ жьы хъухукIэ Iэмал имыIэу и гъащIэм нэхъыбэрэ зэрегупсысыжырщ. Ар гъащIэм и хабзэу, и хьэлу къыщIэкIынущ. Ауэ бын зимыIэр нэхъ хегъаплъэ и жьыгъэм, адэкIэ къыпэщылъым. Абы зыгуэркIи щхьэщIэгупсыс ещI. ЦIыхур псэухукIэ зытелэжьэн хуейри, щIэпсэури и жьыщхьэрщ. Ауэ ар къыщыгурыIуэжыр куэдкIэ нэхъ иужькIэщ. ЩIалэхукIэ, хузэфIэкIыхукIэ абы егупсысыркъым: е къыфIэмыIуэхурэ е и акъыл хунэмысрэ – зэрыхъур тхьэм ещIэ.

Абыхэм егупсысурэ, я унэ нэсыжащ Елбэздыкъуэ. КъыфIэбгъэкIмэ, куэбжэм блэкIащ. Жэщыр хэкIуэтами, цIыху земыкIуэжми, мащIэу укIытауэ, лIыжьым зиплъыхьащ: «Зыгуэрым сыкъилъэгъуамэ, си напэр текIакъэ?» – жыхуиIэу. И куэбжэм зэрыблэкIар, зыкъомкIи зэрытегупсысыкIар нэхъыбэу зытригъэщIар Мыхьмуд-ефэндыжьым и щхьэгъусэм IэкIуэлъакIуэу ищI фадэрщ. Зы илъэси дэкIыртэкъым Мыхьмуд-ефэндыжьым губгъуэм ит Iэщыхьуэхэм я къекIуэлIэжыгъуэм ирихьэлIэу махъсымэ чей иримыгъэщIу. Елбэздыкъуэ къыздигубзыгъыжым, зы гъи къигъэнакъым абы Iэщыхьуэхэр къримыгъэблэгъэжу, мы гъэм фIэкIа. Ар и адэм и хьэлу, и хабзэу щытати, ефэндыжьми IэщIыб ищIакъым.

Елбэздыкъуэ пщIантIэм щыдыхьэжам къэщтащ – бжэIупэм Iуст Мурадинрэ я хьэжьымрэ. ЩIалэ цIыкIур хуабжьу къызэрыпыгуфIыкIыр щилъагъум, лIыжьым и гур мащIэу зэтесабырэжащ.



– Мыр сыт, ПIытIыкъ, жэщыбгым умыжейуэ мыбдеж щхьэ ущыс? – щIэупщIащ лIыжьыр. – Сытуи хуабжьу укъыпыгуфIыкIрэ. СлIо, ди хьэ къарэжьым бажэ къиубыда?

– Уэрей, Дыкъуэ, бажэу мы дуней псом тетым нэхърэ нэхъыфIым а ди хьэ къарэжьым къиубыдар.

– Iэу! КъызжепIэрэ сэри сыбгъэгуфIэркъэ-тIэ псынщIэу! – жиIэри лIыжьыр ауэ щыт шэнт щхьэгуэм тетIысхьащ, щIалэ цIыкIум жиIэнум пэплъэу. АрщхьэкIэ Мурадин жиIэнIауэ хунэмысу, куэбжэм зы шу къыIухьащ. ЛIыжьымрэ щIалэ цIыкIумрэ къыщилъагъум, шур къепсыхащ, набжэр Iуихыну къыщыIэбэм, хьэ къарэжьыр ину банэу пежэжьащ. Мурадин псынщIэу хьэм лъэщIыхьэри и пщэр иубыдащ. Елбэздыкъуэ лIы мыцIыхум пежьэри зэрыбгъэдыхьэххэу къицIыхужащ.

– Мыр сыт, Астемыр, жэщыбгым дэнэ укъикIа? – игъэщIагъуэу еупщIащ Елбэздыкъуэ.

– Уи жэщ фIыуэ, Елбэздыкъуэ, сыт ухуэдэ? – сэлам кърихащ шум.

– ЖэщыфI тхьэм къыуит, шынэхъыщIэ! Еблагъэ!

Хьэ къарэжьым, шум и Iуэху зэрызэримыхуэжым и щыхьэту, лъэныкъуэ зригъэзри тIысыжащ. Мурадин шы IумпIэр лIым къыIихри щIэупщIащ:

– Уанэр тесхыну, Дыкъуэ?

– АтIэ, тIасэ. Уанэр техи шыр бом щIэутIыпщхьэ, ишхын тIэкIуи ет, – жэуап къитыжащ лIыжьым. Астемыр и Iэр имыутIыпщу здиIыгъым еупщIащ: – Иджы укъыщысыр?

– АтIэ. Уэ сыту хэбгъэкIэса, Елбэздыкъуэ, умыгъуэлъыжу? Гъуэлъыжамэ, жысIэри, сыгузавэурэ сыкъыIухьат.

– Гъуэлъыжыгъуи хъуащ, уэлэхьи, ауэ ди ефэндыжьым дежкIэ сыщыIати... хъарзынэщ тIэкIу сыкъызэрыгувари.

– Псори фыузыншэкъэ? – щIэупщIащ Астемыр.

– ДыфIщ, тхьэр фIыкIэ къыпщIэупщIэ.

Астемыр хьэщIэщымкIэ иригъэблагъэри, Елбэздыкъуэ щIалэ цIыкIум зыхуигъэзащ:

– Жэ, ПIытIыкъ, хьэщIэ диIэщ жыIэ, дызэдзэкъэн...

– Елбэздыкъуэ, тхьэм щхьэкIэ зыми ухэмыт, хуабжьу сешащи, зызгъэпсэхумэ нэхъ къэсщтэнущ, къыщинэмыщIауэ, сымэжалIэркъым. Iэбгъэахъуэ пщыIэ гуэрхэр къехыжу сарихьэлIэри, хъарзынэу пщыхьэщхьэшхи сщIащ.

– Iэу, зиунагъуэрэ, апхуэдэ хабзэ щыIэ, – жиIэу Елбэздыкъуэ зихъунщIа щхьэкIэ, Астемыр идакъым.

ХьэщIэр и пIэ иригъэзагъэри, Елбэздыкъуэ бомкIэ иунэтIащ. Мурадин, Iуэхухэр зэфIигъэкIауэ, бом и бжэр игъэбыдэжырт.

– Сытщ жыпIа-тIэ, ПIытIыкъ, ди хьэ къарэжьым къиубыдауэ жыхуэпIэр? – щIэупщIащ лэгъупэжьыр.

– Уэрей, Дыкъуэ, ди хьэщIэ щIалэр къэпсэлъамэ! – дуней гуфIэгъуэр иIэт щIалэ цIыкIум.

– Сыту фIыт, ярэби, сыту фIыт! Сыт жиIар, ПIытIыкъ? – мащIэу и макъыр кIэзызу, щIэупщIащ лIыжьыр.

– Псы тIэкIу къысхуэхьыт, ПIытIыкъ, – жиIэри къызэджащ. Уэрей, сыкъэщтэри, Дыкъуэ, къыкъ сыхъу пэтамэ ухуеймэ!

– НакIуэт-тIэ, ПIытIыкъ, дыгъаплъэт щIалэм деж, – жиIэу лэгъупэжьым зыщричым, щIалэ цIыкIум идакъым:

– Хьэуэ, Дыкъуэ, IэфI дыдэу хилъэфа къудейщ, пщэдджыжь ущIыхьэнщ.

– НэгъуэщI сыт жиIахэр, ПIытIыкъ?

– Уэрей, Дыкъуэ, жиIагъэшхуи щымыIэ, хуабжьу нэщхъейщ.

– ГурыIуэгъуэщ, – щэтащ лIыжьыр хьэлъэу. – Сытым хуэнэщхъыфIэн-тIэ ар! НакIуэ, дыгъуэлъыжынщ. Уэ щхьэ умыжейрэ-тIэ иджыри къэс?

– Уэ сыножьащ, щIалэр зэрыпсэлъар бжесIэу узгъэгуфIэну...

Елбэздыкъуэ и пэшым щIигъэхьэжри, Мурадин уIэгъэр зыщIэлъымкIэ кIуэжащ. Ахэр зэгъусэу зы пэш щIэлът, Къущхьэхъу къызэрехыжхэрэ щIалэ цIыкIур уIэгъэм кIэлъыплъырт. ЩIалэ цIыкIум и анэми зыри жиIэртэкъым абы щхьэкIэ, тIэкIу къехьэлъэкIми, илъагъурт уIэгъэр здэщыIэ унагъуэр зэрыIэмалыншэр, Мурадин ямыIэу зэрымыхъунур. Гъунэгъу фызхэм абы теухуауэ зэзэмызэ зыгуэр жаIамэ, Мурадин и анэм псалъэмакъыр гушыIэм хуишэрт: «Ар Елбэздыкъуэ естыжащ», – жиIэрти къыпыгуфIыкIырт. Фызхэми абы къыфIагъэкIыртэкъым. Пэжу, ар япэхэращ, ауэ иджы хьэблэри благъэри есэжащи, пэж дыдэу щIалэ цIыкIур лIыжьым ей хуэдэу къалъытэжащ. Ауэ Мурадин махуэкIэрэ и анэм деж кIуэжырт, унагъуэ IуэхухэмкIи дэIэпыкъуэрт. «Азалыхь, мы щIалэ цIыкIум лIыгъэу хэлъри сыт хуэдиз, пщэпкъкIэ унагъуитIри кърелъэфэкI», – жызыIэхэри щыIэт.

Пщэдджыжьым, зэрихабзэу, Елбэздыкъуэ жьыуэ къэтэджащ. ХьэщIэр къэушмэ, ар зэригъэшхэнум хуэдэу пщэфIат Дыщэни. Куэдрэ жеякъым Астемыри. Пэжу, и гугъащ нэхъ жьыжу къэтэджу гъуэгу теувэжыну, арщхьэкIэ тхьэмахуэм щIигъуауэ пIэ кIуэцI имыгъуэлъхьа лIым жейр къытекIуащ.

– Уи теплъэми къызжеIэ, Астемыр, уздэщыIам хъыбарыфI зэрыщызэхыумыхар. КъызжепIапхъэу къэплъытэмэ, зыгуэрхэр къызжепIами здэнут, – жиIащ Елбэздыкъуэ, хьэщIэмрэ езымрэ пщэдджыжьышхэ ящIу къэтэджыжа нэужь.

– Щхьэ бжезмыIэу, Елбэздыкъуэ, бжезмыIэнумэ, сыкъыдыхьэрэт уи деж. Хуабжьу сыпIащIэрт, ауэ укъызэлъэIуат, сэри укъэзгъэгугъати, сыкъыдэмыхьэу сыблэкIыжыфакъым, – хьэлъэу щэтащ Астемыр. – Пэжщ, сыкъэпщIащ: хъыбарыфI къызжаIакъым сыздэщыIам. Джылахъстэней Iэбгъахъуэхэм сахуэзащ. Гупсэхуу къызжаIэжащ ялъэгъуа, ящIэ псори. Пэжщ, щIалъхьащ хьэдищ. ЗэрыжаIэмкIэ, щIалъхьахэм я шыфэлIыфэкIэ зыр си адэ къуэшырщ, адрейр си адэ къуэшым и гъуса абрэдж Хьэжмуратщ. ЗэрыхуэзгъэфащэмкIэ, ещанэр Выныдыкъуэ ФIыцIэщ, яукIыну къалъыхъуарщ. Хъыбар къызжаIахэр пэжу щытмэ, аращ Iуэхур зэрыщытыр, Елбэздыкъуэ. Ауэ си адэ къуэшым и къаным зыри теплъакъым, и хъыбари зэхэсхакъым, щIыр зэгуэхуу я кум дэхуами ярейщ. КIуэдащ ишри, ауэ и уанэр къагъуэтащ, адрейхэм я гъусэу. Си адэ къуэшымрэ Хьэжмуратрэ яшхэр щыIэщ. Ахэр нэгъуэщI пщыIэ къыщагъуэтыжащ.

МащIэу мамырри, Астемыр тутын ишыхьащ. Ар щIигъанэщ, зэ хуищIэу екъури, и псалъэм пищэжащ:

– СыщIэгузавэр ди къанырщ. УIэгъэ хьэлъэу, тхьэм ещIэ, къуршым щыхутыкъуауэ къыщIэкIынущ. Щыхутыкъуами, ар иджыри къэс псэууэ къыщIэкIынукъым, мазэм щIигъуащ. ЩакIуэ гуэрхэми сарихьэлIащи, абыхэми къаIэщIэлъэгъуакъым – е псэууэ, е лIауэ.

– Сыт и теплъэ къаным, Астемыр? – щIэупщIащ Елбэздыкъуэ, и нэкIум гуфIэгъуэ мащIэ къиищрэ и уIэгъэ щIалэр къаныр ару зэрыщытым шэч лъэпкъ къытримыхьэжу. Астемыр щIалэм и теплъэр жиIэн щиухым ирихьэлIэу, пэшым Мурадин къыщIыхьащ, шху фалъэшхуитI иIыгъыу.

– Уа, ПIытIыкъ, щIалэр къэуша? – щIэупщIащ Елбэздыкъуэ.

– Незэман, Дыкъуэ, уэрей доуэршэрри дыхэлъым Iэджэжь щIауэ.

Елбэздыкъуэ щIалэ цIыкIум ней-нейуэ еплъащ.

– Доуэршэрри жыпIа? – щIэупщIащ лIыжьыр нэщхъыфIэу.

– НтIэ!

– Сытщ жыпIа, ПIытIыкъ, апхуэдизу къэвуэршэрыр?

– Iэджи! – дыхьэшхащ Мурадин. – Къэбуэршэрын мащIэ?

ЛIыжьымрэ щIалэ цIыкIумрэ я псалъэмакъым Астемыр гурыщхъуэ гуэрхэр иригъэщIащ. АрщхьэкIэ, ар и щхьэм щызэригъэзэхуэнуи хунэмысу, Елбэздыкъуэ жиIащ:

– НакIуэ, Астемыр, сэ уэзгъэлъагъунщ фи къаныр!

УIэгъэ щIалэр зыщIэлъ пэшым ахэр щыщIыхьэм, Астемыр къэуIэбжьащ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, «сэ уэзгъэлъагъунщ фи къаныр», жиIэу Елбэздыкъуэ къыщыжриIами къэуIэбжьат ар. Астемыр щытт дияуэ, и IэпкълъэпкъыIр къемыдэIуэжу, зэми пIэм хэлъым, зэми Елбэздыкъуэ еплъу. Абы и щытыкIэр щилъагъум, лIыжьым хьэкъыу пхыкIащ Къэрэщей Къурмэн ипIа щIалэр, къану Елджырокъуэ Елмырзэ кърита, и уIэгъэ щIалэр зэрыарар. ЛIыжьым и плIэм хьэлъэ гуэр дэлъу дэхуам хуэдэт, игури псэхужат.

– Дэнэ укъикIа, Астемыр? – и нэпсым къызэпижыхьарэ ерагъкIэ къыдришейуэ щIэупщIащ уIэгъэр. – Си гугъакъым игъащIэкIэ услъагъужыну...

– Псори тэмэмщ, Мысрокъуэ, хэлъ, хэлъ, – жиIэри зыкъэзыIэтыну иужь ихьа щIалэм и дамэпкъыр иубыдащ Астемыр. – Сэ услъагъуну сыкъэкIуащ. Сыт щIауэ фыкъэтлъыхъуэрэ дэ?!

ЗригъэзэкIри, щытхэм яримыгъэлъагъуу, щIалэм и нэпсыр напэIэлъэщI кIапэмкIэ щIилъэщIыкIащ.

– Iэу, си щIалэ, улIкъэ уэ? ЛIы гъы хабзэ, – жиIэри, езы Елбэздыкъуи зригъэзэкIащ, и нэпсыр уIэгъэм иримыгъэлъагъуну. АрщхьэкIэ, зэуэ къызэрыгъуэтыжри, Астемыр зыхуигъэзащ: «Мысрокъуэ жыпIа? И цIэри дымыщIэу бэлыхьищэр ттелъаи!»

– Мысрокъуэ! – гуфIэу жиIащ Мурадини. – ЦIэ хьэлэмэтщ!

– Сыт лъандэрэ уи хьэщIэт мы щIалэр? – щIэупщIащ Астемыр.

Елбэздыкъуэ къригъажьэри Iуэхур къызэрекIуэкIа псори Астемыр жриIэжащ. Джылахъстэней Iэбгъахъуэхэм къыжраIахэмрэ Елбэздыкъуэ жиIэжамрэ зэманкIэ зэтехуэрт.

– ТIэ, Елбэздыкъуэ, зы жэщ фи пщыIэм сыщытесам зыри къызжепIатэкъыми, – игъэщIагъуэу щIэупщIащ Астемыр.

– Уздежьам унэсрэ Iэщыхъуэхэм къыбжаIэр зэхэпхмэ, нэхъ тэмэму къэслъытащ, Астемыр. КъищынэмыщIауэ, сэ си хьэщIэ уIэгъэ щIалэр щызмыщIыхукIэ, уэ узылъыхъуэр арауэ сэ дэнэ щысщIэнт? Пэжу, гурыщхъуэ гуэрхэр сщIат, аращ укъыщехыжкIэ укъыдыхьэну сыщIолъэIуари.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу, Елбэздыкъуэ, икъусыкъужкIэ гугъу зыкъыддебгъэхьащ. ГуфIэгъуэкIэ тхьэм пхудигъэщIэж. ПхудигъэщIэж жысIэ щхьэкIэ, гугъущ апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ цIыхум хуэпщIэжыну. Ар зыщымыгъупщэн езыри дэри тхьэм дищI.

– ЩIалэр зейр, зыщыщыр къыщытщIакIэ, къыщыфIэрыхьэжакIэ, къысхуэфщIэжауэ къысщыхъуащ, шынэхъыщIэ. И Iуэхум сытегузэвыхьакъым жысIэми, пцIы соупс, хуабжьу сытегузэвыхьащ. Ар щыжысIэкIи, сэ ямылей сщIауэ аракъым, сэрмырауэ хэт и адыгэ ирихьэлIами, арат ищIэнур. ФIыгъуэр тхьэм къахуищIэ си мэлыхъуэгъухэмрэ мыбдеж щыт щIалэ цIыкIумрэ. Ахэр мыхъуамэ, си закъуэ сыт схузэфIэкIынт?! ИкъукIэ зыкъысщIагъэкъуащ. ЗэрыпщыIэу, ди хьэщIэу фIэкIа, зы махуи зыми илъытакъым. Ауэ Къущхьэхъу дыкъыщехыжым, зыщIыпIэ дымышэу хъунутэкъыми, си деж къэсшауэ аркъудейщ.

Мысрокъуэ хуэмурэ зыкъигъэзэжри къыщхьэщытхэм къахудэплъеящ. Ар абыхэм гукIи псэкIи къазэрыщыгуфIыкIыр IупщIт. Ауэ аргуэру зыхуэмыIыгъыу и нитIым нэпс ткIуэпсышхуэ зырыз къыщIэжри и нэкIум къытелъэдащ.

– Псори тэмэм хъужащ, си щIалэ, фIыщIэр Алыхьым и дежщ, – жиIащ Елбэздыкъуэ, щIалэм и щхьэфэм Iэ дилъэурэ. – Мис, уи къуэшхэри къэбгъуэтыжащ. Псори тэмэмщ, умыгузавэ... – ЛIыжьым, адэкIэ нэгъуэщI къыхупымыщэу, и тэмакъыр зыгуэрым щиубыдыкIащ.

Мысрокъуи, «тэмэмщ» жыхуиIэу, и щхьэр ищIащ. Сыт хуэдизкIэ нэхъыфI мыхъуами, Мысрокъуэ иджыри хуабжьу къаруушэт. Ар и теплъэми къигъэлъагъуэрт. Зыгуэрхэр жиIэну хэта щхьэкIэ, щIалэм зы псалъи къыхудэшеякъым, и Iупэхэр мащIэу пIэжьэжьа мыхъумэ.

УIэгъэм куэдрэ щхьэщыту ягъэпIейтей нэхърэ къыщIэкIыжмэ нэхъ тэмэму къилъытэри, Астемыр жиIащ:

– ТIэ, Мысрокъуэ, узыншэу ущыт! Алыхьым жиIэмэ, сэ зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу сыкъыплъыгъуэзэнщ. Усшэжынщи, адэ ущыIэжынщ. Узыншэу!

– Ди анэр дауэ щыт, Астемыр, и хъыбар умыщIэу пIэрэ? – зэхэпх къудейуэ щIэупщIащ Мысрокъуэ.

Астемыр жиIэнур имыщIэу, зэуэ зэIынащ, арщхьэкIэ, уIэгъэм гурыщхъуэ иримыгъэщIын щхьэкIэ, псалъэхэр зэкIэлъигъэпIащIэу жэуап итащ:

– Хъарзынэщ фи анэри, къыппоплъэ, Мысрокъуэ. Умыгузавэ зы щхьэкIи... Узыншэу.

– Узыншэу, Астемыр, ди анэр мыгузэвэну схужеIэж...

«Хъунщ, пхужесIэжынщ» жыхуиIэу, и щхьэр ищIри, Астемыр епIэщIэкIыу пэшым къыщIэкIыжащ, Елбэздыкъуэ и ужь иту.

– ЩIалэм уIэгъэшхуэ телъауэ къыщIэкIынщ, Елбэздыкъуэ, – зыхуигъэзащ Астемыр лIыжьым, – хуабжьу къарууншэщ иджыпстуи.

– ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, Астемыр, ар къыщытхуэкIуа пщыхьэщхьэм зыми и фIэщ хъуакъым нэху къекIыну. ИужькIи щIэх дыдэ дыщыгугъакъым, зыщыгугъым хуэдэтэкъым. Алыхьырщ, Алыхьым и ужькIэ, и щIалагъым къихъумащ. Ди щхьэщыгу итым и къарур зэрыиныр уи фIэщ хъуну а зыр урикъунщ. Ар зэрыщытам еплъытмэ, пу-пу, хъужри ежьэжауэ аращ.

– Ди анэр, жи, тхьэмыщкIэм... Дауэ абы иджыпсту зэрыжепIэнур и анэр зэрыщымыIэжыр?

– Хьэуэ, Астемыр, жепIэнкIэ Iэмал иIэкъым, икъукIэ тэмэму пщIащ зэрыжумыIари. Моуэ къызэфIэувэжрэ и къару зэрыубыдыжмэ, итIанэ жетIэнщ и анэм и Iуэху зытетри.

– Аращ нэхъ тэмэмри.

ЛIитIыр хьэщIэщымкIэ щIыхьэжащ. Ахэр тIэкIурэ уэршэра нэужь, Астемыр къэтэджыжащ:

– ТIэ, Елбэздыкъуэ, сежьэжынщ сэри, гъуэгуанэшхуэ къыспэщылъщ. ДызэрызэгурыIуам хуэдэу, си адэ къуэшымрэ абрэджымрэ я хьэдэр сшэжрэ щIэслъхьэжмэ, занщIэу сыкъэкIуэнщи щIалэри сшэжынщ. Езыри къыщызгъэгугъакIэ, сэ зызгъэгувэнкъым. Узыншэу, ди нэхъыжьыфI!

– Узыншэу, Астемыр. Къалэнышхуэ къыппэщылъщ, псынщIэ тхьэм пщищI. Мыдрейуэ, щIалэм и шэжыным уемыпIэщIэкIми, ягъэ кIын сфIэщIыркъым, нэхъ зэфIэувэжмэ... – жиIэу Елбэздыкъуэ къыщригъажьэм, Астемыр идакъым:

– Хьэуэ, Елбэздыкъуэ, хъарзынэуи зебгъэлIэлIаи! Хэт хамэ щIалэшхуэ апхуэдизрэ пхузезыхьэнур? Дэри, къэдмылъхуами, тпIащ, дилъ хъуащи тшэжынщ, тшэжынщи адэ щыдгъэхъужынщ, Алыхьым къытхуищIэмэ.

– Уэлэхьи хьэзим, шынэхъыщIэ, пэжыр жысIэнщи, апхуэдизкIэ десащ щIалэми, хамэу ди пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэ, къызэрытIэрыхьэ махуэри къыхэмыхуакIэ, къащтэ къурIэн.

– Берычэт бесын, Елбэздыкъуэ, ину берычэт бесын, – жиIэри, Астемыр лIыжьым и Iэр быдэу къикъузыжащ.

А тIур пщIантIэм къыщыдыхьэжам, Мурадин шым уанэ трилъхьэжри шы фIэдзапIэм фIидзэжауэ щытт. Ар щилъагъум, Астемыр и гуапэ хъуарэ игъэщIагъуэу жиIащ:

– Тхьэ дыгъэIэ, Елбэздыкъуэ, мы щIалэ цIыкIум псори ищIэу къалъхуакIэ!

– Ей, ПIытIыкъи, ПIытIыкъ! Ар щIалэфI дыдэ хъунущ.

– Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, Елбэздыкъуэ, ууеинкIэ сфIэкIасэIуэщ, уи сыт хъуну мы цIыкIур?

– Мыр-рэ, Астемыр, си гъунэгъу щIалэ цIыкIущ, ауэ унагъуитIми ди щIалэщ, псэуэ тIутри мыращ! – КIэщIу, къегъэкIуэкI-негъэкIуэкI кIыхь хэмылъу, жэуап итащ лэгъупэжьым.

Астемыр, зыри жимыIэу, еплъэкIащ щIалэ цIыкIум дежкIэ, икIи, фIыщIэшхуэ зэрыхуищIыр къигъэлъагъуэу, и щхьэм Iэ дилъащ.

– Дыкъуэ, Мысрокъуэ и сыт ар? – щIэупщIащ Мурадин, Астемыр пщIантIэм дэкIыжу ипщэкIэ дригъэзея нэужь.

– И сыт, жыпIа? – хэгупсысыхьащ лIыжьыр. – Дауэ, ПIытIыкъ, ар зэрыбжесIэнур, нэхъ къыбгурыIуэн хуэдэу? КIэщIу жыпIэмэ, Мысрокъуэ зыпIа лIыжьым и къуэшым и къуэщ. КъыбгурыIуа?

– Хьэуэ, – и щхьэр игъэсысащ щIалэ цIыкIум. – Мысрокъуэ адэ иIакъэ, сыт нэгъуэщIым щIипIынур?

– Ар хъыбар кIыхьщ, си щIалэ, моуэ дыхущIыхьэу зы пщыхьэщхьэ гуэр бжесIэжынщ. ДызэгурыIуа?

– ДызэгурыIуащ, – къыпыгуфIыкIащ щIалэ цIыкIур.

Елбэздыкъуэрэ Мурадинрэ хьэщIэр ирагъэжьэжри куэбжэпэ тетIысхьэпIэм деж етIысэхащ. Иджыри жьыт, унагъуэ зырызхэм я уэнжакъым Iугъуэ кърихуу щIидза къудейт. БжьыхьэкIэ мазэ пэтми, уэфIт икIи хуабэт. ЗыкIи хуэбгъэфэщэнутэкъым, зы тхьэмахуэ закъуэ дэкIмэ, щIымахуэр къихьэу. Зыкъом лъандэрэ мыпхуэдэ бжьыхьэ телъыджэ къэхъуауэ къыхуэгубзыгъыжыртэкъым лэгъупэжьым. МэкъумэшыщIэхэм ягури я псэри псэхужат, гъэ псом я тхыр къамыгъэшу зэлэжьа мэкъумэшыр къызыхуэтыншэу кърахьэлIэжри я гуэн иракIутэжат. Iэщым мэкъумылэу хуагъэхьэзырари хъарзынэу ярикъунут, хуиту хъуакIуэу губгъуэм ихьэхукIэ.

Елбэздыкъуэ и гупсысэхэм жыжьэ яхьат. Иджыпсту ар Тыркум щыIэт, Къасымрэ и гъусэхэмрэ ящIыгъут. Сыт я псэукIэ абыхэм? Сыти яшхрэ, сытри ящIэрэ? ЕмыпIэщIэкIыIуауэ пIэрэ, ярэби, ар Iуэхум? МынэхъыфIу пIэрэт къуажэм дэсыжамэ? «Узыдэмыхьа къуэладжэ лы дэзщ», – жиIащ пасэрейм. Дауэ, ущалъхуа жылэжьыр къэбгъанэу, хамэ щIыпIэ, укъыщамыцIыху Хэку укIуэу узэрыщыпсэунур? Езы дыдэм къыгурымыIуэжу, лIыжьыр бэлыхьищэм иукIырт. Ауэрэ лIыжьым и гупсысэхэр нобэ зэхэтыну зэхуэсым къыхэхутэжащ. Нобэ ягуэшынущ Къасым и Iэщыр. Ягуэшынущ, езы пщым унафэ зэрищIа дыдэм хуэдэу, унагъуэ къэс ис цIыху бжыгъэм елъытауэ, иратынущ псоми, къулей, къулейсыз къыхэмыкIыу. Ауэ къайхъулIэну пIэрэ ар, ярэби? Дуней псом къытехъуакъым иджыри цIыху, цIыхур арэзы зыщIыфа. Къалэн хьэлъэщ ар – зэхэдз имыIэу, жылэм дэсыр арэзы пщIыну. Пэжщ, мормыр жыхуаIэу къуажэм дэс лIыжьхэр псори кърагъэблэгъэнщ. Ауэ, итIани, лэгъупэжьым и гур мэгузавэ, щIэгузавэри мыращ жиIэу тэмэму имыщIэу. ЛIыжьым зыщигъэгъупщэну хузэфIэкIыркъым а зыгъэгузавэр. И хьэлщ ар Елбэздыкъуэ, зы Iуэхушхуэ гуэр къыкъуэкIамэ, тепыIэ имыIэжу кърихуэкIыу. Ауэ сыт щыгъуи щытакъым ар апхуэдэу гузэвэхыу. Куэди щIакъым а хьэл мыхъумыщIэр къызэрищтэрэ. Дэни кърихух! Иджы мис, къэрехуэкI псэхугъуэ кърымытрэ тримыгъэтIысхьэжу.

# ЛЪЭПКЪ ТХЫДЭР АДЫГЭ ЭПИКЭ УСЫГЪЭМ КЪЫЗЭРЫХЭЩЫР

Литературэмрэ тхыдэмрэ дапщэщи зэIэпэгъуу къогъуэгурыкIуэ, абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэри мащIэкъым. Адыгэ тхыдэм и пэжыпIэр сыт хуэдэ зэманми хуэмысеижу литературэм и образ нэсхэм хъума щыхъуащ. Кавказ зауэмрэ истамбылакIуэкIэ дызэджэу ди блэкIам фIыцIагъэу къыхэна Iуэхугъуэмрэ литературэм и мызакъуэу, IуэрыIуатэми, искусствэми плъыфэ зэхуэмыдэу къыхощыж.

Литературэр зэманым и гъуджэщ, лIэщIыгъуэ бжыгъэхэр зи зэхуаку дэлъ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр абы и фIыгъэкIэ зэпыщIа мэхъу. Къапщтэмэ, XIX лIэщIыгъуэу бгырыс лъэпкъхэм гузэвэгъуэшхуэ къащытепсыхамрэ ди нобэрей гъащIэмрэ я зэпыщIэныгъэм ущрохьэлIэ адыгэ литературэм и жанр зэхуэмыдэхэм. Абыхэм ящыщу Кавказ зауэмрэ истамбылакIуэмрэ нэхъ кууэ икIи нэхъ зыубгъуауэ къыщыгъэлъэгъуэжащ эпикэ усыгъэм.

XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм лъэпкъкIуэд къызэрыкIа истамбылакIуэ Iуэхугъуэр япэ дыдэ нэсу, а лъэхъэнэм щыIа идеологиеми «имыхузауэ» къыщыгъэлъэгъуэжащ ***КIыщокъуэ Алим и «Тисей» (1952–1954)*** поэмэм. КъыщыIэта IуэхугъуэкIэ, и гъэпсыкIэкIэ, и зэхэлъыкIэкIэ, и щIэщыгъуагъкIэ, лъэпкъ литературэм щиубыд увыпIэмкIэ – сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ убгъэдэмыхьэми, «Тисей» поэмэр Кавказ зауэжьымрэ истамбылакIуэмрэ къыщыгъэлъэгъуэжауэ къэбэрдей эпикэ усыгъэм къыхэщ тхыгъэ псоми я щхьэжщ, абыхэм куэдкIэ йофIэкI. 

Поэмэм щынэхъыщхьэр Рау дадэ и образырщ, абы уIэгъэ мыкIыжу къыпкърощ усакIуэм къигъэлъэгъуэж зэманым и нэпкъыжьэр. Тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, зауэ мафIаем адыгэщIыр щызэщIилыпщIэ, Жасыус жылэр бийхэм зэхэзехуэн щащIа зы махуэ гуэрым Рау дадэ и анэр хьэкум ипщхьэри абы щIалэ цIыкIу щигъуэтащ, езыри мафIэм хисхьауэ щытащ. Дунейкъутэжу пфIэщI зэман хьэлъэм халъхуа сабийм и макъыр хьэкум къиIукIыу щызэхихым, ар шу мыцIыху гуэрым къиштэри Къанокъуэй къуажэм ихьащ, «хьэку кIуэцIым щалъхуа сабийми» цIэуэ Хьэкурынэ фIащащ.

КIыщокъуэм гъэщIэгъуэну тхыгъэм щызэфIигъэуващ Къанокъуэпщым и образыр. Абы и унафэм зыри щIэмыкIыу, «жиIэм фIэкIыр игъэунэхъуу», езыр «ныбэфыжьу, и щхьэр уэсу, выгум илъу кърашэкIыу» тхыгъэм къыхощыж. Хьэкурынэ и гъащIэр гъэкIуэгъуей къэзыщIхэм ящыщ зыт Къанокъуэпщыр. Ауэ щIалэм и махуэ зэфэзэщхэр нэхъ щIэщыгъуэ къыщищIыжу поэмэм къыхощыж Iурзилэ пщащэ цIыкIум и образыр. Ар иджыри сабий дыдэщ – илъэсибл ныбжьым иту аращ. Хэкур зыбгынэ мухьэжырхэр зыхэта гуIэгъуэр усакIуэм нэхъыбэу къызэригъэлъэгъуэжри Iурзилэрэ абы и анэмрэ я образхэмкIэщ. Iурзилэ, Гуащэм и унэIутми, абы гугъэ дахэхэр хуиIэщ и къэкIуэну щIэращIэм, и «пщэдей» нэхутхьэхум. Аращ абы сыт хуэдэ Iуэхури псынщIэ къыщызыщIыр, пщыми гуащэми я нэщхъ бзаджэм щIимыгъэдзыхэр.

Гу лъытапхъэщ КIыщокъуэ А. и поэмэм, адыгэ литературэм зэрыщыхабзэм тету, пщым и щхьэгъусэ Гуащэ и образыр зэрыщызэфIигъэу-

вам. Ар, дауикI, гурымыхь теплъэрэ хьэл бзаджэрэ зиIэ бзылъхугъэу тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ:

*Гуащэм и нэр къэбжылафэу,*
*И пэ гъурыр хуэдэщ джыдэм,*
*Къытехьамэ мэудафэ,*
*Сыт жепIами – къыпхуимыдэ.*
*Ди Iурзилэу пщащэ къабзэм*
*А емынэм зыдегъазэ.*

**(«Тисей»)**

Хэкур лъэщыгъэкIэ зрагъэбгына мухьэжырхэм я фэ дэкIа гугъуехь псори гущIыхьэу къыхощыж «Тисей» поэмэм. Апхуэдэ гузэвэгъуэшхуэ зи нэгу щIэкI Хьэкурынэ и дежкIэ нэхъ бэлыхьлажьэр и псэм и щIасэ Iурзили абыхэм зэрахэтырт. ФIыуэ илъагъум игъащIэ псокIэ пэIэщIэ хъункIэ шынагъуэ къызылъыса щIалэр хьэзырщ пщащэр Хэкум къринэн папщIэ сытри ищIэну: и фокIэщIыр яриту Iурзилэ къаIихыжыфынкIэ гугъэу ар кхъухь тедзапIэм хуопIащIэ. Абдежым Хьэкурынэ и нэгу щыщIокI зэи имылъэгъуа гукъутэгъуэрэ мыгъуагъэрэ: лъэрымыхьхэмрэ сабийхэмрэ узым зэщIещыпэ, щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ тырку пщылIщэхухэм иращэ, лIэр ябжыни гуIэни щагъэтыжауэ, языныкъуэхэри мыхъейуэ щылъщ, нэхъ «зыхуэмейуэ» къалъытэхэр псым хадзэ, гущIэм зыкъыдэзыгъазэ гъыбзэ макъхэр гужьеигъуэу тхьэкIумэм къоIуэ.



Ди жагъуэ зэрыхъунщи, КIыщокъуэри поэмэр щитха зэманым литературэм ехьэлIауэ щыIа «хабзэ» ткIийхэм я бжьым къыщIэкIыфакъым. Адрей тхакIуэ, усакIуэ куэдми хуэдэу, абыи дин лэжьакIуэхэр цIыху нэжэсу, пцIыIуэпцIышэу, IуитIбзитIу къегъэлъэгъуэж. «Тисей» поэмэм къызэрыхэщыжымкIэ, хьэжыхэр, молэхэр пщылI ящэхуну къакIуэ тыркухэм я «жыIакIуэт», абыхэм ядэIэпыкъурт, узым зэщIищтауэ хы Iуфэм Iус тхьэмыщкIэхэр дыуэпс нэпцIхэм ирагъафэрт.

Тис жыгри КIыщокъуэ А. и поэмэм къыхэщ образ нэхъыщхьэхэм ящыщу жыпIэ хъунущ. Тхыгъэм укъыщеджэкIэ абы псэ Iуту пфIощI, уеблэмэ, а жыгым ныбжьыщIитIыр – Хьэкурынэрэ Iурзилэрэ – псым къыхихыну зегъэшри и щхьэкIэр яхуегъэлъахъшэ икIи адыгэ щIыналъэм йолъэIу «гъуэгу захуэм тет» ныбжьыщIэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну. Тис жыгым ещхьу, КIыщокъуэми зэрыжиIащи, «тIэкIу хуэщIакъуэ» хъуами, адыгэ лъэпкъ уардэр кIуэдыжакъым, ар ноби и бзэм ирипсалъэу, и хабзэ-нэмысыр иIыгъыжу, щхьэхуиту и Хэку щопсэу.

Тыркум, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу адыгэхэм – мухьэжырхэм – ди тхакIуэ, усакIуэ, драматург куэд ятетхыхьащ. ЦIыху куэд нобэр къыздэсми зыгъэпIейтей а темэм теухуауэ ***«Пшынэм и гъыбзэ» (1965 – 1966)*** зыфIища поэмэшхуэр итхауэ щытащ ***КIэщт Мухьэз.*** Тхылъ зэхуэмыдэхэм мы поэмэм и фIэщыгъэ зыбжанэм зэтемыхуэу ущрохьэлIэ: «ШыкIэпшынэр мэусэ», «ШыкIэпшынэм и гъыбзэ», «Пшынэм и гъыбзэ». Ахэр псори щIэбджыкIмэ, фIэщыгъэхэр зэрызэтемыхуэм къыдэкIуэуи, езы поэмэхэм зэщхьэщыкIыныгъэ мащIэхэр хыболъагъуэ.

«Пшынэм и гъыбзэ» поэмэр зытеухуар адыгэхэм хамэ щIыналъэм щателъ хьэзабымрэ илъэси 150-м щIигъуауэ абыхэм Iуащхьэмахуэ я хъуэпсапIэу, я адэжь лъахэм къыхуэпабгъэу я гъащIэр зэрахьымрэщ.

Поэмэр лIыгъэм, захуагъэм, пэжыгъэм теухуа щапхъэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэпсащ. Ар письмоищрэ зы жэуапу зэхэлъщ. Дэтхэнэ письмоми пыухыкIауэ езым хъыбар гууз иIэжщ, ауэ авторым абыхэм ящыщу япэ письмом («Сосрыкъуэ и деж письмом») фIэкIа жэуап щIримытыжар гурыIуэгъуэкъым.

«Пшынэм и гъыбзэм» япэу дызыщрихьэлIэр «Сосрыкъуэ и деж письморщ». Ар Хэкум къэзытхыр ди лъэпкъэгъу хэхэс щIалэ Абдулщ. Абы укъеджа нэужь, наIуэ мэхъу, Сосрыкъуэ и цIэкIэ тхауэ щытми, ар адэжь хэкум къина псоми яхуэгъэзауэ зэрыщытыр. Мы письмом щыгъуазэ дыхуещI Мос дадэ и къуэ Къамболэт и дуней тетыкIам, иужькIэ ар зэраукIа щIыкIэм.

Поэмэм и етIуанэ письмор къэзытхыр Мамдухьщ. Абы къыхэщыж лIыхъужь Аслъэнбэчи, Мос дадэ и къуэм хуэдэу, хъыжьэу, хахуэу, лIыгъэшхуэ хэлъу, уеблэмэ, езы тырку пэщэми и щхьэр хуимыгъэщхьыу тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ. Аслъэнбэч и IэщIагъэкIэ ухуакIуэщ, пэщэм и унэ лъагэр дэзыщIейхэм яхэтщ. Псоми гужьеяуэ щхьэщэ зыхуащI пэщэм Аслъэнбэч зыкIи и щхьэр хуигъэлъахъшэркъым: *«Къыр къыгуэхукIи мыхъей къурш у / Аслъэнбэчыр щытщ мыхъейуэ. / Губжьым напщIэр ныщыхишу / ЩIым хуеплъыххэм йоплъ нэщхъейуэ»,* – дыкъыщоджэ поэмэм. ЦIыхухэр тогузэвыхь Аслъэнбэч пэщэм IэщIэкIуэдэнкIэ зэрыхъунум, *«ягъэ кIынкъым тIэкIу зыбгъэщхъым, цIыху щыIакъым пщым пэлъэщ»* къыжраIэ, ауэ щIалэ хахуэр зыми хуэгъэдзыхэркъым. Ар лъэ быдэкIэ тетщ Хэкум и фэеплъу и вакъэ лъэгум дригъэда щIы Iэбжьыбым, зигъэщхъыну къехъурджауэхэми мыпхуэдэ жэуап гуащIи япедзыж:

*ЩIыхуэсщIынур сыт пщым щхьэщэ?*
*Сэ сытеткъым абы ищI.*
*Сытетыху КъэбэрдеищIым*
*Сэ щыIэнкъым щхьэщэ щIэсщI.*
**(«Пшынэм и гъыбзэ»)**

Мыбдежым уемыгупсысынкIэ Iэмал иIэкъым Аслъэнбэч апхуэдизу фIыуэ илъагъу щIы IэмыщIэр чысэм ирикIутэу и псэм пэгъунэгъуу и бгъэгум илъу кърумыхьэкIыу и лъэгум щIыщIригъэдам и щхьэусыгъуэм. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, а щIы Iыхьэм тетмэ, ар хэхэс гъащIэ гугъусыгъум нэхъ лъэ быдэкIэ щыувауэ къыфIэщIыжу арагъэнущ. Дауэ щымытами, Аль-Аятым (пэщэм) игу техуэркъым абы и хьэл мыIумпIафIэр икIи Аслъэнбэчым и щхьэр пильэну къегъэгугъэ. Аль-Аятым Iэрыхьэн хуейуэ къегъэув Аслъэнбэч Къэбэрдейм къыздриха щIы IэмыщIэр. ДауикI, щIалэ хъыжьэр абыкIэ арэзы хъуркъым, сыту жыпIэмэ, и нэм хуихьу, и псэм пищIу, и щхьэр лъагэу щIиIэту, адэжь Хэкум пыщIэныгъэ гуэр зэрыхуиIэжым и щыхьэту а щIы IэмыщIэрт абы къыхуэнар:

*«Хьэуэ, – жеIэ Аслъэнбэчым, –*
*Сэ, пщы, сиIэкъым щIы сщэн.*
*Ар къулыкъукIэ, мылъкукIэ сщэнум*
*ГъащIэр, жыIэт, сыту сщIын?!».*
**(«Пшынэм и гъыбзэ»)**

Псом хуэмыдэу КIэщтым нэхъ къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ поэмэм и ещанэ Iыхьэр – «Сэхьид и письмор». Мыбы щекIуэкI Iуэхугъуэхэр нэхъ зыубгъуауэ къэгъэлъэгъуа хъуащ, персонаж нэхъыби хэтщ, ахэр гурыхьрэ мыгурыхьу гуэшащ. Ещанэ письмом и къыщIэдзапIэм деж усакIуэм ди нэгу къыщIегъэувэж адыгэхэм Хэкур ябгынэн и пэкIэ Къэбэрдейр урыс пащтыхьымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ зэрызэхафыщIауэ щытар. Мис мыращ зауэм иужькIэ адыгэ къуажэхэм яIэ хъуа теплъэр:

*Iугъуэм, гыным ишыуауэ*
*Къэбэрдей къуажэхэр зэхэлъщ.*
*Щхьэхуитыныгъэм щIэкъуа куэди*
*Щхьэпылъэ пкъом шынагъуэу фIэлъщ.*
*Унэ пкIэунэм, сын дияуэ,*
*Уэнжакъ лынцIахэр къыщхьэщытщ.*
*Щымытыжыфу ещIэ пфIэщIу,*
*Блын ныкъуэкъутэхэр зэхэтщ.*

**(«Пшынэм и гъыбзэ»)**

УсакIуэм нэлат ирех лъэпкъым лей кIэлъызезыхьэ дэтхэнэ зыми: ар урыс пащтыхьыр арами е Щыхьымджэрий хуэдэу лъэпкъ акъылыр зыгъэутхъуэхэм ящыщми. Ауэ мухьэжырхэм – хэхэс гъащIэ хьэлъэм и гъэрхэм – я гугъэр хахыжакъым, езыхэр мыхъуми, я бынхэм, абыхэм я быныжхэм жэнэт лъахэу Къэбэрдейм къагъэзэжыным, уеблэмэ, а гугъэ нэхухэм уэрэду я щIэблэр щIагъэдэIу.



«Джаур зауэжькIэ» лъэпкъыр зэджэу насыпыншагъэу щыIэр бгырысхэм къащытепсыха Урыс-Кавказ зауэм куэд тетхыхьащ. А лъыгъажэ гущIэгъуншэмрэ абы и лъэужь бзаджэмрэ къызыхэщыжу ди лъэпкъ литературэм узыщрихьэлIэхэм ящыщщ ***Балъкъыз Батий и «Тхыдэжь гъуэгухэр» поэмэр (1991).*** Тхыгъэм и япэ Iыхьэм усакIуэм щыгъуазэ дыщыхуещI ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэр къызэрыгъуэгурыкIуам, адыгэщIыр кърым хъанми урыс пащтыхьыдзэхэми щахъумэу, «напэ къабзэр я мэIухуу», хабзэ дахэхэр я гъуазэу зэрыпсэуам. Ар поэмэ псом гупсысэ нэхъыщхьэу хэухуэнащ.

Тхыдэми къызэрыхэщыжщи, Балъкъыз Б. и тхыгъэри щыхьэт зэрытехъуэщи, жэнэт Хэкум къыщIэхъуэпсу IэщэкIэ къыпэува бийхэм лъэпкъым къыхуахьа гузэвэгъуэшхуэм, а зэманым тхьэмыщкIагъэу дищI илъам игъэдзыхакъым адыгэхэр. Ахэр я псэ пытыхукIэ я щхьэхуитыныгъэм, я адэжь щIыналъэм, лъэпкъым и къэкIуэну дахэм щIэбэнащ. УсакIуэр яхуохъущIэ «лъэпкъыр зыгъэгъуащэу хамэщI гъуэгум тезышахэм» – адыгэпщхэм, «дин щIыбагъым къыдэсхэм», урыс пащтыхьым.

«Тхыдэжь гъуэгухэр» поэмэм и кум нэс образ гуэри хэплъагъуэркъым. ЕплIанэ Iыхьэм къыщыщIэдзауэ образ уардэхэу Идар Темрыкъуэ, абы ипхъу Гуащэней сымэ къыхохьэ. Ауэ къыжыIэн хуейщ мы образхэм тхыгъэм зыужьыныгъэ зэрыщамыгъуэтыр. Мыхэр усакIуэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр зэпызыщIэ «Iэмалу» къигъэсэбэпу аркъудейщ. Ауэ тхыгъэм къыхощ жыжьэ плъэ Темрыкъуэ Хасэ къызэхуишэсам щыжиIэ псалъэ Iущхэр:

*Урысыдзэм дапоуври –*
*НэщI хъупэнущ ди лъапсэжьыр.*

*Кърым хъанхэм дагуоувэри –*
*Къуэш хъужынкъым уи биижьыр.*
**(«Тхыдэжь гъуэгухэр»)**

Идар Темрыкъуэ и псалъэхэм арэзы темыхъуа куэд Хасэм къыхэкIащ. Ахэр хуейтэкъым «джаур» хэкур Iэпэгъу ящIыну. Зэрынэрылъагъущи, Балъкъызым и поэмэм къыщигъэлъэгъуэжар Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм и закъуэкъым, усакIуэр нэхъ жыжьэ мэIэбэ – 1557 гъэм – Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ щызэгухьа зэманым.

«Тхыдэжь гъуэгухэр» поэмэм и гугъу щыпщIкIэ, гу лъытапхъэщ зы Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэным. Балъкъыз Батий, адрей тхакIуэ, усакIуэхэм къащхьэщыкIыу, Тырку къэралыгъуэм гужьгъэжь лъэпкъ хуиIэкъым, уеблэмэ, абы а щIыналъэм фIыщIэ хуещI и къуэш хэхэсхэр зэрыхуихъумэм папщIэ. «Хэхэс» псалъэм и дыджыгъэр ирекъухри усакIуэм жеIэ:

*– Тыркушхуэ!*
*Уи лъапсэм*
*Хэку дыгъэ щемыпсми,*
*ШэрджэскIэ уи бгъафэр*
*Анэбгъэу мыIэфIми,*
*Пхъумэфу си къуэшхэр*
*Уэ пхэлъщи цIыхугъэр,*
*ПхузощIыр фIыщIэшхуэ,*
*Уи куэдщи адыгэр!*
**(«Тхыдэжь гъуэгухэр»)**



Дэ дызэреплъымкIэ, «Тхыдэжь гъуэгухэр» поэмэм щIэлъ гупсысэр, тхыдэм хэлъа гуауэу абы къыщигъэлъэгъуэжхэр куэдкIэ нэхъ гукъинэж хъунут, усакIуэм образ гуэрхэр поэмэм щызэфIигъэувамэ, зи гугъу ищI Iуэхугъуэхэр абыхэм я хьэл-щэнхэмкIэ, яIурилъхьэ бзэмкIэ къиIуэтамэ. Образ щыхэмыткIэ, тхыгъэм сюжет гуэри иIэу плъагъуркъым. Шэч хэмылъу, поэмэр абы нэхъ фагъуэ ещI. Апхуэдэу щыт пэтми, къыхэгъэщыпхъэщ «Тхыдэжь гъуэгухэр» поэмэр ди лъэпкъ литературэм и зы Iыхьэу, тхыдэм и зы IуэтэжакIуэу зэрыщытыр.

***Жылэтеж Сэлэдин и «ИстамбылакIуэ» (1992)*** поэмэр лъэпкъым и тхыдэр къызыхэщыжу къэбэрдей литературэм къигъэщIа тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ житIэмэ, дыщыуэнукъым. А поэмэм и дэтхэнэ зы псалъэри шэрыуэу, шэ цIываэ гум пхыкIыу, зи гугъу ищIхэр гущIыхьэ пщыхъуу ухуа хъуащ, адыгэхэм я гъащIэ блэкIам гузэвэгъуэу хэлъар абы къыщызэщIэкъуэжащ.

«ИстамбылакIуэ» поэмэр Iыхьищу зэхэлъщ. УсакIуэр зэ зы зэманым, зэ зы Iуэхугъуэм хыхьэу, зэми тхыгъэм къыщиIуатэхэр нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ «триIуэнтIэжу» щыткъым. Абы зи гугъу ищIхэр наIуэу уи нэгу къыщIегъэувэ, Iыхьэ къэскIи сюжет пыухыкIарэ абы хуэфэщэн гъэпсыкIэрэ иIэжщ, ахэр псори зэхохьэжри, поэмэм и гупсысэ нэхъыщхьэр узэщIа мэхъу.

Япэ Iыхьэм – «Тхыдэм и гъуджэкIэ» зэджэм – авторым къызэщIэкъуауэ, гъуджэм къищым хуэдэу, лъэпкъым и блэкIам ухэзыгъэплъэж гукъэкIыжхэр къыщеIуэтэж. Мыбы къыхощыж Урысейм и

пащтыхь Александр ЕтIуанэм и образыр. Апхуэдэуи мы Iыхьэм и гугъу щыщIащ жылэм я нэхъыжь дадэм.

Языныкъуэ тхакIуэ, усакIуэхэм къызэралъытэмкIэ, адыгэхэр къарукIэкъым, атIэ акъылкIэщ пащтыхьыдзэхэм зэрапэмылъэщар. Абы къыщхьэщыкI Iуэху еплъыкIэ къыхощ Жылэтежым и тхыгъэм:

*ИгъащIэм хэлът пащтыхьым и лъым*
*Хамэ щIыналъэ къизэун,*
*Ар гугъэ лъапIэу зи гум илъыр*
*ЛъэкIын мамыру-тIэ псэун!*
*МыкIуэщIт а бийхэм я куэдагъыр –*
*Я бжыгъэрт абы я къарур,*
*ЗытегуплIахэр зэригъагъым*
*Игъэгушхуэжт а бий ерур.*
**(«ИстамбылакIуэ»)**

«ИстамбылакIуэ» поэмэм къыхэщ образхэр нэщIысащ икIи гукъинэжщ. Къапщтэмэ, урыс пащтыхь Александр ЕтIуанэр тхыгъэм еIуящIэу, щIэпхъаджагъэ куэд зэрихьэу къыщыгъэлъэгъуэжащ. Абы бгырыс лъэпкъхэр, хьэпшыпым хуэдэу, дэнэкIэ бгъэIэпхъуэми къэбгъэIэпхъуэжми хъуууэ къыщохъу, ахэр щыпсэу Кавказ щIыналъэри езым и лъэпкъым нэхъ хуэфащэу къелъытэ. «ИстамбылакIуэ» поэмэм къызэрыхэщыжымкIэ, урыс пащтыхьыр Псыжь Iуфэ Iус адыгэхэм къахохьэри унафэ ещI ахэр, псэууэ къэнэну хуеймэ, псым зэпрыкIыу тIысыну, пIалъэуи махуищ ярет. Ар гущIыхьэ зыщыхъуа жылэм я нэхъыжь тхьэмадэр абы йолъэIу лъыгъажэр къызэтригъэувыIэу лъэпкъхэр мамыру игъэпсэуну. Ауэ пащтыхьыр нэхъри мэгубжь бгырыс къызэрыгуэкIыр къызэрепсэлъэххам щхьэкIэ икIи къэлыбауэ жеIэ:

*– Лъыгъажэ сэ фэзгъэлъагъунщ,*
*Иджыри къэс флъэгъуар зым щыщкъым,*
*КIэщIкIэ фи къуэпсхэр згъэгъущынщ,*
*ЖысIар сымыгъэзащIэу щыткъым.*
**(«ИстамбылакIуэ»)**

Хэкур зыбгынэ цIыхухэм я псэм телъа хьэзаб кIэншэр психологизм лъэщ хэлъу «ИстамбылакIуэ» поэмэм къыщыгъэлъэгъуэжащ. ИстамбылакIуэр апхуэдизкIэ хьэлъэти, къатепсыха гуауэр яхуэмыгъэву зи акъыл зэкIуэкIахэри мащIэтэкъым: хэти ныджэм тегъуэлъхьауэ «пшахъуавэм зыхишытIэрт», хэти «и куэщIым из ищIауэ и бгъафэм ятIэ кIэришытIэрт», нэгъуэщIми, и хэку щылIэжыну щIэхъуэпсу, «мащэ къритхъуауэ зыщIитIэжыпэрт и пщэм нэс». Тырку кхъухьхэм пэплъэу тенджыз Iуфэм Iус адыгэхэм насыпу щыIэм я нэхъ ину къалъытэрт а ныджэм деж я псэр щыхэкIыу щытыншыжыныр. Абы къыхэкIкIи абдежым зи псэр зи IэкIэ щыхэзыхыжахэри мащIэкъым:

*Зыгуэри далъэу къыщылъэтри,*
*Дыхьэшхыу куэдрэ къижыхьащ,*

*Щыгъыну щыгъыр зыщипхъуэтри,*
*Хым хэлъэри ар бзэхыжащ...*
**(«ИстамбылакIуэ»)**

«ИстамбылакIуэм» и япэ Iыхьэм фIэкIа имытхами, Жылэтеж С. къалэну зыхуигъэувыжар – адыгэ тхыдэм хэлъа гузэвэгъуэшхуэр къэгъэлъэгъуэжыныр – къехъулIауэ къэплъытэ хъунут: ар екIуу, гурыIуэгъуэу, гупсысэ куу щIэлъу гъэпсащ. Ауэ усакIуэ гумызагъэр абдежми къыщызэтеувыIэркъым, ищхьэкIэ къытхуиIуэта псори щIигъэхуабжьэу икIи щIигъэбыдэжу абы итхащ поэмэм и етIуанэ, ещанэ Iыхьэхэр. Мыбыхэм щIэщыгъуагъыу яхэплъагъуэхэм ящыщщ ноби Тыркум щагъэзащIэ истамбылакIуэ уэрэдхэм щыщ пычыгъуэхэр усакIуэм Iэзэу зэрахигуэшар. Шэч хэлъкъым а уэрэдхэм тхыгъэм щIэлъ макъамэ нэщхъейр зэрашэщIым.

«Толъкъун гъыбзэкIэ» зэджэ етIуанэ Iыхьэр къатщтэмэ, мыбы усакIуэм зи гугъу щищIыр хамэ хэку къыщыхута цIыхухэм яIэ хъуа псэукIэ хьэлъэрщ. Ауэ цIыхухэм я закъуэкъым истамбылакIуэм и бэлыхьлажьэр зытехуар. Адыгэшхэми, зеяхэр кхъухьым ису кIуэ пэтми нэхъ япэIэщIэ зэрыхъур щалъагъукIэ, гухэщI мыухыжыр къалъысауэ къажыхьырт, я фIалъэ лъакъуэхэмкIэ щIыр къратхъурт, щыщхэрт, псым хыхьэрти цIыхухэм якIэлъесырт, я къарур яухыу я пкъыр хым хэкIуэдэжыхукIэ:

*Хывыхъум хуэдэу, шыхэр папщэу,*
*Есу, зеяхэм кIэлъокIуатэ,*
*Шы къэс къыщIэхуу я нэпс пIащэу,*
*ЩыплъагъукIэ, ахэм гур якъутэ.*

*Толъкъунхэм, хышхуэм щыетауэ,*
*ЗаIэтыр, зэми къохуэхыж.*
*Шы къэскIэ и щхьэр зейм етауэ,*
*Ес щхьэкIэ, къару ямыIэж.*
**(«ИстамбылакIуэ»)**

Апхуэдэ гузэвэгъуэр кхъухьым ису зи нэгу щIэкIхэри зи къупщхьэр Хэкужьым къинэжыну шыхэм къохъуапсэ. А псор художественнэ Iэзагъ ин хэлъу къигъэлъэгъуэжын лъэкIащ усакIуэм.

«Ноби хамэщIым» зыфIища ещанэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуащ лIэщIыгъуэрэ ныкъуэм щIигъуауэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм я хабзэр, нэмысыр, хьэл-щэн дахэхэр зэрахъумэжыр, апхуэдиз зэман дэкIа пэтми, адэжь лъахэм къагъэзэжыным гугъэр зэрыхамыхыжыр, къызэрыхуэпабгъэр. Хэкум икIыу зы цIыху закъуэ нэхъ мыхъуми яхыхьамэ, хэхэсхэм я дежкIэ насып мылъытэщ. Абыхэм я образ дахэхэр «ИстамбылакIуэ» поэмэм гугъэ нэхухэм я нэщэнэу хэухуэнащ:

*Хэхэсу псэуами,*
*Адыгэу къэнауэ,*
*Бэнами зэуами,*
*Утыку къимынауэ,*

*ХамэщIым щагъэIур*
*Я лIыгъэм и макъ,*
*Хэкумэ щагъэур*
*Я лъэпкъым, хуосакъ…*
**(«ИстамбылакIуэ»)**

«ИстамбылакIуэ» поэмэм и Iыхьэ псори къызэщIэпкъуэжмэ, къыжыIапхъэщ Жылэтеж С. и тхыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр – ар блэкIам и гъуджэу лъэпкъ литературэм къыхощыж.

Кавказ лъыгъажэ зауэмрэ абы кърикIуа истамбылакIуэ лъэхъэнэ гуащIэмрэ теухуащ **Къуэдзокъуэ Хьэсэн «УIэгъэ мыкIыж» (1993 – 1996)** зыфIища поэмэри. Зи гугъу тщIы тхыдэ къэхъугъэшхуэхэр, шэч хэмылъу, пщIым щыщу бгъур хэкIуадэу зы фIэкIа къызыхуэмынэжа адыгэ лъэпкъым и дежкIэ уIэгъэ мыкIыжт. Поэмэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр усакIуэм зрипхыр абы и лIыхъужь нэхъыщхьэ Нэху и образырщ, ауэ тхыгъэм къыхощ нэгъуэщI зы лIыхъужьи – лIэщIыгъуэ плIанэ мыхъупа усакIуэ щIалэр – ар езы авторым и прототипу хуэбгъэфащэ хъунущ.

«УIэгъэ мыкIыж» поэмэм и сюжетыр шэщIащ, гурыIуэгъуэу ухуащ. УсакIуэ щIалэмрэ Нэхурэ ирашэжьа псалъэмакъыр и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс гуащIэу йокIуэкI, поэмэм къыхыхьэ пычыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыр зым къыпкърыкIыжу, адрейм зэрипхрэ щIигъэбыдэжу зэпыщIауэ щытщ; я гупсысэкIэ, купщIэкIэ, мыхьэнэкIэ зыхуэунэтIари лъэпкъ тхыдэр художественнэ пэжагъышхуэ хэлъу тхыжынырщ:



*Зэджа лъэпкъ тхыдэм щIалэр ироплъэж,*
*БлыниплIым я кум ар къикIукI-никIукIыу*
*Дэт пэтми, игукIэ зэхих псом хуосакъ.*
*Борэн етауэ хъущIэм къыхэIукIыу*
*Абы зэхехыр тхыдэ шы лъэ макъ.*
*Хьэзабыр и псэм тельщи, мыжеифу*
*И лъэпкъ къикIуа гъуэгу кIыхьым йогупсыс…*
**(«УIэгъэ мыкIыж»)**

Нэху и еплъыкIэмкIэ, Кавказ зауэм кърикIуа гузэвэгъуэ псори зи лажьэр хъыжьэу екIуэкIа зэманыр е ди жэнэт щIыгур къазэуну къытхыхьа хамэхэр аракъым, атIэ абыкIэ къуаншагъэ зыбгъэдэлъыр езы бгырысхэрщ:

*Фи лъэпкъым гуауэу къылъысамкIэ*
*Зэманыр къуаншэ щIын щхьэ хуей?*
*Зэгуэр акъыл къимытIэсамкIэ*
*Гуэныхьыр хамэм сыткIэ ей?*
*ЛIыпIэ цIыхуитI зэримыгъахуэм,*
*Ещанэр ящIырт удыныхь.*
*Зыр бгым щыхуам адрейм и махуэт…*
*Зэманым ари и гуэныхь?*
**(«УIэгъэ мыкIыж»)**

Апхуэдэ зэхэтыкIэ адыгэхэм зэгуэрми яIауэ фIэщ щIыгъуейщ. Нэху и псалъэхэм арэзы утехъуэнкIэ Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ, адыгэм дуней тетыкIэ екIу зэриIэр, хабзэ дахэ зэрызэрихьэр, зыр зым къыщыжынымкIэ зыри япэ къызэримыувэфынум теухуа хъыбархэр дуней псом щыцIэрыIуэщ. Аращ усакIуэри Нэху жиIэхэмкIэ пэрыуэгъу щIэхъур.

УIэгъэр тхыпхъэу адыгэм и тхыдэ нэгум щIытелъымрэ лъэпкъым фэбжьышхуэ къыщIытехуамрэ я щхьэусыгъуэр блэкIа зэман бзаджэр зыгъэва лIыжь жьакIэхум къыбгъэдэкIыу Нэху иужьыIуэкIэ жиIэж псалъэхэм IупщI къащI. Ар лъэпкъыр гъуэгу пхэнж тезыша, «зи гъащIэ хабзэр емынэ гъуэгукIэ хэзыша» епцIыжакIуэхэрщ. Апхуэдэу, Истамбыл гъуэгум лъэпкъыр тезыгъэувахэм ящыщу поэмэм къыхощыж Уэсмэн пащтыхьым и блыгущIэт Нэсэрэт «ябгэ», Шэшэным къикIыу къэкIуа Къандэхъу Мусэ, Къэбэрдейм щыщ ефэнды пашэу ВэрылI Жамырзэ, Индар и къуэжьыр, Къундет Кургъуокъуэ сымэ, тIасхъэщIэх лIыкIуэу инджылыз гупыр ящIыгъужу. Абыхэм нэмыщIыжкIи, лъэпкъыр щыхупIэ бзаджэм щIыхуэкIуам и зы щхьэусыгъуэт мыр:

*Абы ищIыIукIи ди лъэпкъ хьэл мыгъуэу*
*Фыгъуэн-ижэнри Iуэхум хыхьат…*
*А псом я щIыбым къыдэт Россием*
*Хьэкъурт жьэдэлъу зиущэхуат.*
*Щхьэщэ ищIыну зыфIэмыфI лъэпкъыр*
*«Зэпыту укIуэ» – жиIэу арат.*
**(«УIэгъэ мыкIыж»)**



Зи гугъу тщIы поэмэм и етIуанэ Iыхьэ «Гуауэм и гъуэгу» жыхуиIэми Нэхурэ усакIуэ щIалэмрэ тхыдэм теухуауэ ирагъэкIуэкI псалъэмакъым щыпащэ. Ар еух лъэпкъым къыщIэхъуэ щIэблэр зыущий псалъэхэмкIэ. Тхыдэм и тхьэмадэ Нэхурэ усакIуэ щIалэмрэ зэхуэарэзыуэ зэбгъэдэкIыжащ, пщэдей фIыкIэ зэхуэзэжыну гугъэ дахэ яIэу. Ауэ Нэху тхыдэти, и пIэм къинэжащ, усакIуэми и шы-уанэр зэщIихащ.

Къуэдзокъуэ Хьэсэн и «УIэгъэ мыкIыж» поэмэм, литературэм и мызакъуэу, ди лъэпкъ культурэми увыпIэ щхьэхуэ щеубыд. А тхыгъэр лъабжьэ зыхуэхъуа телеспектакль режиссёр Урыс Мухьэзыр игъэуври, телевиденэмкIэ мызэ-мытIэу къагъэлъэгъуащ. Ар ди республикэм и мызакъуэу, адыгэр щыпсэу къэрал куэдым хэIущIыIу щыхъуащ.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 – 90 гъэхэм къэбэрдей литературэм къыхыхьа усакIуэ, тхакIуэ зыбжанэми я IэдакъэщIэкIхэм къыхощыж зи гугъу тщIы тхыдэ къэхъугъэ инхэр. Абыхэм ящыщ зыщ ***Бэлагъы Любэ и «Сэтэней»*** поэмэр. Ар 1999 гъэм и август мазэм Амман щитхащ икIи 2000 гъэм Налшык къыщыдэкIа «Дыгъэм и гъуэгу» сборникым иту япэу дунейм къытехьащ. А поэмэм Любэ зыкъыщигъэлъэгъуащ зи гупсысэр зэрыубида, кууэ гъащIэм пхыплъыф усакIуэу.

«Сэтэней» поэмэм философие куу щIэлъщ. Пасэрей адыгэр гъэпцIагъэрэ залымыгъэкIэ хэкум зэрырашар, илъэсищэкIэ джатэ къихакIэ бийм зэрыпэщIэтар, и лъахэр, и бзэр, и хабзэр имыгъэкIуэдын папщIэ зыхэта хьэзабыр тхыгъэм наIуэу къыщыгъэлъэгъуащ.

Поэмэм персонаж зыбжанэ къыхощ: *Сэтэней Гуащэ – Нобэрей Сэтэнейрэ Пасэрей Сэтэнейрэ, Тхьэ-Адэу Iуащхьэмахуэ, ЩIыгу-Анэр.* Мыхэр, Къуэдзокъуэ Хьэсэн и «УIэгъэ мыкIыж» поэмэм къыхэщ Тхыдэ ЖьакIэхум – Нэху – и образым йокIуалIэ: мифологием къыхэкIауэ, цIыху сурэтым имыту, Тхьэ пэлъытэу уи нэгу къыщIоувэ. Мы персонажхэм тхыгъэм лэжьыгъэ гуэри щагъэзащIэркъым, езыхэми зыужьыныгъэ мащIэ нэхъ мыхъуми ягъуэту плъагъуркъым. Поэмэм гъэщIэгъуэнагъыу хэлъыр усакIуэм тхыдэри, нарт хъыбархэри, мифологиери зэхэухуэнауэ ди пащхьэ къызэрырилъхьэрщ, абыкIи адыгэ лъэпкъым и блэкIар художественнэ гъэпсыкIэ иIэу къызэригъэлъэгъуэжырщ. Ауэ гу лъытапхъэщ тхыгъэм щIэлъ гупсысэр языныкъуэхэм деж дыкъуакъуэу, нэмыгъэсауэ, мыгурыIуэгъуэу зэрыщытым. Лъагъуныгъэр зищIысым, абы и къарур къэхутэным егъэлеяуэ увыпIэшхуэ щиубыду къыпщохъу поэмэм.

Языныкъуэхэм деж авторым и гугъу ещI адыгэ хабзэм, лIыгъэм, нэмысым, акъылым и мыхьэнэм, адрейхэм деж истамбылакIуэ бзаджэу тхыгъэм къыхэщыжым и щхьэусыгъуэхэр къитIэщIыну яужь йохьэ. Абы щыгъуэми, а Iуэхугъуэхэм я зэхуаку зэпыщIэныгъэ быдэ дэлъу къэгъэлъэгъуакъым. КъищынэмыщIауи, тхыгъэм сюжет гуэри хэплъагъуэркъым. Поэмэм и кIыхьагъкIэ щыпхышар усакIуэм и бзэр, и лъэпкъ хабзэхэр хамэщIым щыкъуалъхьэжынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм кърит гурыгъухэрщ. Зэ зы персонажым, зэм адрейм лъэпкъым и блэкIам е и къэкIуэнум теухуауэ яIэ гупсысэхэр, Iуэху еплъыкIэхэр къыщыIуэтэжа фIэкIа, дэтхэнэ зы художественнэ тхыгъэми хэлъын хуейуэ къэтлъытэ «псэр» – «лэжьыгъэр» («действие» жыхуэтIэр), гъащIэр и пIэм зэримытыр, ар ипэкIэ зэрыкIуатэр поэмэм хэтлъагъуэркъым, Тхьэ-Адэу Iуащхьэмахуэрэ ЩIыгу-Анэмрэ зэгуакIуэу абыхэм пхъу – Сэтэней Гуащэ – зэрагъуэтар Iуэхум къыхыумылъытэмэ. А псом тхыгъэр зэфэзэщ, зэшыгъуэ ящI, абы гупсысэ куу щIэлъ пэтми.

ИстамбылакIуэм теухуауэ къэбэрдей-шэрджэс эпикэ усыгъэм къыхэщыж тхыгъэ псоми къащхьэщыкIыу, Бэлагъым и поэмэм зы щIэщыгъуагъ хэлъщ. Гу зэрылъыттащи, зи гугъу тщIы темэм теткхыхьа усакIуэ куэдым Кавказ зауэжьым къыдэкIуа насыпыншагъэр къыщагъэлъэгъуэжкIэ тегъэщIапIэ ящIыр зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ сабийхэмрэ ятелъа хьэзаб мыухыжырщ. Абыхэм къащхьэщыкIыу, Бэлагъы Л. истамбылакIуэм и Iэужь бзаджэхэр къызэригъэлъэгъуэжыр адыгэ пщащэхэм я натIэ хъуа псэукIэ гугъусыгъумкIэщ. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: усакIуэм бзылъхугъэм и псэ зэхэлъыкIэр нэхъ пэгъунэгъущ, нэхъ зыхещIэ. Мыращ, «Сэтэней» поэмэм къызэрыхэщыжымкIэ, адыгэ пщащэхэр Кавказ зауэжьым зыIуигъэува IэнатIэр:

*Адыгэ пщащэ – адыгэ напщIэ,*
*ПагапIэу адыгэм и щхьэ телъар,*
*Пуду ищэжырт, хуэдэу хьэпшыпым,*
*Шхыныншэу мылIэн щхьа къызэтенар…*
*Сэтэней Гуащэ къытекIа пщащэхэр*
*СулътIан тегъэуууэ къагъэнэжат…*
*Пщэдей зимыIэм и гъащIэ щащэр,*
*Жьым Босфорыжьым трипхъэжат…*

**(«Сэтэней»)**

Кавказ зауэмрэ истамбылакIуэмрэ ехьэлIа темэм шэрджэс литературэми увыпIэ хэха щиубыдащ. А Iуэхугъуэхэр лъабжьэ яхуэхъуащ шэрджэс усакIуэ куэдым я эпикэ усыгъэхэми. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, ***Акъ Алий и «Хьэж-Софэ мэжджыт»*** поэмэр. Тхыгъэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр зэхьэлIар абы и пэщIэдзэ напэкIуэцIхэм къыщыIуэтащ:

*ЩIыналъэр зэуапIэ хъуат,*
*Адыгэр унафэ хуейт.*
*Тыркури зыхуейр арати,*
*Къаруурэ щыIэр иришт.*

*Иришырт игъэзэуэну,*
*Иришырт игъэпщылIыну,*
*КъиIуатэрт игъэтхъэжыну,*
*Ислъамыр яхуихъумэну.*
**(«Хьэж-Софэ мэжджыт»)**

Адыгэм и тхыдэр мы тхыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжар зы унагъуэм къыщыхъуа зэгурымыIуэныгъэмкIэщ. Хъанбий Жэмзар и къуитIым – Мысхьудрэ Ахьмэдрэ – я Iуэху еплъыкIэр зэрызэщхьэщыкIырщ. Мысхьуд жэнэт щIыналъэ ягъэIэпхъуэну гугъэ нэпцIым драгъэхьэхахэм ящыщщ. Ар «Iиман къабзэ» зэрылъу къыфIэщI Тырку къэралыгъуэм икIэщIыпIэкIэ Iэпхъуэну щIохъуэпс, абы папщIэкIи и унэлъащIэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ псынщIэ-псынщIэу ещэж. ШынэхъыщIэ Ахьмэд абы пэщIэувэну, Iуэхум и пэжыпIэр гуригъэIуэну хэтщ, арщхьэкIэ абы и псалъэхэм Мысхьуд нэхъри къагъэгубжь:

*– ... Аракъым, сыт зэбгъэзахуэр,*
*СыбгъэдэIуэну упылъ?*
*Динышэ хэкуу къэнэжым*
*Дыкъибнэжыну уигу илъ?*
*Хэт гурыфIыгъуэу уиIэнур*
*Укъинэжыпэт иджы?*
*Хэт щхьэгъэрыту къыпхуэнэр*
*МафIаеу мы дуней лыбым?*
**(«Хьэж-Софэ мэжджыт»)**



ПсыикIыж гуауэшхуэр адыгэ пщащэхэм зэрагъэвар Афуасэ и образымкIэ поэмэм къыщыгъэлъэгъуэжащ. Ар Ахьмэд йолъэIу и дыжьын бгырыпхыр хуищэу, абыкIэ и анэм и кхъащхьэм сын хутригъэувэну, езымрэ и адэмрэ хэкум икIыжхэм яхэтти. Ахьмэд пщащэр къыщIелъэIуар хуищIэну къегъэгугъэ, ауэ абы и бгырыпхым езым ейр дыщIегъури, ахэр кхъуэщыным ирелъхьэри тенджызым треутIыпщхьэ. ЩIалэм апхуэдэу щIищIам щхьэусыгъуитI иIэт: япэрауэ, бгырыпххэмкIэ а тIум я псэр зэрыщIэнут, етIуанэу, Ахьмэд пщащэм и бгырыпхыр – лъэпкъым и нэщэнэ дахэ куэд зыкIэрылъ бгырыпхыр – Истамбылыжьым нэсыну хуейтэкъым.

Адыгэ цIыхухэр зытрагъэувa гъуэгуанэм гузэвэгъуэшхуэу щалъэгъуар психологизм лъэщ хэлъу «Хьэж-Софэ мэжджыт» поэмэм

къыщыгъэлъэгъуащ. Абыхэм языхэзт мухьэжырхэм я нэхъыбэр зыхьа мэжэщIалIагъэр. Къапщтэмэ, Iуэхур къэзыIуэтэж лирикэ лIыхъужьым – Мысхьуд и къуэ Жэндар щIалэ цIыкIум – и нэгу шынагъуэ куэд щIэкIат:

*ХугукIэ мащIэ щыдиIэм*
*Си анэр тIэкIу къэтэджыфт.*
*Иджы апхуэди хэтыжкъым,*
*Къытхудэплъейуэ къэнащ.*
*Ди ТIали фэм хуэкIуэжауэ,*
*Дзэжналъэ гъуру къэнащ.*
*И анэ бгъафэу гъужами*
*Емыгугъужу бгъурылъщ.*

**(«Хьэж-Софэ мэжджыт»)**

Мысхьуд и щхьэгъусэр Тыркум дунейм щохыж, ауэ и къуэ Жэндар хэкум къигъэзэжыну хузэфIокI. Ар къыздэкIуэжам и адэ къуэш Ахьмэд Афуасэ къишауэ унагъуэ дахэу кърохьэлIэжри абыхэм зрашэлIэж. Мысхьуди куэдрэ зыщIэхъуэпса и хэкум къигъэзэжат, ауэ и псэр я къуажэ лъапэм къыхуэхьэсыжауэ аркъудейщ. Ар дуней щехыжа щIыпIэм «Мысхьуд и Iуащхьэ» фIащыжащ.



ИстамбылакIуэм ехьэлIа гупсысэхэр къыщыгъэлъэгъуэжа эпикэ усыгъэр хэхауэ къапщтэмэ, абы увыпIэ щхьэхуэ щеубыд шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ ***АбытIэ Хъызыр и «Лъапсэ» (1983 – 1995)*** поэмэм. Мы тхыгъэм къызэщIиубыдэр Кавказ зауэм, абы кърикIуа Iуэхугъуэхэм я закъуэкъым. Поэмэм и сюжетым «ди эрэм и къыщIэдзапIэм илъэс мин ныкъуэкIэ и пэм», скифхэр ди щIыналъэм къыщытеуа лъэхъэнэм, къыщрегъажьэ. АдэкIэ тхыгъэм адыгэ тхыдэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр къетхэкIыныр щызэкIэлъокIуэ: хэкум аланхэр, хъэзархэр, тэтэрмонголхэр, Тимур-лъашэ сымэ къизэрыгуауэ зэрыщытар, епщыкIуханэ лIэщIыгъуэм тыркухэм кърым хъанри къагуэуващ адыгэм и лъапсэм зэрыщепсыхар, пщышхуэ Темрыкъуэм урысхэр пэшэгъу зэрытхуищIар, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэурэ поэмэм и сюжетыр XVIII–XIX лIэщIыгъуэхэм къосри:

*Урыс пащтыхьри*
*Лъэ быдэу*
*Иджы мэувыр, –*
*ЩIипIытIэу*
*Хуожьэр и лъэгум*
*ХамэщIхэр.*
*Зэхэдз къыхуэзэр*
*ИмыщIхэу.*
<…>
*Ди адыгэщIми*
*КъопщылIэр*
*Дигъэувыну*
*И пщылIу.*

**(«Лъапсэ»)**

Поэмэм и гъэпсыкIэм зы гъэщIэгъуэнагъ хэлъщ: адыгэм и тхыдэр, лъэпкъыр къызэрыгъуэгурыкIуар къэкIуэну зэманым иту усакIуэм къретхэкI:

*... Сэ си лъэпкъ хейри*
*А щхъухьым*
*ИриIулIэнущи*
*Кхъухьым,*
*Тенджыз ФIыцIэжьым*
*Хишэнущ,*
*ХамэщIхэм*
*Щыхигуэшэнущ.*
**(«Лъапсэ»)**

НэгъуэщI тхыгъэ куэдми хуэдэу, АбытIэ Хъызыр и «Лъапсэ» поэмэм ди лъэпкъэгъухэм хамэ щIыналъэм щагъэва гугъуехь-бэлыхьхэм щIыпIэ хэха щаубыд – «хамэщIым щыныбэнэщIу», «хьэвшыр зеиншэу хузауэ», хьэдэлъэмыж щызэтехъуауэ зэрыщытар.

Шэрджэс усакIуэ ***ГъукIэкъул Даут и «Бэчмызэ»*** поэмэми лъабжьэ хуэхъуар Кавказ зауэмрэ псыикIыж гуауэшхуэмрэщ. Тхыгъэм зи гугъу ищIыжыр Лабэ псыхъуэ дэса жылитIщ – беслъэней лIакъуэм щыщ Куэгъуркъуей къуажэмрэ Къанокъуеймрэ. Хъыбарыр къэзыIуэтэжыр Куэгъурокъуэ Къэпшакъ къытекIауэ жылэм къыдэнэжа лIыжьырщ – Алийщ.

Сюжетым къызэрыхэщымкIэ, Къанокъуэ Айтэч къыщIэна щIалитIым я зым – Бэчмызэ – къишагъащIэу, Тыркум Iэпхъуэн гугъэм и гур зэщIищтауэ, и шы-уанэр хузэтралъхьэ. Ар гугъэ нэпцIхэм зэрагъэжакъуэр Алий гуригъэIуэну иужь итщ, ауэ Бэчмызэ гуащIэу жэуап къет:

*Алий, хъуэжынкъым фIэкI зытIэжьэ,*
*Хъуащ тхьэри, плъагъукъэ, ем хуэлажьэ,*
*ДиIэжкъым дэ псэупIи щIыгуи,*
*ТIахынущ дяпэкIэ ди жьэгури,*
*Джаур ди щIыпIэ къиувахэм.*
<...>
*Пщы ди цIэу даурэ дыпсэуну,*
*Ди кхъэжьыр ахэм я псыунэу?*
**(«Бэчмызэ»)**

Бэчмызэ Алий и чэнджэщхэм емыдаIуэу, и анэри, и шынэхъыщIэ Къэнэмэти, къишагъащIэ нысащIэ Нэхуи къигъанэщ, хэкури IэщIыб ищIри Тыркум Iэпхъуащ. ИлъэситI нэхъ щымыIауэ Бэчмызэ хэкум къигъэзэжащ, ауэ и анэри щымыIэжу, и шынэхъыщIэмрэ и нысащIэмрэ щIасэ зэхуэхъуауэ кърихьэлIэжащ. Губжьым зэщIищта Бэчмызэ Къэнэмэт и Iэ лъэныкъуэр пиупщIащ, щхьэгъусэм и щхьэр къамэкIэ пихащ. А псом иужькIэ Бэчмызэ и жылэжьым щыщу Тыркум Iэпхъуэн мурад зиIэхэр здишэри игъэзэжащ. Абыхэм я ужь иту Iэпхъуащ Куэгъуркъуей къуажэм щыщ куэди. ЖылитIми – Къанокъуейми Куэгъуркъуейми цIыху мащIэ дыдэ фIэкIа къыщыдэмынэм, Къэнэмэт Куэгъурокъуэ Къэпшакъ и деж

кIуат, я жэмыхьэтыр зэхагъэхьэжын лъэIу иIэу, арщхьэкIэ Къэпшакъ ар идакъым. Апхуэдэу щыхъум, Куэгъуркъуейм зыхамыгъэхьа Къанокъуейр – Бэчмызей цIыкIукIэ зэджэр – Уарп и псыхъуэ Iэпхъуэжауэ дэсщ, Куэгъуркъуейри Псыжь и бжьэпэм тесщ. Адыгэ жылэхэр къызэрызэтенам усакIуэр хуабжьу щогуфIыкI, ауэ, итIани, ар зы Iуэхугъуэм егъэпIейтей:

*А жылэжь дыдэ къэнэжахэр,*
*ЛIэщIыгъуэ зауэми къелахэр,*
*Мэхъу нобэ, къуэш, хэкIуэдэжынкIэ,*
*ЩIым темытауи жаIэжынкIэ.*
*Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ я щIэблэр,*
*КъэкIуэну гъащIэр зэщIэзыгъаблэр,*
*Пычауэ къохъу адыгэ къуэпсхэм,*
*Хуэнэфу лъэпкъыр зыщIэхъуэпсхэм.*
**(«Бэчмызэ»)**

Зэрынэрылъагъущи, тхыгъэм и кIэм деж ГъукIэкъул Д. къыхегъэщ Кавказ зауэмрэ истамбылакIуэмрэ я лъэужьыр ноби зэрымыужьыхар, адыгэхэр дуней псом щикъухьауэ, зэкъуэхуауэ щытыхукIэ, бзэр яIурыхужынкIэ, лъэпкъыр хамэм яхэшыпсыхьыжынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр.



ИщхьэкIэ щедгъэкIуэкIа къэхутэныгъэм къызэригъэлъэгъуащи, адыгэ – къэбэрдей-шэрджэс – литературэм, абы и зы пкъыгъуэу щыт лиро-эпикэм щIыпIэ ин дыдэ щаубыд Кавказ зауэмрэ истамбылакIуэмрэ ятеухуа гупсысэхэм. Ахэр я лъабжьэу лъэпкъ литературэм къыхыхьащ жанр зэхуэмыдэхэм ит тхыгъэхэр. Адыгэ эпикэ усыгъэм и хэлъхьэныгъэ хъуащ зи гугъу тщIа поэмэхэр, абыхэм ящыщ язынықъуэхэри ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу къэрал зэхуэмыдэхэм щызэлъащIысащ.

Бжьыхьэ жыгым пыщэщыжу жьыбгъэм зэбгриха тхьэмпэхэм ещхьу, дуней псом тепхъа хъуащ адыгэхэр. Адэжь щIыналъэм пэIэщIэу псэухэм, дуней мылъкур яIэми, я къуэпсхэр къыщежьэ, я адэшхуэ-анэшхуэхэр щыпсэуа Кавказым я гур къыхуоIэ, ауэ къагъэзэжыну къызэхъулIэхэр зырызыххэщ. Сыт хуэдиз адыгэм Хэкур ябгына?! Сыт щIабгынар?! Сытым иригулIа ахэр апхуэдэ насыпыншагъэм?! Хэт япэу ежьар?! Хэт бгъэкъуэншэнур?!.. Адыгэм и тхыдэм ущриплъэжкIэ, апхуэдэ упщIэ жэуапыншэ куэд къоув. Дызэрижагъуэщи, ахэр нобэкIи лъэпкъ щIэныгъэми, литературэми, щэнхабзэми зэIубз щыхъуакъым.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат,*
**ЖЭМЫХЪУЭ Радимэ,**
*КъБКъУ-м и магистр*

*Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал радиор илъэс 90 ирокъу*

# ЗЭМАНЫМ ПЭДЖЭЖУ

XIX лIэщIыгъуэр щиух илъэсхэм хиубыдэу, цIыху акъылым лъэкIащ къэхутэныгъэ телъыджэ – радиокIэ зэджэр къызэIуихын. Ар япэу къыщежьар Урысейращ.

1895 гъэм майм и 7-м Кронштадт дзэм къулыкъу щызыщIэ офицерхэм я егъэджакIуэ Попов Александр щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр зыхэт зэIущIэм япэ дыдэу щигъэлъэгъуащ электромагнит толъкъунхэмкIэ псалъэр (макъыр) сыт хуэдэ гъунапкъэми нэпхъэсыну Iэмал къозыт Iэмэпсымэ гъэщIэгъуэн. А махуэр тхыдэм хыхьащ радиом и къежьапIэу.

А зэманымрэ Урысейм радиор зыубгъуауэ къыщагъэсэбэпу щыщIадзамрэ я зэхуакум дэлъыр илъэс 30 иримыкъущ. Тхыдэм и мардэкIэ къапщтэмэ – ар зэманышхуэкъым. Ауэ абы къриубыдэу радиом псынщIэу зиужьащ, зэхъуэкIыныгъэ зэхуэмыдэхэри игъуэтащ. Урысей генералхэм ауи я тхьэкIумэ ирагъэхьэртэкъым зауэ хуэIухуэщIэ къарухэм фIэкIа радиор нэгъуэщI унэтIыныгъэкIэ къэбгъэсэбэп хъуну, щIэныгъэрылажьэхэри хущIэкъурт къэхутэныгъэр езыхэм я закъуэ дэIэпыкъуэгъу къащIыну. Апхуэдэ «зэпекъум» жылагъуэ щхьэхуэхэри къыхыхьэрт. Апхуэдэурэ куэдрэ екIуэкIыну къыщIэкIынт, 20-нэ лIэщIыгъуэм и тIощI гъэхэм радиом и зэфIэкI нэхъыщхьэр – къэралхэр, лъэпкъхэр, жылагъуэхэр зэпыщIэныр, жьэрыIуатэ псалъэм къарууэ хэлъыр цIыхухэм я гущIэм нэхьэсыныр – щIэрыщIэу къызэIуамыхыжатэмэ. Ар зылъэкIар 1917 гъэм и октябрым властыр Урысейм щызыIэрызыгъэхьа коммунистхэрщ. Абыхэм занщIэу къагъэсэбэпу щIадзащ цIыхубэм захуэбгъазэу уепсэлъэн папщIэ радиом иIэ Iэмалымрэ къарумрэ. Культурэм и хъугъуэфIыгъуэхэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу цIыхухэм ялъэгъэIэсынымкIэ, Урысей лъэпкъыбэм я гупсысэр зэтегъэхуэнымкIэ, ахэр зэныбжьэгъугъэм, зэгурыIуэныгъэм хуэузэщIынымкIэ, лъэпкъхэм я зэхуакум хьэлэбэлыкъ къыдалъхьэну хущIэкъу къарухэм япэщIэтынымкIэ радиом и мыхьэнэр инт. 1922 гъэм Москва щаухуэну зыщIадза радиостанцым и къэухьым къиубыдын хуейт Кавказ Ищхъэрэр. Абы хэтт Къэбэрдей-Балъкъэрри икIи щхьэхуэу яубзыхуат Кавказ Ищхъэрэм радио къызэрысыну Iэмалхэр. А псомкIи фIыщIэ зыбгъэдэлъыр нобэрей либералхэмрэ демократхэмрэ зи цIэр ирамыIуэж В. И. Ленинырщ.

Радиом политикэ лъэпощхьэпо куэд къызэринэкIын хуей хъуащ, абы и лэжьыгъэр Кавказ Ищхъэрэм тэмэму щызэфIэувэн папщIэ.

1926 гъэм и апрель мазэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзхэм я лIыкIуэхэр зыхэта съездым къыщыпсалъэу,

Къалмыкъ БетIал жиIауэ щытащ зэман кIэщIым къриубыдэу областым радиостанц зэрыщаухуэнур икIи къапэщыт Iуэхугъуэ псоми тепсэлъыхьу зэрыщIадзэнур.

* * *

Илъэс 90 и пэкIэ, 1927 гъэм майм и 1-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ Къэрэшей Хьэжумар и цIэр зезыхьэ радиостанц. АдыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ нэтыни 6-7 махуэ къэс къатырт. 1927 гъэм и май мазэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ куэдым Iэмал яIэ хъуащ областым и радиом и мызакъуэу, Москва Коминтерным и цIэкIэ щыIэ радиостанцым къыбгъэдэкI хъыбархэми едэIуэну.



Республикэм и радиом и нэтынхэр 1941 гъэ хъуху къызратыкIа унэр.

РадиокIэ япэ репортаж 1933 гъэм и бжьыхьэм Дзэлыкъуэ районым и губгъуэхэм къратыкIащ. Абы щыгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къалмыкъ БетIал нартыху къыдэзычхэм я гъусэу лажьэрт. А зэманым областым, районхэм, къуажэхэм я унафэщIхэр, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэр колхозхэм я лэжьыгъэм хыхьэ хабзэт. Арати, абы и деж занщIэу екIуэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиокомитетым и лэжьакIуэхэу радиоинженер Токарев И., радиотехник Махлаюк В. сымэ. Къалмыкъ БетIал тхыгъэ гуэри имыIыгъыу зы сыхьэтым щIигъукIэ къэпсэлъащ – япэщIыкIэ адыгэбзэкIэ, иужькIэ урысыбзэкIэ. Абы и гугъу ищIащ цIыхухэр

зыгъэпIейтей Iуэхухэм. Хуабжьу жьакIуэ Къалмыкъым къыгурыIуэрт радиокIэ къата псалъэм и къарур. Абы захуигъэзат жэщ-махуэ ямыIэу губгъуэм ит мэкъумэшыщIэхэм, езым и щапхъэкIэ ахэр игъэгушхуэу.

1936 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиожурналистхэм къэралым хъыбар ирагъэщIащ КъБАО-м и гуащIэрыпсэухэм я лIыкIуэу цIыху 600 зэгъусэу Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIамкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и тхыдэм хэтщ щIэныгъэр и лъабжьэу радиожурналистикэм утепсэлъыхьыну Iэмал къозыт унэтIыныгъэ. Ар хуэгъэзащ едаIуэхэм я хьэл-щэным, я дуней тетыкIэм, псэукIэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, щIэныгъэм социальнэ психологиемкIэ и къудамэм къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэм.

Абы ехьэлIауэ къыхэбгъэщхьэхукI хъунущ и тхыдэр зыпищI щымыIэу, жьэрыIуатэ псалъэм пщIэ лей хуищIу адыгэр къызэрыгъуэгурыкIуар. Радиом къимылъытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым апхуэдэ хьэл-щэныр зыхэлъ лъэпкъым зэрепсэлъэн хуей щIыкIэр. Ди журналистхэр щIэныгъэм тету абы занщIэу хунэмысами, я лэжьыгъэм куэд къызэщIрагъэубыдащ. Абы и щыхьэтщ радиор къыщызэIуахам щыщIэдзауэ нэхъыжьхэр, куэд зылъэгъуахэр, джэгуакIуэхэр микрофоным кърагъэблагъэу зэрыщытар, хъыбарыщIэхэр, дэнэ сыт къыщыхъуами къыхэщу, куэд дэмыкIыу къату зэрызэтраублар.

Ауэ, итIани, адыгэбзэкIэ (балъкъэрыбзэкIи) нэтынхэр мащIэт, лъагъэс зэманыр дакъикъи 10 хъу хъыбарыщIэхэмрэ абыхэм гуэдзэну яIэ, дакъикъи 4-5 зыубыд лъэпкъ макъамэхэмрэ фIэкIыртэкъым. Нэхъыбэр зэрекIуэкIыр урысыбзэт. Апхуэдэ щытыкIэр къызэремызэгъыр IупщIу къыхэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьыгъэр щIэм тету къызэгъэпэщыным теухуауэ партым и обкомым къищта унафэм.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьа нэужь радиопрограммэхэм я процент 80-р адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ, 20-р урысыбзэкIэ къату хуежьащ. Абы нэхъ зэгъунэгъу ищIащ радиомрэ абы едаIуэхэмрэ, сыту жыпIэмэ, нэхъыщхьэр лъэпкъхэм къагурыIуэ бзэмкIэ уепсэлъэнырщ. КъищынэмыщIауэ, программэхэм къыщыунэхуащ цIыхухэр зыщIэупщIэ, зыхуей нэтыныщIэхэр: лъэпкъ политикэм, щIыналъэм и экономикэр зыхуэдэм, и зыужьыкIэ хъунум теухуахэр, КъБАО-м и унафэщIхэм я къэпсэлъэныгъэхэр, ТхакIуэхэм я союз къызэрагъэпэщагъащIэм хэтхэм я Iуэху еплъыкIэхэр…

Нэрылъагъут адыгэбзэкIэ ягъэхьэзыр, эфирым ягъакIуэ программэхэм едаIуэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ, езы радиор нэхъ цIэрыIуэ зэрыхъур. Абы и щхьэусыгъуэр ищхьэкIэ къыжытIа унафэр зэрагъэзащIэм и закъуэтэкъым, атIэ абы и гъусэт нэгъуэщI зы Iуэхугъуэ – пащтыхьым и зэманым дэкъузауэ къекIуэкIа лъэпкъыбзэхэр хуит къызэрыхъужар. Нэхъыжьхэм я фIэщ хъуртэкъым адыгэбзэр «кIапсэм



9 Заказ №201

ирикIуэу», нэгъуэщI щIыпIэ ущыту зэхэпхыну – я тхьэкIумэр Iуалъхьэурэ едаIуэрт...

Лэжьэн щыщIидза япэ илъэсхэм нэгъуэщI зы лъэкIыныгъэ гъэщIэгъуэни къыкъуэкIащ радиом. «Япэ илъэсхэм» жытIэ щхьэкIэ, ар абы сытым дежи и плъыфэщ, и хъэтIщ. Зи гугъу тщIыр искусствэм, псом япэу музыкэм и къэухьым ит нэтынхэрщ. Адыгэ пшынэм и макъамэр зыщIэт программэхэм къадэкIуэу, Москва къратыкI симфоние музыкэр эфирым кIуэныр къалэн лъапIэу иIэт Къэбэрдей-Балъкъэр радиом. А къалэныр гъэзэщIэныр зы лъэныкъуэу епхат гъэсэныгъэм, сыту жыпIэмэ, цIыхум и акъылым щхьэдэхыу абы и гущIэр къызэщIэзыIэтэ искусствэм хэлъщ цIыхупсэр дахагъэм къыхуэзыгъэуш къару хьэлэмэт.



Къэжэр Индрис радиом и уэрэджыIакIуэхэм я гъусэу. *1939*



1927 гъэм и кIэм радиом къыщызэрагъэпэщащ пшынауэхэмрэ накъырапщэхэмрэ зыхэт гуп. Куэд дэмыкIыу лэжьакIуэ къащтащ пшынауэ цIэрыIуэ Къашыргъэ КIурацэ, Малкандуевэ Сакинат, уэрэдус, цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа Къэжэр Индрис, бжьамийм хуэIэзэ Ашуров Танахум сымэ. Абыхэм щIэх-щIэхыурэ гъусэ къыхуащIырт джэгуакIуэхэр, жьэрыIуатэ псалъэр зыгъэшэрыуэхэр, уэрэдыжьхэр екIуу жызыIэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр радиом иригъэкIуэкI лэжьыгъэм фIы и лъэныкъуэкIэ гу лъитэу мызэ-мытIэу тетхыхьащ Москва къыщыдэкIыу щыта «Говорит СССР» союзпсо журналыр.

Республикэ радиом и тхыдэм щыщ напэкIуэцI куэд епхащ адыгэ макъамэм и вагъуэ, зэчий ин зыбгъэдэлъ пшына-

уэ Къашыргъэ КIурацэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ. Дэфтэрхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, КIурацэ радиом щылэжьащ 1929 гъэм щыщIэдзауэ, 1934 гъэм радиокомитетым уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ къыщцызэрагъэпэща Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым пшынауэу, иужькIэ къэфакIуэу хыхьэху. Абы щыгъуи микрофоным Iуту пшынэр игъэбзэрабзэу радиом и лэжьакIуэхэм яхэтащ.

Къафэ, удж, ислъэмей, нэгъуэщI макъамэ зэмылIэужьыгъуэу Къашыргъэ КIурацэ и пшынэм кърригъэкIыу 23-м я цIэ къэрал архивым, 31-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и фондым пленкэм тетхауэ хэлъщ. Езым уэрэду итхауэ къэрал архивым 13, радиом ейм 12 щыIэщ. Абы къиещынэмыщIауэ, япэ дыдэу «Къэбэрдей вальс» зытхари Къашыргъэ КIурацэщ. КIурацэ и гъусэу радиом куэдрэ щылэжьащ (ищхьэкIэ зи цIэ къыщитIуахэм нэмыщI) адыгэ уэрэдыжьхэр екIуу зыгъэзащIэу щыта Тхьэщыкъуей Билал. Радиом щыщыIа илъэсхэм кърриубыдэу Къашыргъэ КIурацэ яхуэзащ, ядэлэжьэнуи къыхуихуащ ди лъэпкъым и цIыху цIэрыIуэ куэдым. Абыхэм ящыщщ и шыпхъум хуэдэу фIыуэ къэзылъагъуу щыта, Къэбэрдей литературэм и классик, усакIуэ щэджащэ ЩоджэнцIыкIу Алий. А тIур зы илъэсым – 1900 гъэм – къалъхуат.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом зиужьырт, абы и программэхэр ефIакIуэрт. ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэм къэралым пщIэшхуэ щыхуащIу хуежьат. 1933 гъэм январым и 31-м СССР-м и СНК-м унафэ къищтащ РадиоухуэныгъэмрэрадионэтынхэмкIэ комитет къызэIухынымкIэ. Абы ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щхьэхуэу лэжьэну хуитыныгъэ къезыт и статусыр трахыну Пощтхэмрэ телеграфхэмкIэ щыIэ наркоматым унафэ ещI. КъБАО-м и унафэщIхэм, езы Къалмыкъ БетIал я пашэу, лъэкI къагъэнакъым а унафэр къамыщтэн папщIэ. Мыбдеж сэбэп икъукIэ хъуащ Москва къыщыдэкI, «Говорит СССР» союзпсо журналыр. ИкIэм-икIэжым, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и псалъэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиор Кавказ Ищхъэрэ крайм и радиом и гуэдзэну щытын хуейуэ къэзыгъэув унафэр къащтакъым. Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэ илъэсхэр апхуэдизкIэ зэхуэкъусати, мелуан бжыгъэ хъу цIыхубэм зэманыр IэкIэ иIыгъыу псынщIэ дыдэу ихьым хуэдэт. Ар IупщIу щынэрылъагъущ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и зыужьыныгъэми. Къалэхэм, къуажэхэм щыIэ утхэмрэ унагъуэхэм щIаша радиохэмрэ я бжыгъэм илъэситхум (1932-1937) кърриубыдэу процент 45,7-кIэ хэхъуащ. Апхуэдэурэ екIуэкIащ Хэку зауэшхуэм щIидзэху.

* * *

1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм СССР-м щыпсэу лъэпкъхэмрэ къэралым IэщэкIэ зэщIэузэда и къарум-

рэ ТекIуэныгъэ къызэрыщахьам Совет радиом и фIыщIэ ин хэлъщ. Хэку зауэшхуэм и тхыдэр пэжу къыпхуэIуэтэнукъым, радиом и лэжьыгъэшхуэр къызыхэщ программэхэм я мыхьэнэр къыумыгъэлъагъуэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиоми къалэнышхуэ игъэзэщIащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм. 1942 гъэм и бжьыхьэм ди лъахэм къебгъэрыкIуа нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм удынышхуэ кърадзащ ди республикэм и щыхьэрым, якъутахэм ящыщт радиокомитетри. АрщхьэкIэ журналистхэм лэжьыгъэр къагъэувыIакъым. Абыхэм зэпымыууэ къалэдэсхэр къыхураджэрт ди зауэлIхэм ядэIэпыкъуну. Эфирым къиIукI псалъэм и къарур а псэзэпылъхьэпIэ илъэсхэм нэсу къагъэсэбэпащ радиожурналистхэм. Радиом и унэм щIэт Iэмэпсымэхэр иужькIэ Куржым яшащ. Ди республикэм и Iэтащхьэхэм я унафэкIэ, а щIыналъэм ягъэкIуащ тхакIуэхэу Теунэ Хьэчимрэ Залиханов Жанакъаитрэ. Абыхэм махуэ къэс Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм папщIэ адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи радионэтынхэр ягъэхьэзырырт. Ахэрат гитлерыдзэхэм емыдэIуэну къыхуезыджэ тхыгъэхэр зэрыт тхылъымпIэ цIыкIухэу кхъухьлъатэкIэ ди жылагъуэхэм къыщрадзыххэр зи IэрыкIри.



1943 гъэм январым и 3-м советыдзэхэр Налшык къыдыхьащ. Фашистхэр пIащIэу икIуэтыжырт, загъэбыдэу къебгъэрыкIуэн мурадкIэ. 37-нэ армэм и унафэщIхэм я гъусэу къалащхьэм япэу къыдыхьэжахэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиокомитетым и Iэтащхьэ Бойченкэ Мариерэ абы и лэжьэгъухэмрэ. Радистхэм щIыпIэ-щIыпIэхэм щыфIадзащ макъыр ину зыгъэIу Iэмэпсымэхэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхухэм зэхахащ Налшык хуит къызэращIыжам теухуауэ Левитан Москва къритыкI хъыбарыр.

1941 гъэм и августым Налшык къэIэпхъуауэ щытащ Урысейм и культурэмрэ искусствэмрэ хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, СССР-м и цIыхубэ артистхэу Немирович-Данченкэ Владимир, Качалов Василий, композитор цIэрыIуэ Прокофьев Сергей, тхакIуэ Iэзэ Вересаев Викентий сымэ. Ахэр Налшык зэрыщылажьэ щIыкIэр, цIыхухэм зэраIущIэр къызыхэщ нэтынхэр радиом зэпымыууэ къитырт. Зауэр екIуэкIырт, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиом цIыхухэм я деж нихьэсырт культурэм и фIыпIэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и тхыдэм къыхэнащ зауэр къэхъея иужь зи къалэмхэр IэщэкIэ зэзыхъуэкIа япэ радиожурналистхэу зи псэр Хэкум и хуитыныгъэм щIэзыта Тыкъуэ Къубатий, Кучмезов Хамит, Къэжэр Индрис, ТхьэйцIыкIу Нартщауэ, Амщокъуэ Мухьтар, Жазаев Мусса сымэ. Апхуэдэу радиом къуэпс куэдкIэ пыщIауэ щытащ адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий.

* * *

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр совет цIыхубэм къыщихьын папщIэ радиом сэбэпынагъыу иIар къалъытэри, майм и 7-р, Урысейм япэу щыщыпсэлъа махуэр, Совет радиом и махуэшхуэу ягъэуващ. Къэбэрдей-Балъкъэр радиори мафIаем къыхэкIащ нэхъри лIыпIэ иувауэ икIи ефIакIуэу щIидзэжащ. 1945 гъэр щиухым республикэм ис унагъуэ минипщIым радио щылажьэрт, цIыхухэм приемник 200 яIэт.



Радиокомитетым и лэжьакIуэ гуп. *1945*

1945 - 1948 гъэхэм Радиокомитетым и унафэщIу лэжьа Бэрбэч ХьэтIутIэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым къытрыригъэдза тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, 1946 гъэмрэ 1947-м и япэ мазищымрэ республикэ радиом щыIуащ хъыбарыщIэ, литературэ, щIалэгъуалэ макъамэ нэтыну 3090-рэ. Апхуэдэурэ зиужьащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом. Къэралпсо утыкуи ихьащ. СССР-м и Министрхэм я Советым къыдигъэкI «Радиовещание и телевидение» журналым журналист цIэрыIуэ, УФ-м культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ АфIэунэ Рае игъэхьэзыр икIи иригъэкIуэкI «Iэдииху» радиожурналым теухуауэ 1972 гъэм и сентябрым къытрадзауэ щытащ «Iэдииху и макъ» зыфIаща тхыгъэ. А нэтыныр адрей радиокомитетхэм щапхъэу хуагъэлъэгъуат.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и пщIэр лъагэу яIэтащ абы редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ щылэжьа Къэрмокъуэ Мухьэмэд, НэщIэпыджэ Ибрэхьим, Гуртуев Эльдар, Созаев Ахъмэт, литературэмкIэ редакцэм и унафэщIу щыта



Къэрмокъуэ Мухьэмэд



АфІэунэ Ӏае



Емуз Гъузер





Тэтрокъуэ Астемыр



Хьэмту Къадир



Мыз  Ахьмэд



Къудей Лидэ



МахуэлI Хъаджэт



Багъэтыр Нинэ



Мыз Майе



Вындыжь Марие



Башний Ритэ



Гъубжокъуэ Раметэ

Емуз Гъузер, ноби щылажьэ Тэтрокъуэ Астемыр сымэ, нэгъуэщIхэми.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 - 90 гъэхэм республикэ радиом и программэхэм унэтIыныгъэщIэхэр къыхохьэ. Ахэр псом япэу теухуат цIыхур зыхуей-зыхуэфIым гулъытэ нэхъ хуэщIыным, абы и зэхэщIыкIыр къэIэтыным икIи республикэм щекIуэкI социально-политикэ гъащIэм нэхъ жыджэру хэшэным. Я къалэнхэм хуэфэщэн лэжьыгъэ къагъэлъагъуэ радиожурналистхэу Мыз Ахьмэд, Багъэтыр Нинэ, МахуэлI Хъаджэт, Мыз Майе, Хьэмту Къадир, Къудей Лидэ, Вындыжь Марие, Гъубжокъуэ Раметэ, оператор Башийй Ритэ сымэ. Нэтынхэм къэгъазэ имыIэу IэщIыб щыхъуащ нэхъапэм – 60 - 70 гъэхэм – студием кърагъэблэгъар е корреспондентыр зыхуэзар тхылъымпIэм кърагъаджэу зэрыщытар. Радиом къигъэув мардэхэм изагъэу, едаIуэхэми ягу ирихьу нэтынышIэхэр къызэIуахащ. Абыхэм ящыщу псом япэу къыхэгъэщыпхъэщ хъыбаррэ макъамэу зэхэухуэна «Фи пщэдджыжь фIыуэ» программэр, КъБР-м и Журналистхэм я союзым и илъэс саугъэтыр щэнейрэ зыхуагъэфэщар, «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр», «Тхыдэм и гуауэмрэ и пэжымрэ», «ЦIыхухэм я гупсысэр къалъытэу», «Макъамэ» жыхуиIэхэр. КъимыдэкIэ, нэхъапэIуэу радиом лъэ быдэкIэ щыува «ХьэщIэщ», «Пшыналъэ», «Жьэгу пащхьэ» программэхэр. Радиор ягъэбжьыфIэу цIыхубэм ягу дыхьа нэтынхэр илъэс 30-м щIигъукIэ ирагъэкIуэкIащ Урысейм щIыхь зиIэ и артистхэу Мысостышхуэ Пщызэбийрэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ.



Эфирыр абы едаIуэхэм занщIэу япыщIауэ (я зэхуакум магнит плёнкэм тетха макъыр дэмыту) гъэпса нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр гъэхьэзырыным журналистхэр тегушхуэ хъуащ. Эфир занщIэу екIуэкI псалъэмакъым радиом едаIуэр къыхуреджэ абы жыджэру хэтыну икIи щызэпкърах темэр Iэмал имыIэу теухуауэ щытын хуейщ цIыхухэр нобэкIэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм. Мыбдежым эфир занщIэхэр езыгъэкIуэкIыну яужь ихьэ журналистхэм зэфIэкIыу ябгъэдэлъыр къагъэлъэгъуэн хуейщ, сыту жыпIэмэ, едаIуэхэр «занщIэу» куэдым щIэупщIэнущ, я псэупIэм, хабзэхэр зэрагъэзащIэм, жылагъуэхэмрэ властымрэ зэрызэхущытым, н. къ. ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къыхалъхьэнущ. А псом хуэхьэзыр журналистым къехъулIэнущ кърихъэблэгъа IэщIагъэлIыр тэмэму нэтыным къыхэшэнри жэуапхэр къедаIуэхэм я деж екIуу нэхьэсынри. Къэбэрдей-Балъкъэр радиом «Эфир занщIэхэр» нэхъыбэрэ щрагъэкIуэкIащ ноби абы щылажьэхэу Хьэмту Къадир, Мэремкъул Ларисэ, Мыз Майе, Теувэжыкъуэ Марианнэ сымэ.

20-нэ лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм щыщIэдзауэ радиом игъуэта зыужьыныгъэм нэхъыщхьэу хыболъагъуэ журналистым творческэ хуитыныгъэ зэригъуэтар, радиом

къигъэув мардэхэм езэгъыу а хуитыныгъэр къигъэсэбэп зэрыхъуар. Ар къызыхэкIар цензурэ зэрыщымыIэжыркъым, атIэ дикторхэмрэ къэпсалъэхэмрэ хуатххэм эфирым къыщеджэныр IэщIыб ящIу, гупсысэр зи лъабжьэ жьэрыIуатэ псалъэм гъуэгу зэригъуэтар аращ. Апхуэдэу яхужыпIэ хъунущ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа «Фи пщэдджыжь фIыуэ» программэм (иджы «Си Къэбэрдей-Балъкъэр»), «ЩIымрэ абы телэжьыхь цIыхумрэ», «Псоми папщIэ эфир», «ЩIалэгъуэ» нэтынхэм. Абыхэм ящыщ куэд радиом и тхыдэм хыхьащ. Эфирыр нобэ ягъэбжьыфIэ «ГъащIэр – егъэджапIэщ», «Зэманым пэджэжу», «Лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэр», «Макъамэ», «Дэрэжэгъуэ» нэтынхэм.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэр щыщIидзэм республикэм щекIуэкIа лъэпкъ зэпэщIэтыныгъэр къэгъэувыIэным хуэгъэзауэ радиом емызэшу цIыхухэм я гупсысэр иузэщIащ. А Iуэхугъуэр радиожурналистхэм щызэпкърахащ «Псынащхьэр къыщежьэр», «Ди зэкъуэтыныгъэм и тхыдэр», «Лъэпкъыми дэчых иIэщ», «Зэныбжьэгъугъэр ягуэшыркъым – ягъэбыдэ», «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ», «Нэмыс» нэтынхэм. Апхуэдэу радиоочеркхэм яхуэфащэ увыпIэр программэхэм щалъысыжащ. Абыхэм ящыщу радиом едаIуэхэм нэхъыфIу къалъытащ «ЛIыхъужьыр зыщыщыр Сэрмакъщ», «ЩIылъэ-анэм и бын щыпкъэ», «ЛIыгъэм и дерсхэр», «Адэм и губгъуэ», «Тенджызыр зи плъапIэ» жыхуиIэхэр, Джатэжьокъуэ Хьэжпагуэ, Тэрчокъуэ Къамболэт, ТхьэкIумащIэ Амдулчэрим, КIыщ Адэлбий, ХьэкIашэ Юрэ сымэ лIыхъужьу зыхэтхэр. 

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и тхыдэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми щыгъуазэ цIыхум шэч къытрихьэркъым республикэм и зыужьыныгъэм абы хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIам. ЛIэщIыгъуитIым я зэблэкIыгъуэм зи лъабжьэр къыщежьа цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэ телъыджэм ди щIыналъэм псынщIэу зыщиужьащ икIи гъуэгуанэшхуэ къикIуащ. Абы иIэщ электроникэм тещIыхьа технологие къару лъэщым и къэухь икIи нобэ зэрыт щытыкIэр къэбгъэлъэгъуэн умыухыу, лъэбакъуэщIэ ичауэ къыщIокI.

* * *

Сыт хуэдэ техникэщIэ лъабжьэ хуэмыхъуами, технологие нэхъыфI дыдэ унэтIыныгъэу имыгъуэтами, радиом къыпкърыкI жьэрыIуатэ журналистикэм и «щэхухэм» захъуэжакъым, къит псалъэм и къарур нэхъри нэхъ лъэщ хъуныр къызэтеувыIакъым. А щэхухэм яIэ плъыфэхэр къызэщIэзыубыдэ псалъэхэр – ар псэм къодэхащIэ, абы гупсысэр еузэщI – жыхуиIэхэр радиом хужаIащ культурэм и къызэгъэпэщакIуэ, талант ин зыбгъэдэлъ цIыху куэдым. Лъэпкъхэми, цIыху щхьэхуэхэми яхуэгъэзауэ икъукIэ лэжьыгъэ щхьэпэщ абыхэм я псэм уедэхащIэу, я гупсы-

сэр бузэщIыныр. А лэжьыгъэр бэм я пащхьэм щытхъурэ фIыщIэрэ къыщалэжьу илъэс куэдкIэ ирахьэкIащ редактор нэхъыщхьэхэу АфIэунэ Рае, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Гуртуев Эльдар, НэщIэпыджэ Ибрэхьим, Созаев Ахъмэт, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, Хьэлышх (Газаровэ) Иннэ, Гочияев Сэхьид, Ульяновэ Татьянэ, дикторхэу Безрокъуэ Хужь, Рахаевэ ФатIимэт, Семёновэ Зинаидэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Левитан зыфIаща Созаев Ильяс, Мыз (Сыжажэ) Майе, иужьым журналист Iэзэуи зыкъэзыгъэлъагъуэ Шыдакъ Татьянэ.

Гугъуехь куэдым пхырыкIащ КъБР-м и щIыпIэ радиор. А псом къэбгъэзэжу утепсэлъыхьынри уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъыпщтэнри – тIури зыщ. ИкIэм-икIэжым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и дэIэпыкъуныгъэмкIэ, КъБР-м КультурэмкIэ и министерствэм и жэрдэми хэлъу, республикэ радиом лъэбакъуэщIэ лъэщ ичащ: 2013 гъэ лъандэрэ ар жэщи махуи зэпыу имыIэу мэлажьэ! Ар, шэч хэмылъу, КъБР-м электроникэр и лъабжьэу зыщызыужь журналистикэр езыгъэфIакIуэ Iуэхугъуэщ.

Республикэ радиор жэщи махуи зэпыу имыIэу лэжьэн зэрыщIидзам абы и пщIэр къиIэтащ, шэч хэмылъу, нэхъ цIэрыIуи ищIащ. АтIэ сыт нэхъыщхьэу къызыхэкIыр апхуэдиз зэман хъуауэ лажьэ радиом и программэхэм цIыхухэр ямыужэгъуу едэIуэныр? Псом япэ эфирым къиIукI жьэрыIуатэ псалъэм и къарумрэ макъамэмрэ зэщIэту, зэхэухуэнауэ, жанр пыухыкIам и жыпхъэм иувэу къызэрагъэсэбэпырщ. Макъамэр псэм йодэхащIэ, псалъэм гупсысэр акъылым нехьэс, еузэщI. Ар ехьэлIащ радиом и программэ псоми. ИрищIэбгъэбыдэну щапхъэ гъуэзэджэщ «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» нэтын цIэрыIуэр, пщэдджыжь къэскIэ бзищымкIэ – адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ – екIуэкIыр. Жанр, тематикэ и лъэныкъуэкIэ абы къызэщIеубыдэ республикэм и гъащIэм иIэ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр: экономикэм, культурэм, туризмэм зэрызаужьыр, анэдэлъхубзэр сабийхэм яIурылъу къэгъэхъуныр, абыкIэ ехъулIэныгъи ныкъусаныгъи Iуэхум зэрыхэлъыр, щIэблэм я гъэсэныгъэр, еджэныгъэр зыхуэдэр, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэу я адэжь хэку къэкIуэжыну хуейхэм къалъыкIуэкI гугъуехьхэр ящыгъэпсынщIэныр, нэгъуэщI куэди.

Ноби Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакIуэхэм я къалэмыр жанщ, я псалъэр шэрыуэщ, къарууфIэщ, компьютер технологием тету, гъунапкъэщIэхэр къагъэIурыщIэ.

**БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,**
*публицист, филологие щIэныгъэхэм я кандидат,*
*Урысейм телевиденэмрэ радиомкIэ и отличник*

# «ДЫГЪЭ ШЫРЫР» НУРКIЭ МЭГУАШЭ

*Къуршыбгъэ дамэщ щIалэ къуданхэр,*
*Къафэжьым Iэгури щIэувэжам.*
*Тхьэрыкъуэ пщэхуу пщащэ гъэфIахэр,*
*Утыку къихьамэ, абджыпс гъэжащ.*
**«Къафэжь», Къэжэр Пётр**

Жыгым и щхьэкIэр екIуу гъэгъэн папщIэ, абы и лъабжьэр узыншэу щытыпхъэщ, къуэпс быдэхэмкIэ щIылъэм хэтыпхъэщ. Лъэпкъым и гъащIэри апхуэдэ дыдэщ: абы и къэкIуэнур зэлъытар къыщIэхъуэ щIэблэм и гъэсэныгъэрщ. Бзэр, хабзэр, щэнхабзэр — лъэпкъыр лъэпкъыу щызыгъэIэж лъапIагъэхэр — зэманым и жьыбгъэми хуэмысеижу, нэхъ лъэпкъышхуэхэм я дунейми хэмышыпсыхьыжу щызыгъэIэр ахэр зезыхьэ, зыхъумэ цIыхухэрщ. А псори зи акъыл зэпцIагъащIэ, зи Iэпкълъэпкъ зэрыубыдагъащIэ сабийм зыхегъэщIэным, ар лъэпкъым и Iущыгъэхэм, макъамэхэм, къафэм щIэпIыкIыным, и зэхэщIыкIгупсысэр апхуэдэ хъугъуэфIыгъуэхэм егъэубзыхуным и мыхьэнэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, ин дыдэщ.

Дахагъэр япкърышыпсыхьа къудейм къыщымынэу, лъэпкъыпсэу, хэкупсэу, къэкIуэну дахэм и джакIуэу адыгэм къыщIэхъуэ щIэблэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, нобэкIэ мащIэкъым. Абы и зы щапхъэщ зэчий зыбгъэдэлъ сабийхэм щадэлажьэу Нарткъалэ дэт «Лэгъупыкъу» центрым щызэхаша «Дыгъэ шыр» къэфакIуэ ансамблыр. КъэфакIуэ гупыр къызэрагъэпэщагъащIэми, абы хэт сабийхэр ныбжьыщIэ дыдэми, «Дыгъэ шырым» и цIэр жыжьэ Iуащ, ехъулIэныгъэ куэд зыIэригъэхьэну хунэсащ. ДауикI, а псомкIи фIыщIэр япэу зыщылъагъупхъэр сабийхэм я гъэсакIуэм и дежщ.

«Дыгъэ шырым» и художественнэ унафэщIыр — ХьэхъупащIэ Заур — зэрыжаIэщи, лъапэм теувэф зэрыхъурэ къофэ, Нарткъалэ и «Нарт хасэ» къэфакIуэ ансамблым хэтащ, иужькIэ «ЗЭТ фирмэм и ансамбль» фIэщыгъэм щIэту Ерчэн Темболэт Чернэ Речкэ къуажэм къыщызэригъэпэщауэ щыта гупым къыщыфащ. ХьэхъупащIэм гуапэу игу къегъэкIыж къафэм зэрыхуэкIуа гъуэгуанэр, и гъэсакIуэу щыта Къардэн Казбеки фIыщIэ ин хуещI. НобэкIэ Заур сабийхэм я ныбжьрэ щызэхыхьэ щIыпIэкIэ зэщхьэщыхауэ къэфакIуэ гупищым ядолажьэ. Апхуэдэщ Нарткъалэ и «Дыгъэ шыр», «Нарт хасэ», Къэхъун къуажэм и «Къэбэрдей» ансамблхэр. И фIэщыгъэри щыхьэт зэрытехъуэщи, абыхэм ящыщу нэхъ цIыкIу дыдэхэр зэкIуалIэр «Дыгъэ шырырщ».

«Дыгъэ шыр» ансамблым мы зэманым сабий 30-40 йокIуалIэ, абыхэм ящыщу 20-р — Азнаур Атмир, Арахъэхэ Азэмэтрэ Миланэрэ, Асадулаги Мир-Саид, БищIо Ланэ, Блашэ Тамерлан, Бэджыдэ Окса-

нэ, Гуэбэшы Ланэ, ЗэшэкIуу Руслан, Иуан Даянэ, Къуэшы Аслъэн, Маир Ислъам, ПщыукI Ислъам, Тайсо Тамерлан, Теувэ Темыркъан, Уэсмэн Каринэ, Хьэвжокъуэ Астемыр, Хьэжыдэгу Элинэ, Хьэмгъуокъу Каринэ, Хьэсанэ Элинэ, ХьэщIэлI Саидэ, Шыдхэ Эльдаррэ Лаурэрэ, Щоджэн Тимур сымэ гуп нэхъыщхьэм къыщофэ. КъэфакIуэхэм я ныбжьыр илъэсиблым къыщегъэжьауэ пщIыпщыкIущым нос. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми гъэсакIуэм бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуегъуэт. «ЦIыху къэс зэрызэхуэмыдэм хуэдэу, «Дыгъэ шырым» хэт сабийхэми я хьэл-щэни, я къэфэкIи зэщхькъым, къафэм и пкъыгъуэ щхьэхуэхэр абыхэм зэрызыхалъхьэри, зэрагъэзащIэри зэхуэдэкъым — хэт нэхъ къохъулIэ, хэти нэхъыбэрэ егугъун хуей мэхъу, — жеIэ ХьэхъупащIэ Заур. — Абы щыгъуэми, уэ укъэфэфкъыми, гупым хэкIыж зыжесIэ яхэткъым, атIэ апхуэдэхэм нэхъыбэрэ садолажьэ».

«Дыгъэ шырым» «солист»-кIэ зэджэ къэфакIуэ пажэ иIэкъым, абы и щхьэусыгъуэри я гъэсакIуэм гъэщIэгъуэну къеIуатэ: «Къафэм и зы пкъыгъуэр зы сабийм нэхъыфIу къохъулIэ, адрейм — нэгъуэщI пкъыгъуэр нэхъ екIуу егъэзащIэ. Абы къыхэкIкIэ, щхьэж и зэфIэкIхэр къэслъытэурэ, я увыпIэри, ягъэзэщIэну теплъэгъуэхэри субзыхуа нэужь, къафэр зэрыщыту зэхызогъэувэ. Солист щIыхэзмыхым и зы щхьэусыгъуэщ сабийм и жагъуэ сщIыну сызэрыхуэмейр. Сэ сызэреплъымкIэ, сабий щыбгъасэкIэ, и Iэпкълъэпкъым зегъэужьыным — къафэм хуэгъэпсыным къыдэкIуэуи, и псэм и щытыкIэри Iуэхум къыхэлъытэн хуейщ, абы хуэсакъыпхъэщ».





«Дыгъэ шыр» ансамблым хэтхэр. *2016*

«Дыгъэ шыр» ансамблыр зэрызэхашэрэ илъэсищ къудейщ зэрыхъур, ауэ утыкушхуэхэм и зэфӀэкӀ щигъэнэхуэну хунэсащ, ди къэралым и щӀыпӀэ куэдым зыкъыщигъэлъагъуащ, щӀыхь тхылъхэмрэ текӀуэныгъэм и дамыгъэ, саугъэт зэхуэмыдэхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

Ансамблым и япэ ехъулӀэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ 2015 гъэм Ставрополь къалэм щекӀуэкӀа «Къалэшхуэм и мафӀэхэр-2015» искусствэмкӀэ урысейпсо фестивалым пашэ зэрыщыхъуар. Абы къыкӀэлъыкӀуащ нэгъуэщӀ ехъулӀэныгъэхэри.

2016 гъэм мартым и 25 – 28 махуэхэм Налшык щекӀуэкӀа «Налшык – насып налщ». Ещанэ дунейпсо зэхьэзэхуэм «Дыгъэ шырым» «Лъэпкъ къафэ» номинацэмкӀэ бжьыпэр щиубыдащ, дыщэ медали къыхуагъэфэщащ. А илъэс дыдэм и ноябрь мазэм Налшык къыщызэрагъэпэща «Зэныбжьэгъугъэм и вагъуэбэ» («Созвездие дружбы») Ещанэ дунейпсо зэхьэзэхуэми апхуэдэ дыдэу «Лъэпкъ къафэ» номинацэмкӀэ япэ увыпӀэр къыщихьащ, дыщэ медали кърataщ.

«Дыгъэ шырым» и ехъулӀэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ 2016 гъэм Сочи къалэм щекӀуэкӀа «Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ дунейр кърагъэлыну щ» дунейпсо зэпеуэм «Лъэпкъ къафэ» номинацэмкӀэ япэ увыпӀэр къызэрыщихьар. ЩӀыхь тхылъымрэ дыщэ медалымрэ нэмыщӀ, ныбжьыщӀэ къэфакӀуэ гупым «ХореографиемкӀэ дунейпсо олимпиадэм и лауреат» цӀэ лъапӀэри къыфӀащащ.

Ансамблым и зэфӀэкӀхэм хигъахъуэ зэпытурэ къафэ искусствэм и бгыщхьэм зэрыхуэкӀуэр наӀуэ къыщыхъуащ 2016 гъэм июным и 18 – 19 махуэхэм Тэн Іуфэ Іус Ростов къалэм «ЕхъулӀэныгъэм и щыгум» фӀэщыгъэм щӀэту щекӀуэкӀа, зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщӀэхэм я Япэ дунейпсо зэхьэзэхуэм. Ар зи ныбжьыр илъэси 6 – 11-м ит ныбжьыщӀэхэм я зэпеуэу «КъэкӀуэнур – сабийхэм» дунейпсо щэнхабзэ центрымрэ сабий псапащӀэ фондымрэ къызэрагъэпэщат. Зэхьэзэхуэм кърихьэлӀат Урысейм и щӀыпӀэ зэхуэмыдэхэмрэ КъуэкӀыпӀэ гъунэгъумрэ къикӀа творческэ гупу 36-рэ. А зэхьэзэхуэм «Дыгъэ шыр» ансамблым «Махуэшхуэ ислъэмей» къафэр щигъэлъэгъуащ икӀи «Лъэпкъ-стилизованнэ къафэ» номинацэмкӀэ бжьыпэр щиубыдри, Гран-при къыхуагъэфэщащ. Гупым и художественнэ унафэщӀым зэрыжиӀэмкӀэ, ахэр гуапэу ирагъэблэгъащ, Іэгуауэ ин хуаӀэтащ, езы къэфакӀуэ цӀыкӀухэми зэӀущӀэр фӀыкӀэ ягу къинэжащ.

2017 илъэсыр къызэрихьэрэ «Дыгъэ шыр» ансамблым, ищхьэкӀэ къэдгъэлъэгъуахэм ефӀэкӀыу, иджыри ехъулӀэныгъэ зыбжанэ зыӀэригъэхьащ. Январым и 5 – 8-хэм Налшык щекӀуэкӀа «Евразием и зэчийхэр» Япэ дунейпсо зэхьэзэхуэм и лауреат хъуащ, дыщэ медали кърatащ. Апхуэдэуи зи гугъу тщӀы ныбжьыщӀэ къэфакӀуэ гупыр «Ка-

бардинка» къэрал академическэ ансамблым, «Дыгъэпс къалэ» сабий академием, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм зэгъусэу РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щIыхь зиIэ я артист Дашу Хьэшыр ХьэкIашэ и къуэм и цIэкIэ къызэрагъэпэща «Зэныбжьэгъугъэм и вагъуэиж» дунейпсо хореографие фестиваль-зэхьэзэхуэм и лауреат хъуащ.



«Дыгъэ шырыр» Владикавказ къыщофэ. *2017*

Иджыблагъэ, дызэрыт илъэсым и март мазэм, «Дыгъэ шыр» ансамблым ехъулIэныгъэшхуэ щиIащ Осетие Ищхъэрэм и къалащхьэ Владикавказ. «Къафэм и дуней» фIэщыгъэм щIэту абы щекIуэкIа фестиваль-зэхьэзэхуэм Нарткъалэ и ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупым Гран-при къыщихьащ. Ансамблым и художественнэ унафэщI ХьэхъупащIэ Заур зэрыжиIэмкIэ, иужьрей зэхьэзэхуэр куэдкIэ нэхъ гугъуу екIуэкIащ, сыту жыпIэмэ, япэрауэ, абы Урысей псом щыщу цIэрэ щхьэрэ зиIэ къэфакIуэ гуп куэд дыдэ кърихьэлIат, етIуанэрауэ, зэпеуэм хэта дэтхэнэ зыми езым и лъэпкъ къафэ игъэзэщIэжырти, адыгэм и къафэмрэ и фащэмрэ зэрынэхъ екIур, зэрынэхъ дахэр а псоми къахэбгъэщхьэхукIыу, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, лейуэ гу зылъебгъэтэныр тыныштэкъым. Апхуэдэу щытми, «Дыгъэ шырым» бжьыпэр иубыдын лъэкIащ.

И ныбжькIэ щIалэ дыдэми, ансамблым езым и репертуар иIэжщ. Абы игъэзащIэ къафэхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэ хъуащ «Удж хэшыр»,

«Махуэшхуэ ислъэмейр», «Къафэр». Апхуэдэуи, ансамблыр къыдофэ ди уэрэджыIакIуэ пажэхэм я уэрэдхэм. Иджыблагъэ абыхэм ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэ Бекъул Аслъэн и япэ щхьэзакъуэ концертыр, абы и уэрэдихым къафэ теплъэгъуэ зэхуэмыдэхэр хуагъэуващ.

Зи лъэр жан, зи зэфIэкIхэр гъунапкъэншэ, зи гуращэхэр лъагэ «Дыгъэ шыр» гупым мурад дахэхэри иIэщ. НобэкIэ ахэр я къару емыблэжу толажьэ апрель мазэм Мэзкуу щекIуэкIыну Урысейпсо зэпеуэшхуэм зэрыхэтынум. Абы папщIэ къафэ теплъэгъуэщIэхэр зрагъащIэ, фащэщIэхэр ирагъэд. Гупым и художественнэ унафэщIым фIыщIэ ин яхуещI сабийхэм я адэ-анэхэу мылъкукIэ закъыщIэзыгъакъуэхэм.

Адыгэ фащэ екIум я Iэпкълъэпкъ лантIэ цIыкIухэр зэщIикъузауэ, я щхьэр лъагэу Iэтауэ, зэкIэлъхьэужьу къафэм щес «дыгъэ шыр цIыкIухэр» щыплъагъукIэ, къыпхуэмыIуэтэн хуэдизу гухэхъуэщ. Абыхэм уащыхэплъэкIи, уемыгупсысын плъэкIыркъым — лъэпкъыр щIыщыIэн щхьэусыгъуэрэ щызыгъэIэн нур мыкIуэщIрэ а ныбжьыщIэхэм я нэгум кърех, «уэркъ ипкъ кIуэдыркъым» зэрыжаIэуи, я пкъым къыпкърощ. ДяпэкIи «Дыгъэ шыр» къэфакIуэ гупым ехъулIэныгъэщIэхэмкIэ дызэригъэгуфIэнум шэч хэлъкъым. 

**ТЕМБОТ Санитэ**

МЭЗ-НАРТОКЪУЭ Анжелэ

# НЭПС КЪЫЗЫПЫТКIУ НАСЫП

*Рассказ*



Мэжидрэ Зинэрэ хъыджэбзищ зэдаIэт – Каринэ, Ланэ, Маринэ. Щыри балигъ хъуат. Дауи, тынштэкъым ахэр зыхуей хуэбгъэзэну, а зыхуейри мащIэфащIэу щыщымыткIэ: псоми я нэ къикIырт дунеяплъэ къакIухьыну, зэпымыууэ я нэгу зрагъэужьыну. Ауэ ар къатехьэлъэртэкъым зэщхьэгъусэхэм – хэIэтыкIауэ псэухэрт, иджы къэунэхуа къулеижьхэм ящыщт. Хъыджэбзхэм нэхъ япэгъунэгъур анэрат: я гурылъ хуаIуатэу, ечэнджэщхэу.

Зинэ фIэфIт теутIыпщхьауэ псэун, Iэнэ къэгъэувынри зыхилъхьэ щыIэтэкъым, щхьэусыгъуэ игъуэтыххэмэ. Нобэ щыIэт щхьэусыгъуэ. Хъыджэбзхэр, нэгузегъэужьакIуэ нэгъуэщI къэрал щыIауэ, къекIуэлIэжат. Ар гуфIэгъуэшхуэт, ежьэу къекIуэлIэжахэм я дежкIи мыдрей къызыхуэкIуэжахэм я дежкIи. Зэхуэзэшахэт. Адрей и шыпхъухэми хуэдэжтэкъым Каринэ. Ар зыхуэзэшахэри езым къыхуэзэшахэри нэхъыбэ хъурт. Абыхэм ящыщт Сари. Иджыпсту и тхьэкIумэм итщ ахэр гъуэгуанэ щытехьэм, Сарэ щэхуу зыкъыхуигъазэу къыжриIар: «Уэр щхьэкIэ согузавэ, си хъыджэбз цIыкIу, укъэсыжыхуи си псэр тыншынукъым». Сарэ мы унагъуэм щылажьэ цIыхубзщ. И шыпхъуитIым ар унэIутущ зэрабжыр. Ауэ Каринэ апхуэдэу къилъытэркъым, игу щIогъу а цIыхубз къулейсызым, щIыщIэгъури, нэхъ лейуэ щIилъагъури къыхуэмыщIэу... Арауэ къыщIэкIынт езы Сари нэхъ гумащIэу къыщIыхущытыр.

МыдэкIэ, Аслъэн-щэ, къыпылъ щIалэр? Аслъэнрэ Каринэрэ зэрыцIыкIурэ зэроцIыху, зэныбжьэгъущ. Илъэс хъуауэ ар къылъохъу, ауэ Каринэ дэкIуэн Iуэху зэрихуэркъым...

Аслъэн и жагъуэ хъуат Каринэ зэрежьар. Тридзэу кIэлъыкIуэным тIэкIущ иIэжар. ЩIезыгъэгъуэжар зэ къыжриIауэ щытар игу къызэрыкIыжарщ: «Уэрэ сэрэ дызэныбжьэгъу къудейуэ аращ, нэхъыбэкъым. Куэд щIауэ дызэроцIыху, дызэсащи, къыпщохъу фIыуэ сыкъэплъагъуу. Ар лъагъуныгъэкъым, иджыри ухуэзэнщ уэ уи лъагъуныгъэм».

Хъыджэбзхэр къызэрыкIуэжам щхьэкIэ Зинэ Iэнэ игъэуващ икIи шыпхъум хуэдэу илъагъу и ныбжьэгъум – Радимэ – еджащ.

Радимэ и щхьэгъусэмрэ и пхъуитIымрэ щIыгъуу къэкIуащ. Ауэ и къуэр я гъусэтэкъым. Каринэ ар и жагъуэ хъуащ. ТIэкIуи укIытэу, ар Радимэ йоупщI:

– Аслъэн щхьэ къэмыкIуарэ?

– Ар гукъыдэмыжщ, и щхьэр мэуз, – жиIащ Радимэ.

ЕтIуанэ махуэм Каринэ кIуащ щIалэм деж. Хъыджэбзыр зэрилъагъуу, Аслъэн и гур къигуфIыкIащ, ауэ зыкIи зыкъригъэщIакъым. Каринэ шэнтжьейм итIысхьащ, щIалэри ауэ щыт шэнтым тетIысхьащ.

– Дауэ къыпщыхъуа-тIэ Францием?

Каринэ, жэуап къимытыжу, хэгупсысыхьауэ зытэлайкIэ щысащ. ИужькIэ щIалэм зыхуигъэзащ:

– Дыгъуасэ сыт ди деж унызщIэмыкIуар?

– Си дзэр узащ.

Каринэ, мащIэу пыгуфIыкIри, жиIащ:

– Щхьэ сыкъэбгъэпцIэрэ? Сыт, зэанэзэкъуэм дзэ узымрэ щхьэ узымрэ зэхэвмыцIыхукIыу ара? Дыгъуасэ уи анэм уи щхьэр узу къызжиIащ. Сыт, унэмыкIуэн щхьэкIэ ахэр къыщIэбгупсысыр?

– Аращ, къэпщIащ.

– ЛIо, сыплъагъуну ухуэмейуэ, укъысхуэмызэшауэ ара?

– Сыт жыпIэр? Дауи, сэ уэ сыпхуэзэшат икIи сыхуейт услъагъуну... АпхуэдизкIэ сыпхуэныкъуэти, а уздэщыIэм сыныпкIэлъыкIуэным тIэкIущ иIэжар. Ауэ, уэ къызжепIауэ щыта гуэрхэр сигу къэкIыжри, сыкъэувыIэжащ.

– Уи жагъуэ хъун хуэдэу зыгуэри бжесIауэ сщIэжыркъым.

– ЖыпIат дызэныбжьэгъу къудейуэ...

Ахэр зытэлайкIэ щыму щыса нэужь, щIалэр къопсалъэ:

– Сэ уэ псэуэгъу укъысхуэхъуну сыхуейт, ауэ...

– Аслъэн, сэ уэ жагъуэу услъагъуркъым. Дыкъыздэхъуащ, дызэныбжьэгъуфIщ, сигу урохь, ауэ лъагъуныгъэ пхузиIэкъым. Сигу урихь къудейкIэ дауэ сызэрыбдэкIуэнур?

– Каринэ, си лъагъуныгъэм тIури дрикъунущ.

– Аслъэн, сыту угъэщIэгъуэн уэ. А жыпIэр дыхьэшхэнщ.

– Уигу сыщыдыхьэкIэ, дыщызэрыцIыхукIэ, дыщызэкIэлъыкIуэкIэ...

– Пэжщ, дызэблагъэм хуэдэу дызэхущытщ, – зэпеуд ар Каринэ. – Сыносащ, усфIэщIалэфIщ. Дыдейхэм уэ сыбдэкIуэмэ нэхъ къащтэ, псоми ягу урохь. Дауи, гуапэщ зыгуэр уи ужь итыну, псалъэ дахэхэмкIэ уигъэфIэну. Ауэ сэ сщIэркъым лъагъуныгъэр зищIысыр, иджыри згъэунэхуакъым. КъызгурыIуэркъым, дауэ, си унагъуэм сыкъыхэкIыу, нэгъуэщI унагъуэ сызэрихьэнур. Сэ абы сигу щызгъэтIылъыну? Адэанэм сапэIэщIэу сыпсэуфыну?!

– Каринэ, мис иджы уэращ си дыхьэшхын къэзыгъакIуэр. УмыгушыIэ. Дэ дысабиижкъым, ди ныбжь нэсащ унагъуэ дыхъуну. Зыгуэр уигу къыдыхьэмэ, абы ухуэзэшмэ, аракъэ лъагъуныгъэ хъужыр.

– Дауи, сэ сыхуейщ фIыуэ слъагъуфын цIыху сыхуэзэну, абы сыдэкIуэу, гъащIэ гъуэгуанэм зэIэпэгъуу дрикIуэну. Фызышэу яшэхэм сохъуапсэ. Апхуэдэ гухэлъ IэфIхэр гум щикъухьащ. Зэпымычу согупсыс абыхэм, сыпоплъэ си насып-си лъагъуныгъэр къыщыкъуэкIынум, ауэ иджыпсту ахэр псори пщIыхь IэфI къудейщ.

Зэманыр кIуэрт. Лъагъуныгъэ хуимыщIами, Каринэ фIэфIт Аслъэн епсэлъылIэн, уеблэмэ щыхуэзэши щыIэт. А псом гу лъызыта адэ-анэм я пхъур трагъэгушхуэ Аслъэн дэкIуэну.

Аслъэнрэ Каринэрэ щызэрышэну махуэмкIэ зэгуроIуэ...

Фызышэм ирихьэлIэу Каринэ хурагъэда бостей хужьым хъыджэбзыр нэхъри нэхъ гуакIуэж щIэхъукIырт. Я пщIантIэм макъамэ дахэ



10 Заказ №201

къыщеуэрт, Iэгуауэр ину къыдэIукIырт. Къэсат Аслъэн и Iыхьлыхэр, хъыджэбзыр зэрашэнум хуэхьэзыру. Ахэр кърагъэблагъэри, зэхуэгуфIэ-зэхуэгушхуэу Iэнэм сыхьэт зы-тIу щысахэщ. Ежьэжыгъуэр къыщысым, Каринэ и Iэблэр цIыхубзитIым яубыдри, хабзэм тету къыщIашащ, машинэм ирагъэтIысхьэри, щIалэгъуалэм загсымкIэ яунэтIащ. Загсым деж нэгъуэщI зы гупышхуи щызэхэтт, я пIалъэр къэсу ираджэным пэплъэу.

Каринэ и Iэблэр зыIыгъ цIыхубзитIым я зыр къопсалъэ:

– Уа, модэ плъэт, Азимэ яхэти мобыхэм...

– ДаIэ, щхьэ сымылъагъурэ? – жи адрейм.

– Мес, нысащIэм бгъэдэтщ.

– Тхьэ, ар дыдэрамэ. Куэд щIауэ слъэгъуакъым ди нысэ хъу пэтар.

Абдеж Аслъэнхэ я гъунэгъу нысащIэ гуэрым, абыхэм я псалъэмакъыр щызэхихым, къахедзэ:

– Тхьэ, Аслъэнрэ Азимэрэ я кум лъагъуныгъэшхуэ дэлъауэ жаIэжым. Псоми ягъэщIагъуэ апхуэдизу фIыуэ зэрылъагъуу щытахэр зэпыкIынкIэ щIэхъуар.

– Алыхьым иухати, апхуэдэу хъуащ. Зыгуэрым дэгушыIамэ, щIалэхэм къащохъу фIыуэ ялъагъур, я насып зыхэлъыр арауэ.

– Пэжщ, щIалэхэр щыщыуэ щыIэщ. Ауэ адрей жыфIахэр псори лейщ, – жи щауэм и шыпхъу Аринэ. – Аслъэн фIыуэ илъагъур Каринэти, мис, къешэ. Азимэ абы и блэкIа лъагъуныгъэщ...

Абыхэм жаIар зэхэзыха Каринэ зэуэ нэщхъей къэхъуащ. Аслъэни, Азимэ гу лъитати, къэуIэбжьауэ абы еплъырт, езы хъыджэбзми и нэр щIалэм тригъэкIыртэкъым. Азимэ зэрилъагъуу, Аслъэн и фэм зэрызихъуэжам Каринэ гу лъимытэу къэнакъым. Ар егупсысырт ахэр зэпыкIын хуей щIэхъуам. Зы макъ щэху гуэрым къыжриIэрт: «Зэран уахуэмыхъу, фIыуэ зэрылъагъухэр зэхуэзэжащи...» «СыдэкIуапэми, насыпыфIэ сыдэхъуну сэ Аслъэн? – йогупсыс Каринэ. – Щхьэ седэIуат ди деж я жыIэм?!»

Аслъэн и ныбжьэгъухэм къаухъуреихьауэ щытт, зыгуэрхэр зэжраIэу. Каринэ илъагъурт и гъащIэ псор зрипхыну хэта щIалэр Iэнкун зэрыхъуар... Хъыджэбзыр IукIыжыну щыхуежьэм, фызхэм ящыщ зыр къоупщI:

– Сыт, Каринэ, къэхъуар? Дэнэ уздэкIуэр?

– Иджыпсту сыкъэкIуэжынущ, зыри фыкъыскIэлъымыкIуэ, – жиIэри, Каринэ хуэмурэ Азимэ бгъэдыхьащ.

– Азимэ, зы дакъикъэкIэ сыпхуейщи, си ужьым къиуви, накIуэ, – жиIэри, Каринэ нэхъ жыжьэу IукIащ.

Азимэ ищIэнур имыщIэу тIэкIурэ щытри, Каринэ кIэлъыкIуащ. Сэлам зэраха нэужь, Азимэ щIоупщIэ:

– Дэнэ сыкъыщыпцIыхур?

– Мыбдеж сыщытыху укъэсцIыхуащ. Сэ сы-Каринэщ, Аслъэн срикъэшэнщ. Аслъэнрэ уэрэ фи яку лъагъуныгъэшхуэ дэлъауэ зэхэсхати, арат...

– Сэ си гугъакъым Аслъэн нобэ мыбы сыщыхуэзэну. Ауэ, сымыбзыщIу жысIэнщи, гуауэ сщыхъуащ къызэришэр. Аслъэнрэ дэрэ дызэрышэну дызэгурыIуауэ щытат, арщхьэкIэ ди яку зы щIалэ къыдыхьэри, ди насыпыр зэпиудащ. Аслъэн сызэрепсалъэр ищIэ пэтми, а щIалэр ерыщу си ужь итт. Зы пшыхь гуэрым дэ псори дыщызэхуэ-

зат. Къэфэн тIэкIур си жагъуэтэкъыми, хэт сыкъыдишми, сыкъэфэнут. А пщыхьэщхьэм а щIалэм танго сыкъыдэфащ. Макъамэр щиух дакъикъэм, абы быдэу сызэщIиубыдэри ба къысхуищIащ. Ар Аслъэн илъэгъуащ икIи къэгубжьащ. Зыри къызжимыIэу кIуэжыну щыхуежьэм, сэ абы сыкIэлъыджащ, ауэ къысхуэувыIакъым. Илъэс мэхъу апхуэдэ щIыкIэкIэ зэпэIэщIэ дызэрыхъурэ. Лажьэ симыIэу къэслъытэжми, си щхьэр схуэгъэлъэхъшакъым. «Апхуэдэу щежьэжыфакIэ, фIыуэ сыкъилъагъуркъым», – жысIащ сигукIэ... Сэ куэд щIакъым си адэ-анэм срагъусэу нэгъуэщI къэрал сызэрыIэпхъуэрэ. Абы щыIэ еджапIэфI гуэрым сыщIэтIысхьащ. Бзэ зыщыплI содж. Иджыпсту зыгъэпсэхуакIуэ си анэ шыпхъум деж сыкъэкIуэжауэ аращ... Сэ нэпс куэд щIэзгъэкIащ. Аслъэн зыщызгъэгъупщэну сыхэтащ, ауэ сигу схуигъэхуакъым.

– Азимэ, щауэр тэмэму къафэмэ, къызыдэфэн хуейр зы пщащэщ. Сэ сылейщ, уэращ Аслъэн нэхъапэ фIыуэ илъэгъуауэ щытар. Ухуитщ абы удэкIуэну. Сэр щхьэкIэ умыгузавэ, быдэу щIы уи фIэщ: зэран сыфхуэхъунукъым.

– Каринэ, сэ абы фэ къызиплъыжыркъым...

– Азимэ, лъагъуныгъэр къабзэмэ, ар зэи ужьыхыжынукъым. Нобэ гъащIэм аргуэру фыщызэхуихьыжакIэ, ар ауэ сытми къэхъуа Iуэхукъым. Сэ жысIэну сызыхуейращи, лъагъуныгъэр зэбгъэгъуэтыжыным емыкIу илъкъым. Уэ къуаншагъэ щыббгъэдэмылъкIэ, ар абы къызэрыгурыбгъэIуэным, и фIэщ зэрыпщIыным и ужь ит.

– Каринэ, уэ-щэ? Уэ абы фIыуэ укъимылъагъуу щытамэ, укъишэну мурад ищIынтэкъым...

– Сэ Аслъэн и нэхэм щIэслъэгъуащ уэ нэхъыфIу укъызэрилъагъур.

Каринэ, адэкIэ къыпимыщэфу, и гур къызэфIэнащ. Азимэ абы гу щылъитэм, жеIэ:

– Каринэ, ар блэкIа Iуэхущ!

– Азимэ, блэкIар къыщызэплъэкIыжи къохъу...

Каринэ зэуэ зричщ, япэ къыпэщIэхуэ машинэм зридзэри, ежьэжащ. ХьэщIэхэм къэхъуар къагурыIуэртэкъым.

– Зывмыгъэгувэу, ныбжьыщIэхэр фыкъыщIыхьэ, – къэIуащ зы макъ гуэр.

Псори Iэнкунт. Хъыджэбзыр ягъуэтыжыртэкъым.

Каринэ я унэ кIуэжат. И адэ-анэм яжриIащ зэрыщIегъуэжар, Аслъэн дэкIуэну зэрыхуэмейр. ЩIыщIегъуэжам и щхьэусыгъуэри къагуригъэIуащ.

Загсым деж щызэхэт цIыху Iувым къыхэжыжри, мафIэ зэщIэгъэнауэ, Аслъэн Каринэхэ къэкIуащ.

– Сыт, Каринэ, къэхъуар? Щхьэ укъыщIэпхъуэжа? Си напэр щхьэ тепхрэ?

– Аслъэн, сэ фIыуэ зэрылъагъухэм яку сыдыхьэну сыхуейкъым.

– Сыт зи гугъу пщIыр?

– Зи гугъу сщIыр зыщыбгъэгъупщэну узыхэт уи лъагъуныгъэрщ. НэгъуэщI къапшэкIэ, ар уи гум пхуигъэхунукъым. Сэ сощIэ Азимэ фIыуэ зэрыплъагъур.

– Каринэ, ар блэкIа Iуэхущ.

– БлумыгъэкI. Азимэ гурыщIэ къабзэщ къыпхуиIэр, абы уемылъэпауэ.

– Каринэ, уэ абы зыри хэпщIыкIыркъым.

– Сызэпумыуд, Аслъэн. Сэ уэ фIыуэ услъагъуркъым, уэри, къызэрыщIэкIымкIэ, аращ. Азимэ фи лъагъуныгъэм епцIыжакъым. Сэ сыбдэкIуэнукъым, къэпшэнумэ, Азимэ къашэ. ФIыуэ плъагъурщ насыпыфIэ узыдэхъунур...

Абы лъандэрэ мазэ дэкIащ. Каринэ Аслъэн дэкIуэн идэжыртэкъым. ЩIалэм жриIэрт, Азимэ зыхуигъазэу, Iуэхум и пэжыпIэр къищIэн хуейуэ. Аслъэн, Каринэ къызэрыхуэмейр хьэкъыу щыпхыкIым, тогушхуэри, Азимэ и деж макIуэ.

– Уэр мыхъуамэ, Каринэ къыздэкIуэнут. Сыт абы жепIахэр? – жи щIалэм, губжь хэлъу.

– Аслъэн, сэ Каринэ къэслъыхъуакъым, езыращ къызбгъэдыхьэу къызэпсэлъылIэн щIэзыдзар, езыращ сызэзыгъэцIыхуар.

– Хъунщ, сыт жепIар?

– ЖесIащ ди Iуэхур къызэрекIуэкIар, уэ лъагъуныгъэм и мафIэр ужьыхыжа уи гугъэми, абы иджыри дэп зэрыхэлъыр, ар зэрызэхэмыкIыжар, сыт сымыщIами, сигу узэрысхуимыгъэхур.

– Азимэ, сэ а пшыхьыр сщыгъупщакъым, нобэми ныжэбэми си нэгум щIэтщ...

– Аслъэн, сыкъуэншамэ, къысхуэгъэгъу, ауэ сэ уэ зыращ мы дунейм фIыуэ щыслъагъур. А щIалэр...

– Сыхуейкъым, и гугъу къысхуумыщI абы.

– Дэ дыщIэхъуэпсат гъащIэ насыпыфIэ, ауэ а щIалэр зэран къытхуэхъуащ. Ар куэдрэ си ужь итащ, ауэ сэ здакъым. Уэрэ сэрэ дызэпигъэкIыну хуейти, къехъулIащ. Уэ сэ псомкIи сыбгъэкъуэншащ, зыри зэхыумыгъэкIыу. Лъагъуныгъэм епцIыжар уэращ.

– Къэгъанэ...

– Аслъэн, сэ сыщIэпсалъэр ди лъагъуныгъэращ. Ауэ сыт сыпсалъэкIи сымыпсалъэкIи...

Азимэ и нэпсыр хуэмыубыду къыфIыщIэжырт. Аслъэн, къащтэу къызэщыуа фIэкIа умыщIэну, зэуэ Азимэ зрикъузылIащ.

– Къысхуэгъэгъу, сыкъуэншащ, – жи. – Каринэ мыхъуамэ, си щыуагъэм гу лъыстэжыну къыщIэкIынтэкъым.

А пщыхьэщхьэм акъужь мащIэ къыкъуэуар ныбжьыщIитIым щабэу къедэхащIэрт. Аслъэн Азимэ и нэпсхэр хуилъэщIри, абы и Iупэ дыхьэрэнхэм ба хуищIащ.

Хуэмурэ щIидзэри, уэшхыр нэхъ ин хъуат. Гъэмахуэ уэшхым щIыгъуу пшэхэм къахэIукIырт Iэуэлъауэ ин.

– Уэй, сыту ину уафэр гъуагъуэрэ, – къыхэщтыкIырт Азимэ.

– Умышынэ, суригъусэщ, – жиIэрт щIалэм.

– Азимэ, мы уэшх къешхым нэхърэ нетIэ щIэбгъэкIа лъагъуныгъэ нэпсыр зэрынэхъ къабзэр пщIэрэ?!

– Аслъэн, сэ куэд мыщIэу сежьэжынущ. Дауэ адэкIэ дызэрыхъунур?

– Азимэ, сэ узутIыпщынукъым.

– Нэху щыху мыпхуэдэу дыщытыну?..

– Азимэ, сэ аракъым зи гугъу сщIыр, – жи щIалэм, дыхьэшхыурэ. – Ауэ ари хъарзынэщ. НтIэ, сыт, дыщытыфкъэ!

ТIури уэшхым иуфэнщIат.

– Азимэ, мы пщыхьэщхьэр сэ зэи сщыгъупщэнукъым. Ди Іуэхур тэмэм зэрыхъужам щогуфІыкІ дунейр, аращ уэшх къыщІешхыр...

Аслъэн Азимэ къишащ. Ауэ хьэгъуэлІыгъуэр хэІэтыкІауэ ящІакъым. Нэчыхь тІэкІур псынщІэу ирагъэтхри, ныбжьыщІитІыр Азимэ щыпсэу къэралым лъэтэжащ. Хъыджэбзым еджэн щІидзэжынути, арат епІэщІэкІыу Іуэхур щІыдахар...

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Каринэ и анэм еуэршэрылІэу щыст.

– КъызгурыІуэркъым, – жиІэрт Каринэ, – алъандэрэ щымыІа гурыщІэр дэнэ къыздикІар? Щхьэ си псэр узрэ, щхьэ сыхуей зэман блэкІам къезгъэгъэзэжыну, Аслъэн сепсэлъылІэу махуэхэр згъэкІуэну?.. Си гугъакъым, си гупсыси къыхэхуатэкъым ар апхуэдизу фІыуэ схуэлъагъуну. ПэІэщІэ щысхуэхъуарщ псори къыщызгурыІуар.

– Каринэ, уэ уи щІалэгъуэщ, уи насып къэкІуэгъуэщ. Иджыри...

– Хъунщ, мамэ, дытумыгъэпсэлъыхь, кхъыІэ, абы. Уи жыІауэ, сэ ар фІыуэ слъагъуу къыщІысщыхъур абы фІэкІа нэгъуэщІым сызэремыпсэлъар арауэ къыщІэкІынщ...

Абы лъандэрэ иджыри мазищ дэкІащ.

Зы махуэ гуэрым Мэжидхэ я унэм лІы гуэр къыщІыхьащ, ину кІийуэ:

– Дэнэ щыІэ ар? ДаІэ си пхъур?

Зинэрэ абы ипхъухэмрэ, зыри къагурымыІуэу, зэпаплъыхьырт къыздикІари-къыздихуари ямыщІэ лІыр.

Зытэлай докІри, Зинэ жеІэ:

– Сыт укІийуэ укъыщІытхэлъэдар?

– Сыт сыщІэмыкІиинур, си пхъур къыщывдыгъуакІэ?! ДаІэ ар езыр?!

Мэжид абы жреІэ щІэкІыжу и унэ кІуэжмэ зэрынэхъыфІыр. Ауэ лІым идэркъым:

– Зы лъэбакъуэ щІэсшиикІынукъым, си пхъур здэщыІэр къызжевмыІауэ. Мыбыхэм яхэт ар?

Зэшыпхъухэр, зыри къагурымыІуэу, зоплъыж.

– Илъэс тІощІкІэ узэІэбэкІыжмэ, къэхъуауэ щыта Іуэхур жыІэжын щыхуей зэманыр къэсащ, – жеІэ Зинэ. – Къытхуэвгъэгъу, иджыри къэс зэрыдбзыщІар. Дэ къыткІэщІадзауэ щыташ зы сабий. Абы щыгъуэ бын диІэтэкъыми, Іейуэ дыщыгуфІыкІащ, тпІащ, зыхуей хуэдмыгъэныкъуэу. Къэтлъхуам хуэдэу тлъытэрт, фІыуи тлъагъурт. ИужькІэ дэри дгъуэтащ хъыджэбз цІыкІуитІ. Ахэр зэгурыІуэу, зыр адрейм къыщхьэщыжу, фІыуэ зэрылъагъурт.

А сабийр илъэсипщІ щрикъум, абы и анэр ди деж къэкІуат, и пхъур тІихыжыну. Ауэ дэ, апхуэдизкІэ сабийм десати, быдэу делъэІуащ къытхуигъэнэну. Мэжидрэ дэрэ ди мызакъуэу, ди цІыкІухэри абы есат. И пхъур насыпыфІэу щилъагъум, анэр арэзы хъуащ, къилъытащ ар ди деж зыхуей нэхъ щыхуэзэну. ЩІэкІыжри, абы лъандэрэ къигъэзэжакъым. ИужькІэ мы лІыр къэкІуат и пхъум щхьэкІэ, ауэ ар къэдгъэпцІащ, сабийр и анэм ишэжауэ жытІэри. Апхуэдэу щІэтщІар хъыджэбз цІыкІур фІыуэ зэрытлъагъум и закъуэтэкъым, атІэ абы и анэр къыдэлъэІуауэ щытат ар зыми едмытыну, уеблэмэ и адэ дыдэми.

Зинэ а лІым зыхуегъазэ:

– Мы щым я зыр уипхъущ...

– Мамэ, хэт ар, сэра? – жеIэ Ланэ.

– Мамэ, – къопсалъэ Маринэ, нэщхъейуэ, – дэ тщыщу хэт абы и пхъур?

Зэщхьэгъусэхэр тэлайкIэ зэплъыжащ. ИужькIэ тIури нэщхъейуэ Каринэ къыхуеплъэкIахэщ. Каринэ псори къыгурыIуат. И нэпсыр хуэмыIыгъыжу, абы жиIащ:

– Хьэуэ, зыри жывмыIэ, сэ зыри зэхэсхыну сыхуейкъым. ЖыфIэну фызыхуейр сэ сыт щыгъуи псалъэншэу къызгурыIуэрт, ауэ иджыпсту сыхуейкъым фыкъызгурыIуэну. Сэращ илъэс тIощI хъур. Дауи, сэращ, илъэс тIощIкIэ узэIэбэкIыжмэ, фэ къыфкIэщIадзауэ щытар. Ауэ сэ сыхуейкъым ар си фIэщ сщIыну. Пэжкъым! Хьэуэ! Ар пэжкъым!

Каринэ зэщыджэу гъыуэ и пэшым щIэлъэдэжащ. Ар хуейт хъыбар зэхихар пцIыуэ къыщIэкIыну...

– Ара си хъыджэбзыр? – жи и адэ дыдэм – Iэуес.

– Аращ, – жеIэ Мэжид.

Iэуес и пхъур зыщIэс пэшымкIэ иунэтIат, ауэ Мэжид игъэкIуакъым.

– Нобэ и гугъу умыщI. Абы куэд зэригъэзэхуэн хуейщ иджыпсту. Ар хъыджэбз губзыгъэщ, гумащIэщ. Зэман дэкIмэ, хэт ищIэн, къыфхуигъэгъункIи хъунщ...

Мэжид а псалъэхэр тыншу жиIа хуэдэу къыпфIэщIыми, и гур къигъыкIырт – хъыджэбзыр абы фIыуэ илъагъурт, ипхъу дыдэу фIэкIаи зэи къилъытатэкъым.

– Нобэ абы и гугъу умыщIмэ нэхъыфIщ, – жеIэ Зини. – Ди бжэр фэркIэ зэIухащ, ауэ...

– Хъунщ, фызахуэщ, – зэпеуд абы и псалъэр Iэуес. – Берычэт бесын, вжызоIэ, къытхуэфщIа псом щхьэкIэ. Пщэдей сыкъэкIуэнщ... Сыщогугъ си пхъум сэрэ зыгуэрурэ дызэгурыIуэну.

Iэуес, сэлам къарихыжри, щIэкIыжащ.

Каринэ и шыпхъухэм ябгъэдэст. Хъыджэбзым и гур нэхъыфI хуащIын я мураду, абыхэм зыжьэу жаIэ:

– Каринэ, уэ сыт щыгъуи ди шыпхъуу ущытащ икIи ущытынущ.

– ГъащIэм и щIыбыр къыпхуигъазэмэ, япэщIыкIэ уи дзэр Iуиуду щIедзэ, – жеIэ Каринэ, – иужькIэ ар уи гум мэIэбэ.

– Каринэ, апхуэдэу жумыIэ, кхъыIэ... – жи Ланэ.

– Мы гъащIэм и щIыбыр куэд щIащ сэ къызэрысхуигъазэрэ. Си гъащIэ псор пцIыуэ къыщIэкIащ, абы гу лъызмытэурэ къекIуэкIами. ЯпэщIыкIэ Аслъэн сфIэкIуэдащ, нэпцIу къыщIидзыжащ и лъагъуныгъэр. ИужькIэ къыщIэкIащ сызыпIа си адэ-анэр зыкIи къызгуэмыхьэу, си шыпхъухэр къыздамылъхуауэ. Си гъащIэ псор пцIыкIэ щIэхъумат. Сыкъэзылъхуа си адэ-анэ дыдэхэри къысхуэпэжакъым. Си закъуэ дыдэу сыкъыхэнащ гъащIэм. Си гур иубыдащ щIыIэм...

– Сыт мы жыпIэр, дэ дуригъусэщ!

– Си гъащIэр пщIыхьэпIэу къыщIидзыжащ. Ди Тхьэ, пщIыхьэпIэ мы сызыхэт къомыр, си дунейр, езы си псэ дыдэр?! Хьэмэрэ театру екIуэкIыу ара?

ЕтIуанэ махуэм Iэуес къэкIуащ. Каринэ абы хуэзащ.

– Си пхъум IэплIэ къысхуищIынукъэ адэм? – жи Iэуес.

– Уи зэманыр лейуэ богъэкIуэд, – жеIэ хъыджэбзым ткIийуэ. – Сэ зызгъэхьэзыркъым уэ IэплIэ пхуэсщIыну, сысабий цIынэу сыхыфIэбдзащи.

– Дауи, сэ щыуагъэ злэжьащ, – бзэ IэфIкIэ къопсалъэ Iэуес. – Ауэ ар згъэзэкIуэжыну си мурадщ. Сэ уэ фIыуэ узолъагъу.

– Бын лъагъуныгъэр зыщIэм зэи хыфIидзэн хузэфIэкIынукъым и сабийр. Сэ сщIэркъым, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ фиIами. СщIэркъым уэрэ сыкъэзылъхуа си анэмрэ абы фезыхулIар. Ауэ сыхуейщ пщIэну: сыт щыгъуи си адэ-анэу щытари икIи щытынури сызыпIахэращ. Сэ схуэдэм семыхъуапсэу сыкъагъэхъуащ. Абы и мызакъуэу, къызатащ я лъагъуныгъэр. Фэ гъащIэ къызэфтами, ар сIэщIэфхыжа пэлъытэщ. Сэ фысцIыхуркъым, фысцIыхунуи сыхуейкъым... Фэ къывбгъэдэкIыу зыри сыхуейкъым!..

– Уэ ухуитщ апхуэдэу жыпIэну. Ауэ сыт ущIыхуэмейр дыкъэпцIыхуну, – и макъым зрегъэIэт Iэуес. – Ухуей-ухуэмейми, сэ уэ узипхъущ, си гъусэуи упсэунущ.

– Ар зэи къэмыхъун Iуэхущ.

– Иджыри зэ жызоIэри: сэ узипхъущ икIи сыхуитщ узэсшэлIэжыну.

– Сэ илъэс тIощI сохъу, сыбалигъщ... Узиадэуи си фIэщ хъуххэркъым. СиIэщ сэ адэ, ар Мэжидщ, нэгъуэщI ади сыхуейкъым.

– ЖыпIэ телъыджэр сыт? Сэращ уэ уи адэр!

– Уэ сэ узиадэкъым...

– Сыту урещхьыIуэ уи анэм. Уерыщщ. Тхьэм ещIэ, езым ещхь гуэрым дэкIуэжагъэнщ ари...

– Иджы сэ мы екIуэкI псом пIалъэкIэ сыхэкIын хуейщ, къэхъуам тэмэму сегупсысын щхьэкIэ, – жеIэ Каринэ. – Мамэ, папэ, согугъэ фэ сыкъывгурыIуэну, зэрани фыкъысхуэмыхъуну.

– Каринэ, – жеIэ Мэжид. – Мыр уэ уи унэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, сыт мыбы ущIыщIэкIынур?

Зэшыпхъухэри къелъэIурт унэр къызэримынэкIыну, ауэ Каринэ игу ирилъхьам ебэкъуэн и мурадтэкъым. Арати, и хьэпшыпхэр зэрилъхьэжащ.

– Сэ Iэмал имыIэу къэзгъэзэжынщ, ауэ иджыпсту сыкъыщамыцIыху щIыпIэ си закъуэу сыщыIэмэ нэхъыфIу къызолъытэ, – жиIащ абы...

Каринэ и Iуэхур Азимэ и адэ-анэм я дежи нэсащ. И анэр, Верэ, гъырт.

– Арат иджы къытхуэтыжыр, – жеIэ абы и щхьэгъусэ СулътIан. – Пэжыр, иджыри къэс убзыщIар, къыщIэщащ. Сыт адэкIэ тщIэнур? Уэ, дауи, ухуейщ ар пхъуэ плъагъуну. Ауэ къыпхуигъэгъуну пIэрэ абы епщIар? Уэ тIэунейрэ къытепхащ абы и адэр!

Азимэрэ Аслъэнрэ къыщыщIыхьэжым псалъэмакъым и кIэр зэхахати, хъыджэбзым и упщIэр япэ иту щIыхьащ пэшым:

– Сыт зи гугъу фщIыр?

– Уи Iуэху хэлъкъым уэ абы, – къопсалъэ СулътIан.

– Фэ фи Iуэху зыхэлъым сэри си Iуэху хэлъщ. Сэ къызгурыIуащ, сэр нэмыщI, мамэ пхъу зэриIэр. Хэт ар? Дэнэ ар здэщыIэр?

Верэ жиIащ Каринэ абы зэрипхъур, ауэ, и сымаджагъэм къыхэкIыу, хыфIидзауэ зэрыщытар...

Азимэ и анэм куэдрэ пкърыупщIыхьащ, пкърыта узыр зригъэщIэну. Верэ зыкъомрэ идакъым абы тепсэлъыхьын. Ауэ иужьым зиумысыжащ:

– Фадэм сыдихьэхауэ щытащ...

Каринэ ищIэртэкъым мы къыздэкIуа щIыпIэм къыдалъхуа и шыпхъури, къэзылхъуа и анэри, щхьэгъусэ хуэхъу пэта Аслъэни зэрыщыпсэур.

Махуэ гуэрым СултIан къалэ уэрамым Каринэ къыщелъагъури, бгъэдохьэ.

– Каринэ, дауэ ущыт?

Каринэ абы и сэламыр Iихри, щIэупщIащ:

– Дэ дызэрыцIыхурэ-тIэ?

– Хьэуэ... атIэ.

– Ар дауэ жэуап?

– Уэ сыкъэпцIыхуркъым, ауэ сэ узоцIыху.

– КъызгурыIуэркъым.

– Псалъэ лей хэмыту, кхъыIэ, си гъусэу накIуэ, зыгуэр узгъэлъагъунущи.

– Сыт сыбгъэлъагъунур?

Хъыджэбзым къыгурыIуэркъым абы жиIэну зыхуейр.

– Къысхуэбгъэгъунщ, ауэ сэ зыщIыпIи сыкIуэнукъым сымыцIыхум и гъусэу.

– Каринэ, сэ уи адэ сриныбжьщ. Сэбэп сыпхуэхъуну сыхуейуэ аркъудейщ. Сыхуейщ зы цIыху гуэр уэзгъэлъагъуну.

– КъызгурыIуэркъым, хэт сыбгъэлъагъунур?

– Хъунщ, занщIэу жысIэнщ. Уэзгъэлъагъуну сызыхэтыр уи анэращ. Ар къыпхуэзэшащ. ГъащIэм зэгуэр фызэкъуичами, иджы езы гъащIэ дыдэм фызэхуигъэзэжу къысщохъу.

СултIан ар я унэ ишащ. Каринэ къыгурыIуэртэкъым – апхуэдэу псынщIэу дауэ къыкIэлъыса и анэр?! СултIан джэри, Верэ пэшым къыщIыхьащ. ХэIэтыкIауэ псэу унагъуэм илъэс тIощI и пэкIэ якIэщIидзауэ щыта и сабийм, балигъыпIэ иувауэ и пащхьэм къитым, еплъырт Верэ, и нэпсыр хуэмыубыду.

– Сипхъу цIыкIу, – жеIэ абы, и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ. – ГъащIэм пэIэщIэ дызэхуищIри, аргуэру дызэхуигъэзэжащ. Уитщ си пащхьэ... Си нэ къикIырт услъагъуну.

– Къысхуэгъэгъу, ауэ щхьэ «сипхъу цIыкIу» жыпIэрэ? Зыгуэрым сыхэбгъэгъуащэу къыщIэкIынщ.

– Анэм и быныр къимыцIыхужыфын уи гугъэу ара?

– Къысхуэвгъэгъу, ауэ сэ зыри къызгурыIуэркъым.

– Мыр укъэзылъхуа уи анэращ, уи анэ дыдэращ, – жиIащ СултIан. – Уи сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ иджыри къэс зи хуабагъэ къозымытыфарщ. Ар сымаджагъэкIэ дэхуэхауэ щытащ, аращ уипIыжыну щIыхузэфIэмыкIари.

– Хьэуэ... Дауэ?.. – хузэхуэгъэхъуртэкъым хъыджэбзым.

СултIан и псалъэм пещэж:

– Пэжщ, Каринэ, мыр уи анэращ.

– Дауэ пхузэфIэкIа сыхыфIэбдзэну?! – жиIэрт гъыурэ хъыджэбзым.

– Си хъыджэбз цIыкIу, – жи Верэ, – сэ сысымаджэу сыдэхуэхауэ щытащ, усхуэпIынутэкъым, усфIэлIэжынут. Уи адэмрэ сэрэ дызэгурыIуэу щытакъым. Уеблэмэ ар хуеятэкъым уэ дунейм укъытехьэну.

– Догуэ, догуэ сэ уэ зыщIыпIэ ущыслъэгъуащ... А-а, къэсщIэжащ... Илъэсий ныбжьым ситу, уэ укъэкIуауэ щытащ ди деж... Сыт-тIэ абы щыгъуэ сыкъыщIумышэжар?

– Сэ щIэслъэгъуат уи нэм насып, гуфIэгъуэ. Уэ мылъкум ухэст. Адэ-анэ пхуэхъуам узыхуей ухуэмыныкъуэу узэрапIыфынур къызгурыIуат, шэч къытезмыхьэжу. Си деж ахэр щыбгъуэтынутэкъым. Сэ мыхьэнэншэм, факъырэм узэрызипхъури бжесIэн схузэфIэкIынутэкъым...

– Дауэ мыхъуми, Iуэхум и пэжыпIэр нэхъ пасэу къэсщIатэмэ, нэхъыфIт. Абы щыгъуэ апхуэдизу куууэ зыхэзмыщIэнкIи хъунт си гуауэр... Си фIэщ хъуркъым зэгуэр сэ уэ анэкIэ сыноджэфыну. Си блэкIам си щIыб хуэзгъазэ си гугъэжу, сыкъэкIуат мы къалэм, ауэ еплъ аргуэру зэрыхъуам...

Куэд мыщIэу Аслъэнрэ Азимэрэ къыщIыхьэжащ, бэзэрым къикIыжри. Каринэ, ахэр щилъагъум, щIоупщIэ:

– Фэри сыт мыбы щыфщIэр?

– Сыту фIыт, Каринэ, мы дакъикъэр къызэрысар, – жеIэ Азимэ, гуфIэу. – Сэ сыхуейт, уи нэхэм сыщIэплъэу, бжесIэну сызэрынасыпыфIэр, шыпхъу сызэриIэм щхьэкIэ.

– Сыт жыпIэр зищIысыр?

– Каринэ, – жи Верэ. – Азимэ уи шыпхъущ.

– Дауэ?! Азимэ сэ си шыпхъууи?!

– Дызэшыпхъущ, Каринэ, – жеIэ Азимэ. – Сэри сщIакъым ар. Иджыщ къыщысщIар.

– Сыту гъэщIэгъуэн мы дунейр! Зымахуэ си закъуэпцIийуэ мы гъащIэм сыкъыхэна къысфIэщIат. Иджы, унагъуитIым сарейщ. Си гъащIэр пцIы защIэу къекIуэкIами, насыпыншэу сыкъыщIэкIакъым... ЕмыкIу къысхуэвмыщI, ауэ сэ сымыкIуэжу хъунукъым. Сегупсысын хуейщ иужьрей махуэхэм си гъащIэм къыщыхъуахэм.

Каринэ, къыхуей хъумэ, къыщагъуэтынур яжриIэри, псынщIэу щIэкIыжащ.

МахуитIкIэ Каринэ къыщыкъуэмыкIым, Верэ езыр кIуащ и пхъум деж. И анэр зэрилъагъуу, хъыджэбзым и гур къигуфIыкIащ. Абыхэм сэлам гуапэ зэрахащ. ТIэкIурэ щыму щыса нэужь, Верэ и пхъум зыхуигъэзащ:

– Хъуну мыпхуэдэу сыкъакIуэурэ услъагъу?

– Ущыхуей дыдэм къакIуэ. Ауэ схузэфIэмыкIынур къыспумыубыд закъуэ.

– Уэ зи гугъу пщIыр анэкIэ укъызэрызэмыджэфынур ара?

– Сэ иджыпсту абы сыхуэхьэзыркъым, ауэ, хэт ищIэрэ, зэман гуэр дэкIмэ...

– Сэ насыпыфIэу зыслъытэжынт, уэ анэкIэ укъызэджамэ!..

Абы лъандэрэ илъэс ныкъуэ дэкIащ. Зинэрэ Мэжидри, зэшыпхъуххэу Ланэрэ Маринэри, я лэжьакIуэ Сари – псоми яхуэзэшат Каринэ, уеблэмэ и адэ дыдэ Iэуеси. Каринэ дэнэ щищIэнт и Iуэхур апхуэдэу къекIэрэхъуэкIыну, и адэми игу бгъэдыхьэжыну.

Куэд мыщIэу, Каринэ и унагъуэщIэм гуфIэгъуэ къихъуащ: Азимэрэ Аслъэнрэ ягъуэтат хъыджэбз цIыкIу. Аслъэн, дунейр тIэу пкIэгъуэ

хуримыкъуу, щыгуфIыкIырт пхъу къызэрыхуалъхуам, ауэ зыгъэщхьэжагъуи щыIэт – ар Азимэ зэрыхьэлъэрт. Псори гужьеяуэ Iутт сымаджэщ бжэIупэм. Дохутырхэм Азимэ и гур фIы хуащIыну сыт къыжрамыIэми, хъыджэбзым и фIэщ хъуртэкъым. Езым псэкIэ зыхищIэрт куэд зэримыхьыжынур.

Ещанэ махуэм Азимэ и анэм елъэIуащ, Каринэ къриджэну. ЖиIащ ар икIэщIыпIэкIэ илъагъуну зэрыхуейр.

Верэ Каринэ деж псэлъащ. Анэр зэщыджэу къыщепсалъэм, Каринэ къэщтащ, и Iэпкълъэпкъым щIыIагъэ гуэр иріжауэ къыфIэщIащ. ПсынщIэу нэсащ сымаджэщым. Абдеж щысхэт СултIани, Аслъэни, и анэ Вери. И шыпхъур зыщIэлъымкIэ щIыхьэну щежьэм, дохутырым къигъэувыIащ:

– Хъунукъым ущIыхьэ. Ауэ и унагъуэм ущыщмэ...

– Сыщыщщ, сришыпхъущ, – жиIэри блэкIащ Каринэ.

Азимэ Каринэ къыщыгуфIыкIащ.

– Сэ сынасыпыфIэщ, шыпхъу сызэриIэмкIэ! – жеIэ Азимэ, ерагъкIэ къыдришейуэ.

– Сэри сынасыпыфIэщ, – жи Каринэ, – уэ пхуэдэ шыпхъуфI сызэриIэмкIэ.

– Каринэ, сынолъэIу, кхъыIэ, си сабийм хуэсакъ...

– Хъунщ, Азимэ, си нэIэ тезгъэтынщ, уэ нэхъыфI укъэхъужыху...

– Хьэуэ, Каринэ, сэ нэхъыфI сыкъэхъужынукъым... Ар уэри уощIэ... Ауэ сэ сышынэркъым, си унагъуэр, къэт щымыIэу, сщIыгъущи, къысщхьэщытщи.

– Азимэ, кхъыIэ, апхуэдэу жумыIэ.

– Каринэ, сэ насыпыфIэу сыщытащ Аслъэн сыщыдэпсэуа илъэсхэм. Сэ сощIэ уэ ар фIыуэ зэрыплъагъур. Сэ зэрыслъагъум хуэдэу, уэри уолъагъу. Езыми укъелъагъу, сэ сыкъызэрилъагъум хуэдэу. Уеблэмэ нэхъыфIыжу укъилъагъункIи мэхъу. Сыкъэгъэгугъэ абы удэкIуэжыну. Сэ сыхуейщ си сабийр фэ тIум зэдэфпIыну...

– Сыт а жыпIэр?!

– Сэ зэман сиIэжкъым, Каринэ... Сэ сылIэнущ...

– Азимэ, уэ улIэнукъым, си шыпхъу цIыкIу... Къысхуэгъэгъу, гувауэ шыпхъукIэ сынызэроджэр. Сыхуейщ фIы дыдэу узэрыслъагъур пщIэну!

– СощIэ, сэри фIыуэ узолъагъу, ауэ уэ сыкъэбгъэгугъэркъым. Сыкъэгъэгугъэ Аслъэн удэкIуэжыну, си пхъум анэ ухуэхъуну!

– Хъунщ, укъызогъэгугъэ, – жеIэ Каринэ, и нэпсхэр къекIуауэ, – узыхуей дыдэм хуэдэу сщIынщ, ауэ ахэр уигу къыумыгъэкI! Уэ иджыри...

Абдежым палатэм къыщIыхьащ Азимэ и адэ-анэмрэ и щхьэгъусэмрэ. Азимэ аргуэру къытригъэзэжащ и лъэIум, Аслъэнрэ Каринэрэ къехъуэхъуащ насыпыфIэу зэдэпсэуну, къелъэIуащ, и сабийм адэ-анэу ящхьэщытыну.

– Азимэ, апхуэдэу жумыIэ...

– Аслъэн, уэ Каринэ нэхърэ нэхъ щхьэгъусэфI бгъуэтынукъым.

– Уэращ сэ си щхьэгъусэр, уэращ нэхъыфIри.

– Хъунщ, ауэ сэ си ужькIэ Каринэщ...

Азимэ, и щхьэгъусэм мащIэу хуэгуфIэу, къытригъэзэжурэ елъэIурт... Аслъэн ар къигъэгугъащ и лъэIур хуищIэну.

ИужькIэ, сабийр къыхуахьри, къыбгъэдалъхьащ. Азимэ, ипхъу цIыкIум ба хуищIурэ, жиIэрт:

– Си псэ закъуэ, сэ сыт щыгъуи уи гъунэгъуу сыщыIэнущ, укъызэрыхъум сыкIэлъыплъу. Адэ-анэ къыпщхьэщытын уиIэщи, согуфIэ...

Махуэ псом Азимэ бгъэдэсащ и унагъуэр. Жэщым хэкIуэтауэ, абы и нэхэр зэтрипIащ, зэи къызэтримыхыжыну.

Верэ зэщыджэу гъырт. СултIанрэ Аслъэнри яхуэIыгъыртэкъым я нэпсыр. Каринэ гъуэгыу хьэдэм щхьэщыхьауэ кIийрт:

– Хьэуэ, хьэуэ, уэ улIэ хъунукъым. Зэтех уи нэхэр. Уэракъым, сэращ ехыжын хуейр дунейм, сэ бын сиIэкъыми. Ди Тхьэ, сэ сыарэзыщ си псэр абы еймкIэ схъуэжыну!..

Псоми зэхахат Каринэ и псалъэхэр, ауэ зыми зыри хужыIэртэкъым.

Аслъэн Каринэ бгъэдыхьэри, и бгъэм ирикъузылIащ. Ахэр гъырт, гурымхэрт, гуIэгъуэр я псэм телъу...

* * *

Илъэс дэкIащ. Аслъэнрэ Каринэрэ Азимэ и лъэIур ягъэзэщIащ. Абыхэм я хьэгъуэлIыгъуэр хэмыIэтыкIауэ, Iэуэлъауэншэу дахащ.

Каринэрэ Аслъэнрэ зэдэпсэурт, я хъыджэбз цIыкIури зэдапIу. Зэгуэрым, Каринэ уафэм дэплъейуэ здэщысым, и шыпхъум зэхих фIэкIа умыщIэну, жиIащ:

– Азимэ, къысхуэгъэгъу, зыгуэркIэ сынокъуэншэкIамэ, къысхуэгъэгъу ди Iуэхур апхуэдэу зэриухар... Уипхъу цIыкIур дыщэ кIанэщ, сабий дыгъэщ... Сэ ар фIы дыдэу солъагъу, сысей дыдэм хуэдэу. Сэ абы и жагъуэ зэи зыми къезгъэщIынукъым икIи схузэфIэкI лъэпкъ къэзгъэнэнукъым, ар зыми емыхъуапсэу спIын папщIэ. Сэ гъащIэм къызидзащ удын гъущэ куэд. Си гур щызухыжаи къэхъуащ, игъащIэкIэ насып сымыгъуэтыжыну къысщыхъуу. Иджы сынасыпыфIэщ, ауэ сэ сыхуеякъым апхуэдэ щIыкIэкIэ насып зэзгъэгъуэтыну. Сэ фIы дыдэу узолъагъу, си шыпхъу цIыкIу!

Каринэ пэмыжыжьэу щытт къэзылъхуа и анэр, сабийр иIыгъыу. Ахэр къыщилъагъум, джащ, «мамэ» жиIэри. Верэ, ар щызэхихым, гуфIэ нэпс къыфIекIуащ. Каринэ абыхэм ябгъэдэлъэдащ. И анэм IэплIэ иришэкIри, сабийми ба хуищIащ.

– Къысхуэбгъэгъуа? – щтэIэщтаблэу къоупщI абы Верэ.

– Сыт щIыпхуэзмыгъэгъунур, уэ узианэщ, фIыуи узолъагъу.

– ЩIэрыщIэу сыкъалъхуауэ къысщохъу нобэ, – жеIэ Верэ. – Сэри фIы дыдэу узолъагъу, Каринэ. ТхьэмыщкIэ, Азимэ цIыкIу мыгъуэм иджыпсту дыкъилъэгъуамэ, гуфIэнт.

Каринэ, аргуэру уафэмкIэ дэплъейурэ, жеIэ:

– Абы дыкъелъагъу, мамэ, икIи и псэр мэгуфIэ дэр щхьэкIэ!

*Усэхэр*

## НЭГЪУЕЙ Радимэ



### ГЪАТХЭ

ФэрэкI напэ ищIу щIылъэр,
Уэшхыр щIыгум топIэнкIыкI.
Дыгъэ бзийм къыхеш накъыгъэ,
ЦIыхухэр гъатхэм щогуфIыкI.

Шэжыпсыфэ алэрыбгъур
Мэзи губгъуи иубгъуащ.
НэгъэгуфIэу гъавэ бэвыр,
Вагъуэ бжыгъэу къыхэплъащ.

### ЖЫГ БАРИНЭ

Си жыг баринэ, си хъыринэ,
УзоIуэтылIэ си щэху.
Ныбжьэгъу сэ узэрысхуэхъурэ
Мы си гум зыбдегъэпсэху.

* * *

Соджэразэ жэщым и IэплIэм,
Закъуэныгъэм псэр егъэгыз.
Iупхъуэ пIащIэм мазэ къыпхыплъым,
СощIэ, нобэ игу къыздоуз.

* * *

Гупсысэм я нэхъ куупIэр
Къохъу псалъэм къыщимыIуатэ.
Гу лъащIэм къыщIэIукI псалъэр
Шабзэшэу къохъур щылъатэ.

* * *

Арати, бжьыхьэр ежьэжащ,
Тхьэмпэ дыщафэкIэ Iэ къищIу.
Кърухэм кIапсэу зашэщIащ,
Уафэ яжьафэм тхыпхъэ щащIу.

## УЭСЫЩIЭ

Жьым и щIыIум тесу
Кърехьэкl уэсыщIэ.
Псыщхьэм зэрынэсу
ЗыщешэщI, алътесу.

Дыжьын джанэ пIащIэу,
Псыщхьэр толыдыкI.
ЩIопсэлъыкI уэсыщIэм,
Мылым щIоджэгукI.

## УЭС IЭПЭХЪ

Налкъутналмэсу уэгум илъыр
Хьэуам джэрэзу крехьэх.
ЗэтепщIыпщIыкIыу уагъэ джылъыр
Сэ къызещIэкIыр уэс Iэпэхъ.
Щхьэц тIэрэзами къытесащи,
Щыгъэ нэрынэу зэролъэлъ.
НэбжьыцхэркхъуакIэу къищIыхьащи,
НитIым щIагъапщкIуэ си гухэлъ.
Си нэкIущхьитIыр дыхьэрэну
СэхусэплъкIэ щабэу кърелыкI.
Iупэм хулъэкIкъым лъэIэсыну,
Iу бахъэ пщтырым ар фIолIыкI.

# ХЪУЭКIУЭН Антисэ



* * *

ЩIылъэм мыхъумыщIагъэу къыщекIуэкIыр
Зытеплъхьэнур хэт, къызжеIэт уэ?
ГъащIэм гужьеигъуэу щызэблэкIыр
Зи Iэужьыр хэт, къызжеIэт уэ?
Гур фIылъагъуныгъэм щыужамэ,
Бгъэкъуэншэнур хэт, къызжеIэт уэ?
Щыхум хабзэ-бзыпхъэр IэщIэхуамэ,
Ар зи лажьэр хэт, къызжеIэт уэ?
ЗэIыхьа зыфIэтщ мы дунеижьым
ГущIэгъу хэлъу дэ дыкъехъумэф.
Нэпсеягъэм гъэр тфIищIами ди псэр,
Лейуэ зетхьэр дэ къытхуегъэгъуф.
Ягъэ кIынкъым, дыкъевгъэплъэкIыжи,
КъэдгъэщIахэм зэ дыхэвгъэплъэж.
Мылъку зелъафэм дыкъыхэвгъэкIыжи,
Псэр дахагъэм хуэдвгъэузэщIыж.

* * *

Урибэуэну акъужь сыпхуэхъунщ,
Жьы ухуэныкъуэу къэзгъащIэ къудей.
УщызекIуэну лъагъуэ сыпхуэхъунщ,
ЗекIуапIэ пщIынур къэзгъащIэ къудей.
Си лъагъуныгъэр щIакIуэу къосшэкIынщ,
Си деж укъакIуэу къэзгъащIэ къудей.
Псышхуэ ежэхым лъэмыж сыхуэхъунщ,
Псым укъикIыну къэзгъащIэ къудей.
Къыщешхым уэшх сэ жьауэ сыпхуэхъунщ,
Укъыхыхьауэ къэзгъащIэ къудей.
Уэс къесыр мы си гущхьэм щызгъэткIунщ,
Си гухэлъ IэфIхэм къыпэджэж къудей.

* * *

Жыжьэу ублэкIыу слъэгъуамэ,
Гум и къеуэкIэм зехъуэж.
Уи гъуэгум сынытехьамэ,
Щхьэр ибохьэхри уожьэж.

Iэпкълъэпкъ зэкIужым хэбдзыну
НитIым мэскъал къимыубыд.
Уи данэ щхьэцыр толъкъуну
Жьы къепщэм ещI Iэрыубыд.

Узмылъэгъуауэ жэщ сфIэхъумэ,
Си гум уэс щIыIэр къыщос.
УримыхьэщIэм си пщIыхьхэм,
Псэм гужьеигъуэр къылъос.

Жей симыIэжу ныжэбэ
Сыщызыгъэсыр уэращ.
Си гухэлъ щэхухэм щыгъуазэр
Мазэ нэкIухур аращ.

Уэ умыщIэххэу уи пщIыхьым
МазэщIэу сыныхыхьэнщ.
Гум и IункIыбзэр бгъэпщкIуами,
ЩэхуцIыкIуу къыпфIэздыгъунщ.



## КIУЭКIУЭ Залинэ



### СИ АДЫГЭБЗЭ

Бзэуэ щыIэм я нэхъ дахэр
Ар сэ си бзэращ.

Бзэуэ щыIэм я нэхъ къабзэр
Адыгэбзэращ.
Дыгъэ нуру сэ къыстепсэр
Ар сэ си бзэращ.
Мазэу жэщым къысхущIэкIыр
Адыгэбзэращ.
Си лъэр жану щIэзыгъэкIыр
Ар сэ си бзэращ.
Лъагэу щхьэр сэзыгъэIэтыр
Адыгэбзэращ.
Усэу стхыуэ хъуар зэрыстхыр
Ар сэ си бзэращ.
Сыт зэмани сигу щIыхэхъуэр
Адыгэбзэращ.
СыпсэухукIэ псэм пэсщIынур
Ар сэ си бзэращ.
ФIыгъуэу щыIэм я нэхъ лъапIэр
Адыгэбзэращ.

## ЩIАЛЭГЪУЭ



Мы дунеишхуэм и дахагъэр
ЩIалэгъуэ пасэм изогъэщхьыр.
Си гум уэрэду къыхуеблагъэм
Сыт щыгъуи си псэм зыхуегъэщхъыр.

Псалъэ къудейкIэ а дахагъэр
Уэ пхуэсIуэтэну схулъэкIынкъым,
ЩIалэгъуэ пасэм и IэфIагъыр
Усэм хэзмылъхьэу схуэшэчынкъым.

Гъатхэпэ удзыр зыхуэгъагъэр
ЩIалэгъуэрауэ псэм къызжеIэ.
Си гум уэрэду къыхуеблагъэр
Зылъыс щIалэгъуэм жей имыIэ.

## ЛЪАГЪУНЫГЪЭ

Лъагъуныгъэм щхьэкIэ умыщIэн щымыIэ,
ГъащIэр IэфI къыпщещIыр, гур егъэбзэрабзэ.
Бжьыхьэр къэблэгъауэ зыкъытхуищIми щIыIэ,
Дигъэхуабэу диIэщ лъагъуныгъэ къабзэр.

Лъагъуныгъэм щхьэкIэ жэнэтбзу макъ дахэм
ФIыуэ зэрылъагъухэм уэрэд къахуреш.

Лъагъуныгъэм кIуапIэ къахуегъуэтыр дигухэм,
Мыухыж дахагъэм псэр къыхуегъэуш.

Лъагъуныгъэм папщIэ уэсыр псы мэхъужыр,
Гъатхэм гъуэгу ириту, мэбзэхыж щIымахуэр.
Жыгхэм зыкъащIэжри, гулъхэр къотIэпIыжыр,
Удз гъэгъар и куэду къытхуокIуэж гъэмахуэр.

Лъагъуныгъэм щхьэкIэ нобэ усэ щыстхым
Псалъэ къэгъуэтынкIэ гугъу сехьакъым сэ.
Лъагъуныгъэм къикIыр зыхэпщIауэ щытмэ,
Ар къыбгурыIуэнущ хэмытыххэу бзэ.

## ЦРЫМ Маринэ



* * *

Къуалэбзуубзэщ адыгэбзэр,
Дунейм темыт нэхъ дахэ бзэ.
Согъэбзэрабзэ ар пшынэбзэу,
Сабийм сызэреубзэ бзэщ.
Псынэ къыщIэжу, ар сфIэкъабзэщ,
Улъыхъуэм ещхь умыгъуэтын,
СхузэфIэкIыху сэ ар схъумэнущ,
ЕзмыгъэщIын зым хэутэн.
Къуршыбгъэу лъагэщ адыгэбзэр,
Уэгунэбзур кIэщIэмыхьэн,
Аслъэну, лъэщщи адыгэпсэр,
Пэувыфын къуигъэлъыхъуэнщ.
УкъимыкIуэт, си адыгэбзэ,
ЩыIыгъ уэ дэнэ дежи бжьыпэр.
ЗыузэщI уэ махуэ къэскIэ, си бзэ,
УмыкIуэдыж уэ убыхыбзэу.



11 Заказ №201



*УсакIуэ ХьэцIыкIу Хьэсэн Аруан районым щыщ Аруан къуажэм 1937 гъэм майм и 10-м къыщалъхуащ. Дзэм къулыкъу щищIэу къигъэзэжа нэужь, ар лэжьыгъэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытащ. Ауэ курыт еджапIэм зэрыщIэс лъандэрэ дэзыхьэхыу щыта литературэмрэ сурэт щIынымрэ зэи IэщIыб ищIакъым. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтхэм ящыщ куэд Налшык, Суздаль къалэхэм я музей фондхэм щахъумэ. Сабийхэм яхуитха усэхэр зэрыт и тхылъ зыбжани дунейм къытехьащ. Абыхэм ящыщщ тхылъеджэхэри критикхэри гуапэу зыIущIа «Бзухэр мэбзэрабзэ», «Псыхъуэгуащэ», «Мамэ и сурэт», «Гъуэгу дамыгъэхэр мэпсалъэ» жыхуиIэхэр.*

*Псэужамэ, мы махуэхэм илъэс 80 ирикъунут ди литературэм лъэужь дахэ къыхэзына ХьэцIыкIу Хьэсэн.*

## *Усэхэр* ХЬЭЦIЫКIУ Хьэсэн

### ЩIАКХЪУЭ ХУАБЭ



ЩIакхъуэ хуабэ,
Щабэ, IэфI,
Шхын щымыIэ
Уэр нэхъ сфIэфI.
Уэ ущыIэ —
IэфIыщ дунейр,
Нэхущ си нобэр,
Си пщэдейр.
Уэ узиIэм —
СиIэщ мамэ,
СиIэщ папэ,
Дадэ, нанэ,
Сытми сэ
Сыхуэхьэзырщ,
ЛIыгъи сиIэщ,
Сы-Батырщ!

### УНЭИШЭМ ДЫЩОТХЪЭЖ

КъыщIаш унэм
Ди нысащIэр,
Уардэу щыгъыу
Ди лъэпкъ фащэр,
Мауэ фочыр,
ЦIыкIуи ини
ГуфIэгъуэшхуэм
ДызэщIещтэ.
Бгы къыгуэууэ
Уэредадэм
КъещIри уафэр
Джэрпэджэж,
Ди гуфIэгъуэр

КъыддиIэту
Ежьу макъкIэ
Къытподжэж.
Ирахьэжьэ
IурыцIэлъыр,
ЛъэщIыхьэфыр
ЯфIобзей,
Къыигъэнауэ
Къупщхьэ щылъыр,
КIэлъыщIопхъуэ
Хьэжь нэпсейр.
IурыцIэлъым
Ебзеяхэм
Къепхъых щыпэ
Къагъэзэж,
ДыгуфIэжу
Зэныбжьэгъухэр
Унэишэм
Дыщотхъэж.

ПХЪЭПС

Папэ пхъэпс къысхуищэхуауэ,
Пхъэбгъу соупсыр, зезгъэсауэ.
Феплъыт: сощI бэлагъ нэгъунэ.
Шэнти сщIауэ щIэтщ лэгъунэм.
ХэзмыукIэу зы гъущI Iунэ
СщIащ дыгъуасэ бжэндэхъу унэ.
ФхуэсщIыфынущ фызыхуейр,
Къысхуэфхь закъуэмэ дэшхуейр.

УАФЭГЪУАГЪУЭ

Уафэгъуагъуэ,
Уэ гъуэгъуэнкIэ
Урикъуамэ,
Сыгъэжей,
Къэбжыхьами
Шыдыгу хьэхукIэ,
Пхузогъэгъур, —
Етыж зейм.
КъэбгъэцIукIэ
Уи дзэшхуэжьхэр,
Уи мыгугъэ
Сыбгъагъын,
ШхыIэн щIагъым
СыщIэпщхьэжрэ
СыпфIэжеймэ,
Сыт пщIэжын?

ПШЭ

Уа-а-рэ, феплъыт,
Благъуэм ещхьу
Мо пшэшхуэжьыр
ЗэрыкIыхь,

И кIэшхуэжьыр
Хуэмылъэфу
Уафэ гъунэр
Къепщэпщыхь.
Феплъыт, и жьэр
ИущIауэ,
И бзэгушхуэр
Егъэхъей,
Уа-а-рэ, уа-а-рэ
Жэм нэхъейуэ,
Дыгъэ къухьэм
Ар йобзей!

ПСЫХЪУЭГУАЩЭ

Гуащэ, гуащэ,
Псыхъуэгуащэ,
Сэ услъагъукIэ, сымыгъын.
Пэжу щытмэ уэ угуащэр –
IэплIэм уису усIыгъынщ.
Сэ къызжеIэт, псы куужьхэм
Сытхэр щыпщIэу уэ ухэс?
Хьэндыркъуакъуэ лъакъуэ кIыхьым
Ууэршэру убгъэдэс?
Псым къыхэкIи, ухущIыхьэм,
Нобэ гъусэ уэ къысхуэхъу.
Дыгъуэжьыжьхэм едмыгъэхьу
Си чыцI цIыкIур къыздэгъэхъу.



ХЬЭФЭ ПЫЛ

Си пыл цIыкIур
ТIэкIу сымаджэу
Илъщи пIэкум,
Къэмыплъэж.
Къэзгъэувми –
Щымытыфу,
«Барфэщ» жиIэу
Мэджэлэж.
Пыл пщэхам
Ди дадэ йопщэ,
Йопщэ, йопщэ,
Схуегъэхъуж.
И пэр пылым
Къыпылэлу,
КъысхуэгуфIэу
Къоувыж.

ДЗЫГЪУЭНЭФ

Феплъыт мы сэ къэзгъуэтам:
Дзыгъуэт, дамэ темытам.
Лъэтэн хуэдэу, плъагъурэ, зещI,
Дзыгъуэ ныкъуэ, бзу ныкъуэщI...
Уа-а-рэ, дзыгъуэ ныкъуэ!
Уа-а-рэ, бзу ныкъуэщI!

## ХЬЭМБЫЛУ

Мыдэ, мыдэ,
Хьэмбылу,
Феплъыт, мис,
Былу, былу,
КIыхьышхуэжьу,
Блэ нэхъей,
СеIусати, зегъэхъей!
Мыдэ, феплъыт,
Мыр зэрыпщ,
ФIэмыIуэхуу
ЩIым пхыропщ,
Уэ-зы-зы-зырэ-къару! —
ЩIыр гъуанабзэу
Еубру!

## ДЫГЪЭ

Дыгъэ цIыкIуу хъуреябзэ,
Уи бзий хуабэр ди нэ къокI.
Гъатхэ уафэр тхуэгъэкъабзэ,
Дыгъэпс IэфIкIэ зыдгъэгъэпскI.

Псыхьэлыгъуэу гъажи уэсыр,
ЩIым щхъуантIагъэр къыхэгъэж.
Къуалэбзухэу уэрэдусхэм
Я пшыналъэм дыхуозэш.



## ПЦIАЩХЪУЭ

Уи бгъэгу цIыкIур
Хужьу къанэу,
Хэт фIыцIэпс уэ
ПщIигъэжа?
Къуаргъхэр щалэм,
Уныкъуэлэу,
УаIэщIэкIыу
Уежьэжа?
ПцIащхъуэ дахэ,
Стхынщи усэ,
Уэ макъамэ
СхущIэлъхьэж,
Уэрэ сэрэ
Дызэгъусэу
Ди ныбжьэгъухэм
ЖедгъэIэж.

## ХЬЭРХЬУП

Пуп, пуп, пуп,
Пуп, пуп, пуп.
Хэт узэджэр, хьэрхьуп?
Уи джэ макъыр зэхэсхащ,
Уяпэххи сышхэххащ.
Уэ алейкIи зумылIэж,
УкъыкIэрыхуащ, лъэтэж.

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ






*ЕкIуэкIыу:* **8.** КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **9.** Унащхьэ тхыщIакIуэу дзыгъуэ кIуапIэр зи гъуэгу *(къуажэхь)*. **11.** НэхъыфI, фIы дыдэ. **12.** Фызым и дыщ, и унэкъуэщхэр лIым зэрыхущыт. **14.** Бжы, сэшхуэ сыт хуэдэхэм пэщIадзу зэрызахъумэжу щыта гъущI пIащIэ хъурей. **16.** Бицу Анатолэ и усэ. **18.** ПщылIыпIэм имытыж мэкъумэшыщIэ. **19.** Адыгэ усакIуэ. **20.** Дзыдзэ лъэпкъым щыщ лырышхэ хьэкIэкхъуэкIэ цIыкIу. **22.** ХадэхэкI лIэужьыгъуэ. **29.** Италием и къалащхьэ. **30.** Жэрдэм, гукъыдэж. **31.** Адыгэш къабзэ.

**32.** Теунэ Хьэчим и «Псэм и IэфIыр къыуатмэ» романым хэт лIыхъужь.

*Къехыу:* **1.** Къагъырмэс Борис и «Гуауэмрэ губжьымрэ» поэмэм хэт лIыхъужь. **2.** Къаруушхуэ зыхэлъ цIыху; бланэ. **3.** Гум гущхьэIыгъыр здэщыс лъэныкъуэр. **4.** Псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар къэкIуэгъуафIэ щхьэкIэ, кIуэжыгъуафIэкъым. **5.** Жыгейм къыпыкIэ жылэ. **6.** Журт Биберд и роман. **7.** Акъсырэ Залымхъан и «Андемыркъан» драмэм хэт лIыхъужь. **10.** КъуршымкIэ кърихуу жьы къабзэ щIыIэтыIэ. **13.** Къэрэшей-Шэрджэсым щежэх псы. **15.** Нало Заур и «Хьэбалэ и пхъэ гуащэ» новеллэм хэт лIыхъужь. **16.** «Псэемыблэжхэм я ...» — Шортэн Аскэрбий и рассказ. **17.** ГъущIыкIэ лIэужьыгъуэ. **21.** Куэд къэзыбж, псэлъэрей. **23.** Муслъымэн диным имыт цIыхум фIигъэжа Iэщым ил. **24.** Адыгэ цейм и щIагъым щIалъхьэу щыта щыгъын щIыIутелъ. **25.** Тебэм хуэфIу ягъажьэ хьэлу, чыржын. **26.** Пхъэ уадэшхуэ. **27.** ФэфI зытет, зэкIуж *(цIыхубз)*. **28.** «Шу закъуэ» романыр зи IэдакъэщIэкI тхакIуэ. **33.** Уи ... гъаплъи, уи лъэ гъэув *(псалъэжь)*.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360051, КБР, г. Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 02.06.17. Формат 70x108 $^1/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,7.
Уч-изд. л. 12,0. Тираж 3215 экз. Заказ №201
Подписная цена на 2 месяца 25 р. 37 к.
Подписная цена на 6 месяцев 76 р. 11 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5,
Дом Печати. Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360000, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5, Дом печати. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета